Boepati: R.A.A. Mh. Moesa Soeria Karta Lëgawa	1929
Patih: R. Endoeng. Soeriapoetra .....	1938

Wadana distrik:

<i>Garoet.</i> R. Arifin Goenadiningrat .....	1939
<i>Bajongbong.</i> R. Gartika Dëndadipoera .....	1939
<i>Tjibatoe.</i> M. Emon Padmadinata .....	1937

<i>Tarogong.</i>	M. Wiriaatmadja .....	1938
<i>Leles.</i>	R. A. Wiradisoeria .....	1939
<i>Tjikadjang.</i>	M. S. Soetadiwiria .....	1940
<i>Boengboelang.</i>	R. Rg. Koesoemasembada .....	1937
<i>Pameungpeuk.</i>	Daeng Djelani Ardiwinata .....	1937
	Djaksa: R. Abdoellah Ishak Soeriadilaga	1940
	Adj. id.: M. Soeëb .....	1940

#### Karésidenan Tjirëbon

<b>Tjirëbon.</b>	Boepati: R. A. A. Soeriadi .....	1928
	Patih: R. P. Dëndadikoesoema .....	1939

#### Wadana distrik:

<i>Tjirëbon.</i>	R. Bahoer Adimihardja .....	1939
<i>Sindanglaoet.</i>	M. Prawirasasmita .....	1939
<i>Tjilëdoeg.</i>	R. Moeniran Soerianëgara .....	1939
<i>Ploembon.</i>	M. Sastradikaria .....	1937
<i>Palimanan.</i>	R. Koesoemaamidënda .....	1939
<i>Ardjawanangoen.</i>	R. Rg. Kartasoemitra .....	1938
	Hoofddjaksa: R. Atmadibrata .....	1928
	Adj. Djaksa: R. Affandi Koesoema Nata Brata	1928
	Id.: M. Prawirasoemantri .....	1936
	Id.: Moech. Moeslihat .....	1940

<b>Koeningan.</b>	Boepati: R. T. Oemar Said .....	1940
	Patih: R. Danoekoesoemah .....	1934

#### Wadana distrik:

<i>Koeningan.</i>	Saheulaanan koe Patih .....	.....
<i>Loerahgoeng.</i>	R. Soemintapoera .....	1939
<i>Tjiawigëbang.</i>	R. Noegraha Soeriatanocningrat ...	1940
<i>Tjilimoës.</i>	R. Hasan Madiapoera .....	1937
	Djaksa: R. Soekarna Natamihardja .....	1939

<b>Indramajoe.</b>	Boepati: R. A. A. Mohamad Sëdiono	1933
	Patih: M. Sewaka .....	1939

Wadana distrik:

<i>Indramajoe.</i> R. Wirasoebrata .....	1933
<i>Karangampel.</i> M. Soewitadibrata .....	1933
<i>Djatibarang.</i> M. Hasan Ahja Barmawi .....	1938
<i>Losarang.</i> M. Kartadikoesoema .....	1939
<i>Kandanghaocr.</i> M. Asikin Nitiatmadja .....	1934
Djaksa: M. Soehenda .....	1939
Adj. Id.: A. Aen al Rasjid .....	1939
Id.: Moeharam Soelladinata .....	1939

Madjalëngka.

Boepati: R. M. A. A. Soeriatanoedibrata	1922
Patih: R. Dm. Wiradiatmadja .....	1934

Wadana distrik:


<i>Madjalëngka</i> M. Marjono Prawiraamidjaja .....	1937
<i>Talaga</i> R. Prawirasasra .....	1939
<i>Radjagaloch.</i> .....	
<i>Djatiwangi.</i> Toebagoes Bakri .....	1937
Djaksa: R. Kd. Wirjapradja .....	1927
Adj. Id.: .....	

*Ngërch nagri teu djeung akal boedi, nadjan sosen-sosen,  
eta tangtœ moal bisa beres, nadjan gëtol lamoen teu djeung  
boedi, moal loepoet manggih, roewëd reudjeung koesoet.*

(BATARA RAMA V).




C. E. L. Helfrich  
Laksamana, kapala balad samoedra.



Bangkahocloc, 30 September 1930.

Seréng hormat,  
 Patali saréng kamandjoeranana landong sotja Rohto,  
 simkoering teu kintén moedjina, djalaran dina waktos  
 kepoengkoer siring digenggoe koe kasakit panon, malah  
 parantos ditjoli koe roepi-roepi landong, nanging kalah  
 ngawoewoehan.  
 Barang simkoering njoli landong sotja Rohto téras sac.  
 malah rarasaan langkoeng tjekas ti kapoengkoer.  
 Sakitoe paméndak simkoering tina kamandjoeranana  
 landong sotja Rohto teli.

Hormat simkoering



Sératna enoe asli sajagi kanggo  
 ditinggallen. Eta sérat djadi pitoe-  
 doch ka soegri enoe njaréri sotja  
 soepados damang. Landong sotja Rohto pangsena  
 kanggo ngalandongan sotja noe biwirna beureum  
 koe kasawat, peurih, tjalan bac saréng sareuksuk.  
 Kitoe deul kanggo noe biwir panonna sok ramctek  
 koe roepi-roepi kasawat djalaran kapireupeunan.

# LANDONG SOTJA ROHTO

Importeurs: JACOBBERG.

# HAL SAKOLA

TARIP BAJARAN SAKOLA DI SAKOLA  
GOEPERNEMEN

H.B.S. 5 TAOEN.

Pangasilan bèrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- tiroesna
f 18000.— ka loehoer	f 384.—	f 240.—	f 210.—	f 180.—
„ 14400.— n. k. f 18000.—	„ 336.—	„ 210.—	„ 180.—	„ 156.—
„ 10800.— n. k. „ 14400.—	„ 288.—	„ 180.—	„ 156.—	„ 126.—
„ 7200.— n. k. „ 10800.—	„ 252.—	„ 162.—	„ 132.—	„ 108.—
„ 4800.— n. k. „ 7200.—	„ 216.—	„ 144.—	„ 114.—	„ 84.—
„ 3000.— n. k. „ 4800.—	„ 180.—	„ 114.—	„ 96.—	„ 78.—
koerang ti „ 3000.—	„ 120.—	„ 100.—	„ 90.—	„ 75.—

A.M.S., T.S., MOSVIA, MIDDELBARE HANDELS-  
SCHOOL DJEUNG SAKOLA PIKEUN GOEROE  
ROEMAH TANGGA.

f 18000.— ka loehoer	f 312.—	f 174.—	f 126.—	f 84.—
„ 12000.— n. k. f 18000.—	„ 264.—	„ 144.—	„ 108.—	„ 78.—
„ 9600.— n. k. „ 12000.—	„ 216.—	„ 114.—	„ 84.—	„ 66.—
„ 7200.— n. k. „ 9600.—	„ 186.—	„ 96.—	„ 78.—	„ 60.—
„ 6000.— n. k. „ 7200.—	„ 156.—	„ 78.—	„ 66.—	„ 57.—
„ 4800.— n. k. „ 6000.—	„ 126.—	„ 57.—	„ 48.—	„ 39.—
„ 3000.— n. k. „ 4800.—	„ 108.—	„ 42.—	„ 33.—	„ 24.—
„ 1800.— n. k. „ 3000.—	„ 90.—	„ 33.—	„ 24.—	„ 15.—
koerang ti „ 1800.—	„ 72.—	„ 30.—	„ 24.—	„ 15.—

BESTUIRSOPLEIDING (BARETO OSVIA)  
MAKASAR

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran ankola sataoen (dibĕjar 10 kali) Keur boedĕk:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- tĕroesna
f 12000. ka loehoer	f 216.—	f 114.—	f 57.—	f 30.—
.. 9600.— n. k. f 12000.—	.. 180.—	.. 96.—	.. 48.—	.. 24.—
.. 7200.— n. k. .. 9600.—	.. 144.—	.. 78.—	.. 39.—	.. 18.—
.. 4800.— n. k. .. 7200.—	.. 108.—	.. 57.—	.. 30.—	.. 15.—
.. 3000.— n. k. .. 4800.—	.. 72.—	.. 39.—	.. 18.—	.. 9.—
.. 1800.— n. k. .. 3000.—	.. 36.—	.. 21.—	.. 15.—	.. 6.—
koerang ti .. 1800.—	.. 18.—	.. 9.—	.. 4.80	.. 2.40

AMBACHTSSCHOOL BATAWI DJEUNG  
SAMARANG

f 12000.— ka loehoer	f 216.—	f 114.—	f 57.—	f 39.—
.. 9600.— n. k. f 12000.—	.. 174.—	.. 96.—	.. 48.—	.. 30.—
.. 7200.— n. k. .. 9600.—	.. 132.—	.. 66.—	.. 39.—	.. 18.—
.. 4800.— n. k. .. 7200.—	.. 90.—	.. 42.—	.. 30.—	.. 15.—
.. 3000.— n. k. .. 4800.—	.. 60.—	.. 30.—	.. 18.—	.. 12.—
.. 1500.— n. k. .. 3000.—	.. 36.—	.. 19.20	.. 14.40	.. 9.60
koerang ti .. 1500.—	.. 24.—	.. 14.40	.. 9.60	.. 7.20

MULO DJEUNG SAKOLA KARADJINAN PIKEUN  
BAROEDAK AWEWE

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung satĕroesna
f 12000.— ka loehoer	f 264.—	f 144.—	f 108.—	f 78.—
„ 9600.— n. k. f 12000.—	„ 216.—	„ 114.—	„ 84.—	„ 60.—
„ 7200.— n. k. „ 9600.—	„ 168.—	„ 84.—	„ 66.—	„ 54.—
„ 4800.— n. k. „ 7200.—	„ 120.—	„ 60.—	„ 48.—	„ 36.—
„ 3000.— n. k. „ 4800.—	„ 84.—	„ 48.—	„ 36.—	„ 30.—
„ 1800.— n. k. „ 3000.—	„ 60.—	„ 36.—	„ 30.—	„ 18.—
koerang ti „ 1800.—	„ 48.—	„ 30.—	„ 25.—	„ 15.—

H.I.S., H.C.S. DJEUNG SAKOLA WALANDA

f 12000.— ka loehoer	f 216.—	f 114.—	f 57.—	f 39.—
„ 9600.— n. k. f 12000.—	„ 174.—	„ 96.—	„ 48.—	„ 30.—
„ 7200.— n. k. „ 9600.—	„ 132.—	„ 66.—	„ 39.—	„ 18.—
„ 4800.— n. k. „ 7200.—	„ 90.—	„ 42.—	„ 30.—	„ 15.—
„ 3000.— n. k. „ 4800.—*)	„ 57.—	„ 30.—	„ 18.—	„ 9.—
„ 1800.— k. n. „ 3000.—	„ 36.—	„ 18.—	„ 9.—	„ 6.—
„ 1200.— n. k. „ 1800.—	„ 24.— <sup>1)</sup>	„ 12.— <sup>1)</sup>	„ 6.— <sup>1)</sup>	„ 3.— <sup>1)</sup>
koerang ti „ 1200.—	„ 30.— <sup>1)</sup>	„ 15.— <sup>1)</sup>	„ 7.50	„ 4.50
	gratis <sup>1)</sup>	gratis <sup>1)</sup>	gratis <sup>1)</sup>	gratis <sup>1)</sup>
	„ 24.—	„ 12.—	„ 6.—	„ 3.—

\*) Ieu teh pikeun sakola Walanda B mah (1e. Openb. E.L.S.B.) bajaran panghandapna; djadi anoe sahandapeunana, keur sakola eta mah teu kapake.

1) Ieu bajaran sakola ngan keur baroedak Walanda woengkoel, ari keur baroedak noe sedjenna noe sakola di sakola Walanda, H. I. S. djeung H. C. S. nja eta anoe sahandapeun anoe ditjirian.



## INHEEMSCHE MULO GOEPERNEMEN

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak :			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung satĕroesna
f 7200.— ka loehoer	f 96,—	f 55,—	f 30 —	f 19,—
„ 4800.— nĕpi ka f 7200.—	„ 72,—	„ 39,—	„ 24,—	„ 17,—
„ 3000.— „ „ „ 4800.—	„ 48,—	„ 24,—	„ 19,—	„ 14,50
„ 2100.— „ „ „ 3000.—	„ 36,—	„ 20,—	„ 14,—	„ 9,60
„ 1500.— „ „ „ 2100.—	„ 24,—	„ 15,—	„ 9,—	„ 7,20
„ 900.— „ „ „ 1500.—	„ 18,—	„ 9,—	„ 4,80	„ 2,40
koerang ti „ 900.—	„ 12,—	„ 7,—	„ 4,80	„ 2,40

Bajaran parabot sakola di oenggal kĕlas, saorangan f 1,20 sataoen, koedoe dibajar 10 kali.

## SAKOLA DAGANG LEUTIK (GOUW. KLEIN HANDELSSCHOOL

Golongan bajaran	Bajaran sakola saboelanna				Bajaran pa- rabot sakola saorangan saboelan
	Keur bidji boedak	Keur doea boedak	Keur tiloe boedak	Saleuwih- na oenggal 1 boedak	
Golongan kahidji	f 1,25	f 1,85	f 2,25	f 0,24	f 0,05
Golongan kadoca	„ 0,80	„ 1,20	„ 1,44	„ 0,16	„ 0,05
Golongan katiloe	„ 0,50	„ 0,70	„ 0,82	„ 0,08	„ 0,05
Golongan kaopat	„ 0,25	„ 0,37	„ 0,45	„ 0,06	„ 0,05
Golongan kalima	„ 0,15	„ 0,21	„ 0,27	„ 0,05	„ 0,05

## SCHAKELSCHOOL

Pangasilan bĕrsih sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibajar 10 kali) Keur boedak:			
	ka 1	ka 2	ka 3	ka 4 djeung sa- tĕroesna
f 7200,— ka loehoer	f 96 —	f 55 —	f 30.—	f 19.—
„ 4800,— nĕpi ka f 7200,—	„ 72.—	„ 39.—	„ 24.—	„ 17.—
„ 3000,— „ „ „ 4800,—	„ 48.—	„ 24 —	„ 19.—	„ 14.50
„ 2100,— „ „ „ 3000,—	„ 36 —	„ 20 —	„ 14.—	„ 9.60
„ 1500,— „ „ „ 2100,—	„ 24 —	„ 15.—	„ 9.—	„ 7.20
„ 900,— „ „ „ 1500,—	„ 18.—	„ 9.—	„ 4.80	„ 2.40
koerang ti f 900,—	„ 12.—	„ 7.—	„ 4.80	„ 2.40

## SAKOLA KĒLAS 2 PRIBOEMI, NOE MAKE BASA WALANDA.

Golongan bajaran	Bajaran sakola			
	keur 1 boedak	keur 2 boedak	keur 3 boedak	Pikeun sa- oerangna saleuwihna ti 3 boedak
Golongan kahidji .....	f 3.50	f 4.50	f 5.50	f 1.—
„ kadoea .....	„ 2.50	„ 3.50	„ 4.50	„ 0.75
„ katiloe .....	„ 2.—	„ 2.75	„ 3.50	„ 0.75
„ kaopat .....	„ 1.50	„ 2.25	„ 2.75	„ 0.50
„ kalima .....	„ 1.—	„ 1.50	„ 1.75	„ 0.25
„ kagĕnĕp ...	„ 0.75	„ 1.25	„ 1.50	„ 0.25
„ katoedjoeh	„ 0.50	„ 0.75	„ 1.—	„ 0.20

VERVOLGSCHOOL KEUR BAROEDAK AWEWE  
PRIBOEMI

Golongan bajaran	Bajaran sakola			
	keur 1 boedak	keur 2 boedak	keur 3 boedak	Pikeun sa- oerangna saleuwihna ti 3 boedak
Golongan kahidji .....	f 2 —	f 2.50	f 3.—	f 0.50
„ kadoea .....	„ 1.50	„ 2 —	„ 2.50	„ 0.50
„ katiloe .....	„ *1.—	„ 1.50	„ 2.—	„ 0.25
„ kaopat .....	„ 0.75	„ 1.—	„ 1.25	„ 0.25
„ kalima .....	„ 0.50	„ 0.75	„ 1 —	„ 0.15
„ kagēnēp ....	„ 0.35	„ 0.50	„ 0.65	„ 0.15
„ katoedjoeh ..	„ 0.25	„ 0.40	„ 0.50	„ 0.10

SAKOLA KĒLAS 2 PRIBOEMI NOE TEU MAKE  
BASA WALANDA

Golongan kahidji .....	f 1.25	f 1.85	f 2.25	f 0.24
„ kadoea .....	„ 0.80	„ 1.20	„ 1.44	„ 0.16
„ katiloe .....	„ 0.50	„ 0.70	„ 0.82	„ 0.08
„ kaopat .....	„ 0.25	„ 0.37	„ 0.45	„ 0.06
„ kalima .....	„ 0.15	„ 0.21	„ 0.27	„ 0.05
„ kagēnēp ....	„ 0.10	„ 0.15	„ 0.18	„ 0.03
„ katoedjoeh ..	„ 0.05	„ 0.07	„ 0.09	„ 0.01

Bajaran parabot di sakola kĕlas 2 (boh noe make basa Walanda boh noe hĕnteu) djeung di Vervolgschool keur baroedak awewe, keur kĕlas 1 — 2 djeung kĕlas 3 f 0.02½ saorangna dina saboelan ; keur kĕlas saloehoereunana f 0.05.


## SAKOLA CULTUUR DJEUNG LANDBOUW

Pangasilan saboelanna	Bajaran sakola saboelanna keur boedak:		
	ka 1	ka 2	ka 3 djeung antiroesna
f 1000.— ka loehoer	f 22.—	f 12.50	f 9.—
„ 800.— nēpi ka f 1000.—	„ 18.—	„ 9.—	„ 7.—
„ 600.— „ „ „ 800.—	„ 14.—	„ 7.—	„ 5.50
„ 500.— „ „ „ 600.—	„ 10.—	„ 5	„ 4.—
„ 400.— „ „ „ 500.—	„ 7.50	„ 4.—	„ 3 —
„ 300.— „ „ „ 400.—	„ 5.—	„ 3 —	„ 2.—
„ 200.— „ „ „ 300.—	„ 3.—	„ 2.—	„ 1.50
„ 100.— „ „ „ 200.—	„ 2.—	„ 1.25	„ 1.—
koerang ti „ 100.—	„ 1.—	„ 0.75	„ 0.50

Pikeun parabot diadjar noe dibere koe sakola, koedoe majar f 25.— dina mimiti asoep.

## SAKOLA LANDBOUW PERTENGAHAN DJEUNG SAKOLA DOKTOR HEWAN

Pangasilan saboelanna	Bajaran sakola saboelanna keur moerid (pupil)		
	ka 1	ka 2	ka 3 djeung antiroesna
f 1000.— ka loehoer	f 25.—	f 12.50	f 10.—
„ 800.— nēpi ka f 1000.—	„ 20.—	„ 10.—	„ 8.—
„ 600.— „ „ „ 800.—	„ 15.—	„ 7.50	„ 6.—
„ 400.— „ „ „ 600.—	„ 11.—	„ 5.50	„ 4.—
„ 200.— „ „ „ 400.—	„ 7.50	„ 3.75	„ 2.50
koerang ti „ 200.—	„ 5.—	„ 2.50	„ 1.50



Isinja  
karangan

M.

Loeka<sup>2</sup>

Penjakit  
koelit

Pemeli-  
haraan kak

Peloeh

Pembela  
anak

Perhiasan



# **Doea matjam obat boeat pe-meliharaan koelit jang teroetama**

## **PUROL**

boeat menjemboehkan loeka, poeroe dan penjakit<sup>2</sup> koelit. Terbikin daripada bagian<sup>2</sup> penjemboeh dan pemboeang toelar boeat menawari loeka potong, loeka kebakar, loeka sebab djatoeh, loeka kaki, barah koelit, poeroe, djerawat dan segala roepa<sup>2</sup> penjakit<sup>2</sup> koelit. Purol menghilangkan kekasaran, noda<sup>2</sup>, panau, bengkak sebab digigit oleh oelar dan serangga dsb. serta membikin koelit bagoes dan sehat.

## **BEDAK PUROL**

boeat membikin koelit tinggal njaman, sedjoek, molek dan kering; dan boeat mentjegahkan dan menjemboehkan djedjasnja koelit, sarap, petjahan koelit, loeka teresebab berdjalan dan naik koeda atau speda terlaloe lama. Haroes dipergoenakan boeat pemeliharaan koelit hari<sup>2</sup> sesoedah mandi dan boeat memperoleh warna koelit jang indah<sup>2</sup> serta sehat. Bedak Purol menghisap keringet jang terlaloe banjak itoe serta menghilangkan bae boesoeknja. Bedak ini tida ada bandingnja boeat memelihara koelit anak baji dan boeat menjemboehkan penjakit<sup>2</sup> koelit jang gatal seperti koedis boeta dan eczeem.

## Loeka



**Loeka potong.** Baroe sadja pada pertam kali dikenakan Purol maka sakitpoe berkoerang. Dan sebab bagian<sup>2</sup> penjer boeh dan pemboeng toelar dari Purc masoek djaoeh kedalam koelit, mak barah terhindarlah dan loekapoen sen boehlah dalam tempo jang pendek sekal. Pada tiap<sup>2</sup> loeka lakas Purol diatasnj

**Loeka kebakar** sedakala menjebakkan sakit tak terderita. Tapi djikalau diroemah ada sekotak Purol dan palit moes-tadjab ini diboeboehkan pada loeka, maka sakitpoe se-koenjoeng<sup>2</sup> hilang. Tida ter-djadilah lepoeh dan loeka itoe mendjadi terlaloe lekas baik.



**Loeka sebab djatoeh.** Anak<sup>2</sup> meloe dirinja atjap kali. Djikalau dengan dj itnja sebab sakitnja dia datang kepa iboenja mentjari penghiboeran, iboe m getahoei bahwa kalau dipakai Purol sa itoe berkoerang. Dan djoega ia men tahoei bahwa ia tida oesah takoet lo akan bernanah dan loeka itoe semba sama sekali dalam tempo pendek. Sel itoe seorang iboe jang pinter senanti sediakan sekotak Purol.



## Penjakit Koelit 4



**Goedig (boedoeg)** didjadikan oleh koeman<sup>2</sup> jang masoek kedalam koelit dan teroetama pada waktoe malam hari lahirlah gatal tak tertahan. Beberapa kali sehari koelitnja ditjoetjikan dengan saboen dan air panas, dan kemoedian ditaroehkan diatasnja selapis tebal Purol. Bagian<sup>1</sup> dalam Purol jang membinasakan koeman<sup>2</sup> penjakit itoe membikin obat serasi ini bergoena sekali boeat goedig.

segala penjakit koelit selamanja ditawari leh Purol, jang bagian penjemboehnja relantas djaoeh kedalam koelit, mematikan adi<sup>2</sup> penjakit, memboeangkan toelar dapaada bagian<sup>2</sup> jang sakit dan sedemikian renghilangkan sebabnja penjakit. Sebegi-oe Purol djoega menjemboehkan dalam tempo pendek penjakit<sup>2</sup> koelit jang denil benar.



**Bagi koelit bernanah** Purol sesoenggoehnja menolong dengan baik<sup>1</sup>, sebab bagian<sup>2</sup> pemboeang toelarnja mentjegahkan sebentar djoega segala barah koelit. Tambahan lagi Purol menjemboehkan bagian koelit jang sakit dan membikin koelit sama sekali bagoes, soetji dan sehat. Bagi loeka bernanah soenggoeh benar tida ada obat terlebih baik daripada Purol.





### Pemeliharaan kaki

**Loeka kaki.** Djikalau engkau dap loeka dikaki sebab kena sepengi tembikar atawa batoe tadjam, tjoetjil loeka itoe dengan air panas dan boen. Kemoedian taroehlah selaj tehal Purol diatasnja dan bebatnjaj dengan pembaroet. Engkau akan her betapa lekas loeka itoe semboeh dgan djalan sebegitoe.

**Belahan, petjahan, rengat, koelit loeka** sebab berdjalan, naik koeda d.l.l. Pada waktoe malam hari sebeloemnja pergi tidoer lipoetilah bagian sakit itoe dengan selapis Purol. Pada waktoe pagi hari sehabis mandi berbedaklah baik<sup>2</sup> dengan Bedak Purol. Dengan djalan begini penjakit itoe semboeh dalam tempo pendek.



**Eczeem dan barah diantaranja dja kaki** dihindarkan dan disemboehk kalau koelitnja sehabis mandi dik ingkan soenggoeh<sup>2</sup> dan kemoedian bedaki dengan Bedak Purol. Djoe pada waktoe malam hari kalau ma pergi tidoer bedakinja poela. Djikal koelit terboeka, pada malam hari goslah tempat ini dengan Purol dan d tasnja selapis tipis Bedak Purol.

## Poeloeh 6



**Biang keringet.** Sakit naraka dan gatal tjelaka, jang menjertai biang keringet, roeam dan tjempak sebentar djoega hilang kalau dipakai Bedak Purol. Penyakit soesah ini memang terhindar djika tiap<sup>2</sup> hari sehabis mandi koelitnja, lebih<sup>1</sup> tempat<sup>2</sup> tergosok, dibedaki dengan Bedak Purol moestaújab.

**arap koelit,** jang pada galibnja terlihat dalam perlipatan koelit, apat dilawan dengan berhasil kalau dipakai Bedak Purol. Bedak Purol ia oe bedak jang esa, jang didalmnja la bagian<sup>2</sup> penjemboeh, jang meneuhkan dan menjemboehkan tiap<sup>2</sup> arah koelit.



**Keroesakan koelit, sakit dan gatal** dihindarkan dan disemboehkan kalau dipakai dengan beratoer Bedak Purol. Bedak ini mengoerangkan sakit, menghilangkan gatal serta menjemboehkan. Sifat<sup>2</sup> nja itoe mentjegahkan petjahnja koelit, membikin koelit engkau djadi tegang lagi sehat, menghindarkan bintang<sup>2</sup> dan djerawat. Dan itoe membikin dia kenamaan diseleroeh Indonesia.



## Pembela anak<sup>2</sup>



Dikalau anak engkau sedekala d ganggoe barah dalam perlipatan<sup>2</sup> ko lit dan koelit disitoe senantiasa petje dan pedih, gosokkanlah tempat<sup>2</sup> i dengan Purol. Baroe sadja kaesok harinja njatalah dia telah sembo sama sekali. Sebab Purol palit koe moedjarab bagi anak<sup>2</sup> ketjil.

**Koelit aloes dari anak baji engkau tinggal sama sekali tida berketjelaan serta sehat, kalau bedaki anak sehabis dimandikan dan sehabis tiap<sup>2</sup> kali dimember-sihkan selamanja dengan Bedak Purol, jang begitoe merawan hati menjegarkan dan menjemboehkan. Anak baji engkau senantiasa akan berteriak dengan girangnja kalau dibedaki dan sebegitoe terpe-liharalah ia daripada penjakit koelit.**




**Boeat segala loeka dari anak<sup>2</sup> sep ti loeka sebab djatoeh, loeka poto loeka kena api, loeka tersepit, r mar, letjet dan terkoepas tiada a obat lebih baik daripada Purol. I rena sesoenggoehnja palit ini, j tak ada lawannja, lekas mengoera kan sakit, menghindarkan manah c menjemboehkan tempat jang roe: dengan sigera.**



Boeat segala ketjelaan dari koelit paras moeka seperti bintat<sup>2</sup>, noda<sup>1</sup> merah, djerawat hitam, geroetoe dan kekasaran dari koelit, jang baik benar memberi tolong jaitoe Purol palit koelit masjhoer disegenap Indonesia. Sesoesdah dikenakan beberapa kali hilanglah segala toetoe<sup>1</sup> dan paras moeka mendjadi tjantik dan elok.

Koelit paras moeka manis, molek an njaman orang peroleh djika tiap<sup>2</sup> ari sehabis mandi orang berbedak engan Bedak Purol. Bedak penjemoeh ini menjehatkan segala ketjelaan oelit dan membikin roman moeka ngkau menarik hati dan berwarna oesam, jang teramat<sup>2</sup> dihargakan oleh iapa djoega.



**PUROL** terdapat di segala toko dalam kaleng<sup>2</sup> dengan harga 40 dan 75 s<sup>n</sup>.

**BEDAK PUROL** dalam koepi<sup>2</sup> dengan harga 90 s<sup>n</sup> dan f 1.50.

**ATOERAN SPESIAL.** Kirimlah perangko seharga 25 s<sup>n</sup> kepada N.V. BORSUMY, Postbus 110, Batavia. Toeanpoen akan mendapat zalf

rol dan bedak Purol dalam kaleng ketjil seperti kelihatan ia gambar disbelah ini. Ongkos mengirim tanggoengan kami.

## DEPOKSCHÉ SCHOOL

Pangasilan sataoen	Bajaran sakola sataoen (dibayar 10 kali)			
	keur 1 boedak	keur 2 boedak	keur 3 boedak	Leuwihna tina 3 boedak saoerangna
Leuwih ti f 2400.—	f 54.	f 75.—	f 86.50	f 7.50
f 1800.— .. 2400.—	.. 36 —	.. 50 —	.. 57.50	.. 5.—
.. 1200.— .. 1800.—	.. 27.—	.. 37.50	.. 43.50	.. 3.50
.. 600.— .. 1200.—	.. 18 —	.. 25.—	.. 29 —	.. 1.70
.. 300.— .. 600.—	.. 9 —	.. 12.50	.. 14.50	.. 1.—
.. 120.— .. 300.—	.. 4 50	.. 6.30	.. 6.30	gratis
koerang ti .. 120.—	gratis	gratis	gratis	gratis

### SAKOLA PIKEUN BAROEDAK MILITER

Golongan kahidji .....	f 9 —	f 12.50	f 14 —	f 1.—
.. kadoea .....	.. 4.50	.. 6.—	.. 7.20	.. 0.70
.. katloe .....	.. 1.80	.. 2 60	.. 3.30	.. 0.60

### AMBACHTSLEERGANG

Pangasilan saboelan	Bajaran sakola saboelan
a. koerang ti f 25.— .....	f 0.75
b. f 25.— népi ka sahandapeun f 40.— .....	.. 1.—
c. f 40.— atawa leuwih .....	.. 1.25

Moerid-moerid di vervolgcursus bajaranana saboelan ditambah f 0.25.

Sakola djeung Leergang noe bajaranana saatoeran

No.	Ngaran sakola	Bajaranana :
1	Sakola Hakim Loehoer .....	f 300.— sataoen
2	Sakola Doktor Loehoer .....	„ 300.— „
3	Sakola Insinjoer .....	„ 300.— „
4	N. I. A. S. bagian kawarasan .....	„ 25.— saboelan
5	S. T. O. V. I. T. ....	„ 15.— „
6	Sakola Normal keur ngoedag hoofdacte *) .....	„ 10.— „
7	Hollandsch-Chin. Kweekschool ....	„ 5.— „
8	Hollandsch-Inlandsche Kweekschool	„ 5.— „
9	Sakola Normal keur Hulponder- wijzer Priboemi .....	„ 2.50 „
10	Idem keur awewe .....	„ 2.50 „
11	Instituut basa <sup>2</sup> Priboemi djeung land- en volkenkunde Hindia ...	„ 10.— „
12	Handelsleergang di Soerabaja djeung Batawi .....	„ 72.— sataoen

\*) Anoe barisa meunang kindertoelage bajaranana f 2.50 saboelan (G. B. 21-4-'28 No. 43. Bijblad 11639).

## Almanak Goeroe

wédalan Bale Poestaka

Pangaosna . . . . f 0.28

## SAKOLA LANDBOUW

(Di Soekaboemi)

Ngamimitian tanggal 1 Agoestoes 1940 Pamarentah ngadegkeun sakola Landbouw di Soekaboemi, tempatna di oeroet sakola Cultuur bareto, noe ditoetoeop dina taoen 1934.

Loehoerna tahapan pangadjaran di sakola Landbouw anjar teh saroea djeung di sakola Cultuur Malang, ngan bedana sakola Cultuur di Malang mah ngatik baroedak noe hajang djadi pagawe onderneming (kontrakan) ari sakola Landbouw di Soekaboemi mah mere pangadjaran ka noe boga karép matjakal tani atawa manggarapkeun tanah ba-toer, noe di Pasoendan diséboet maparo (nëngah).

Patali djeung eta, di sakola Landbouw teh noe baris didjieun pangadjaran loeloegoe tina bab tanëm-toewoeh noe hasilna pikeun dahareun (voedingsgewassen) ditambah koe pangadjaran noe aja patalina djeung handelsgewassen, nja eta tanëm-toewoeh anoe hahasilanana djoealeun atawa iangkeuneun, sakoemaha noe ilahar didagangkeun koe para soedagar, boh pikeun bahan roepa-roepa kapérloean, boh pikeun dikokolakeun didjieun kadaharan (oepamana bae kadéle didjieun ketjap, taoetjo, tempe djeung djaba ti eta; bako didjieun saroe toe djeung sapapadana). Noe diadjarkeunana bab pépélakan noe oesoem-oesoeman, noe tara pandjang oemoerna — tara mangpoeloeh-poeloeh taoen — djeung anoe pandjang oemoerna bangsa toetoewoehan teuas.

Djaba ti pangadjaran bab pépélakan noe ilahar, di eta sakola teh ngadjarkeun bab ngébon boeboeahan djeung ngingoe sasatoan.

Sakabeh pangadjaran diadjarkeunana teh lain ngan elmoena bae, tapi djeung prakna kalajan hade.

Teu koedoe ditjaritakeun deui, jen di eta sakola teh teu narima pimoerideun noe djédjérij djeung kédoel, noe ditampa teh koedoe boedak anoe daek sarta wani djédjéblogan dina leutak, daek geuleuh koe taneuh, kapéntrang tarang kasorot tonggong, sanggoep ngadédékoel matjoel, daek oenggang-onggang ngored, paja koe hoedjan wani koe tiris, tjindékna koedoe énjaan daek djadi „boeloe taneuh“.

Pikeun njoemponan pamerdih saroepea kitoe, geus tangtœ bae boedak teh koedoe noe bandël, bédas toer waras.

Tatanen tea diadjarna di kēbon sakola noe dibagi-bagi, kira-kira satengah hectarē sabagianana, digarap koe moerid kēlas loehoer dibantoe koe sawatara moerid kēlas handap.

Djaba ti tatanen, baris diajakeun pamiaraan hewan (boerderij), pikeun diadjar miara ingon-ingon gēde-leutik bangsaning sapi-moending djeung ēmbe-domba, ditambah koe pangadjaran ngingoe hajam. Pikeun eta kapërloean geus tangtœ bae koedoe aja tēgal oeploek-aplak toer ngemploh djoekoetna. Eta teh dioeroesna baris koe moerid-moerid tea bae, malah baris ngajakeun hidji lahan anoe pēpélakanana diatoer kaajeunakeun (modern).

Tjindékna, singsaha anoe boga karēp matjakal tani, sa-koemaha ilaharna djoeroe-tani di oerang, boh ngēbon boe-boeahan make atoeran noe hade atawa ngingoe sasatoan, di sakola Landbouw teh baris meunang pangadjaran satjoekoepna, boh elmoena, boh ngadjalankeunana.

Lilana diadjar tiloe taoen. Taoen kahidji babakoena di-adjar pangaweroeh oemoem. Satoeloejna ditoengtoet dibere pangadjaran bab tatanen sarta oenggal poē diadjar prakprakanana di kēbon. Satēroesna elmoe bab ngoekoer djeung barangdjieun noe pērloe dina tani modern oge diadjarkeun.

Sarat-sarat pikeun asoep ka sakola Landbouw tea hēnteu aja bedana djeung sarat-sarat pikeun asoep ka sakola Cultuur. Eta sakola nampa sagala bangsa. Pimoerideun oemoerna teu meunang koerang ti 14 taoen tapi oelah leuwih ti 16 taoen, sarta koedoe ngabogaan diploma sakola Walanda, H.I.S. atawa H.C.S. Djaba ti eta, meunang narima moerid anoe bogacun soerat katērangan, jen kapintēran djeung katjakepanana sakoerang-koerangna saroea djeung haroedak ngora kaloearan sakola anoe ditataan tadi.

Dina rēkesna koedoe disēboetkeun: ngaran, titimangsa dilahirkeun djeung tēmpat matoeh, sarta koedoe dibarēngan koe soerat katērangan ti kapala sakola djeung rapot taoen pangpandeurina. Bajaran sakola, pangsaeutikna lima kētip, panggēdena f 22.—. Pikeun nangtoekeun gēdena bajaran sakola tea koedoe dilampiran koe soerat katērangan gēdena pangasilan kolotna atawa noe nanggoeng bajaran sakolana.



Iwal ti saerang-doeaan noe hēnteu dikoeedoekeun, sakabeh moerid dimistikeun meuli boekoe-boekoe djeung parabo: diadjar noe geus disadiakeun di sakola.

Moerid anoe hēnteu mampoe tapi katjida pintērna, meunang dibebaskeun bajaran sakolana.

Saheulaanan di sakola teh teu diajakeun pamondokan, djadi moerid-moerid teh koedoe marondok sarta motong dahar di piloearan. Sabisa-bisa koe Directeur baris ditarekahan sangkan meunang pamondokan noe hade tapi moerah sarta sabisa-bisa baris ditalingakeun koe goeroe-goeroe.

Patali djeung sagala roepa noe geus ditērangkeun di loe-hoer, singsaha anoe hajang njakolakeun boedakna ka sakola Landbouw, koedoe dipikir heula sing gilig, pikadoegaeun hēnteu na ngaloearkeun ongkos-ongkosna anoe teu beunang disēboetkeun saeutik. Kitoe deui baris katanagaan hēnteu na — boh badan boh oeteuk — koe boedakna. Ari sababna, ngadjaga bisi sakolana teu tjoetjoed, geus tangtoe matak handeueul, boh ka kolot boh ka boedak.

Kitoe deui goeroe-goeroe anoe ngadjoeroeng baroedak asoep ka sakola Landbouw, koedoe, sing asak nimbang-nimbangna, naha moeridna teh ēnjaan pitjakēpeunana noetoerkeun pangadjaran, boh pangadjaran badag, boh pangadjaran lēmēs? Sabab, moerid anoe teu njoemponan kana sarat-saratna mah geus tangtoe gagal.

Dina boelan Agoestoes 1940, noe baris ditarima teh 60 moerid-pikeun kelas 1, didjieun doea bagian (parallel).

Rēkes menta ditarima djadi moerid (oenggal-oenggal boelan Mei, djadi pikeun taoen 1940 mah geus kaliwat) koedoe dialamatkeun ka Directeur Landbouwschool di Soekaboemi.

**Ngalangan „Parahiangan”  
baris kenging kasenangan.**

**Bale Poestaka  
Batavia-C.**



P. A. Prof. Dr. Hoesein Djajadiningrat wd. Directeur,  
Onderwijs en Eeredienst.

## MOELANGKEUN BAJARAN SAKOLA.

Něpi ka ajeuna, oepama aja boedak lila teu sakola, lantaran gėring teh, ari bajaran sakola mah koedoe tėroes bae dibajar. Ari ajeuna, pikeun moerid-moerid sakola *Walanda djeung moerid-moerid Mulo* meunang oge dibebaskeun atawa dipoelangkeun (dipenta deui), noeroetkeun atoeran noe kaoeni dina Staatsblad 1939 No. 721, robahan tina Staatsblad 1934 No. 398 (*Europeesch Onderwijsreglement*) djeung Staatsblad 1938 No. 589 (*Mulo-reglement*).

Pikeun pisaksieun, jen ęnja gėringna, koedoe aja katėrangan ti doktėr. Ari meunangna dipenta, lamoen boedak tea pangsakeudeungna 25 poė noron gėringna. Djadi boedak noe gėring 50 poė teh, oepamana, meunang menta dipoelangkeun atawa dibebaskeun bajaran sakolana pikeun 2 boelaneun. (Saboelan teh diitoengna 25 poė-sakola; djadi oepama sakitoe boelan teh koedoe sakitoe kali 25 poė-sakola). Anoe majar parabot pangadjaran (leermiddelen), baris dipoelangkeunana teh djeung bajaran eta.

Bajaran sakola djeung bajaran parabot pangadjaran tea moal dipoelangkeun, lamoen lain dipenta koe noe sok majarna koe soerat ka *Directeur Onderwijs en Eredienst*.

Hartina, lamoen bajaran sakola tea hajang dipoelangkeun. koedoe oerang noe rėkes, lain ngadagoan dipoelangkeunana koe itoe.

Oepama aja boedak anoe teu sakolana teh lain lantaran gėring, tapi lantaran tas reureudjeungan atawa padėukeut djeung noe boga kasakit tepa, něpi ka koe doktėr teu meunang sakola, manehna oge meunang bebas tina bajaran sakola atawa menta dipoelangkeun bajaran sakolana, dapon lilana teu sakola tea sakoerang-koerangna 25 poė noron.

---

*Sabot teu sakola, boedak teu bist kėsėleun, sina matja  
„Taman Moerangkalih“.*

## SAKOLA LOEHOER DJEUNG GĒLARAN

Hĕnteu oenggal djalma tĕrangeun kana bedana antara *doctor* djeung *doktĕr* atawa antara *Sakola Loehoer* djeung *Universiteit*. Koe sabab eta kawas pĕrloe toer moal aja salahna ditĕrangkeun di dieu.

Nĕpi ka waktoe ieu, di oerang mah kakara aja tiloe sakola loehoer teh, nja eta pikeun ahli oebar-oedaran, pikeun ahli hoekoem djeung pikeun ahli wangoen. (Geneeskundige Hoogeschool di Batawi, Rechtshoogeschool di Batawi djeung Technische Hoogeschool di Bandoeng).

Di antara bangsa oerang, ajeuna mah geus rea noe baroga gĕlaran *dr*, *mr* atawa *ir* teh, malah tiasa djadi ti antawis para wargi noe maos ieu almĕnak kagoengan salahsawios gĕlaran noe kasĕbat di loehoer.

Dina oemoemna, hĕnteu oenggal djalma tĕrangeun, jen gĕlaran *drs* (doctorandus) elmoe dagang, oepamana, saroea martabatna djeung gĕlaran *mr* (meester in de rechten) pikeun ahli hoekoem, kitoe deui martabatna gĕlaran *ir* (ingenieur) pikeun ahli wangoen.

Eta teh kabeh oge kawĕngkoe koe kalangan „doctorandus“.

Soepaja leuwih tetela, oerang papaj heula bae djoedjoetanana, babakoena ti noe patali djeung oeroesan sakolana atawa pangadjaranana.

Di oerang noe aja teh kakara Sakola Loehoer bae, ari *Universiteit* mah atjan aja.

Naon bedana Sakola Loehoer djeung *Universiteit* teh?

Sakola Loehoer mah, hidji sakola anoe ngan ngadjarkeun hidji elmoe woengkoel, tjara oepamana Technische Hoogeschool, ngan woengkoel pikeun diadjar elmoe wangoen; geus kitoe Rechtshoogeschool ngan woengkoel ngadjarkeun elmoe hoekoem bae.

Ari di *Universiteit*, pangadjaranana teh lain ngan saroeapa elmoe bae, tapi *roepa-roepa*. Djadi saĕnjana beunang oge disĕboetkeun, jen *Universiteit* teh diwangoen koe sawatara Sakola Loehoer, tĕgĕsna sawatara Sakola Loehoer dihidjikeun. Koe kitoena, pangadjaranana oge geus tangtoe bae rea babagianana. Eta babagian tea, disĕboetna „*facultĕit*“.

Reana faculteit tea, di oenggal Universiteit teu saroea, di noe ieu mah oepamana tea teu aja elmoe Anoe, di noe itoe mah noe teu aja teh elmoe sedjen deui. Pikeun tjonto, oepamana bae di Universiteit Leiden (nagara Walanda), faculteit di dinja teh: elmoe hisab (wiskunde), elmoe alam (natuurkunde), elmoe kasoesastran (letterkunde), elmoe palasipah (zielkunde), elmoe hoekoem (rechtskunde), elmoe tabib (*geneeskunde*) djeung hidji faculteit tjampoeran, nja eta bab kaajaan nagara oerang (Indologie) djeung bab hoekoemna. Dina faculteit elmoe hoekoem tea aja deui sasambianana, oepamana bae bab ekonomi. Kitoe deui dina faculteit sedjenna, oepamana bae bab sadjarah, kaasoepp kana golongan kasoesastran djeung palasipah.

Patali djeung reana faculteit, geus tangtoe bae elmoe noe digajoeah loelang noe disiarna oge roepa-roepa, kitoe deui gélaran-gélaran sabada loeloes tina eksamen, noeroetkeun saalasna-saalasna tadi.

Gélaran *doctor*, beda deui hartina djeung *doktër*. Ari doktër mah séséboetan atawa ngaran hidji patjabakan noe didjalankeun koe djalma kaloearan sakola poerah ngoebaran, atawa oepama diringkéskeun mah: doktër teh djalma poerah ngoebaran, tapi lain doekoen atawa paradji.

Hénteu oenggal doktër gélaranana doctor! Sabalikna: hénteu oenggal doctor djadi poerah ngoebaran, sabab aja doctor bab basa, aja doctor bab techniek, aja doctor bab hoekoem djeung djaba ti eta.

Doctor teh hidji „daradjat” (graad) noe didjieun gélaran pikeun kaloearan sakola loehoer, pikeun tanda jen manehna geus djadi ahli anoe loehoeng tina patjabakan eta.

Djadi oepamana aja noe boga gélaran „*doctor medicinae*” hartina eta djalma geus sah dianggap ahli tina bab oebar-oebaran. Anoe boga gélaran „*doctor juris*” hartina eta djalma geus sah dianggap ahli tina bab hoekoem; „*doctor theologiae*”, hartina eta djalma sah dianggap ahli agama, djeung satoeloejna. Tjindékna, gélaran doctor teh tanda jen sah djadina ahli.

Tetela ajeuna mah koe katérangan sakitoe oge, soegan.

Soepaja leuwih tetela, ieu aja deui katérangan ti djaman di sakolana keneh.

Di sakola loehoer tea, oerang teh koedoe sababaraha kali miloe eksamén, teu tjara di sakola handap, asal aloes rapotna, oenggal tacen tangtoe naek kèlas, ari di sakola loehoer mah lain goemantoeng kana rapot, tapi kana loeloes-hènteuna eksamén. Moerid-moerid sakola loehoer (student) lilana sakola teh lain noeroetkeun reana kèlas, tapi noeroetkeun reana eksamén.

Eksaménna tea, aja doea roepa, nja eta eksamén *candidaat* djeung eksamén *doctoraal*.

Di Sakola Hakim Loehoer Batawi, eksamén pikeun candidaat teh dibagi doea, nja eta eksamén candidaat noe mimiti djeung noe kadoea, ari eksamén doctoraalna dibagi doea.

Tjek atoeran, di sakola loehoer eta teh student tea koedoe miloe eksamén opat kali dina djero lima taoen. Tégésna : anoe diséboet tamat sakolana teh koedoe geus loeloes tina eksamén anoe opat tea.

Di Leiden mah hén-teu kitoe ; eksamén candidaat djeung doctoraal teh hén-teu dibagi-bagi, djadi student teh ngan koedoe miloe eksamén doea kali, sakali pikeun candidaat, sakali deui pikeun doctoraal.

Anoe loeloes tina eksamén doctoraal noe kadoea di Sakola Hakim Batawi, dibere gèlaran „*meester in de rechten*” (anoe paham kana bab kahakiman), pondokna : mr.

Ari anoe loeloes dina eksamén doctoraal panoetoe bab elmoe wangoen, diberena gèlaran teh *ingenieur* (batja insinjoer), oepama disoendakeun mah koerang leuwih „anoe paham kana bab wawangoenan.”

Anoe ngoelik elmoe doktér, beda deui atoeranana djeung noe ditataan di loehoer tadi.

Di Sakola Doktér Loehoer Batawi, oepamana, eksamén teh dibagi tiloe bagian galède, nja eta candidaat, doctoraal djeung arts. Eksamén pikeun arts tea aja doea bagian, nja eta „*semi-arts*” (satengah arts) djeung arts anoe énjaanana. Oepama geus loeloes tina eksamén arts, eta student teh kakara meunang gèlaran arts.

Tegésna : pikeun meunang gélaran arts teh henteu tjoekoeop koe loeloes tina eksamén doctoraal tea bae, tapi diembohan koe doea eksamén deui, nja eta semi-arts, djeung arts.

Dina elmoe sedjen, sok aja anoe loeloes tina salah sahidji eksamén doctoraal, tapi teu dibere gélaran, oepamana bae tina elmoe dagang.

Hidji student anoe loeloes tina eksamén doctoraal elmoe dagang, henteu dibere gélaran tjara oepamana *mr.* djeung *ir.* Tapi maranehna biasa sok make gélaran *drs* (doctorandus) di hareupeun ngaranna.

Gélaran *drs* teh lain gélaran anoe sah tjek Nagara, ari hartina *drs* nja eta „*djalma anoe diwéwangkeun ngoedag gélaran doctor*“. Djadi, ari ngoedag harti këtjap mah gélaran *mr.* *ir* djeung arts oge kaséboetna „*drs*“ atawa „*doctorandus*“ keneh.

Lamoen éngke loeloes tina eksamén *doctor*, eta doctorandus (*mr.* *ir*, arts) teh kakara dibere gélaran *dr.* malah pikeun *mr* djeung *ir* mah biasana sok diséboet atawa ditoelis docanana gélaranana teh, oepamana bae : *Mr. Dr. Koesoema*, *Dr. Ir. Konink* pikeun *ahli* hoekoem djeung *ahli* wangoen. Pikeun *ahli* sedjenna mah sok diséboet *dr* bae, kajaning *Dr. Angka* (pikeun *ahli* hisab), *Dr. Kerk* (pikeun *ahli* agama), *Dr. van Boeken* pikeun *ahli* basa, *Dr. Walagri* pikeun *ahli* kawarasan djeung satoeloejna.

Anoe hajang meunang gélaran *dr* (*doctor*, nja eta sahna dianggap djadi ahli tea) koedoe nembongkeun hidji boekti heula, jen manehna tina salahsahidji hal noe djadi oelikanana énjaan pahamna, toer dioelik koe manehna pribadi. Beubeunangan ngoelikna tea, biasana didjieun hidji boekoe, baris dioedji koe rengrengan para Goeroe Agoeng (*Professor*) sarta noe boga hadas koedoe bisa njawalaan kana pangodji para Goeroe Agoeng tea.

Oepama loeloes tina „eksamén“ saroeapa kitoe, diséboetna *promoveeren*, ari boekoe atawa hasil oelikanana noe dioedji tea. diséboetna *dissertatie* atawa *procfschrift*.

Anoe loeloes dina miloe eksamén panoetoeop bab agama Nasarani (*Protestant*) diberena gélaran teh dominus (*ds*) hartina koerang leuwih moen dina basa Soenda mah „anoe

paham kana bab agama." Tapi ari ieu mah lain doctoraal. Ditaritakeun soteh sangkan tambah tetela bae bedana.

Koe katérangan di loehoer, soegan bae djadi tetela, pikeun ngabedakeun antara *doktër* dieung *doctor* kitoe deui bedana antara *Universiteit* djeung *Hoogeschool* (Sakola Loehoer).

---

### HAL ATIKAN

Oepami njaah ka poeta,  
oerang kédah jasa ngatik,  
noemoetkeun elmoe atikan,  
moeng sanes pèrkawis gampil,  
banggana liwat saking,  
përloe pisan maos boekoe,  
noe wasta „Hal Atikan”,  
pangaosna lima kètip,  
basa Soenda wédalan Bale Poestaka.

Doepi djalan kadoeana,  
noe prajogi toer oetami,  
koe djalan poestakamangsa,  
wasta „Taman Moerangkalih”  
langganan hěnteu awis,  
moeng tiloe talen sataoen,  
loetjoe koe nganggo gambar,  
dongeng-dongeng sarěng dangding,  
toenggal keneh wédalan Bale Poestaka.



# INHEEMSCHE MULO

(Sakola Mulo Priboemi)

Hartina Mulo teh: Meer Uitgebreid Lager Onderwijs. Oepama disoendakeun satjerewelena mah koerang leuwih: Pangadjaran handap noe didjémbaran. Tégésna: Pangadjaran rada loehoer.

Noe ditarima djadi moerid sakola Mulo, nja eta baroedak kaloearan sakola Walanda, H.I.S., H.C.S., H.A.S., Schakel djeung ti sakola-sakola sedjen noe tahapanana saroea djeung eta.

Ari pikeun ka Inheemsche Mulo, noe ditarima teh baroedak kaloearan sakola vervolg atawa sakola sètandar.

Mimiti diajakeunana Inheemsche Mulo teh dina taoen 1937; basa pangadjaranana (voertaal), basa Priboemi atawa basa Malajoe. Lilana sakola 4 taoen. Népi ka mangsa noelis ieu karangan, eta sakola teh aja keneh dina pèrtjobaan <sup>(1)</sup> djadi geus tangtoe bae sagalana oge dirarampa keneh.

Anoe pangheulana ngadégkeun, nja eta Pagoejoeban Mochammadijah di Djogdja, kalawan soepsidi Pamarentah. Teu lila, Pagoejoeban Mardi Rahajoe di Solo oge kawidian njoba-njoba ngadégkeun. Sataoen ti harita di Bandoeng aja Inheemsche Mulo noe diadégkeun koe Pagoejoeban Pasoendan, djeung hidji deui koe Pamarentah koe andjeun di Palembang. Dina taoen 1939 Pamarentah ngadégkeun deui di Soerabaja djeung Bandjarmasin. K.G.P.A. Mangkoenagoro oge ngadégkeun di Solo.

Goeroe-goeroena, kabeh oge bangsa oerang. Kapala sakolana ngagém Hoofdacte (Indische Hoofdacte), goeroe-goeroe noe sedjenna kaloearan H.I.K. atawa H.K.S. Kabeh oge dipilih ti antara goeroe-goeroe noe pangpahaman, tjindékna goeroe-goeroe pètingan.

Departement van Onderwijs en Eeredienst noedjoe ngamanah-manah baris ngajakeun piigoeroeun noe ngawoengkoel pikeun basa-basa Priboemi, basa Inggris, elmoe hisab djeung

(1) Kaloearan noe „*pangtijkalna*” kakara éngke Juli 1941.  
(Red.).

elmoe alam, sarta pikeun goeroe-goeroe tea geus tangtöe koedoe aja pagoeronna djeung dieksamën. Anoe baris kaidinan ngadjar salahsahidji elmoe noe ditataan tadi teh, ngan goeroe noe geus meunang diploma eta bae.

Anoe diadjarkeun di Inheemsche Mulo tea nja eta : basa Priboemi, basa Malajoe, basa Walanda, basa Inggris (ti këlâs III), ngitoeng reudjeung elmoe bangoen, katêrang bab padagangan reudjeung itoengan-padagangan, njêkël boekoe (ti këlâs III), algebra, elmoe ngockoer, elmoe boemi, sadjarah, elmoe toetoewoehan, elmoe sasatoan, katêrang bab badan djalma, elmoe alam, ngagambar djeung obah badan.

Ari toedjoeanana Inheemsche Mulo teh rek ngadjarkeun oemoemna kamadjoean koelon noe harade make basa Priboemi, malar motekarna bangsa oerang. Kaboedajan pribadi oge diadjarkeun, ditambahkeun dina pangadjaran elmoe basa Priboemi, elmoe boemi, sadjarah djeung ngagambar.

Poestaka Priboemi diadjarkeun boh tina boekoe-boekoe koeno, boh boekoe-boekoe anjar.

Dina ngadjarkeun sadjarah, noe dipëntingkeun teh sadjarah kaboedajan sangkan baroedak tarêrangeun kana kaajaan hi-roep djaman Hindoe baheula. Djaba ti eta diadjar bab nêrêkabna agama Islam, kamadjoeanana djeung maksoedna pangna di oerang djeung di nagara sedjen nêrêkab. Sadjarah oerang Koelon oge diadjarkeun sapërloena bari ditêrangkeun djalan-djalanna oerang Koelon tea ka oerang.

Dina pangadjaran elmoe boemi, ari oeroesan kar mah teu sakoemaha dipëntingkeunana, anoe dioetamakeun teh kaajaan kahiroepan bangsa-bangsa djeung paoesahaanana, pangaroeh-pangaroeh oerang Koelon ka nagara sedjen djeung ka pangusina.

Basa Walanda diadjarkeun di oenggal këlâs, saminggoena 8 atawa 10 djam. Sangkan tereh pahamna kana basa Walanda tjarana ngadjarkeun oge milih noe panghadana, nja eta karangan Alb. de la Court noe dingaranan „De Nieuwe Wereld” (Doenja Anjar) tea.

Sakoemaha noe geus ditêrangkeun, eta sakola teh përtjobaan keneh, pikeun nganjahokeun mana noe leuwih hade ngadjarkeun pangarti oemoem ka baroedak bangsa oerang

teh, naha make basa Priboemi atawa basa Walanda, basa loeloegoena, boh pikeun di sakola handap, boh di noe rada loehoer.

Noe matak aja pananja kitoe, kieu sababna :

Baroedak oerang noe sarakola di sakola noe make basa-pangadjaran Walanda, rea anoe *mopo* ; oepamana bae di H.I.S., Mulo djeung A.M.S. lantaran kawalahan dina pangadjaran basa Walanda, padahal ari kana pangadjaran sedjen mah atawa pangadjaran eta keneh ditêrangkeunana koe basana pribadi, boedak teh mani norolong. Eta djadi tanda, jen lain doemeh bodo boedakna, tapi doemeh „asing” kana basa Walanda bae.

Di sakola loehoer oge teu saeutik sêtoeden noe „lembon” atawa „torolongna” teh goemantoeng tina pangabisana kana basa Walanda.

Inheemsche Mulo tea, pohara pada mikahajangna, moen dagangan mah raris, nêpi ka mangpoeloeh-poeloeh oenggal taoen baroedak noe miloe eksamên, sarta teu saeutik anoe kapaksa ditolak lantaran teu aja têmpatna.

Moega-moega bae eta sakola përtjobaan teh hasilna sing pohara njoegêmakeunana, da nilik kana galagatna mah matak gède hate pisan.

Oepama sidik jen hade hasilna përtjobaan tea, hênteu moestahil ka hareup mah baris diajakeun sakola têroesanana, oepamana bae sakola pigoeroeëun anoe sakêlas atawa doea, noe woengkoel ngadjar bab atikan bae. Geus kitoe, moal boa disamboengkeun kana hidji sakola pikeun prijaji B.B. sémêt Assistent-Wadana, oepamana ; atawa sakola pikeun pagawe pos, pagawe S.S., pagawe pagadean, poelisi, sakola dagang atawa naon bae.

Salian ti eta, oepama tetela jen hasil përtjobaan Inheemsche Mulo tea matak soegêma, hênteu moestahil oepama ka hareup mah aja A. M. S. noe basa-pangadjaranana koe basa Priboemi. Koemaha éngke bae ka hareup mah. Ajeuna mah ngan kari, pada ngarêp-ngarêp djeung ngadoedoe'a, moega-moega Inheemsche Mulo teh hasilna sing njoegêmakeun ka sarerea.

P. Koeze.

# ATOERAN POST

## I. TARIP

### Soerat biasa

a. Di djero kota: nēpi ka 140 g, dina saban<sup>2</sup> 20 g atawa bagianana tina 20 g ..... 5 sen  
 Leuwih ti 140 g diitongna kawas soerat pikeun ka loear kota.

b. Ka loear kota:

nēpi ka 20 g .....	10	sen
loehoereun 20 g nēpi ka * 50 g .....	20	..
.. 50 g .. .. 100 g .....	30	..
.. 100 g .. .. 200 g .....	40	..
.. 200 g .. .. 300 g .....	50	..
.. 300 g .. .. 400 g .....	60	..
.. 400 g .. .. 500 g .....	70	..
.. 500 g .. .. 1000 g .....	80	..
.. 1500 g .. .. 2000 g (teu meunang leuwih) .....	100	..

c. Ka nagara loear, teu leuwih ti 20 g ..... 15 ..  
 Saleuwihna, oenggal 20 g ..... 10 ..

### Postblad

a. Di Hindia, ka Nederland, Suriname djeung Curaçao, parangkona ..... 7½ sen  
 (Di Kantor pos didjoealanana 8 sen; noe sapeser harga kērētasna).

b. Ka nagara loear ..... 15 ..

### Kartoe pos

a. Di Hindia, ka Nederland, Suriname djeung Curaçao:  
 Noe lambaran ..... 3½ sen  
 Noe ngarangkēp djeung pikeun balēsanana ... 7 ..

- b. Ka nagara loear :  
 Noe lambaran ..... 10 sen  
 Noe ngarangkep djeung pikeun balésanana ..... 20 ..

#### Drukwerk

- a. Di Hindia :  
 Népi ka 500 g saban<sup>2</sup> 50 g atawa bagianana  
 tina 50 g ..... 2 sen  
 Leuwih ti 500 g dina saban<sup>2</sup> 250 g ..... 10 ..
- b. Ka nagara loear  
 I. Ka Nederland make zeepost: kawas di Hindia  
 II. Ka' Nederland make Landmail djeung nagara  
 loear saban 50 g atawa babagianana tina 50 g 3 ..

#### Koran

Ngan pikeun di Hindia bae. Lamoen ngirimkeun koran ka nagara loear, taripna koedoe tjara tarip drukwerk ka nagara loear.

Ari tarip di Hindia, nja eta :

- Népi ka 55 g ..... 1 sen  
 " " 100 g ..... 2 ..  
 Satéroesna népi ka 500 g dina saban<sup>2</sup> 50 g atawa  
 babagianana tina 50 g ..... 1 ..  
 Saloehoereun 500 g dina saban<sup>2</sup> 250 g atawa baba-  
 gianana ..... 5 ..

#### Document

- a. Di Hindia djeung Nederland Zeepost.  
 (Bajaran noe pangsaeutikna (minimum) nja eta sakétip). Saban 50 gram ..... 2 sen
- b. Ka Nederland make Landmail, djeung nagara loear lianna, saban-saban 50 gram ..... 3 ..  
 (Pangsaeutikna 15 sen).

#### Monster

- Tarip djeung atoeran ngirimkeun di Hindia djeung ka Nederland koe pos laet saroea djeung Pakjes. Ka Nederland koe mel djeung ka nagara loear oenggal 50 g ..... 3 ..  
 Pangsaeutikna 6 sen.

### Pakjes

- a. di Hindia djeung ka Nederland Zeepost.  
 Nèpi ka 500 g saban<sup>2</sup> 50 g atawa bagianana tina  
 50 g ..... 2 sen  
 Leuwih ti 500 g, saban 250 g ..... 10 ..  
 Pangsaeutikna koedoe majar ..... 4 ..
- b. Ka nagara loear  
 Nederland make Landmail djeung nagara loear  
 lianna, saban 50 g atawa babagianana ..... 3 ..  
 Pangsaeutikna bajaranana ..... 30 ..

### Postpakket

- a. Hindia :
- | kg | di darat | meuntas laoet |
|----|----------|---------------|
| 1  | f 0,40   | f 0,60        |
| 3  | „ 0,60   | „ 0,80        |
| 5  | „ 0,80   | „ 1,20        |
| 10 | „ 1,20   | „ 1,80        |
- b. Nederland :
- | kg | Zeepost | Mail   |
|----|---------|--------|
| 1  | f 1,05  | f 1,65 |
| 5  | „ 1,75  | „ 2,60 |
| 10 | „ 2,85  | „ 4,60 |
- c. Nagara loear lianna, boga tarip sorangan.

### Postwissel

- | a. Hindia |        | b. Nederland   |                     |
|-----------|--------|----------------|---------------------|
| nèpi ka : |        | nèpi ka :      |                     |
| f 5,—     | f 0,05 | f 25,—         | f 0,25              |
| „ 25,—    | „ 0,10 | „ 75,—         | „ 0,50              |
| „ 50,—    | „ 0,20 | „ 100,—        | „ 0,65 <sup>b</sup> |
| „ 100,—   | „ 0,40 | „ 200,—        | „ 1,12 <sup>b</sup> |
| „ 150,—   | „ 0,60 | „ 300,—        | „ 1,62 <sup>b</sup> |
| „ 200,—   | „ 0,80 | „ 400,—        | „ 2,12 <sup>b</sup> |
| „ 300,—   | „ 1,—  | „ 480,— (Max.) | „ 2,62 <sup>b</sup> |
| „ 500,—   | „ 1,40 |                |                     |
| „ 1000,—  | „ 2,—  |                |                     |

Leuwih ti f 1000,— pikeun di Hindia : 50 sen oenggal-oenggal f 1000,— atawa sabagianana, ditambah ongkos f 1,50 pikeun 1 postwissel. (Maximum f 20.000,—).

- c. Pikeun nagara loear lianna, leuwih hade nanjakeun heula ka amtënar pos, lantaran hënteu kabeh nagara loear saroea taripna.
- d. Wesël-kawat ditambah koe ongkos telëgramna.

Lakoena poswesël teh ngan doea boelan, diitoeng ti sanggeusna boelan dikirimkeunana. Poswesël noe leungit bisa menta gantina, ongkosna doea këtïp pikeun hidji gagantina.

Oepama oerang hamham sieun teu katampa koe noe dikirim, bisa menta tanda pamajaran, disëboetna „bericht van betaling” atawa dipondokkeun bvb.

## II. ROEPA-ROEPANA KIRIMAN.

### 1. Soerat

Noe disëboet soerat teh nja eta „bedja” atawa pananja anoe ditoelisna dina kënëtas, daloeang, atawa barang saroeapa kitoe, sarta dikirimkeunana diamplopan toer dirapët pageuh nëpi ka teu beunang dikanjahokeun eusina lamoen teu diroeksak.

### 2. Kartoe pos

Kartoe anoe ngalagar (teu ditoetoeup teu diboengkoesan, teu ditoelap-tilëp) dieusi bedja, pananja, panawaran djeung sapapadana. Di hareupna koedoe aja tëmpat pikeun adres, ari di toekangna pikeun kapërloean noe ngirimkeun. Parangkona di hareup.

Oepama kartoe pos tea rek make kapala (ditjitak ngaranna noe ngirim, oepamana) teu meunang satoendjang kartoe (niet over de heele lengte) tapi koedoe di beulah kentjana bae.

### 3. Drukwerk

Sagala roepa barang tjitakan, boh noe ditjitak koe parobot njitak, boh koe parobot roneo.

Noe bisa disaroeakeun djeung barang tjitakan nja eta :

- a. Soerat atawa bewara noe ditjitak koe agër ;

- b. Soerat atawa bewara noe ditoelis koe mēsın toelis tapi sakoerang-koerangna koedoe 20 lambar toer kabeh eusina saroea pisan teu meunang aja noe mentjog. Ieu koedoe ditembongkeun heula ka amtēnar pos ;
- c. Kartjis ngaran anoe make ditoelisan koe leungeun toer maksoedna ngan oekoer nembongkeun kaboengahan, kasēdihan djeung nganoehoenkeun, asal noe ditoelis tea teu leuwih ti lima kētjap (ngoeroeng titimangsa) atawa lima aksara, oepama : p. f ; p. r ; p. c ; r. i. p ; p. p. c ; m. h. g ; m. h. d ;
- d. Potret djeung gambar<sup>2</sup> noe ditjatak.

Dina atoeran drukwerk loba pisan barebedanana.

Aloesna, oepama rek nambahan atawa ngeusian drukwerk teh nanjakeun heula ka amtēnar pos. Drukwerk teu meunang dirapēt, dilak atawa dipageuhan.

#### 4. Document

Noe disēboet document teh nja eta kiriman anoe ditoelis sagēmlēngna atawa ditjatak sawareh, tapi hēnteu ngandoeng harti sērat-sinērat atawa ngoeroeskeun kapērloe anoe torodjogan antara noc ngirim djeung noe dikiriman (niet van persoonlijken aard).

Tjontona : karangan<sup>2</sup> pikeun soerat kabar ; soerat gade ; soerat padjēg atawa soerat pananjaan padjēg ; roepa<sup>2</sup> laporan boh noe mangroepa rēgistēr atawa sētat, boh noe lambaran ; gambar kar beunang leungeun ; raraban (tabellen).

Ngirimkeun documenten teu meunang dirapēt, dilak atawa dipageuhan.

#### 5. Monsters

Ari monsters teh hartina tjonto.

Kiriman<sup>2</sup> noe kaitoeng monsters, nja eta roepa-roepa hasil boemi atawa hasil dagang noe dikirimkeunana sakadar pikeun tjonto, soepaja dikanjahokeun koe noe dikiriman tea. Ngirimkeunana hēnteu meunang loba-loba — beuratna ge teu meunang leuwih ti 500 g — sarta eta kiriman tea koedoe oelah aja pangadjina (monsters zonder waarde).



Monsters teu meunang dirapét, dilak atawa dipageuhan moengkoesna, kadjaba oepama eta barang memangna didjaroéalana sok ditoetop dina wadah noe dipatri, oepamana bae : tjisoesoekalengan ; ovomaltine d.r.r.d.

#### 6. Pakjes

Barang-barang noe laeutik oepama dikirimkeun koe post-pakket atawa diamplopan kawas soerat, tangtoe ongkosna katitih mahal, tapi ari dikirimkeun koe monster moal ditarima, lantaran lain tjonto dagangan djeung aja pangadjian.

Barang saroeapa kitoe leuwih hade dikirimkeunana make *pakje*.

Barang<sup>2</sup> noe aja hargaan, kajaning ali, geulang, bintang djst. teu meunang dikirimkeun make *pakje*.

Ngirimkeun *pakje* teu meunang dirapét, dilak atawa dipageuhan.

Djaba ti soerat mah, sagala roepa noe sedjenna koedoe ditoelis di loehoereun adres, oepamana : drukwerk ; monster ; document ; *pakje* ; aangeteekend.

### III. NGIRIMKEUN TELEGRAM

(di Hindia).

Telègram teh roepa<sup>2</sup>, aja noe biasa, noe pèrloe (dringend) djeung noe moerah (uitgesteld).

Telègram „dringed” majarna doea kalieun telègram biasa, ari „uitgesteld” sakètjapna ngan *sakètjap*, teu make majar naon<sup>2</sup> deui.

Telègram uitgesteld ka nagara loear, majarna gitik-rata ngan satèngahna tina tarip telègram biasa pikeun ka nagara eta.

Telègram biasa, djaba ti majar noeroetkeun reana kètjap teh, oenggal telègram majar *vastrecht* satalen. Ari bajaran-kètjapna, pikeun di sawewéngkon eta keneh (hènteu ka wewéngkon sedjen), ngan *f* 0,15 sakètjap ; lamoen ka wewéngkon sedjen sakètjapna *f* 0,25.

Wewéngkonna tea sa-Hindia dibagi 3, nja eta :

I. Poelo Djawa, Madoera, Bali djeung Lombok.

II. Soematra, Bangka, Bèlitoeng, Borneo-Koelon djeung Riouw.

III. Wewéngkon sadjabana ti I djeung II.

#### IV. TELEPON.

##### a. Ongkos masang

Oenggal samboengan loeloegoe (hoofdaansluiting) f 5,— lamoen pèrloe, pikeun di loear kota saban 100 m kawat ditambah f 1,50.

Oenggal samboengan tèresan (nevenaasluiting) saban 100 m kawat nambah f 1,50.

##### b. Langganan

Oenggal boelan pikeun samboengan loeloegoe :

Lamoen sadjéro 14 poë noron menta njarita di djéro kota népi ka :	Batawi Bandoeng Sémarang Soerabaja	Kantor sedjenna
75 kali .....	f 10,—	f 8,—
150 " .....	" 12,50	" 10,—
250 " .....	" 15,—	" 12,—
400 " .....	" 20,—	" 16,—
600 " .....	" 25,—	" 20,—

##### c. Ongkos njarita.

Ka distrik sakalina njarita f 0,25; lamoen ngalanggan, saboelanna f 5,—.


Dina spreekcel oemoem, djéro 6 ménit di djéro kota f 0,10; lamoen ka distrik f 0,35.

Interlocaal ngitoengna teh oenggal 3 ménit, bajaranana ngitoeng djaoehna kilomèter. Oenggal-oenggal ménit saleuwitna tina 3 ménit, diitoengna  $\frac{1}{3}$  tina tarip.

Interlocaal noe pèrloe (dringend) ngitoengna doea kalieun tarip, sarta lamoen sakilat (bliksemgesprék) majarna sapoe-loeh kalieun.

##### d. Panggilan

Pikeun tèmpat-tèmpat di wewengkon kahidji népi ka katiloe (50 km, 100 km, 150 km) majarna f 0,25. Pikeun noe leuwih djaoeh mah f 0,50.



Mr. M. F. Winkler  
Goepërnoer Djawa Těngah.

## NJIMPAJ BOEMI, NALIAN DJAGAT

Rikat batan kilat.

Gér, pérang di Eropa! Poë ieu kadjadian, poë ieu keneh di nagara oerang noe djaoehna reboean kilomètèr ti Eropa, geus pada tẽrang.

Rijẽg lini rongkah ngẽndagkeun Asia-Leutik, ngan oekoer doea tiloe djam saalam doenja geus kabedjaan.

Leb, tjaah rosa di Amerika! Teu nẽpi ka poë isoek, satangkarak djagat geus kawawaran.

Meudjuehna oepama doenja disẽboet djiga ngarioet teh. Kadjadian noe anggagna lalakon mangboelan-boelan koe leumpang, mani djiga eta tah di pipir imah, atawa di tatangga saboeroean, awahing koe gantjangna kabedjaan.

Anoe leuwih gantjang ti kitoe, nẽpi ka teu aja antara, teu boeroeng bisa kadjadian, lir oerang nendjo koe panon pribadi, tjara oepamana noe maen bal di nagara Walanda, diwawarkeun harita, sabot maen bal, koe hidji djalma — make radio — oerang di dieu ngeunah-ngeunah „laladjo“ ti imah njandingkeun radio dioek dina korsí. Harita di nagara Walanda aja noe ngomong, njaritakeun kaajaan noe parẽboet bal, noe loeloempatan, noe ngahedẽn djeung djaba ti eta, oerang oge ngadengena harita keneh.

Rikat batan kilat!

Bẽrkah alpoekeh noe palintẽr, doenja sẽsẽmplekan beulah kaler sasat saampar samak, malah sasat samedja djeung sẽsẽmplekanana noe di beulah kidoel, teu kahalangan koe samoedra lẽga, teu kapẽgoeng koe goenoeng loehoer, teu kapindingan koe djaladri keusik, Si Sora teh parat sapat, nẽmboes narotoes mapaj angkasa boeana.

Tjek sare'atna, eta teh koe daja listrik.

Oerang, noe ti barang goebrag ka doenja geus njampak kapal — boh di laoet boh di djomantara —, geus njampak kareta api, mobil, telẽgram, telẽpon, radio, bioskop djeung djaba ti eta, nganggapna kana barang kitoe teh ilahar, biasa, djamak. Teu katjipta hesena, poesingna, bobolokot kesangna, malah sawareh mah mandi gẽtihna djalma-djalma baheula

noe ngakalan djeung narekahan ngawoedjoedna barang-barang noe koe oerang dianggap biasa tea.

Djalma ajeuna, sok koekoeloetoes, gëgëlëndëng, malah radjeun gëgëbrag tetendrag oepama nampa „bedja” élat teh. Soerat anoe ti Batawi ka Bogor ngalalakon sapoë sapeuting oepamana, pikeun dina djaman ajeuna mah geus kaitoeng pohara leurna. Oelahbon kakara sakitoe, dalah antara London djeung Amerika noe djaoehna lalakon 22 atawa 25 poë koe kapal noe panggantjangna, djaman ajeuna kaitoeng nja bojot nja mojudok, oepama aja hidji „bedja” noe di djalanna ngalalakon 22 atawa 25 *djam* teh, malah „bedja” noe lalakonna saroca djeung lalakon kapal mah, tégësna bedja noe dibawana koe kapal, hënteu-hënteu atjan diséboet bedja, diséboetna oge „panjoesoel”.

Da kahajangna mah kitoe tah, harita gër aja kadjadian pénting, harita keneh — dina djéro poë eta keneh — koedoe geus meber dina koran.

Kitoe ari kahajang djalma djaman ajeuna mah.

Tapi koemaha ari baheula?

**Djalma baheula.**

Alam kiwari, ti Batawi ka Bandoeng ngalalakon doea *djam* teh aja keneh noe nawar. Ti Batawi ka Yokohama 11 poë teh asa katjida bojotna.

Tapi baheula mah oepama aja noe bisaeun toempak koeda ditëgarkeun, ti Batawi ka Bandoeng sadjéro dalapan poë teh kaitoeng pohara gantjangna. Koe djalma djaman ajeuna, noe nendjo Palered geus lain leuweung ganggong, atawa Maswati geus „tjaraang” djeung lébah Tjikalongwetan sakitoe garénahna, matak teu kaharti, oepama nëpi ka koedoe aja 8 poëna di djalan teh, komo lamoen ditjiptana harita geus aja djalan aspal toer tandjakanana ngan oekoer 15° atawa 20° pagnëtékna mah, beuki moal kaharti.

Koemaha „djaoehna” ti Batawi ka Djëpang djaman baheula, ieu aja tjontona : Waktoe dina taoen 1883 goenoeng Rakata bitoe, basisir Bantën djeung Lampoeng bërësih. disapoean ombak. Laoet pohara motahna, nëpi ka dina sadjéro 36 *djam* ombak noe pagoegoeloeng sagëde-gëde pasir teh nëpi ka

basisir Djé pang, ngalembak palaboean-palaboean di ditoe. Kabeh djalma pada gigis miris, teu tērang sabab-sababna pangna laoe pasangna salah mangsa toer leuwih ti oekoeran. Sarerea binggoong, bareuheudeun teu poegoeh tjabak inggis djol-inggis djol balai noe leuwih rosa.

*Sawatara boelan* ti harita, kakara aja bedjana ka Djé pang, jen ombak noe pagoegoeloeng teh panēka bēntjarna Rakata.

Lamoen ajeuna aja deui kadjadian kitoe, kawasna ngan sirikna moal nēpi ka barēng bae djeung bēlēdoegna goenoeng noe bitoe bedja noe soemēbar ka Djé pang djeung bagian doenja lianna teh, tajohna moal koengsi ganti poē saboedeur djagat baris kabedjaan.

Baheula, djaman Radja Iskandar Doelkarnaen ti Joenani ngareroeg ka Asia, silih bedjaanana dina ngagērakkeun balad teh koe *soldadoe toempak koeda*, diatoer saban 10 km koedoe aja pasoeratan. Noe mawa soerat teh nēgarkeun koedana satakēr tanaga, diangsit bari teu nolih pibahjaeun. Lēbah 10 km tea geus aja pasoeratan sedjen sagēd noempakan koeda, lamoen nendjo lapat-lapat anoe mawa soerat, noe noenggoean tea ngaloempatkeun koedana, dioedag koe noe anjar datang, soerat tea dibikeurna bari taroempak koeda ditēgarkeun bae. Lamoen geus tjēg ditampunan koe noe tadi noenggoe, bēlēsat bae leu ge nēgarkeun koedana lir djamparing leupas tina gondewa. Kitoe bae satoeloena. Eta teh geus loear biasa gantjangna.

Koemaha ngagērakkeun balad alam ajeuna? Teu koedoe-koedoe atjan aja noe indit, tjoekoe koe tēlēpon atawa tēlēgram bae. Hoofdkwartier ngabedjaanana ka sector-sector teh bisa katampa dina sēkon eta keneh.

Anoe moenggah hadji, baheula mah di djalanna sok moelan-malen, radjeun aja noe sataoen oepama kapalna katabias mah, nēpi ka teu beunang ditangtoekeun iraha pibalikeunana, malah teu arang anoe disamarkeun bisa moelang deui; ma'loem atoe kapalna ge kapal lajar, djaba ti goemantoeng kana hade-gorengna angin teh pakakasna oge darapor pisan. Tapi koemaha ajeuna?

Eukeur mah gantjang toer pasti loemakoena kapal toeroeg-toeroeg atoeran lian-lianna oge geus katjida beresna. Iwal

ti oepama kapéngat koe pati atawa aja halangan bangét mah, ti memeh djoeng indit ti lémbouer ge ajeuna mah népi ka beunang diitoeng poé djeung djamna pibalikeunana deui ka lémah tjaina.

Ratoesan, reboean, malah poeloehan reboe taoen, kitoc bae kaajaan patalimarga djeung pataliwarta di doenja teh, panggantjanga sémét koeda djeung kapal lajar.

Djaman robahan.

Doea-tiloe ratios taoen ka toekang, kakara aja robahan, koe alpoekahna noe palintér. Dina bab patalimarga di darat, oepamana, koe toean G. Stephenson kapéndak akalna dina taoen 1830, doemeh harita mimiti aja kareta api. Di laeot, koe kawékélanana Robert Fulton dina taoen 1807 bisa njeun kapal api; di langit, minangka madjoena tina balon noe „kapéndak koe Montgolfier taoen 1782 teh dina taoen 1873 mah Graf von Zeppelin ngadamél kapal oedara.

Tina bab pataliwarta, dina taoen 1791 Claude Chappe méndakan atoceran telegraaf sarta dina taoen 1833 Gauss djeung Weber ngaloesan beubeunungan Chappe tea, nelégram make listrik. Taoen 1836 mah Morse bisaeun „noelis” koe telegraaf. Dina taoen 1860 Philips Reis bisaeun ngomong koe pakakas toer djaoeh anggana, diséboetna télépon, malah komo dina taoen 1897, pataliwarta beuki matak heran, doemeh Marconi bisaeun ngirimkeun bedja teu make kawat, minangka ondjojna tina paméndak Morse.

Eta kabéh dilantarankeunana koe kakoeatan listrik!

Tjek sare'atna, bérkah kapintéran Chappe, Gauss, Weber djeung Morse, dina taoen 1837 di Amsterdam, Brussel djeung Bérlien, oekoer méménitan barisaeun nampa bedja noe disébarkeun ti Paris koe kawat, noe diséboet telegraaf tea, lir oepama eta nagara-nagara dibeungkeut, ditalian, ditjangg- greud koe kawat noe teu leuwih ti sagéde njere.

Geus karoehan, jen antara sésémplekan djagat di darat beunang ditalian mah, ngan bréng bae dajauh-dajauh noe galéde di tanah maneuh Eropa ditjanggung- greudkeun, mani ranténg lir rambat lantjah di djoeroe dapoer (dapoer noe djorok).

Ajeuna kari ngakalan hajang nalian London, dajauh karadjaan Inggris. Hal ieu henteu babari tjara meungkeut nagara noe di tanah maneuh. lantaran ieu mah koedoe meuntas laoet.

Sakoemaha noe ditjaritakeun tadi, telegraaf teh make kakoeatan listrik, mangkaning oepama kawatna diantjroebeun kitoe bae ka laoet, kakoeatan listrikna geus tangtoe kaserot koe tjai laoet, djadi tangtoe pèrtjoemah, lantaran bedja noe dikirimkeun ti tanah maneuh moal nepi ka poelo Britania.

Sanadjan kitoe, henteu toeloej ngadjentoel toengkoel beurat koe iroeng, tapi habèn diakalan, ditarekahan teu eureun-eureun. Lain ngan sataoen doea taoen, tapi nepi ka 20 taoen kakara kapanggih akalna. Sakitoe kaleukeunan djeung kaheseanana teh. Poegoeh ari tjek oerang mah, noe geus njampak nganténgna kabél ti Calais ka Dover teu katjipta hesena, malah moal boa ngageuhgeujkeun. Tapi alam harita? Harita mah teu njahoëun djalma teh, jen karet beunang dipake moengoes kabél.

Hadena bae sanggeus ditarekahan mangwélas-wélas taoen, aja noe nganjahoankeun, jen lamoen kawat diboengkoesna koe karet, sètroem listrikna moal kaganggoe, toer eta karet teh henteu témboes.

Geus kitoe mah, prak bae hidji insinjoer ngaran Brett njamboengkeun Inggris djeung tanah maneuh Eropa. Tapi, teu koe hanteu, pagawean meunang hese tjape mangtaoentaen, meunang ngakalan sapérlima abad teh roeksak sakédép-netra koe kabodoanana hidji palika, noe keur waktoe ngaroengkoep heurapna tikait kana kabél. Lép diteuleuman, disangkana laoek pandjang. Barang kanjahoan, jen lain, ngan brèt-brèt bae djasa Brett dipégatkeun koe kampak.

Koemaha seueul handeueulna noe boga gawe, koe oerang beunang dikira-kira. Tapi teu kapok!

Tanggal 13 November 1851, prak deui bae dipadjoé, kalawan loeloes moeloes.

Ti harita, boeana Eropa djadi ngahidji, ditalian koe kawat telegraaf tea. Antara anggahota-anggahota djéngglengan badan Eropa, ajeuna mah ranténg oerat sarapna mangroepa



kawat telegraaf. Oepama babagian wetan lébah Moskow aja noe karasa, ngan sadjorelat babagian koelon lébah Dublin miloe ngarasakeun, kitoe deui ti kaler ti palébah Moermansk ngidoel népi ka Atinia kaéndagkeun harita keneh koe gëtérna oerat sarap tea.

Dina taoen eta keneh di laoet boetbat ranténg kawat noe njamboengkeun Inggris djeung Airlanda (Ierland), Dene-marken djeung Zweden, Corsica djeung Parasman, malah toeloj njoba-njoba ti Eropa kidoel meuntas Laoet Tengahan ka Aprika kaler lébah Mésir, ngarah bisa téroes njamboeng ka India.

### Njamboengkeun Eropa ka Amerika.

Sanggeus ranténg kawat di Eropa, mimiti djalma-djalma ngalamoen hajang njangreudkeun Eropa djeung Amerika, noe djaoehna 3600 km meuntas Samoedra Atlantika noe sakitoe légana, di téngahna hēnteu aja poelo pikeun njélang handjat heula.

Roepa-roepa pisan noe djadi halangan haroenganana : *oepamana bae sipat-sipat listrik geusan neuleuman djeung meuntasan laoet noe sakitoe oeploek-aplakna*. Tatjan beunang diitoeng toer hese dikira-kirana, koedoe sakoemaha tanagana. Deet-djérona laoet teu kanjahoan ; panéka ombak teu kaekoer, naha di djéro laoet Atlantika teh aja ombak noe baris djadi ganggoean atawa teu aja ? Djaba ti eta koedoe kanjahoan heula ti mana ka mana palidna aroes, sakoemaha tarikna ? Koedoe sakoemaha gédena djeung pandjangna kawat ? Naha aja pabrik noe daekeun njeunna ? Koedoe sakoemaha kandéina karet pikeun moengkoesna ? Ti mana baris meunang karet noe sakitoe reana ? Ti mana bisa *meunang dinamo* noe tjoekoeop tanagana pikeun mere sētroem listrik ? Bisa djadi di djéro laoet teh aja mahnit anoe bisaeun njérot listrik noe aja dina kawat tea.

Ah, tjindékna mah dianggap moestahil, dianggap pamohalar weh, njamboengkeun Eropa ka Amerika teh. Sakabeh noe palintēr waktoe eta mah garogodég, dalah Morse noe dina oeroesan telegraaf légok tapakna, génteng kadékna.

njéboetkeun, jen pamohalan Amerika beunang ditalikeun ka Eropa teh.

Bisa soteh ajeuna aja kabél ti Eropa ka Amerika, doemeh kabéhérn aja hidji djalma noe kadaekna géde ngadjégir tjara goenoeng, tekadna koekoe hir pasir wadja, djalma noe tara seungguh koe wégah, tara kapok koe pamojok, djalma noe teu njahoéun di harti këtjap *wéleh*, anoe tagén koe gogoda djeung tjtjoba, loeas nandangan sangsara balangsak ngabelaan kapérloean djanapria.

Eta djalma anoe rosa patekadanana teh ngaranna C. W. Field, boedak ngora beurat beunghar, toer beungharna teh lain doemeh meunang warisan, tapi moeklis ladang kesangna, kabiroejoengan koe milikna noe hadé, dina mangsa noe teu sakoemaha lilana djadi soegih moekti. Koe lantaran beunghar tea, „gawena” teh ngan nganggoer bae bari sènanng-sènanng.

Dina taoen 1854 C. W. Field amprok djeung Gisborne, insinjoer Inggris noe keur masangkeun kabél ti New Foundland (nja eta poelo di toengtoeng banoea Amerika) ka New York, (palaboean Amerika Sarikat noe panggédena di wetan). Maksoedna, sangkan dimana aja kapal ti Eropa rek ka New York, bisa ngabedjaan ti anggalna keneh, oepama eta kapal geus ngaliwat New Foundland. Tapi pagawean noe sakitoe gédena goenana teh matak handjakal, doemeh teu bisa ditéroeskeun, lantaran béakeun ongkosna.

Koe pitoeloeng C. W. Field, insinjoer Gisborne teh bisaeun noeloejkeun pagaweanana népi ka anggeus.

Dasar djalma géde karép, loehoer moeloek angén-angénna, kasoeroengkeun koe hasilna masang kabél ti New Foundland ka New York teh, Field mah teu rek kapalung, karépnna hajang masangkeun kabél ti Amerika ka Eropa. Tjek pikirna : lamoen laoet noe djaoehna ratoesan km beunang disorang koe kabél, naha ari noe reboean km make teu beunang. Naha make koedoe moestahil?

#### Tatahar.

Geus kaidjir, jen lain barang pamohalan, Field noe patekadanana teuas tjara goenoeng wadja teh prak tatahar. Anoe

tangtoe bae koedoe aja doeit sing pohara lobana. Bisana ngoempoeikeun doeit koe djalan andil. Geus aja ieu koedoe neangan pabrik noe sanggoep njeun kabéhna toer pandjangna noe geus karoehan bae koedoe 3600 km lamoen dibaték lémpéng, atjan ngitoeng pééndat-pééndotna di djérolaoet. Geus kitoe koedoe aja kapal-kapal noe tjoekoeptobagana geusan angkleung-angkleungan téngahing samoedra, mawaan kabéh tea; toeloéj koedoe sadia pagawena, pikeun moelamalen digawe di laoet; koedoe neangan para ahli, boh ahli nasehat, boh ahli gawe. Tah, eta teh lain pagawean memeh moemoeloek.

Tapi Field hénteu seungguh. Manéhna deudeuheus ka ditoe ka dieu, Pamarentah oenggal nagara di Eropa djeung di Amerika dideuheusan, oenggal djalma noe géde pangaroehna dikoemahaan, oenggal noe beunghar dipentaan toeloengna. Kasartaan koe bakatna pértjeka bisa njarita, kadjoeroeng koe ngadoedoedna maksoed dianteur koe itikad tjépét-bénér teu sédja ngarah-ngarinah, dina sawatara poé bae oge modal teh geus koempoel, malah noe baleunghar di London, Liverpool djeung Manchester mah népi ka paréboet meulina andil teh. Noe mareuli andil tea, lain ngan para soedagar bae, tapi para boedjangga oge rea, lain hajanghajang teuing ngarah bati, ngan awahing koe tjictjog bae kana patekadan Field.

Pamarentah Inggris maparinkeun kapal pérangna „Agamemnon” ari Pamarentah Amerika maparinkeun kapal „Niagara”, noe gédena masing-masing 5000 ton, alam harita mah kaitoeng pohara gédena. Eta kapal-kapal dirobah heula babagianana, babakoena di téngah djeung di toekangna sangkan beunang dipake ngampihan djeung ngoeloer kabéh noe reboean kilométer pandjangna. Kakara sakitoe mah kaitoeng tjan sakoemaha hesena, anoe pohara banggana teh njeun kabéhna, lantaran koedoe koekat tjara wadja, tapi koedoe leuleus tjara soetra, maksoedna sangkan tahan koe panéka aroes, tagén „digegelna” koe tjai laoet noe bakatna sok ngaroeksak sakoer noe kakeueum, tapi koedoe babari dioeloer-digoeloengna, dibaték-dipélléngkoengkeunana. Djaba ti eta teu meunang tjatjad saeutik-eutik atjan, sabab nadjan

tjatjadna pohara djigana teu pira oge, matak djadi ganggoean bae dina mangsana njirimkeun bedja teh, mangkaning apan lain lalakon deukeut-deukeut, ieu mah disorang koe kapal noe panggantjangna oge aja kana 14 poëna.

Beurang-peuting mësın pabrik-pabrik ngagéroeng teu aja eureunna njeun kabél noe sakitoe dipikaboetoečna. Tanpa wilangan reana beusi djeung tambaga noe dipake bahan, mangreboe-reboe tangkal karet noe ngoetjoerkeun geutahna disadap pikeun pamoengkoes kawat tea. Sakoemaha rohakana eta pagawean, koe oerang beunang ditjipta, jen beakna kawat anoe dipake narekahan njamboengkeun Eropa djeung Amerika teh aja 660.600 km pandjangna, (diitoe djeung noe kapitjeunna), tjoekoe pikeun njamboengkeun boemi kana boelan atawa lamoen dipake nalian boemi, bisa dibeulitkeun tiloe bēlas beulit.

Eta teh kabeh oge ngawoelaan djalma saerang noe ngaran C. W. Field, djalma noe hajang nalikeun doea banoea.

Lila-lila tatarah noe sakitoe rosana teh bisa oge rengse. Sabada mēsın-mēsın pabrik ratoesın reboe kali moeterna, bisa oge ngahasilkeun kabél manggoeloeng-goeloeng, dimoetkeun kana kapal noe doea tea. Para ahli tehnik geus aroeng-gah, kari ngadagoan bralna miang, kitoe deui parabol-parabol geus rēmpēg, sadia kari ngadagoan dipētkeun bae.

### Indit.

Tanggal 5 Agoestoes 1857, di palaboean Valentia baslir Airlanda, djalma nakleuk mangreboe-reboe. Ti soeklakna ti sikloekna toemplēk-toengkēb ka eta dajeuh, ngalaladjoan balajarna kapal „Niagara” djeung „Agamemnon” ngadjoeg-djoeg Samoedra Atlantika. Memeh leong ka tēngah, para gēgēden biantara heula, sasatna papandjang-pandjang. Pamarintah Inggris harita ngintoenkeun wawakilna. Toekang potret tingtjalētrek njeunan potret, djoerowarta tinggaloetroet njatētkeun sagala roepa noe kadjadian pikeun soerat-soerat kabarna. Ahli agama pada ngadaroä, mangnēdakeun hasilna anoe dimaksoed. Di kentja-katoehoeūn kapal anoe rek narēngah tea mangratoes-ratoes kapal laleutik, pinoeh koe noe laladjo bari rek ngadjadjapkeun nēpi ka rada beh tēngah.

Mangsa eta djalma-djalma pada gēde pangharēpan, pada pinoeh koe angēn-angēn, jen Eropa djeung Amerika baris toeloes disamboengkeunana, ditalian koe kabēl lir kalapa doea hoeloe digentjengkeun.

Solojong kapal noe doea teh nēngah. Noe djadjap djeung noe didjadjapkeun patinggaroepaj bari pasēmonna goembira.

Tadina mah pagawean teh arek dihantjana ti tēngah-tēngah laoet, inditna barēng tapi nēpi ka tēngah samoedra „Agamemmon” mah rek balik deui, ari „Niagara” tēroes ngadjoeg-djoeg Amerika. Tapi maksoed kitoe teh teu toeloes, sapēr-kara inggis kabēl tea pēgat toeloej leungit, kadoea doemeh moal katiten pasamboengna djeung daratan djadi teu kanjahoan hade-gorengna pataliwarta. Koe sabab eta, ngamimitianana oge djadi ti basisir Airlanda tea bae. Noe mimiti noeroenkeun kabēl teh kapal „Niagara”, madjoe bari ngoedar goeloennganana, beurang peuting teu eureun-eureun bari meueus-meueus ngabedjaan ka darat sarta ngadago balēsana.

Nēpi ka 603 km pandjangna kabēl noe dipasang, djadi sapoeloh kalieun noe ti Parasman ka Inggris, pataliwarta teh pohara hadena, kakoeatan listrik teu aja soedana. Gēnēp poē gēnēp peuting angkleung-angkleungan di laoet, poho dahar poho sare, C. W. Field mimiti ngarasa, jen pērloe ngaso sakeudeung, ngareureuhkeun katjapé djeung toendoeh, kalawan gēde pangharēpan, jen satoeloejna baris moeloes. Sabot sare, mēsīn-mēsīn mah toeloej bae djalan, da pagawepagawe sedjen mah digarawena bagilir. Keur ngeunah pisan sare, koredjat manehna hoedang, doemeh mēsīn teu kadenge disada, kaget sarta kageuingkeun koe „djēmpling”, lir noe sare dina kareta api, sok kahoedangkeun koe eureunna kareta api.

Bērēbēt Field loempat ka ēnggon mēsīn ..... beu, tjilaka, kasteun anoe dipikainggis ti barang leong lajar ti Valentia teh ajeuna kadjadian, nja eta ..... kabēl pēgat.

Pēgat toer „titeuleum” ka dasar sagara. Pangna kadjadian kitoe teh lantaran aja kasalahan noe teu pira, dianggap mokaha.

Kalawan seueul handeueul, hēnēg mēntēgēg, eta doea kapal baralik deui ka Airlanda, pasēmōn aloem ngoejoeng

lir anoe kasoran pèrang. Di darat, geus pada boga sangkaan, jen kabèl tea tangtoe pègatna, lantaran pataliwarta antara darat djeung kapal geus sababaraha poè teu pasamboeng.

Balaboehna di Valentia, teu beda djeung kapalidkeunana rokrak ka basisir, teu aja anoe malire, malah sawareh mah pating koetjoewés ngoepat. Noe bareto keur mangsana ngamimitian lajar pada ngéntjrak-ngéntjreung teh, ajeuna mah dina datangna, teu aja noe nanja-nanja atjan. Abong énja waték doenja, noe nandjoeng sok djiga hoeroeng, noe apés djiga moedjédjés.

Sanadjan kitoe, C. W. Field henteu peunggas tekad, henteu poetoos pangharépan, karépnana, koe kitoe koe kieu arek dipindo deui. Prak diitoeng karoegianana heula; noe geus pasti bae beak doeit f 1.200.000.— sasatna tikérébék di laeot; kadoea roegi tanaga, hese tjape teu kapake, meunang kédock-tjakar teh teu aja hasilna. Ari roegi noe pangroegi-roegina, nja eta waktos anoe dihahamboer, kapitjeun teu beunang ditarekahan sangkan balik deui. Tapi sabalikna ti kitoe, teu loepoet aja oentoengna, nja eta *loeng*, pleunteungeun sangkan oelah aja deui kasalahan saroepea kitoe.

Minangka ngareureuhna, dina djero sataoen mah gawe teh ngan koekoempoel djeung babahanan bae, pibékéleun mindoan digawe.

Tanggal 10 Juni 1858 leong deui bae balajar. Ajeuna mah ngamimitian masang teh ti téngh-téngh sagara. Mimitina mah pagawean teh loeloes moeloes teu aja halangan haroenganana. Tapi sanggeus opat poè ti barang masangkeun kabèl, djol deui bae dododja anjar, noe leuwih hebat batan pègatna kabèl.

Harita teh géléboeg topan, gélégér lambak neunggar kapal-kapal noe keur digarawe. Kapal „Agamemnon” anoe biasana bandél koe aroes sagéde goenoeng, tjek wiwilanganana, harita mah — doemeh dirobah bangoenna tea — mani lir sarah di bangawan tjaah, sasat dibeubeut-beubeutkeun, digébot tjara seuseuhan, mani asa brah-asa brah beulah, noe taroempakna geus teu aja noe ngaharép hiroep, sarerea geus nangtoekeun baris djadi pangeusi dasar sagara. Sakitoe teh atjan poeas, téngh-téngh sarerea samar polah, ngan brah bae

goedang batoe aréng beulah mani ngéwag, seor eusina ngagorah ngoeroegan ketel ménsin djeung ninggang pagawe kapal népi ka pirang-pirang noe tatoe djeung noe maot, béledag ketel teh bitoe, gioer tjai panasna ngagolontor kaloear ngaleob noe araja, kaajaan harita lir dina biwir kawah goenoeng bitoe, batoe aréng djeung tjai panas lir balap paheula-heula meunang wadal, parikat-rikat newak mamangsan djeung ombak noe teu aja rasasan. Awahing bingoen, matros-matros karépnarek mitjeun kabél noe meunang hese tjape njeun mangtaoen-taon tea, doemeh eta noe dianggap bibitna toenggara, tapi koe kaptén dilarang kalawan kérés.

Sapoeleoh poé sapoeleoh peuting eusi kapal nandangan kasangsaraan djeung kalaraan, hiroep ngaoeb dina kalang-angin Malakal Maot, kakara angin teh léler.

Kaajaan di kapal lir di lémbouer gégék tas kalembak, matak ngérik matak kětir, ngangrés ngénés taja babandinganana, djaba ti koesoet djeung kalotor teh rea titingalan anoe njoeat-njoeat kana rasa.

Nadjan kitoe Field hén-teu ngagoegoe kana soemeleketna rasa; bada beberes djeung peperen mah prak deui bae ngahantja pagaweanana, sanadjan kapaksa kéndor djeung bojot oge, teu boeroeng dikeureujeuh. Ari kabél, harita teh rea noe roesak balas diamoek topan. Parandene kitoe maksa ditjoba dipasang. Kakara ge 360 km pandjangna, geus brét deui pégat.

Kadoea kalina, kapaksa koedoe baralik deui.

Ajeuna mah lain ngan didjarébian bae Field teh, tapi dibageakeun koe amarah, dipépég koe ambék koe noe baroga andil, diséboet toekang tipoe, laklak dasar pada njarekan. diberoeng-boeroeng, diedan-edan, doemeh boga karép ngagarap pagawean noe lain hantjaeun djéléma, tjénah. Présiden maskape paoesahaan masang kabél, bawaning ambék népi ka mente eureun, malah anggahotana ngadjak ngaboebarkeun eta „paoesahaan mitjeunan doeit“.

Tapi ..... C. W. Field teh lain lalaki kembang kamangi, daon dadap hedjo kandél!

Koe manehna diebrehkeun boekti-boektina, jen lain paga-

weanana noe teu beunang didjalankeun, tapi doemeh aja kasalahan dina ngadjalankeunana, toer eta kasalahan beunang diomean. Saratna koedoe daek leukeun djeung sabar.

Pərbawa kapértjekaanana djeung waték kabédasan tekadna, noe tadi arambék teh djadi taloek, djadi leah, pértjajaeun deui ka eta lalaki noe énja djadina lalanang djagat.

Tanggal 17 Juli 1858, leong deui kapal „Agamemnon” djeung „Niagara” ngambah laoet Atlantika. Teu aja noe ngadjadjarkeun, teu aja noe biantara, teu aja noe ngadoa, teu aja noe mangnginoemkeun sampanjé, ieu mah sasat réréntjépan.

Tanggal 28 Juli 1858, narépi ka tēngah-tēngah laoet lēbah koedoe patoerajna eta doea kapal galéde.

Estoe matak tinglékētēj hate, ningal doea „pabrik ngambang” silih sampeurkeun, toeloej pada moendoer silih berean birit népi ka meh adék. Logodor doeanana ngaloeurkeun kabél, trék disamboengkeun, sagala sarwa sahinasna teu kawas mitēmbéjan gawe rohaka, teu asa rek nalikeun boemi njangreudkeun djagat. Leong doeanana maradjoe, „Niagara” ka Amerika. „Agamemnon” balik deui ka Airlanda. Beuki matak kēlar, sanggeus rada padjaoeh, eta doea kapal ngerek bandera minangka silih pileuleujankeun.

Kalawan kērsaning Allah, aja sapaät para Ambia, sakali ieu mah teu aja halangan naon-naon.

Sanadjan eta doea kapal paanggang, tapi asa padeukeut bae, lantaran doea djam sakali silih bedjaan kaajaanana koc pitoeloeng kabél noe „nalian” maranehna tea.

Tanggal 5 Agoestoes 1858 kaptén kapal „Niagara” ngabedjaan ka „Agamemnon” jen geus népi ka Trinité Bay sarta djodjontor New Foundland geus mimiti tembong lapat-lapat. Ti „Agamemnon” oge aja bedjana, jen harita geus deukeut ka basisir Airlanda, djadi moal lila deui oerang Eropä baris bisaeun „ngomong” djeung oerang Amerika, moal lila deui eta doea gébleg beubeulahan djagat teh bakal ditalikeun koe C. W. Field.

Anoe baheula ngan woengkoel tjiptaan atawa impian teh, ajeuna baris boekti, noe bareto dipojok pagawean djalma gelo teh, ajeuna mah bakal dipoedji : „djasana djalma pintér”.



## Laksana

Dina mangsana laksana anoe djadi panjileukan Field, Eropa djeung Amerika bisa ngahidji, beunang digentjengkeun koe kabèl, estoening goejoer sakélémbouer, geundjleung sadajeuh, malah dibasakeun ear sadjadjagat ge lain babasaan. Anoe baheula diséboet pamohalan teh ajeuna sidik aja djoeng-gèrèngna. Bedja pabedja-bedja, omong haroes batan goöng satangkarak djagat tingkoredjat kaget bari moedji. Koran-koran nambahan earna warta, tjeuk noe sompral tea mah aksarana oge mani sagède-gède balok dipake ngoearan djalma rea, jen Amerika djeung Eropa teh ajeuna mah ngahidji ditalian koe C. W. Field.

Waktöe Columbus „manggilh” banoea Amerika, earna djalma mah hēnteu kawas harita. Oenggal djalma, babakoena para soedagar noe boetöeh koe pakakas pataliwarta pada goembira, nēpi ka bawaning boengah, koem sarerea noetöep toko-tokona pikeun ngahormat C. W. Field; noe baheula teu rea noe tērang teh, ti barang hasil maksoedna mah lain ngan djadi mashöer bae, tapi sasatna mah oenggal djalma pada hajang tērang di roepana. Djasana disadjadjarkeun djeung Columbus atawa Franklin, dianggap lalaki langit lalanang djagat. Sakoemna oerang Amerika pada ngarēp-ngarēp datangna Field ti sagara.

Tanggal 16 Agoestoes 1858 Ratoe Elisabeth ti karadjaan Inggris ngawitan ngintoenkeun telégram ka President Amerika Sarikat nganggo kabèl noe anjar dipasang tea.

Eta telégram datangna ka New York ti peuting, djadi teu beunang diwawarkeun dina koran-koran poë eta, kapaksa koe kērtas wawaran (bulletin) bae atawa ditempel-tempelkeun di kantor-kantor télépon djeung lianna.

Nadjan kitöe, noe panasaran mah teu boeroeng moeng-poeng, djalma mangreboe-reboe ngarogrog wawaran tea. Baroedak poerah ngadjoealan koran mani pakpikpoek kawalahan ngaladangan noe mareuli wawaran mangreboe-reboe, paréboet, paboro-boro.

Sadjéroning kitöe, teu wēleh aja bae noe teu pērtjajaeun, jen eta telégram ēnja dikirimkeunana ti Inggris ti Ratoe Elisabeth. Aja noc boga sangkaan, jen eta mah dibawa koe

kapal „Niagara“. Tapi barang tarêrangeun, jen kapal „Niagara“ mah di New Foundland keneh keur njamboengkeun kabêl ti New York ka New Foundland, noe tjangtjaja teh rada rek përtjaja. Barang isoekna broereh dina koran, jen ênja kabêl ti Eropa ka Amerika geus ngantêng kalawan beunang dipake, noe tadina hamham teh beuki përtjaja bae : komo barang pabeubeurang disada mariëm gëgëlgëran saratoes kali, tanda jen President Amerika Sarikat ngawalër telëgram Ratoe Elisabeth mah, djalma-djalma noe tadina mangmang teh beuki ênja bae përtjajaeunana, da moal ênja President teu poegoe-h-poegoe nimbalan ngabêkaskeun mariëm nêpi ka saratoes kali mah. Noe saroe-kan-soekan beuki kokomoan bae. Dajeuh-dajeuh di Amerika peutingna mandl tjahja koe damarsewoe noe mangjoeta-joeta.

Beuki tambah goembirana djalma-djalma, barang isoekna kapal „Niagara“ balaboeh, C. W. Field datang ka New York, dipapag koe djalma mangewon-ewon kalawan pohara ramena. Minangka toeroen kael, kabêl pasesaan ditoeroenkeun ti kapal, diarak digogotong, diajeuh-ajeuh, dimoesikan sapaparat djalan. Sababaraha poë liana satoengkebing Amerika Sarikat saroe-kan-soekan, ti basisir Samoedra Raja nêpi ka basisir Samoedra Atlantika, ti watës Canada nêpi ka watës Mexico, pesta rosa alahbatan mestakeun radja.

Tanggal 31 Agoestoes 1858 diajakeun pesta opisil, sa-toengkebing nagara pada ngajakeun soekan-soekan mestakeun boedak ngora noe ngaran C. W. Field.

Tjek bedja, radja noe pangagoengna oge hënteu nêpi ka kitoe dipestakeunana. Barisan soldadoe, baroedak sakola, pagoejoeban-pagoejoeban, geus poegoe rajat oemoem kabeh ditamplokkeun, dibahekeun ka djalan gëde sina ngarak Field.

C. W. Field panghareupna noempakan kareta ermas, ditarik koe koeda opat, ditema koe kapten „Niagara“, kakara ditema koe President Amerika Sarikat, toeloej para gëgëden.

Anoe biantara lir balap pangcunah-ngeunah, papandjang-pandjang, lotjeng-lotjeng di oenggal garedja pating kolonang digojangkeun, mariëm gëgëlgëran awor djeung soerakna djalma rea ambal-ambalan ngahormat Columbus-Anjar. Dina mangsa eta mah teu aja doea djalma noe kamashoer ka

awoen-awoen, kongas satangkaraking djagat djaba ti C. W. Field.

Koetjiwa.

Paingan tjek kolot, moen atoh oelah sok atoh teuing, moen manggih' noegraha oelah nēpi ka kalēpasan, poho ka Allah, poho ka diri pribadi. Sabalikna lamoen meunang kasoelah, ditarimakeunana teh koedoe saroea bac djeung dina keur meunang kasénangan.

Boeboehan di doenja sagala sok aja bangbalikanana, soeka lalawanan doeka, sēnang lalawanan soesah; djeung lamoen Goesti ngērsakeun, eta lalawanan teh sakēdep netra bisa kajadian.

Kitoe deui C. W. Field. Satēngahing diēntjrak-entjreung direuah-reuah tea, kawat anoe njamboengkeun Éropa djeung Amerika teh bēt doemadakan „mogok” moen mobil mah. Diakalan kitoe, diakalan kieu, wēleh teu „djalan”, bedja noe dikētok ti peuntas dieu ka peuntas ditoe atawa sabalikna, kandég teu bisa ladjo. Ditarekahan dina oeroesan listrikna, boh ditambah, boh dikoerangan tanagana, anggēr teu aja pedahna, malah teu karasa gētérna-gētérna atjan.

Kadjadian saroeapa kitoe, pohara diririkipna, sabab lamoen kabedjakeun ka djalmarea, bisi koema onam pikeun djiwa Field, bisa djadi djalmarea asa dibobodo, dipatjikeuh, sarta bawaning ambék, toeloej ngarah pati.

Tapi, da tjek paribasa oge „saboeni-boeni tarasi”, nadjan teu kadenge teu katendjo, teu boeroeng kaambeu. Hadena bac kanjahoanana koe djalmarea teh sanggeus sawatara poé bada pesta. Mimitina djalma-djalma teh ngarasa heran, doemeh teu aja bedja-bedja ti Eropah. Djoeldjol pikiran teu bēnēr, mimiti baroga sangka, jen dibobodo, magar teh, da saēnjana ti bareto ge teu aja bedja ti Éropa noe mapaj kabél teh, malah telégram ngawiloedjéngkeun ti Ratoe Elisabeth ka President Amerika oge bohong woengkoel, eta mah karangan malocloe, ngahadja diatoer, sanggakeuneun dina mangsana masangkeun kabél anggeus. Ari kabélna mah, lah naon, ti baheula ge teu beunang dipake.

Ah, tjindékna roepa-roepa omongan djalma anoe ngabohong-bohong kana djasa Field.

C. W. Field noe sawatara poë katoekang dipoedja-poedja, didewa-dewa, ajeuna mah didjieun kekesed, disaroeakeun djeung djarian, diséboetna ge Si Toekang Ngagérédjoed, Si Toekang Ngagiringsing, sagala roepa geugeuleuh djeung kokotor neumbleuh djeung noempoekna di C. W. Field, da nëpi ka teu aja pisan araheunana Field teh, moen di oerang mah boa diparantjahan tjara djoerig koeris, ngan sirikna tapakna teu disérétoe.

Kitoe tah waték doenja teh. Beuki loehoer naekna beuki rosa ragragna.

**Sanggeus gënëp taoen.**

Diséboet C. W. Field oge atoech lain, oepama manehna toeloej kapok mah. Hénteu aja loear biasana atoech lalakonna oepama tamat nëpi ka lèbah dinja mah.

Gënëp taoen lilana kabèl noe nalian Amerika djeung Eropa nganténg di Samoedra Atlantika kalawan teu aja gawena, teu kaarah paedahna. Pangharépan djalmarea — djaba Field — geus poetoos pikeun ngajakeun pataliwarta antara Eropa djeung Amerika koe djalan kawat laeot, komo di Amerika mah, geus teu kaeur-teu kaeur atjan ngingét-ningét noe kitoe, lantaran harita keur geundjleung pérang sadoeloer.

Aja saleuheung di Inggris, kalan-kalan sok aja oge ahli tehnik noe lalamoenan hajang masang kabèl doemeh jakin, jen eta pagawean teh lain pagawean noe teu beunang di-djalankeun, sarta gagalna pagawean noe bareto teh dilantarankeun koe atjan aja loeang noe tjoekoep bae pikeun njégah kadjadian-kadjadian anoe hénteu disangka ti tadina. Barina ge naha make koedoe pamohalan, da geuning ti Eropa ka Aprika kabèl teh bisaeun meuntasan laeot kalawan hade. Lamoen aja kabèl bisaeun neuleuman Laoctan Téngah, naha make koedoe teu bisaeun meuntasan Samoedra Atlantika, asal leuwih aloes, leuwih hade, leuwih tohaga bae. Komo ajeuna mah boh pakakasna, boh boeatanana noe patali djeung kabellegrafie (pataliwarta koe telégram make kawat laeot) teh geus katjida hadena ti bareto.

Dina keur karéroeng ahli tehnik ngaroelik bab eta, djol deui bae C. W. Field nembongan, madjoe ka tengah, njé-boetkeun jen sanggoep, tatjan sarta moal kapok masang kabél ti Eropa ka Amerika teh.

Dasar boga bakat bisa ngoempoekeun doeit, naloekkeun noe baleunghar, teu koengsi lila geus sajagi kalawan sajaga kapérloeanaana, malah kapal pikeun kapérloean masangna oge geus aja.

Tanggal 23 Juli 1865, pikeun kaopat kalina prak-deui bae Field noe koekoeh tekadna teh meuntasan Laoet Atlantika noe sakitoe léngana, beurang peuting pagawena teu eureun-eureun téroes bae masang kabél tea, népi ka kari lalakon doea poè deui ka Amerika.

Kawas anoe atjan seubeuh ngadodja koekoehna hate Field, dina lalakon ngan kari doea poè deui ..... ana djéproet teh kabél péngat lép teuleum ka dasar sagara.

Kapok Field teh ajeuna mah?

Henteu, ngan oekoer gogodég, da geus baal deui atoeh, moen koelit tea mah koe dododja djeung tjojtoba teh. Pagawean noe sakitoe beuratna teh geus teu karasa beurat ari toeman mah.

Sataoen ti harita, tanggal 23 Juli 1866, geus leong deui bae Field balajar dina kapal „Great Eastern“ pikeun kalima kalina ti Eropa ka Amerika. Tjek tekadna, paeh ge moal peureum lamoen tatjan bisa njimpaj djagat nalian boemi mah. Lain doemeh hajang kamashoer, lain doemeh hajang didewadewa tjara toedjoeh taoen ka toekang, estoe teu pindo gawe, samata-mata niat ngawoelaan djanapria, ngagampangkeun pataliwarta antra doea banoea.

Kaloeloepoetan noe kalaroeng, kasalahan noe kasorang, ditalek didjieun loeang, noe koerang ditambahan, noe leuwih dipitjeunan, noe goreng dialoesan. Boh kaajaan listrik, boh kaajaan kabél katoet pakakas, moen aja tea mah pibasaeun sampoerna, kabeh disampoernakeun.

Alhamdoelillah, kalajan widi Allah, balajar noe kalima kali mah énjaan hasilna. Hasil anoe saestoena hasil kalawan teu aja koetjiwana.

Dasar keur haneut, përbawa noe koeat koe dododja Pangeran, minangka gandjaran ka noe sabar, sawatara poë sanggeus tembong hasil pagaweanana, bët kawat noe bareto-bareto leungit teh kapanggih deui, noe geus disamarkeun kapoeloek, malah dipastikeun baris langgëng djadi barang kapitjeun, bët beunang keneh dipake. Kawas énja, jen boh bagdja, boh tjilaka ari datang sok ngarodon! Atoeh poegoeh bae geus kitoe mah rantëng simpaj djagat noe njamboeng-keun Eropa djeung Amerika teh.

Ti harita nëpi ka ajeuna, geus meh 80 taen lilana, dëng-dëng ngantëng „warisan” C. W. Field di djëro laoet noe sakitoe lékana.

Djasa djëlëma noe këras patekadanana !

---

*Djalma noe këras hatena, biasana rea moesoehna, tapi teu oenggal noe rea moesoehna, nandakeun jen këras hatena.*

*Djalma anoe tanggoh teh lain noe tara „djatoh”, tapi anoe oenggal „djatoh” oenggal bisaeun hoedang deui.*

*Anoe teu koeat koe dododja, oelah ngaharëp koeat koe bagdja.*



Dr. H. J. Levelt  
Kawasa Pamarentah Oeroesan Oemoem.

# PANGATOERAN NAGARA

## PARLEMENT

Sanadjan kětjap Parlement basa Asing oge, ajeuna mah geus nérékab ka mana-mana, malah kawas hēnteu koedoe disoendakeun deui, da geus loba anoe njaho, jen hartina Parlement teh hidji bale atawa madjlis noe ngawakilan rajat énggoning ngabadamikeun atoeran atawa djalanna paparentahan.

Dina mangsa ieu mah meh oenggal nagara pada ngabogaan Parlement ; sanadjan atoeranana beda-beda, ari djérodjérona mah saroea.

Anoe rek ditjaritakeun di dieu nja eta Parlement di Nederland, ditérangkeun sakoer noe katimbang pěrloe kanjahoan koe djalma rea. Dina Wet-Babon (Grondwet) Palement Nederland teh diséboetna Staten Generaal.

Ngatoer atawa ngawangoen Parlement teh ditangtoekeun dina Wet-Babon Nederland.

Sangkan leuwih tetela, oerang térangkeun heula sélangsoeroepna Pamarentah Agoeng di ditoe, uja eta kieu :

Anoe pangkawasana marentah nja eta Radja, nanging Andjeunna teh hēnteu kenging didakwa, dipaido atanapi dilépatkeun, djalaran anoe tanggoeng djawabna mah para Ministers. Oepami aja naon-naon teh ieu noe baris ngahatoeranan katéranganana.

Radja teh ngatoer paparentahan oemoem, tapi dina eta atoeran hēnteu nangtoekeun bab hoekoem, lantaran bab ieu mah diatoerna koe wet.

Radja teh kawasa ngadjalankeun sagala roepa anoe patali djeung mantjanagara sarta oepama aja barebedan djeung nagara sedjen, kédah dibeberep koe djalan rapih. Hēnteu kenging nangtang pěrang, oepami teu karoedjoekan koe Staten Generaal. Andjeunna kawasa nawis pěrjangdjian saréng mantjanagara, kadjaba oepama dina wet aja séngkérana



noe nérangkeun, jen kawidianana nawis pèrdjangdjian tea kédah karoedjoekan heula koe Staten Generaal.

Radja teh njangking poentjak paparentahan pikeun balad darat djeung balad laoet. Gégèden-gégèden balad diangkatna, dilépasna djeung dipansioenna teh koe Andjeunna, noeroetkeun atoeran-atoeran noe aja dina wet.

Radja teh pangkawasana dina oeroesan paparentahan Hindia-Nederland, Suriname djeung Curaçao. Ari marentahna, di Hindia-Nederland ngawakilkeun ka Goepërnoer Djendral, di Suriname djeung Curaçao mah ka masing-masing Goepërnoer. Sataoen sakali Radja kédah mēdar kaajaan di eta tiloe djadjahan pajoeneun Staten Generaal.

Radja teh pangkawasana dina oeroesan doeit oemoem, ngatoer sagala roepa gadjih ponggawa Nagara noe dibajarna koe doeit tina kas Nagara sarta ngatoer pansioenna.

Radja teh kagoengan hak ngadamél artos sarta ngagambaran eta artos koe gambar salirana.

Radja teh kawasa ngangkat harkat djalma tina tjatjah kana menak (maparin gélaran menak) kitoe deui maparin gاندjaran bintang.

Radja teh kagoengan hak maparin ampoen ka noe ditibanan hoekoeman.

Radja teh kédah moetoes noe pasalia paham antara kapala babagian-babagian nagara.

Radja kédah ngasongkeun rarantjang wet ka Staten Generaal, sarta kagoengan hak ngarēmpagan atanapi nolak rarantjang wet anoe dipoetoes koe Staten Generaal.

Radja kagoengan hak ngaboebarkeun Staten Generaal, boh kamar doeanana, boh hidji ti antarana.

Sakitoe ringkésanana sawatara kakawasaan Radja teh, sakadar didjodjoan anoe katjida pērloena bae. Djaba ti noe ditataan di loehoer, rea-rea deui kakawasaan djeung hak-hakna, sarta kabeh dimoeat dina Wet-Babon tea.

\* \*

Sanadjan Radja parantos sakitoe kawasana oge, dina roepa-roepa hal mah tara sagala noemoetkeun kērsana koe Andjeun bae, tapi sok ngoemaha heula ka noe djadi pana-

rosan, hidji madjlis agoeng noe poerah ngahatoeranan timbangan ka Radja, diséboetna Raad van State anoe ang-gahotana diangkat koe Radja sarta disésépohanana oge koe Andjeunna.

Anoe djadi Pangeran Adipati Anom atawa noe digadang-keun djoeménéng Radja, oepami joeswana geus 18 taoen, kenging ngiring ngaloeohan pasamoan Raad van State tea.

Dina eta pasamoan anoe dibadamikeun teh sagala roepa oeroesan noe patali djeung paparentahan, oepamana bae roepa-roepa proestel noe baris diasongkeun ka Staten Gene-raal atawa anoe ti Staten Generaal ka Radja, kitoe deui roepa-roepa hal noe patali djeung paparentahan di Hindia, Suriname djeung Curaçao. Saparantos ngadangoe timbangan Raad van State, nêmbé Radja koe Andjeun njandak poe-toesan, sarta eta poetoesan kédah diwawarkeun ka anggahota Raad van State.

Djaba ti eta Radja teh kédah ngawangoen Ministerieele Departementen, nja eta tjangkingan para Mantri Agoeng sabagian-sabagianana.

Eta Departementen pada aja loelocgoena, diangkatna koe Radja, diséboetna Minister.

Nja ieu anoe tanggoeng djawab kana sagala roepa dja-lanna paparentahan teh sarta Minister-Minister tea koedoe ngadjalankeun sakabéh wet djeung atoeran-atoeran nocrœt-keun satjangkingan-satjangkinganana. Rengrengan para 'Mi-nister tea, ari dina basa sapopoë mah diséboetna Kabinet. Ari dibagi-bagina Ministerieele Departementen teh di Neder-land mah aja 11 nja eta : 1. Algemeene Zaken (Oeroesan Oemoem), 2. Buitenlandsche Zaken (Oeroesan Mantjana-gara), 3. Justitie (Pangadilan), 4. Binnenlandsche Zaken (Oeroesan di Djero Nagara). 5. Onderwijs, Kunsten en Wetenschappen (Pangadjaran, Kabinangkitan djeung Panga-wêroeh), 6. Financiën (Doeit), 7. Defensie (Pangajonan), 8. Waterstaat (Tjai), 9. Economische Zaken (Oeroesan Ekonomi) 10. Sociale Zaken (Oeroesan Goena Hiroep Koemboeh), 11. Koloniën (Djadjahan).

Eta Ministër-Ministër tea koedoe miloe nanda sagala roepa bisloeit-bisloeit Radja.

Sakadar katérangan ringkés mah bab Raad van State djeung Kabinet, sakieu ge meudjehna, ajeuna oerang nérangkeun bab Parlement tea, anoe dina basa Walanda diséboet Staten Generaal tea.

\* \*

Staten Generaal teh hidji badan anoe ngawakilan sakoemna rajat Nederland, sarta dibagi djadi doea Kamar, diséboetna *Eerste Kamer djeung Tweede Kamer*.

Élid-élid Tweede Kamer dipilihna torodjogan koe rajat Walanda atawa bangsa sedjen noé disahkeun koe wet, jen hakhakna disaroekakeun djeung hakhak rajat Walanda, sarta oemoerna hēnteu koerang ti 23 taoen. Tégésna, awewe-lalaki di nagara Walanda mah boga hak milih wakilna di Parlement.

Patali djeung balad — boh balad darat, boh balad laeet — anoe kapaksa koe pagaweanana teu bisaeun miloe kana pilihan, koe wet ditangtöekeun sawatara atoeran noe maksoedna mere kalonggaran ka balad tea pikeun miloe milih. Koe kitoena hak karahajatanana hēnteu „katjotjeng”.

Anoe leungit hakna milih, nja eta djalma gelo, djalma anoe ditjoeparkeun hakhakna koe hakim, djalma anoe keur nandangan hoekoeman, djalma anoe noeroetkeun timbangan hakim teu bisaeun ngoeroes dirina pribadi katoet radjakajana (oepamana koe lantaran tanpadaksa atawa boga tjatjad noe matak woedoe) djeung djalma anoe koe hakim ditjaboet hakna tina djadi indoeng-bapa atawa hak ngarawatan oeroeseunana (ouderlijke machts- of voogdy ontzetting). Kitoe deui djéléma anoe koengsi diboei leuwih ti sataoen atawa toekang baramaen djeung palantjongan (landlooper) djeung djalma anoe dina sadjéro waktöe noe ditangtöekeun koe hakim népi ka doea kali meunang hoekoeman lantaran mabok.

Dina wet aja katangtöean anoe ngatoer leungitna hak tea, naha pikeun salawasna atawa ngan saheulaanan bae.

Élid Tweede Kamer tea reana 100 djalma, dipilihna make dadasar tatandingan reana noe diwakilan, noe ilahar sok diséboet „*evenredigheidsstelsel*” tea. Atoeran milih tea aja katangtöeanana dina wet.

Ari Eerste Kamer, élidna aja 50 oerang, dipilihna koe Staten di spropinsi-sapropinsi. Atoeranana tjara tadi deui bae „evenredigheidsstelsel”.

\* \*

Anoe meunang dipilih djadi lid Tweede Kamer teh tandjakanana koerang leuwih saroea bae djeung anoe boga hak milihna, sakoemaha noe tadi ditêrangkeun di loehoer.

Lilana dipilih pikeun mangsa opat taoen sarta lamoen geus beak mangsana koedoe areureun sarerea, tapi beunang diparilih deui.

Oepama élid Tweede Kamer arek ngaragragkeun sora dina pasamoan, teu meunang badami heula djeung noe marilih maranehna atawa daek dititah kitoe-kieu, tjindékna hênteu meunang keuna koe pangaroeh ti sisi ti gigir.

Tweede Kamer tea ngabogaan Voorzitter anoe diangkat koe Radja, milih ti antara tiloe tjalon anoe didjagokeun koe eta kamer. Lilana djadi Voorzitter, pikeun sawaktoe zitting. Ari lilana zitting ngitoengna ti barang diboeka (poë Salasa katiloe boelan September) népi ka ditoetoeupna deui koe Radja.

Anoe djaradi élid dibere paroeroegi f 5000.— sataoen sarta digantian sagala roepa ongkos-ongkos toetoeupkeun anoe perlloe pikeun noengkoelan pasamoan, atawa balikna tina pasamoan. Anoe djadi Voorzitter, djaba ti paroeroegi noe f 5000.— djeung ganti ongkos-ongkos teh dibere deui toelage f 5000.— sataoen.

Élid tea moal meunang paroeroegi, lamoen manehna ngarangkép djeung djadi Minister atawa dina sadjéroning hidji zitting hênteu noengkoelan pasamoan sakali-kali atjan.

Élid anoe geus beak mangsana, baris dipansioen, gédena f 150.— sataoen, ngitoengna noeroetkeun djoemlah reana taoen waktoe manehna djadi élid. Djadi oepama djadi élidna lilana 4, 8 atawa 12 taoen, piliilaenana meunang pansioen oge 4, 8 atawa 12 taoen sabada eureun. Djoemlah reana pansioen hênteu meunang leuwih ti f 3000.— sarta eta pansioen baris ditjaboet, lamoen oeroet élid tea kapilih deui djadi élid.

Randa djeung jatimna élid atawa oeroet élid oge mareunang pansioen, sarta hal ieu ditangtoekeun atoeranana dina wet.

\* \* \*

Anoe meunang djaradi lid Eerste Kamer, tandjakanana saroea bae djeung pikeun élid Tweede Kamer, ari djaradina élid pikeun gënëp taoneun.

Oenggal tiloe taoen sakali, saténgahna tina djoemlah élid koedoe kalaloea, tapi harita keneh beunang dipilih deui. Téngsna : sanadjan djadina élid tea pikeun gënëp taoneun, ari ngajakeunana pilihan mah tiloe taoen sakali, lantaran milihna saténgahna-saténgahna.

Djaba ti eta ari atoeran sedjenna mah koerang leuwih saroea bae djeung pikeun di Tweede Kamer.

Ari noe matak milihna diwareh-wareh, katéanganana kieu:

Eerste Kamer teh madjlis anoe pohara loehoerna, léga ambahanana, gède kakawasaanana, tjek basa Malajoe tea mah pénting. Tjabakeun djeung garapeunana oenggal poé ge aja bae. Patali djeung eta, oepama dina hidji mangsa koedoe sarerea areureun, toer oepamana tea ménéran waktoe eureunna teh keur aja hidji hantja pérloe noe dihangkeutkeun, atoech dina proengna deui élid alajar masamoan teh, eta hantja noe keur digéntakkeun tea kapaksa „dibalikan“ deui, da élid noe alajar tea mah atjan ngoelik noe keur dipadjoe tea (Ieu teh ngadjaga dina teu aja lid heubeul noe kapilih deui, atawa di kapilihna oge teu njoemponan reana, sangkan henteu boelak-balik ngabadamikeun hidji hal).

Anoe pérloe di dieu ditérangkeun, nja eta élid-élid Raad van State djeung Staten Generaal katoet para Minister tea, kabeh disoempah.

\* \* \*

Lid Eerste Kamer henteu meunang ngarangkép djadi lid Tweede Kamer atawa sabalikna. Oepama aja noe kapilih pikeun doeanana, noe meunang ditarima mah ngan salah-sahidji ti antarana.

Para Minister meunang naroengkoelan sagala roepa pasamoan noe diajakeun koe Staten Generaal, tapi teu boga hak sora, ngan meunang mere timbangan bae, kadjaba lamoen Minister tea ngarangkep djeung djadi lid Parlement. Dina pasamoan tea meunang dibantoe koe amtënar anoe katimbang përløe.

Minister teh koedoe mere katëranan ka Parlement tina sagala hal noe përløe, boh koe lisan, boh koe toelisan, sakoer anoe katimbang, jen hënteu pabentar djeung kapëntingan Nagara.

Boh Eerste Kamer, boh Tweede Kamer, meunang ngondang Minister pikeun noengkoelan pasamoanana sarta eta Kamer tea boh hidji-hidji, boh doeanana babarëngan, boga hak pikeun naloengtik (enquëte) roepa-roepa hal anoe aja patalina djeung pagawean Nagara. Atoeran-atoeranana ditangtoekeun dina wet.

Anoe djadi lid Staten Generaal teu meunang ngarangkep djadi : Vice President atawa Lid Raad van State ; President, Vice-President, Lid atawa Pokrol-Djendral djeung Adpokat-Djendral ti Pangadilan Agoeng ; President atawa lid Algemeene Rekenkamer djeung Komisaris Radja di salahsahidji propinsi.

Élid-élid Staten Generaal hënteu meunang dipërkarakeun koe doemeh ngëdalkeun anggapanana dina pasamoan Kamer boh noe koe lisan, boh koe toelisan masing sakoemaha hebatna oge anoe dikëdalkeunana ; kitoe deui para Minister djeung para amtënar katoet Komisaris Radja anoe kapantjenan njarita dina pasamoan tea.

Oenggal Kamer pada ngabogaan Gilipir — lamoen di Volsraad mah Secretaris — anoe hënteu ngarangkep djadi élid. Ari masamoanana eta Kamer noe doea teh sakali mah dina sataoea, dimistikeun koedoe barëng, ngahidji. Pasamoan anoe pangmimitina, diajakeunana koedoe barëng ngahidji di satëmpat, diboe kana koe Radja sarta geus dipastikeun oenggal poë Salasa katiloe saban boelan September.

Radja kagoengan hak nimbalan ngajakeun pasamoan loear biasa.

Pasamoan Kamer tea, boh sewang-sewangan, boh dihidjikeun, sipatna teh térboeka (openbaar), tégésna meunang didatangan koe saha bae, asal hénteu ngaganggoe kana moeloesna pasamoan. Pasamoan noetoep diajakeunana teh ngan lamoen aja pamenta sakoerang-koerangna sapérsapoe-loehna tina djoemlah élid-élid anoe ngaloeoehan, atawa doemeh katimbang pérloe koe Voorzitter.

Oepama Radja poepoes atawa ngetjagkeun kaprabon sadjéroning Staten Generaal ditoetoep, eta Parlement masamoanana deui teu koedoe ngadago timbalan. Lima poë ti sapoepoesna Radja atawa ti ngetjagkeunana kaprabon, Staten Generaal teh koedoe masamoan. Lamoen Parlement tea diboebarkeun, ngamimitianana masamoan teh koedoe geuwat sabada rengse pilihan.

Pasamoan Staten Generaal tea, oepama doea Kamer dihidjikeun, diboeka djeung ditoetoepna koedoe koe Radja atawa koe Komisi noe ngawakilan Radja.

Lilana zitting biasa dina sataoen-sataoenna pangsaeutikna 20 poë, kadjaba oepama diboerak koe Radja.

Oepama anoe noengkoelan pasamoan boh oenggal Kamer sewang-sewangan, boh dihidjikeun, reana koerang ti satengahna tina djoemlah élid, eta pasamoan teu meunang ditéroeskeun. Sahna salahsahidji poetoesan koedoe ueroetkeun sora anoe pangreana. Lamoen reana sora gédég, poetoesanana koedoe dipoendoerkeun kana pasamoan sapandeurieunana, kadjaba lamoen anoe naroenkoelan pasamoan tea kabeh élid rémpég. Dina pasamoan ieu, atawa di noe kahidji oge oepama rémpég noe daratang mah, lamoen sora gédég teh, proestelna dianggap ditolak bae. Ngoempoelkeunana sora tea tjoekeup koe lisan bae dipéntes saerangsaoerangna (hoofdelijke stemming). Oepama njëtem djalma noe patali djeung salahsahidji angkatan noe ngeunaan Wet-Babon, njëtemna teh koedoe ditoelis sarta teu meunang kanjahoan koe noe sedjen, toer teu meunang ditanda.

Poetoesan anoe sah, noeroetkeun sora panglobana, lamoen gédég koedoe dilotre.

Lamoen Kamer-Kamer tea keur dihidjikeun, dianggapna teh ngan aja hidji Kamer bae sarta darioekeuna élid-élid oge

meunang patjampoer sakarép-karép. Pasamoan saroe pa kitoe diloeloe goeanana koe Voorzitter Eerste Kamer.

\* \*

Anoe ngadjalankeun kakawasaan wet teh nja eta Radja, babarëngan djeung Staten Generaal. Radja teh ngasongkeun proestelna, boh wet boh oeroesan sedjen ka Tweede Kamer dibarëngan koe soerat atawa dibawa koe hidji Komisi. Lamoen përløe, kenging nimbalan ka salahsaoerang Komisarís pikeun mantoean Minister-Minister dina ngabarëmpoegkeun proestel-proestel tea.

Samemeh ngabarëmpoegkeun proestel Radja, koedoe diajakeun panaloengtikan heula tina hal noe diproestelkeunana. Ngadjalankeunana panaloengtikan tea koe Kamer ditangtoekeun atoe ranana dina Atoeran Kaberesan (Reglement van Orde).

Tweede Kamer, atawa Kamer doeanana anoe babarëngan masamoan, boga hak ngarobah proestel Radja.

Lamoen Tweede Kamer ngarøedjoekan kana proestel Radja, boh satjerewelena, boh dirobah heula, koedoe ngabedjaan ka Eerste Kamer. Tapi lamoen teu moepakat, koedoe ngabedjaan ka Radja sarta diséboetkeun: „*moegi eta proestel dimanahan langkoeng paos*”.

Eerste Kamer dimistikeun nimbang deui proestel-proestel noe geus ditarima koe Tweede Kamer. Boh tæroes ditarima, boh hënteu koe Eerste Kamer tea, ieu Kamer koedoe oendjoekan ka Radja djeung ka Tweede Kamer.

Satoengtoeng atjan dipoetoes koe Eerste Kamer mah, Radja kagoengan hak njaboet proestelna.

Staten Generaal boga hak mroestel salahsahidji wet ka Radja, sarta mimitina koedoe dibadamikeun heula di Tweede Kamer, noe éngkena ditoeløe keun ka Eerste Kamer. Lamoen përløe dina dibadamikeunana di dieu meunang diwakilan koe saoe rang atawa leuwih élid Tweede Kamer noe baris mere katërangan atawa nadah sawala tina bab proestel tea.

Oepama proestel tea ditarima, koe Eerste Kamer ditøeløe keun ka Radja bari ngabedjaan ka Tweede Kamer. Tapi



lamoen ditolak mah koedoe dipoelangkeun deui ka noe ngasongkeunana.

Proestet lianna, anoe teu aja patalina djeung wet, meunang dlasongkeun koe Kamer sewang-sewangan bae ka Radja. Ditampi henteuna proestet-proestet tea koe Radja baris diwawarkeun. Proestet oeroesan wet anoe ditarima koe Parlement sarta dirémpagan koe Radja, ngabogaan kakoeatan. Eta wet anjar koedoe diembarkeun koe Radja, sarta teu meunang disalahkeun (*onschendbaar*). Wet tea kakawasanana ngan pikeun di Nederland bae, kadjaba lamoen dina wetna tea bari diséboetkeun jen ngawéngkoe Hindia, Suriname djeung Curaçao.

Salahsahidji kawadajiban Staten Generaal téa, nja eta ngabadamikeun begrooting nagara. Proengna ngabadamikeun tea koedoe oelah lila teuing ti sabada Parlement diboeka sarta begrooting noe dibadamikeunana panglilana koedoe pidoea taeneun deui kana didjalankeun. Gédena begrooting pikeun hidji-hidji kalocaran, teu meunang ngaleuwihan sa-djoemlah begrootingna hidji Departement.

\* \* \*

Sakitoe katérangan pondok anoe patali djeung Staten Generaal atawa Parlement teh, sakadar didjodjoan anoe pangpérloe-pérloena bae, tamba poékeun teuing.

Noe djadi akarna kakocatan teh nja eta rasa ngahidji djeung lemah tjai, mikanjaah kalawan hate gilig.

(*Wilhelm Tell; TWINTIGDUIZEND CITATEN*).



Dr. M. Nazif

Gouvernements Secretaris bangsa oerang noe mimiti.



Tjat-tjat Hindia, dibikin oleh orang Hindia

- 5 matjem tjat teroetama:
- MUROLA tjat tembok
  - ELTOSIN tjat kajoe
  - METANOL tjat besi
  - SIGMARINE tjat meubel rotan
  - SIGMARINE tjat meubel kajoe

Djoega ada sedia tjat-tjat boeat segala matjem keperloean  
**LINDETEVES PIETER SCHOEN & ZOON N. V.**  
 FABRIEK TJAT DI BATAVIA

## PAPARENTAHAN DI HINDIA

Dina V. A. Soenda taoen 1940 etjes ditetek sabagian-sabagianana tjangkingan Departementen di oerang. Anoe leukeun maosna baris oeninga ka mana saréng koemaha loslosan atanapi sélangoeroepna paparentahan ti Departementen tea, moal njébatkeun, jen Landsdrukkerij kabawah ka Departement van Onderwijs en Eeredienst atanapi Postspaarbank djadi bagian Departement van Financiën sarta moal samar deui, jen Kadastër teh bawahan Departement van Justitie atanapi Bankatwinning bawahan Departement van Verkeer en Waterstaat.

Oepami ditingal „warnana”, paparentahan di oerang teh aja doea roepi, nja eta paparentahan sipil saréng militair.

Paparentahan sipil tea, ngawéngkoe sagala roepi atoean oemoem anoe teu aja patalina saréng oeroesan balad, doepi paparentahan militer, noe diagéngkeun teh babakoena anoe patali saréng oeroesan kapradjoeritan.

Sakoemaha di nagara lian bae, di oerang oge paparentahan teh aja toempa-toempana, saroepe-saroepeina nja eta ieu :

**Goepërnoer Djendral** njépéng paparentahan loeloegoe. Andjeunna djadi wakil Sri Maha Radja Wilhelmina kanggo ngaloeloegoean saniskantén paparentahan boh sipil boh militer.

Anoe djadi Goepërnoer Djendral, atawa tjek oerang mah Kangdjéng Toean Bésar, diangkatna koe Kangdjéng Radja koe andjeun. pillameunana teu ditangtoskeun, nanging biasana saporantos lima taoen sok „digéntos”.

Oepami ditjandak ringkésna, kakawasaan Goepërnoer Djendral teh aja tiloe roepi, nja eta : kahidji ngadamél oendang-oendang, kadoea ngadjalankeun oendang-oendang tea, katiloe kawasa dina oeroesan pangadilan.

Dina ngadjalankeun padamélan anoe pohara abotna tea, Goepërnoer Djendral teh dibantoe koe sawatawis badan paparentahan oepamina bae Raad van Indië, Bale Rajat, Madjlis Gedelegeerden saréng Departementen.

Raad van Indië padamelanana teh ngahatoeranan timbangan ka Goepërnoer Djendral. Oepami masamoan, disèsèpohanana koe Goepèrngr Djendral koe andjeun. Eta raad diwangoen koe hidji wakil sèsèpoech sarèng sakirang-kirangna opat atanapi pangseueurna gènèp anggahota.

**Departementen** seueurna aja dalapan, gènèp ti antawisna lèbèt kana golongan paparentahan sipil, diloloegoean koe direktoer-direktoer, doea deui lèbèt kana golongan paparentahan kapradjoeritan, diloloegoeanana koe Legercommandant kanggo balad darat sarèng djomantara sarèng Vlootvoogd kanggo balad laeet. (Militaire en Maritieme Departementen).

Di kalangan para loeloege departementen tea, diajakeun bale anoe disèbat *Raad van Departementshoofden* kanggo paparentahan oemoem woengkoel sarèng *Staatsmobilisatie-raad* kanggo anoe patali sarèng kapradjoeritan.

Bale anoe kasèbat ti pajoen, disèsèpohanana koe Directeur van Justitie, wakil sèsèpoehna Directeur van Binnenlandsch Bestuur, sèkrètarisna hidji ponggawa noe ngahadja diangkat kanggo eta, doepi anggahotana para loeloege Departement sanesna, djabi Oorlog sarèng Marine.

Dèmi Staatsmobilisatieraad, disèsèpohanana koe Luitenant-Generaal ti Departement van Oorlog sarta kagoengan sakètre anoe ngawoengkoel. Anggahotana para direktoer departement sipil djabi ti Directeur Onderwijs en Eeredienst, diwoewoehan koe Pokrol Djendral.

Doepi saroepe-roepina Departementen tea, nja eta ieu: (marelena noemoetkeun Regeeringsalmanak).

1. **Departement van Justitie** poerah ngoeroeskeun roepi-roepi pèrkawis anoe patali sarèng hoekoem pangadilan, ngoeroeskeun sèrat pas ka mantjanagara, ngoeroeskeun noe ngagèntos wasta, noe njoehoenkeun badan-hak (rechtspersoon), noe ngagèntos kabangsaan (naturalisatie), nalingakeun koran-koran, ngatoer hak masamoan sarèng hak ngadamél pagoejoeban s.s.t.

2. Departement van Financiën babakoena ngoeroes saréng ngatoer kaloear-lébètna artos nagara, nagih padjég, majar gadjih saréng pansioen, ngarantjang anggèran (begrooting) oemoem saréng sapapadana.

3. Departement van Binnenlandsch Bestuur kapapantje-nan ngatoer saréng ngoeroes beresna paparentahan di lébèt nagara, boh di karadjaan-karadjaan saréng kasoenanah atanapi kasoeltanan (zelfbesturen) kitoe deui di tanah-tanah partikoelir. Saladjéngna ieu Departement teh ngoeroeskeun pèrkawis poelisi, raksadjomantara, paboearan, rodi, pangandjoekan saréng seueur-seueur deui.

4. Departement van Onderwijs & Eeredienst babakoena ngoeroeskeun sagala roepi anoe aja patalina saréng pangadjaran, kitoe deui saréng bab agama, oepamina bae anoe moenggah hadji, anoe bade ngaliarkeun agama saréng sapa-padana. Bab kawarasan saréng poestaka oge djadi tjangkingan ieu Departement.

5. Departement van Economische Zaken kabagianana teh ngoeroes pèrkawis tatanen, dagang, karadjinan, pamajangan saréng sagala roepi anoe aja patalina kana kamahmoeran saréng karahardjaan, oepamina bae pileuweungan, koepèrasi, ingon-ingon s.s.t.e.

Pèrloe ditèrangkeun, jen gongsol-gongsol (Consul) boh gongsol Walanda noe aja di mantjanagara, boh gongsol mantjanagara noe aja di oerang, padamèlanana anoe bakoe mah patali saréng pèrdagangan. Koe margi eta, aras-oeroesna oge nja saréng Departement van Economische Zaken tea.

6. Departement van Verkeer en Waterstaat kawadjibana teh ngatoer pätalimarga, pataliwarta, palaboean <sup>(1)</sup>, postspaarbank, irigasi, adéngan Nagara saréng sapapadana.

(1) Noe dimaksud teh kaajaan *palabocanana* (*havenwezen*), sanes kaontoenganana tina *pabejan*, margi bab ieu mah kalébèt ka Dienst der In- en Uitvoerechten en Accijnzen ti Departement van Financiën.

Oeroesan parit (mijnwezen) oge kalébét keneh kana tjangkingan Departement van Verkeer en Waterstaat tea.

7. **Departement van Oorlog** babakoena ngoeroeskeun kapradjoeritan, boh di darat boh di djomantara. Padamélan sanesna noe hénteu torodjogan patali saréng bab militer, aja oge anoe ditjabak, oepamina bae Topografische Dienst noe sok radjeun aja noe njébat Kantor Gambar tea, malah gambar-gambar kanggo papaes boekoe-boekoe saréng poetakamangsa wédalan Bale Poestaka oge di dinja di-clichèna.

8. **Departement van Marine** kapapantjenan ngoeroeskeun balad laoet, ngadjagi katéngtréman saréng kaamanan di laoet, ngadégkeun moenara lantera, njatétkeun kaajaan angin, bentang, lini saréng seueur-seueur deui padamélan sanes anoe aja pasamboengna kana patalimarga di sagara.

**Algemeene Secretarie** noe koe oerang sok disébat Sakétre tea, sanes Departement, nanging kening oge disébatkeun kantorna Goepèrnèmen atanapi kantor Goepèrnoer Djendral; oepami di onderdistrik mah minangka kantor katjamatan atanapi di pakémitan mah minangka kantor kawadanan, moeng tangtos bae teu kintèn tébih benténna, boh agéng saréng rohakana, boh seueurna padamél.

Koe oerang tangtos katijpta, jen oenggal dintèn mangratoes-ratoes sérat-sérat noe darongkap ti sakoeliah doenja kanggo Goepèrnoer Djendral. Oepami kédah sadajana diaos sarta diwalon koe andjeunna koe andjeun, atoch matak teu kaoer ngadjalankeun paparentahan. Eta margina anoe mawi diajakeun Algemeene Secretarie teh.

Noe ngaloelogoean Sakétre tea, pangkatna Algemeene Secretaris; padamélanana, djabi ti ngoeroes sérat-sinérat Goepèrnoer Djendral teh, sok maparin roepi-roepi katérangan anoe pérloe, njatét saréng njimpén bisloeit-bisloeit Pamarentah, ngaloearkeun Staatsblad saréng Javasche Courant, ngadamél Regeerings Almanak saréng djabi ti eta.

**Bale Rajat (Volksraad)** nja eta hidji badan pawakilan anoe poerah ngahatoeranan roepi-roepi timbangan ka Pa-

marentah. Noe mawi diajakeun badan pawakilan saroepe kieu, malar Pamarentah oeninga lérès kana pilojogeunana paparentahan, koe djalan ngadangoe timbangan ti wawakil-wawakil rajatna. (Pandjangna pèrkawis Bale Rajat, Bale Poestaka parantos ngaloearkeun boekoena, basa Malajoe, diwastaaan „Dewan Rajat“).

Algemeene Rekenkamer oge kaetang hidji badan anoe teu kintèn moenèlna dina bagbagan paparentahan.

Eta badan teh hidji rengrengan noe diwangoen koe hidji sésépoe saréng anggahotana opatan; sadajana diangkat koe Radja.

Padamélanana, anoe bakoe mah ngetang, ngawintjik saréng ngidjir kaloear-lébètna artos Nagara.

Ti oenggal kantor atanapi ti oenggal Departement katoet bagian-bagianana, saniskantèn sétat-sétat, koeitansi-koeitansi saréng paetangan-paetangan katoet daptar-daptar noe patali saréng kaloear-lébètna artos Nagara, noempoezna teh di Algemeene Rekenkamer tea, baris dipéte! hidji-hidji ditjotjogkeun saréng roepi-roepi anggèran noe patali ka dinja.

Di loehoer nalika njarioskeun pèrkawis Departement van Justitie, saeutik-eutikeun parantos katjarioskeun bab pangadilana.

Kanggo pangwoewoeh, di dieu bade diwangsoelan deui saroepe-saroepe eta „bale watangan“ (rechtbanken) teh, margi — sakoemaha anoe kaoeninga koe sadajana — di oerang mah seueur roepi-roepina „bale watangan“ teh, oepamina bae :

1. Hooggerichtshof, poentjaking bale watangan anoe kapapantjenan nalingakeun sadaja bale watangan sahandapeunana.

2. Raad van Justitie nja eta bale watangan kanggo oerang Eropas saréng bangsa oerang térah radja atanapi boepati.

3. Landgerecht, bale watangan kanggo sagala bangsa anoe ngalampahkeun palanggaran-palanggaran (overtredingen) toer pihoeckoemaneunana pangagèngna oge



déngda f 500.— atanapi boei-enteng (hechtenis) panglamina 3 sasih.

4. Residentiegerecht babakoena ngoeroeskeun tagihan (vordering) kanggo bangsa Eropa saréng Tionghoa noe maratoeh di poelo Djawa, atanapi bangsa Priboemi saréng Timoer-Asing noe teu kalébet golongan Tionghoa, asal pèrkawisna ngeunaan hoekoem dagang bangsa Eropa atanapi oepami anoe garadoeh pèrkawisna poeroeneun toendoek kana hoekoem dagang bangsa Eropa.

5. Landraad, nja eta hidji bale watangan noe ngoeroeskeun roepi-roepi pèrkawis noe patali saréng kadjahatan (misdrijf) atanapi roepi-roepi „dosa” noe kenging disami-keun saréng eta, asal teu kalébet kana oeroeseun saréng Residentiegerecht, Landgerecht saréng Raad van Justitie bae.

6. Regentschapsgerecht saréng Districts-gerecht. Ieu mah bale watangan anoe woengkoel kanggo oerang Priboemi, ngoeroeskeun pèrkawis palanggaran aralit saréng tagihan noe teu sabaraha (keline overtredings-zaken en kleine burgerlijke gedingen).

7. Priesterraad atanapi Raad Agama, ngoeroeskeun roepi-roepi pèrkawis anoe aja patalina saréng hoekoem Agama Islam.

Sakitoe aägéngna benténna antawis roepi-roepi bale watangan noe aja di oerang teh oepami ditjandak noe baradagna woengkoel mah.

Di Tanah Sabrang seueurna bale watangan teh langkoengi di oerang.

Dina sawatawis bale watangan, kédah aja anoe poerah njoehoenkeun hoekoeman, disébatna „Openbare Ministerie”. Di Raad van Justitie noe djadi amténar Openbare Ministerie teh disébatna „Officier van Justitie”, di Landraad mah wastana „Djaksa” doepi di Hooggerechtshof mah „Pokrol Djendral”, nja andjeunna anoe djadi sésépoeuh sadaja Openbare Ministerie di sa-Hindia.

Panoetoep, pèrloe oge ditèrangkeun, jen kanggo ngadjagi kaberesan saréng kaamanan oemoem, djabi tjabang paparentahan teh diajakeun *Poefisi*.

Ieu oeroesan poelisi, seueur oenak-anikna saréng warnana. oepamina bae: Stadspolitie, Verkeerpolitie, Veldpolitie, Gewapende Politie, Zedenpolitie, Havenpolitie saréng seueur-seueur deui anoe masing-masing pada ngagadoehan tjabak saréng tanggëlan pribadi.

Bilih kapandjangan teuing, kanggo saetak-saeutik mah sakieu oge manawi tjékap babaran paparentahan di oerang teh.

## PANTOEN

*Eta mah toekang pantoen — ari parantos mantoen teh na aja matak kaget koe karahoelanana. Keur ngawih lagoe Tjojor, kieu pokpokanana teh :*

*Dasar adat — mah tjénah geuning da — mamang Lengser, angkat djoempalik aseupan, tjawët poeril poepoerikil, badjoc sénting koelit moending, dikantjingan koe kikiping, — mah geuning — ngadangheuak kasoeroeng koe kantjing, ..... djoeragan .....*

*Maké bëndo — mah geuning da — meunang ngengken, diëndolan koe tolombong, dangah beurateun koe éndol, angkat dipoendoer-padjoekeun; nintjak dagangan goctali — mah geuning, loempatna engke-engkean ..... djoeragan .....*

*Ngémbar dawoehan — mah geuning tjénah — da ti ratoc, koedoe ngapalaan nangeun, angkat noedjoe hoeloe dajeh, ngérid koeda saji moending, sing sarwa opat poeloe — mah geuning — sambara toedjoe gotongan ..... djoeragan .....*

*Goeloeprak !*

*Mamang Lengser népi ka hoeloe dajeh. Gëbroes koeda, sapi, moending, noe hiroep keneh digëbroeskeun kana kantjah noe lékana toedjoe bahoe. Goer, diseuneuan ! Golotrok-golotrok, ngagolak lir Kawah Kamodjan.*

*Kodomang mamang Lengser deuk ngasaan angeun. Djéprot, disepak koeda, koleab ..... mamang Lengser roroësan ngodjaj dina angeun.*

*Treng ..... treng ..... treng ..... treng .....*

(LANDONG BAEUD II).

## KATJILAKAAN PAGAWÉ

Di nagara-nagara anoe beres atoeran paparentahanana, tangtoe ngajakeun roepa-roepa atoeran pikeun nangtajoengan atawa njoembang noe meunang tjilaka. Di nagara Walanda, oepamana, atoeran-atoeran teh lain ngan dilarapkeun ka noe tjilaka dina pagawean bae, tapi ka noe meunang katjilakaan di djalan di pasampangan oge aja deui atoeran noe dilarapkeun; oepamana bae aja djalma kageleng mobil di djalan gède, lamoen noeroetkeun papariksaan poelisi djeung poetoesan hakim, kasalahan aja di soepir, eta soepir koe hakim dimjstikeun koedoe majar parocroegi ka djalma anoe kageleng tea atawa ka ahli warisna; gèdena noeroetkeun baloekarna katjilakaan. Kitoe di nagara Walanda mah.

Di oerang, atjan nēpi ka aja atoeran kitoe mah, kakara bab *katjilakaan dina paesahaan* bae, minangka madjoena salengkah tina atoeran noe didjalankeun pikeun pagawé Nagara noe tjilaka dina dinēs. Ari ngamimitianana didjalankeun, eta atoeran teh ti tanggal 1 Januari 1940.

Koe ajana eta atoeran, pagawé-pagawé teh katangtajoengan tina marganing tiwas anoe teu moestahil kadjadian, sabot ngadjalankeun pagaweanana. Dina perlona, pagawé teh boga hak nampa parocroegi sarta meunang pangrawat doktér katoet oebar kalawan pèrtjoemah, lamoen tjilakana tea sabot ngadjalankeun pagawean di eta paesahaan.

Pikeun hiroep koemboeh oerang, eta atoeran teh pohara pèntingna, patali djeung raj poë nambahan, raj poë nambahan bae djoemlahna noe maroeka paesahaan toér ti antarana rea anoe matak bahja. Pèntingna tea baris tambah ebreh, oepama oerang tērang, jen dina sataoen-sataoenna teh aja reboena djalma noe djadi wadal pagaweanana dina paesahaan, ti antarana aja sawatara ratoes noe tēroes maot atawa tatoe parna.

Atoeran katjilakaan pagawé noe ajeuna didjalankeun teh ngawēngkoc sakoemna pagawé, teu ngabeda-beda bangsa, asal noe digarawe di pabrik-pabrik atawa di paesahaan-paesahaan sedjen noe bahja, sakoer noe ditataan dina ordonansi noe dimoeat dina Staatsblad 1939 No. 256 noe-

roetkeun maksad Bisloeit Radja noe dimoeat dina Staatsblad 1939 No. 235<sup>1)</sup>.

Sakadar ringkésan sapérloena, ieu di handap ditérangkeun saeutik-eutikeun :

Pikeun sawatara paesahaan, noe djadi *doenoengan teh diwadjibkeun mere paroeroegi atawa soembangan ka pagawena anoe meunang tjlaka sabot ngadjalankeun pagaweanana di eta paesahaan.*

Paesahaan anoe diwadjibkeun mere paroeroegi atawa soembangan tea, noeroetkeun ordonansi anoe kaséboet di loehoer mah saroepa-saroepana teh ieu :

1. anoe ngagoenakeun tanaga mésin, boh ngan hidji boh sawatara.
2. anoe ngagoenakeun gas, boh noe dientjerkeun, boh noe dipérés atawa noe djadi saab lantaran digéntjet.
3. anoe ngagoenakeun barang-barang boh noe géblegan, boh noe entjer, boh saroepaning gas anoe kabina-bina panasna, noe séngét atawa noe sok matak molopog<sup>(2)</sup>, babari bitoe, ngandoeng ratjoen, matak tepa atawa matak bahja koe djalan sedjen pikeun kawarasan.
4. anoe ngoeroeskeun tanaga listrik, boh ngadjadikeun, boh ngarobah atawa ngabagi-bagi, kitoe deui noc ngotjorkeun atawa ngoempoelekeun.
5. anoe neangan atawa ngali barang tambang.
6. anoe sok ngoendjalan atawa mawaan barang atawa djalma, (oepamana bae paesahaan otobés atawa pasewan taksí, prahöto, eretan dj.s.t. *Red.*). Kadjaba anoe koedoe mcuntas laoet.
7. anoe pagaweanana ngamoeat djeung ngabongkar barang-barang.

---

(<sup>1</sup>) Noe leuwih tetela, dimoeat dina boekoe „Atoeran Ketjelakaan”, wédalan Bale Poestaka, basa Malajoe.

(<sup>2</sup>) Oepamana bae aerkéras, biang karbol, babon tjoe-ka dj. s. t.

8. anoe pagaweanana : ngadégkeun, ngawangoen, ngarobah, ngomean atawa ngaroeag wawangoenan <sup>(1)</sup>, boh noe dina taneuh, di djéro taneuh, atawa di djéro tjai, kitoe deui pipah-pipah djeung djalan di djéro taneuh.
9. anoe ngaboekbak atawa noe „ngoesáhakeun” leuweung.
10. anoe ngadjalankeun paesahaan wawaran radio.
11. paesahaan tatanen anoe ngagoenakeun prabot mésin.

**Pétana mere paroeroegi atawa roemawat tea, kieu :**

1. Pagawe anoe tjilaka teh dibawa ka roemah sakit noe pantés atawa ka imahna kalawan diongkosan koe doenoenganana.

2. Pagawe noe tjilaka teh koedoe sina dioebaran djeung dirawatan kalawan teu menta bajaran ti manehna ; lamoen pérloe dibahanan oebar djeung bébér, ieu oge koedoe oelah meuli.

Doenoenganana, diwadjibkeunana nanggoeng teh ngan dina djéro waktoe sataoen, diitoeng ti sapoé aja tjilakaan tea.

3. Oepama pagawe tea maot koe baloekar eta katjilakaan, doenoenganana wadjib ngaganti *ongkos-ongkos ngoeboer* ka noe ditinggalkeun maot, gédena 26 kalieun gadjihna sapoé ; pangsaeutikna f 15.— panggédena f 200.—

4. Djaba ti anoe kaséboet di loehoer, doenoengan teh wadjib mere soembangan ka pagawe atawa ka *koelawargana noe ditinggalkeun maot*, oepama pagawe tea maot doemeh tiwas dina keur ngadjalankeun pagaweanana.

**Gédena soembangan diatoer dina ordonansi, gède-leutikna goemantoeng kana baloekar katjilakaan tea <sup>(2)</sup>. Ari dibikeunna.**

<sup>(2)</sup> Noe diséboet wawangoenan di dieu, lain ngan adégan woengkoel, tapi oepamana bae djambatan, pangerekan, moenara, talang (aqueduct), bengkel ngambang (droogdok), pangéboran taneuh, torowongan dj. s. t.

<sup>2)</sup> Djadi teu népi ka maot, oepamana bae lolong, petjak, boentoeng soekoe doeanana, boentoeng soekoe sabeulah, kengkong, sémpal léungeun, rampal ramo, djeung sadjaba ti eta. Eta teh soembanganana toempa-toempa. (Ilikan dina panambah ieu karangan).

meunang sakali bro, kabeh dibajar harita, meunang oge ditoengtoet noeroetkeun waktœ anoe ditêtêpkeun.

Oepama pagawe tea *maot* dilantarankeun koe katjilakaan sabot digawe, doenoengan teh wadjib majar soembangan :

a. 300 kalieun gadjihna sapoë ka randana atawa doedana.

Lamoen randana leuwih ti saerang, soembangan teh dibagi rata antara randa-randana.

b. 100 kalieun gadjihna sapoë ka oenggal jatimna, tapi djoemlah-djamleh pikeun kabeh jatimna teu meunang leuwih ti 200 kalieun gadjihna sapoë. Lamoen jatimna leuwih ti saerang, soembangan teh dibagi rata antara jatim-jatimna.

Oepama pagawe tea *djadi djalma woedoe pikun salalawasna*, manehna koedoe tœroes bae narima soembangan oenggal poë — atawa koe djalan badami, ditangtoekeun sawatara waktœ sakali, oepamana bae minggoean atawa boelanan — gœdena, dina sapoëna teh 50% tina gadjihna sapoë. Poë Minggoe teu asoep kana itoengan.

Lamoen anoe woedoe tea *ngan sabagian bae tina awakna* atawa badanna djadi tjatjad, pagawe teh koedoe tœroes bae meunang soembangan, gœdena noeroetkeun noe kaoeni dina panambah ieu karangan (Ilikan di toekang).

Lamoen djadina *djalma woedoe tea ngan pikeun sawatara waktœ bae*, pagawe teh sadjéroning boelan kahidji ti sanggeus aja katjilakaan, oenggal poë koedoe meunang soembangan 80% tina gadjihna sapopoë. Sadjéroning boelan kadoea djeung satœroesna mah ngan 50%.

Soembangan-soembangan tea, kalawan babadamian, meunang dibajarkeun sakali bro, kabeh, meunang oge ditoengtoet, oepamana bae minggoean atawa boelanan.

Gawe horongan pœrloe oge ditjaritakeun di dieu, sabab aja noe diwadajibkeun majar paroeroegi atawa soembangan ka pagawe noe tjilaka, aja noe hœnteu.

Sangkan tetela, leuwih hade oerang make tjonto bae.

Tjonto kahidji :

Pabrik ênteh „Goenoengpoetjoek“ ngaborongkeun ngoendjal sawatara reboe gœbleg papan pipêtieun ka hidji anemër,

Anemër tea moeroehkeun ka sawatara djalma. Sabot ngoendjal, aja koeli noe katinggang koe toempoekean papan noe ngarëmpëjék toer lain kasalahan noe keur digarawe.

Dina hal saroeпа kitoe, anemër teh teu diwadjibkeun mere paroeroegi atawa soembangan, sabab sapërka manehna mah hënteu kaasoeр ka golongan djalma noe boga paesahaan matak bahja (oekoer ngoempoekeun koeli) kadoeana, doemeh pagawean tea kaasoeр pagawean noe saënjana koedoe dipigawe koe pagawe pabrik, ngan doemeh kakoerangan pagawe, harita kapaksa ngaborongkeun. Djadi, koeli-koeli anoe ngoendjalan papan tea oge dianggapna pagawe pabrik bae, tégësna pagawe hidji paesahaan noe matak bahja. Koe hal eta, anoe koedoe mere paroeroegi atawa soembangan oge, kawasa pabrik tea, da eta mah kaasoeр ka golongan djalma noe boga paesahaan matak bahja.

Tjonto kadoea :

Pabrik „Goenoengpoetjoek" tea arek njieun goedang, toeloey ngaborongkeun ka anemër noe biasa sok njieunan adégan-adégan, tégësna ka djalma noe kaasoeр golongan boga paesahaan matak bahja.

Sabot hidji koeli masangkeun kënteng, géboet bae ragrag.

Pikeun katjilakaan noe saroeпа kieu mah, noe boga tanggoengan teh anemër tea, sapërka doemeh manehna kaasoeр kana golongan noe boga paesahaan matak bahja, kadoeana pagawean ngadégkeun goedang mah hënteu kaasoeр kana pagawean pabrik énteh.

Tjonto katiloe :

Kawasa „Goenoengpoetjoek" tea, dina hidji mangsa nitah ka hidji koeli-lantoeng, soepaja ngababad djoekoet noe ngadjëmbroeng di pakarangan imahna. Sabot ngababad, eta koeli teh dipatjok oraj nëpi ka maot. Kawasa tea hënteu boga tanggoengan naon-naon kana tiwasna eta djalma, sabab sapërka ari nitah njatjar boeroean mah lain kaitoeng paesahaan, kadoea eta koeli-lantoeng teh *lain pagawe* kawasa tea, djadi teu kawëngkoe koe maksoed ordonansi.

Koe eta tiloe tjonto, moega-moega bae djadi tambah tetela.

Doenoengan dibebaskeun tina kawadjiban mere paroeroegi atawa soembangan, lamoen pagawe tea ngahadja ngalan-

tarankeun pitjilakeun atawa émboengeun dipariksa koe doktér noe boga hak.

Lamoen pagawe tea meunangna tjilaka dina keur mabok atawa doemeh ngabaekeun kana tarekah pangdjaga bahja. soembanganana teh meunang dikoerangan saténgahna.

Oepama aja oeroet pagawe noe bisaeun digawe deui di doenoengan eta keneh (djadi sanadjan tjatjad atawa tanpa-daksa oge kaarah keneh gawena), doenoengan teh diwénangkeun ngoerangan *djoemlah soembanganana*, népi ka sesa soembangan djeung gadjihna noe anjar teh djoemlahna saroea djeung gadjihna bareto waktöe meunang katjilakaan.

Tjontona : Waktöe tjilaka, pagawe teh gadjihna sapoé saperak. Sabada tjilaka, soembanganana sapoé opat kétép. Hidji mangsa asoep deui ka tēmpat digawena bareto, njabak pagawean noe bajaranana sapoé tiloe talen. Oepama hēnteu dikoerangan soembanganana, eta pagawe teh pimeunangeunana djadi  $f 0,40 + f 0,75 = f 1,15$ . Djadi leuwih 15 sen ti beubeununganana basa tiwas.

Koe ordonansi, doenoengan teh diwénangkeun (is bevoegd) ngoerangan soembanganana  $f 0,15$ ; djadi pagawe teh nampama soembangan ngan satalen, nampa bajaran gawe anjar tiloe talen, djoemlah saperak.

Doenoengan wadjib mere tērang ka controleerend ambte-naar <sup>1)</sup> dina djero  $2 \times 24$  djam, oepama di paesahaanana aja katjilakaan.

Doenoengan tea wadjib ngajakeun hidji rēgistēr pikeun ngadaptarkeun katjilakaan-katjilakaan tea djeung gēdena soembañgan anoe dibajar.

Pamarentah *kenging* ngajakeun atoeran pikeun ngadégkeun *fonds* (doeit sadiaan) geusan majar soembangan-soembangan tea, lamoen katimbang, jen sahidji paesahaan moal mampoeñ majar soembangan tea.

<sup>1)</sup> Noe djadi loeloegoe tina sagala roepa oeroesanana, nja eta Kapala Kantoor van Arbeid. Noe djadi paniten-oemoem, Chef Veiligheidstoezicht, ari controleerend-ambte-naar didjalankeunana koe para insinjoer ti Veiligheidstoezicht, dibagi-bagi didjieun sababaraha apdeling.



Paoesahaan saroepa kitoe, meunang oge asoep asoeransi noe baris nanggoeng majar soembangan-soembangan, dimana aja pagawena noe tjilaka. (Ari diwadiibkeun mah asoep asoeransi teh henteu).

Atoeran „Katjilakaan Pagawe” teh henteu dilarapkeun ka pagawe Goepnemen, Provincie, Gemeente, Regentschap djeung sabangsana, kadjaba pikeun pagawe anoe lain dina pangkat tétép, tapi dina gawe bebas (losse krachten) tjara oepamana sawatara patoekangan, koeli dj.s.p. Kitoe ge lamoen henteu kaoegér koe salahsahidji pèrdjangdjian noe aja patalina djeung atoeran soembangan dina aja katjilakaan.

Panambah katèrangan, ieu diberendelkeun daptar gèdè-  
léutikna soembangan (ngitoeng % tina gadjih sapopoè)  
pikeun sapoè-sapoèna, djaba ti poè Minggu.

Ieu teh pikeun anoe leungit sabagian badanna népi ka woedoe salalawasna, doemeh anggahota noe leungit tea teu beunang digantian.

leungeun katoehoe ti lébah taktak .....	37,5
„ kentja „ „ „ .....	35
„ katoehoe „ „ sikoe .....	32,5
„ kentja „ „ „ .....	30
„ katoehoe „ „ pigeulang .....	30
„ kentja „ „ „ .....	27,5
soekoe doeanana ti lébah pingping .....	47,5
„ sabeulah „ „ „ .....	27,5
„ doeanana „ „ moemoentjangan .....	45
„ sabeulah „ „ „ .....	25
lolong .....	50
petjak .....	15
torek, tjeuli doeanana .....	30
„ „ sabeulah .....	5
indoeng leungeun katoehoe .....	10
„ „ kentja .....	9
tjoeroek katoehoe .....	7,5
„ kentja .....	6
ramo sedjen leungeun katoehoe .....	4
„ „ „ kentja .....	3

indoeng soekoe .....	2,5
ramo        " .....	1.5

Djalma anoe „ngedekeun”, nja eta noe sagalana koe kentja, kĕtjap „katoehoe” di loehoer teh ditoekeurkeun kana „kentja”.

Oepama noe leungit tea lain ngan saroepe bae ti antara babagian badan noe ditataan di loehoer, itoenganna baris didjoemlahkeun, tapi teu meunang leuwih ti 50%.

Anoe loempoeah atawa gempor atawa noe salahsahidji anggahotana teu beunang digoenakeun, dianggapna saroea djeung leungit bae.

### BAGDJA-TJILAKA.

*Moenggoeh bagdja djeung tjilaka teh geus tangtoc,  
kĕrsaning Pangeran,  
oerang mah darma ngalakon,  
hade goreng oerang koedoe toemarima.*

*Lamoen meunang bagdja koedoe moedji sockocr,  
ka Noe Maha Moerah,  
ka Andjeunna oelah, poho,  
moen tjilaka sing sadrah bari ihtiar.*

*Oelah kalah ka aral djeung koekoeloetoets,  
anggoer tarekahan,  
bari moentang ka Jang Manon,  
oelah eureun oepama tjan beak dengkak.*



R. T. Oemar Said, Kangdjeng Dalēm Koeningan  
sarēng Raden Ajoe.

# ATOERAN LOEAR BIASA BAB EKONOMI

## Boeboeka

Dina boelan September 1939 kaajaan internasional di Eropa pohara padjeudjutna, malah nepi ka ger pisan perang. Sanadjan noe perang pohara djaoehna oge ti oerang, oerang teh henteu boeroeng kabarerang, nepi ka Pamarentah ngaraos perloe ngajakeun sawatara atoeran anoe patali djeung bab ekonomi.

Hal eta katjida perloena, sabab patalimarga antara nagara oerang djeung nagara lian, dalah djeung nagara Walanda oge, bisa djadi pegat. Oepama nepi ka kitoena, oerang teh kapaksa ngajakeun atawa njieun sagala roepa kaperloean sorangan, moal bisa ngandelkeun ti nagara deungeun.

Soepaja barebedan perang di Eropa tea henteu rosa teuing karasa neundeutna koe oerang, samemeh nepi ka bro ngagebro teh Pamarentah rikat ngajakeun roepa-roepa palanggeran/loear biasa tina hal ngatoer ekonomi.

Atoeran-atoeran tea pohara reana. Ieu di handap aja sawatara noe ditjoetat, kitoe ge pohara diringkéskeunana.

### I. Sediaan dahareun.

#### a. *Voedingsmiddelenfonds.*

Ieu badan diadegkeunana tanggal 25 April 1939 pikeun ngadjaga, sangkan reana beas di hidji-hidji tempat oelah matak salémpang, oepama patalimarga djeung nagara loear atawa djeung tempat-tempat noe sok ngasoepan beas nepi ka kaganggoe teh. Prakprakanana, koe djalan ti anggalna rosa meulian beas, boh ti nagara loear, boh ti tempat-tempat di oerang keneh noe katimbang rea teuing sediaanana. Djadi sasatna ti noe kebék dieurihkeun ka noe tjélong.

#### b. *Teeltdwangordonnantie 1939.*

Ngamimitian didjalankeunana ti tanggal 16 September 1939. Dilarapkeunana ngan di tanah Sabrang bae; di poelo Djawa djeung Madoera mah henteu. Ari maksoedna, mérédih ka

djalmaresa sangkan daek ngolah tanah sarta mëlak toetoe-woehan dahareun koe djalan anoe katjida gantjangna, baba-koena di tẽmpat-tẽmpat anoe sadiaan beasna sok ditjoekoe ti tẽmpat sedjen.

c. *Njadiakeun laoek.*

Instituut voor de Zeevisscherij (Kantor Laoek) geus njeun rarantjang, soepaja kalawan gantjang bisa nambahan reana beubeunangan ngala laoek di Laoet Djawa. Ieu teh katjida pẽrloena ngadjaga dina pẽgatna patalimarga antara nagara oerang djeung nagara loear noe sok ngasoepan laoek asin. Oelah nẽpi ka di oerang sangsara koe laoek, oepama ti mantjanagara kapẽgat.

II. Njẽgah oendakna harga; ngabẽslah barang; ngalarang ngiangkeun.

Tiloe oendang-oendang anoe ditataan di loehoer teh, dilarapkeun ti tanggal 14 Mei 1939 anoe maparin kakawasaan ka Pamarentah kanggo ngalarang naekkeun harga barang-barang kapẽrloean hiroep, naekkeun sewaan-sewaan (djadi lain ngan sewaan *imah* bae, *Red*), ngabẽslah barang-barang noe koe Pamarentah kaemoet pẽrloe, kanggo djalmarea atanapi anoe noemoetkeun pangintẽnna baris pohara oendakna hargana. Djaba ti eta dipaparin kakawasaan kanggo njẽgah ngiangkeun barang-barang ka loear nagara, boh anoe pẽrloe pikeun kapẽrloean balad, boh anoe dipikaboetoh koe oemoemna karahardjaan.

III. Bab Palajaran

Dina boelan September 1939 diajakeun doea roepa atoeran, nẽpi ka koe kitoena Pamarentah djadi kagoengan kakawasaan noe loear biasa tina bab ngoendjal barang koe kapal.

Kalawan bisloeit Kapala Balad Laoet tanggal 29 Agoes-toes 1939, geus diadẽgkeun „Bureau voor Zeeverkeer” (Kantor Patalimarga Samoedra). Ti antara roepa-roepa pagawean noe dihantja koe eta kantor, nja eta ngatoer bab ngoendjalan beas djeung bangsal (gabah) di djero nagara djeung ngatoer bab ngirimkeun barang-barang ka Nẽderland.

#### IV. Pamarentah nanggél pakwoeh di laoet.

Soepaja salamét, atawa di kapaksana tiwas oge, oelah népi ka antép-antépan karoegianana, sarta sangkan maskape-maskape kapal biasa djeung kapal oedara hén teu ngareunteut hatena koe ajana pérang, Pamarentah geus kersaeun nanggél boeboeh-ripoeuna saréng bantjang pakwoehna kapal-kapal noe poelang anting mawaan atawa ngiangkeun kapérloean nagara oerang; boh pakwoeh anoe torodjogan patali djeung pérang, boh noe dilantarankeun koe karoek-sakan „biasa“.

Noe ditanggél na teh lain ngan kapal laoet woengkoel tapi kapal oedara oge saroea bae.

#### V. Kapéntingan Indoestri

Noe diséboet indoestri teh ngarah babari mah beunang oge dihartikeun pabrik-pabrik atawa témpat barangdieuun saroepaning hahasilan (product).

Di Departement Economische Zaken bagian Nijverheid geus diwangoen hidji kantor noe ngoeroeskeun bab ngadatangkeun barang-bahan pikeun kapérloean pabrik-pabrik. Eta kantor koedoe nalingakeun, soepaja barang-bahan pikeun pabrik-pabrik digoenakeun kalawan bènér, komo barang anoe pérloe pikeun ngadjaga nagara djeung kasalamétan ekonomi mah.

Salah sahidji pagawean eta kantor anoe pénting, nja eta njeun rarantjang pikeun ngalégaan indoestri noe geus aja toer dina gérna aja pérang beuki rosa dipikaboetoeuna. Koe hal eta koedoe boeroe-boeroe diajakeun tjoektjroekan djeung sasadiaan, babaréngan djeung djalma-djalma noe baroga kapéntingan tina bab indoestri.

Djaba ti kitoe, eta kantor teh ngadjaga harga hahasilan indoestri tea.

#### VI. Pagawe paoesahaan.

Dina mangsana sagala hese, pikeun ngadjaga, sangkan djalanna paoesahaan di oerang népi ka kaganggoe, baba-koena oepama pagawe-pagawena koedoe diképrak djaradi seldadoe, pikeun saheulaanan diajakeun atoeran ngabebas-

keun tina kawadajiban djadi militer. Tapi, sangkan balad darat djeung balad laoet teu kakoerangan përdjoerit, sakabeh paoesahaan meunang ngoerangan pagawena sakoer noe bisa dikoerangan mah.

## VII. Roepa-roepa atoeran sedjen.

a. *Ordonansi maparin kakawasaan loear biasa ka Pamarentah (Staatsblad 557).*

Ieu ordonansi diwawarkeunana tanggal 26 September 1939. Maksoedna, maparin hak ka Goepërnoer Djendral kanggo ngadamël atoeran loear biasa pikeun kaamanan nagara dina waktöe aja përang (di oerang), dina waktöe arek aja bahja përang atawa dina mangsana aja kadjadian anoe loear biasa. Pamarentah oge kawasa ngadamël verordening kanggo ngatoer pangdeudeul ti badan-badan pawakilan sapertos Provincie, Gemeente, Kabocpaten sarëng sapapadana, atawa ti paoesahaan partikoelir; kitoe deui pangdeudeul ti sakoer anoe disaoer kana mobilisasi tapi hënteu digawekeun dina balad laoet atawa darat (niet in actieven dienst). Djaba ti eta rea-rea deui kakawasaan Pamarentah teh.

Patali djeung ajana ordonansi eta, dina waktöe di oerang aja përang atawa aja bahja përang, Pamarentah kawasa ngadjalankeun :

1. parentah ka badan-badan pawakilan — Provincie, Gemeente dj.s.t. — ka Zelfbesturen djeung ka paoesahaan-paoesahaan di Hindia pikeun ngabantoe-bantoe kapërloean nagara sakoer noe përlöe.

2. atoeran, sangkan pagawe Nagara, pagawe maskape-maskape, pagawe Zelfbestuur atawa pagawe partikoelir lianna hënteu ninggalkeun pagaweanana lamoen teu aja idin ti Pamarentah sarta salilana digawe koedoe ngagoegoe kana pitoedoeh-pitoedoeh ti Pamarentah.

3. parentah, nitah digarawe ka oenggal djalma ti oemoer 16 tapi koerang ti 60 taoen, boh dina pagawean Nagara, di maskape-maskape, di zelfbestuur atawa partikoelir lianna.

4. parentah ka oenggal djalma ti oemoer 16 taoen tapi

koerang ti 60 taoen pikeun ngadjalankeun kapérloean Nagara atawa dialadjar pikeun migawe kapérloean Nagara.

Kakawasaan loear biasa teh didjalankeunana ngan lamoer oerang keur pérang bae atawa keur aja bahja pérang. Anoe nētépkeun aja euweuhna pérang atawa bahja pérang nja eta Pamarentah. Atoeran-atoeran anoe dilarapkeun pikeun kadjadian-kadjadian noe ditataan di loehoer, lilana pikeun gēnēp boelan, tapi lamoen katimbang pérloe meunang ditambah tiloe-tiloe boelan. Lamoen pérang ēnggeusan atawa geus teu aja deui bahja pérang, atoeran-atoeran teh bakal gantjang ditjaboet.

*b. Ordonansi moendoerkeun majar hoetang (Staatsblad 617).*

Maksoedna, ieu ordonansi arek njēnangkeun noe baroga hoetang, lamoen dina sawatara waktōe maranehna teu kadoegaeun majar hoetangna, patali djeung kaajaan intēr-nasional.

Kalawan idin hakim, noe baroga hoetang teh meunang noenda babajaranana lamoen sidik kanjahoan, jen bēnēr-bēnēr teu kadoegana lain lantaran ēmboeng, sarta pangna kitoe teh doemeh patali djeung kaajaan anoe loear biasa tea.

Menta idin noenda babajaran tea meunang koe noe boga hoetang pribadi. hēnteu koedoḡ make pērantaran pokrol.

*c. Ordonansi hak barangtanja patali djeung Staatsmobilisatie (1) (Staatsblad 1939 No. 673).*

Koe kakoeatan eta ordonansi, Pamarentah kagoengan hak ngēmpélkeun roepi-roepi katérangan (tataros) anoe pérloe kanggo sasajagian pérang. Eta ordonansi aja patalina, boh djeung partikoelir, boh djeung oeroesan paparentahan noe

---

(1) Staat = Nagara ; Mobilisatie = sasadiaan pikeun pérang, boh mēpék balad, boh tatahar roepa-roepa kapérloean noe diantjokeun pikeun ngajonan moesoeh, boh sasadiaan pikeun kasantosaan nagara dina gērna aja pérang, (Red.).



— geus tangtoe bae — koedoe dirasiahkeun. Pikeun meunangkeun katérangan tea, pěrloe koedoe kalajan asma atawa ngémbaran timbalan Kandjéng Toean Bésar.

Ngadjalankeunana ordonansi tea dipasrahkeun ka Staatsmobilisatieraad (Rengrengan noe ngawangoen mobilisasi Nagara), ka Direktoer-Direktoer Dèpartèmen djeung Kapala Kapala Gewest.

---

### DOERJAT

*Teu aja djampe noe matih,  
nambag sadaja papatah,  
ana tjirnta geus matoeh tch,  
dina manah tēras bētah,  
matjjuh sok sēsah intjah,  
paguehna langkoeng ti pantjoch,  
hamo njingkah koe parantjah.*

*Moen pisah raosna pcurih,  
lir anoe keuna koe pcurah,  
hamo waras tereh-tereh,  
teu lipoer koe dibēbērah,  
kalah djoeldjol amarah,  
mani hajang pondok oemoer,  
samar kiat koe asmara.*

(ASMARA-DAHANA).

# KAWARASAN

## RAHEUT LEUTIK NOE GÈDE BAHJANA

Rea anoe raheut roepana mah mokaha pisan, tapi teu moestahil matak salèmpang (tiwas) kana djiwana. Teu arang noe kadjadian kieu :

Hidji baboe keur ngoembahan piring, raheut koe béling sésèmpakan piring. Raheut leutik, estoe mokaha pisan. Tapi heuleut sawatara djam raheutna bareuh sarta manehna ngarasa tingsariak teu ngeunah badan, nirsan kawas moeriang. Beuki katjida njérina népi ka kapaksa koedoe titirah ka roemah sakit. Doea poë antarana aja bedjana maot. Tjek katérangan doktér mah lantaran infectie (awakna kaasoepan djaram).

Hidji toekang ngapöet leungeunna katjotjog djaroem (pantih), estoe mokaha deuih, teu karasa njéri teu naon. Malah toeloj ngadoekdoek digawe. Isoekna brék gëring, toeloj ka doktér. Di roemah sakitna kapaksa ditahan. Sawatara minggoe lilana di roemah sakit. Ari balik (geus kawidian koe doktér) leungeunna teu aja sabeulah, da kapaksa koedoe dipotong.

Tjontona deui, hidji boedak oemoer 9 taoen oelin balbalan. Gëtroek titadjong (njepak batoe) ngan oekoer raheut meueusan. Tina kitoena ka kolotna oge teu bebedja, da teu pira, teu njéri ongkoh. Isoekna brék gëring, toeloj dibawa ka doktér. Tapi tjek doktér geus élat, teu kaboeroe ka-oebaran, djaram asoep manten kana gëtih. Toengtoengna maot deui bae.

Raheut di djalan gède lantaran laboeh oge mindëng katjida bahjana. Tiloe poë, sakapeung mah doea poë sanggeusna raheut, babagian awak noe raheut tea sok kakoe, lantaran kaasoepan djaram noe tina kokotor koeda.

Tjonto-tjonto noe diséboetan bleu lain omong kosong, estoe geus kadjadian. Saban taoen koedoe bae rea, di roemah sakit, noe maot lantaran raheut leutik teh.

# BLUE BAND

kanggo masak sareng ngagoreng



Didamelna tina  
toetoewoehan woengkoel

Seueur  
ngandoengna Vitamine  
A sareng D

Van, den Bergh's fabrieken (N.I.) N.V. - Batavia



SOROT ANOE  
 PANAS TINA LAMPOE DI STUDIO  
 MATAK TEU SAE KANA KOELIT  
 BENTANG-BENTANG FILM



Seng bae aja SABOEN SEUNGIT LUX

anoe ngadjagi koelitna soepaja angger lemes sareng sae. Koe ngangerkeun nganggo saboen anoe sakitoe bodasna sareng saktitoe lemesna, maranchanana henteu salem-pangeun. Sorot panonpoé di oerang teu aja bentenna ti sorot lampoe tea. Djadi para djoeragan istri di oerang sami bae perloena ngadjagi koelit, soepaja angger lemes. Saboen seungit Lux di oerang di mana-mana oge aja.

Kanggo ngadjagi kageulisan oelah diengke engke, kedah ajeuna ngagaleuh saboen seungit Lux sababaraha hidji. Engke manah djoeragan tangtos soegema.

SABOEN SEUNGIT **LUX**

SENG  
 11 1/2 INCH  
 ALLY  
 3 1/2 INCH



LE 10-11

Koemaha tarekahna (njinglarna) bahja infectie? Ngadjawabna gampang pisan: Tatamba ka doktër.

Lamoen hënteu bisa ka doktër, aja doea djalan pikeun njégahna. Kahidji koe djalan maehan djaram tea, kadoea mitjeun djaram noe narapél koe djalan ngoembah raheut sing bërsih make saboen atawa gëtihna diantép heula saheulaanan sina ngoetjoer, malar djaram tea hënteu arasoep ka djëro badan. Lamoen raheutna boehahang sarta rosa ngaloearkeunana gëtih, koe oerang koedoe ditarekahan, sangkan oelah loba teuing gëtih anoe bidjilan. Oepama raheutna pohara leutikna nëpi ka gëtih teu bisaun bidjil, hade lamoen dipëntjet heula ngarah mërëbës. Tapi kahade diseuseup koe soengoet, sabab dina soengoet oerang teh sok rea djaram, tangtoe matak bahja.

Pikeun maehan djaram, raheut teh hade lamoen dioelasan koe jodium tinctuur. Di apotik atawa di toko sok aja noe ngadjoeal.

„Tapi naha teu oenggal djëlëma maotna lantaran raheut? Naha teu aja djaram noe asoep kana awak oerang?” tjek noe nanja.

Djaram (bibit) kasakit di mana-mana oge aja. Lamoen oerang raheut, djaram teh gampang pisan asoepna kana awak tjampoer djeung gëtih. Tapi hadena, dina gëtih teh aja poerah mëranganana, dat-gëtih bodas (witte bloed-lichaampjes) disëboetna. Dat-gëtih bodas teh beunang disaroeakeun djeung soldadoe, poerah ngadjaga pakewoeh. Lamoen bibit kasakit (djaram) asoep kana awak tjampoer djeung gëtih, dat-gëtih bodas teh gantjang ngoeroeboetan bari ngahakanan. Koe lantaran kitoe bibit kasakit teh paraeh, kabasmi; oerang, noe boga awak, teu naon-naon.

Sakaueung soldadoe tea teu koerateun mërangan bibit kasakit, nja kadjadianana oerang teh gëring.

Babakoena noe gëde bahjana teh raheut anoe teu kaloear gëtih (ngërëm), oepamana lantaran katjotjog koe djaroem atawa katjoegak koe pakoe. Tah waktoe kitoe, djaram kasakit gampang asoepna kana gëtih.

Kade oelah wani-wani ngaliangan dot orok koe panitih, lamoen panitihna teu didoeroek heula mah, sina paeh djaram-djaramna.

Patjoean oelah ngamokahakeun kana raheut leutik, bari boga angkeuhan: „Ah raheut leutik ieu; teu pira, teu matak naon-naon.”

Mangka ingët! Lamoen raheut karasa njëri atawa bareuh, koedoe gantjang ka doktër.

Tapi sabalikna, oelah sieun teuing pedah raheut.

---

### RAHEUT PIKIR

*Saleuheung raheut koe pëdang,  
radjeun osok tjageur deui,  
lamoen geus lita tatoena,  
tara toetoeloejan njëri,  
tapi moen raheut pikir,  
sok radjeun saemoer-oemoer,  
karasa seuseuitan,  
kamboeh deui kamboeh deui,  
raheutna teh biasana sok koe oetjap.*

*Tapi moenggoeh noe prawira,  
nadjan rosa raheut pikir,  
njërina ngan saharita,  
sabab boga oebar matih,  
nja eta hate wëning,  
djëmbar hampoera ngama'loem,  
sok tara papandjangan,  
tara ngoenëk-ngoënëk ati,  
dikoekoet ge kanjëri mah da përtjocmah.*

## BĒRSEKA

### Poetjoeng

Saoer sēpoe h lamoen ha-  
jang pandjang oemoer, sing  
daek bērseka, oelah odoh  
djorok botrok, moen gareu-  
leuh matak ngangloeh bati  
loehlah.

Matak gēring gērang-gē-  
roeng hoemaroeroeng, bo-  
ngan salah oerang, ngadja-  
ga diri teh goreng, moen  
teu bērsih toengtoengna sok  
matak soesah.

Bērseka teh hēnteu koe-  
doe matak woedoe, moerah  
tanpa modal, toer teu koe-  
doe model-model, oelah kē-  
doel bisi awak djadi wadal.

Oepamana bab tjai anoe  
pēnēloe, nginoem ngangeun  
ngoembah, moen kotor sok  
matak menter, tjai kiroeh  
teu hade pake koekoerah.

Ngandoeng djaram ngadjirim leutik ti djaroem, ari aloesna  
mah, boh tji-ledēng boh tji-lodong, koedoe oelah aja bibit  
kasakitna.



Naon hesena ngoembah leu-  
ngeun, tapi koemaha paedah-  
na ?

### Sinom

Oepama oerang rek dahar, ngambeu pasakan mēlēnghir,  
mani hajang am harita, tapi oerang sing nastiti, tata sing ati-  
ati, oelah goerounggoesoeh kitoe, leungeun dikoembah heula.  
koedoe apik toer bērsih, leungeun kotor matak ka doktor  
tēmahna.

Aja deui sapérkara, tapi pérkara babari, estoening hēnteu sapira, noe koedoe diapik-apik, dahareun koedoe bērsih, sing rikip rekep ditoetoep, ampihan di tēmpatna, lamoen aja mah lomari, moen teu aja koe tetenong oge meunang.

Oelah odoh kana wadah, koedoe radjeun daek radjin, dikoembah dibērēsihan, noe pérloe mah komo deui, pikeun saari-ari, pisin pinggan sendok sindoek, tjangkir piring sing herang, katel kantjah djeung kawali, doelang daloeng paso pantji pangliwētan.

### Asmarandana

Noe apik hese ditampik, noe radjin diaradjenan, noe bērseka sok kapake, teu tjara noe sambewara, lir noe taja kaera, moen mandi tara ngaroeroe, ana sare tara tibra.

Awak merang moerang-maring, baringsang baraoe kesang, samping hapeuk tjara popok, goeling-gasahan sarena, teu eureun gagara, babadoeg arateul boedoeg, kaloeman diganggoe koeman.

Teu apik ngawisik diri, teu heman ngaraksa badan, moen djorok tēmahna borok, padahal asa teu pira, naon modal bērseka, hēnteu koedoe oedoe sakoe, teu koedoe beunghar pasaka.


Teu koedoe soengkan koe miskin, ngalakoekeun karēsikan, sok moen leukeun prak ngalakon, hēnteu koedoe dilélékan, jen sakoer kadjorokan, matak samar pandjang oemoer, sarta rea noe ngahina.

### Dangdangoela

Soemawonna moenggoeh pikeun istri, bērseka teh sasat djadi modal, noe djadi loehoerna adjen, sanadjan geulis loetjoe, dibarēngan pintēr binangkit, lamoen djorok djarambah, botrok djamboeraoel, pasti morosot hargana, lir ibarat koeéh nja ēmpoek nja amis, tapi geuleuh wadahnya.

Di lalaki lamoen djorok roedjit, matak roegi dirina soerangan, noe matak sing hade-hade, matak teu boga batoer, soemawonna moen sobat dalit, lantaran anoe lian, tangtoe ēmboeng tjampoer, malah wanieun ngahina, bērseka teh koedoe djieun nomēr hidji, marganing kasēnangan.





Apik djeung bërseka teh teu koedoe mahal, tjoekoep koe bahan loemajan.

# E K O N O M I

## MASKAPE PRIBOEMI NOE MAKE ANDIL.

Kadieunakeun sanggeus përgërakan ekonomi oerang Priboemi tambah madjoe, koe noë baroga karëp ngadégkeun paoesahaan tangtoe karasa, jen pagoejoeban koepërasï anoe atoeránana diasoepekeun kana Stbl. 1927 No. 91 hénteu njoemponan. Oesaha make djalan pagoejoeban anoe disëboet naamlooze vennootschap atawa koepërasï Eropa hese deuih, wantoening ieu mah hakna oge hak Eropa, hénteu saloejoe pisan djeung hoekoem adat oerang Priboemi atawa hoekoem anoe dikeunakeun ka oerang Priboemi, toeroeg-toeroeg ngadégkeun pagoejoeban oesaha anoe kitoe mah géde waragadna.

Koe lantaran kitoe goebrag ajeuna Pamarentah ngagëlarkeun pagoejoeban paoesahaan model anjar, anoe bisa njoemponan kana pangaboetoe djeung kaajaau oerang Priboemi toer saloejoe djeung hoekoemna. Oendang-oendangna geus diasoepekeun kana Stbl. 1939 No. 569 ; ari mimiti didjalankeunana taoen 1940. Eta pagoejoeban anjar teh disëboetna *Inlandsche Maatschappij op Aandeelen* (pondokna I.M.A.), tégësna maskape Priboemi anoe make andil.

I.M.A. teh rechtspersoon Priboëmi, anoe meunang ngabogaan andilna oge ngan oerang Priboemi atawa badan-badan noe hakna rechtspersoon Priboemi ; kitoe deui pangeroes-pangeroesna koedoe oerang *Priboemi woengkoel*. Djadi I.M.A. teh kawéngkoe koe hoekoem anoe keuna ka oerang Priboemi, tapi teu béda djeung djëlëma (oerang Priboemi) bae, I.M.A. meunang taloek kana hoekoem sipil oerang Eropa.

Diadégkeunana I.M.A. teh pikeur 30 taoeneun, tapi lamoen tempo anoe sakitoe geus beak, meunang menta ditambahan deui 30 taoen djeung satëroesna.

Saniskara kabeubeurat djeung hal-hal anoe didjalankeun koe I.M.A. ditangoeng koe I.M.A. sorangan; anoe mareuli andil hénteu diwadjibkeun miloe nanggél përkara eta. Anoe

djadi tanggoengan anoe ngabarogaan andil mah ngan ladang andil anoe ditjampoerkeun ka I.M.A. tea bae. Oepama I.M.A. meunang karoegian tea mah, anoe baroga andil roegina ngan ladang andil woengkoel.

Dina ngabogaan tanah anoe meunang dipiboga koe oerang Priboemi, I.M.A. teh rada diséngker, panglégana ngan 75 hectare. Oepama di antara sakitoe teh aja sawahna, lékana eta sawah hénteu meunang leuwih ti 25 hectare. Meunang leuwih ti sakitoe, tapi koedoe kaidinan koe Kapala Gewest (Hoofd van Gewestelijk Bestuur).

Ari meunangna diadégkeun I.M.A. teh ngan di poelo Djawa djeung Madoera bae; djaba ti kitoe teu meunang ngabogaan tanah di loear poelo Djawa djeung Madoera.

Ngadégkeun I.M.A. koedoe make soerat akteu anoe basana kaharti koe anoe ngaradégkeun. Akteuna koedoe dikirimkeun ka Voorzitter Landraad reana lima. Oepama didjieunna lain dina basa Walanda, koedoe dibaréngan koe salinan basa Walandana tiloe lambar.

Oepama anoe rek ngaradégkeun I.M.A. teu bisaun njieun akteu koe sorangan, meunang njaritakeun pamaksoedanana ka Voorzitter Landraad; éngke akteuna baris dipangnjieunkeun koe Voorzitter Landraad. Sakadar pikeun tjonto, akteu ngadégkeun I.M.A. modelna diasoepeun kana Stbl. 1939 No. 569.

Lamoen eta maskape koe Directeur van Justitie geus dia koe rechtspersoon, ngaran maskape koe Landraad ditjatét dina rëgistér anoe ngahadja disadiakeun di kantorna sarta akteuna dikirimkeun deui hidji ka noe ngaradégkeun, bari sakalian maranehna dibedjaan, jen maskapena geus diidinan djadi rechtspersoon; tapi anoe ngaradégkeun koedoe malajar heula segél gèdena noeroetkeun gède-leutikna modal maskape. Djaba ti eta mah teu aja deui ongnosna menta idin rechtspersoon teh.

Pangoeroes maskape diwadajibkeun ngabewarakeun dina soerat kabar opisil (Javasche Courant), jen maskapena koe Pamarentah geus diakoe rechtspersoon djeung koedoe ditérangkeun di Landraad mana dirëgistérkeunana. Satoengtoeng

tjan dibewarakeun kitoe pangoeroes-pangoeroesna koedoe nanggél kana saniskara hal anoe djadi tanggoengan maskape.

Modalna eta maskape teh modal pasti, dibagi-bagi di-djieun sawatara andil anoe saroea pangadjina. Dina waktoe maskape diadégkeun, koedoe geus aja kapastian, jen sakoerang-koerangna sapèrlima tina modal maskape, gèdena sakoerang-koerangna sareboe roepia, andilna koedoe dibareull (dipiboga) koe anoe ngaradégkeun. Ari doeit segél tea anoe koedoe diloenasan koe noe ngaradégkeun maskape gèdena tina oenggal f 100.— modal anoe andilna dina waktoe maskape diadégkeun geus aja noe meuli, f 2.50. Tina modal anoe andilna tatjan aja anoe meuli f 0.25 pikeun oenggal f 100.—.

Tadi geus diséboetkeun, jen sapèrlimana tina modal teh gèdena sakoerang-koerangna sareboe roepia. Diadi modal maskape teh sakoerang-koerangna koedoe f 5000.—.

Dina waktoe maskape diadégkeun majar andilna meunang koe barang, djadi henteu koedoe koe doeit kèntjeng bae. Tapi dimana maskapena geus ngadég, majar kitoe teh koedoe karoedjoekan koe pasamoan anoe baroga andil.

Andil I.M.A. panghandapna pangadjina f 5.—; dina eta andil ngaran anoe bogana koedoe ditoelis. Djadi ngan anoe ngaranna kaséboet dina andil bae anoe boga hak kana eta andil teh. Harga andil koedoe diloenasan sakalian, teu meunang ditjitjil atawa dibajar wawarehan, sakoemaha anoe dimeunangkeun pikeun andil naamlooze vennootschap.

Hak boga andil meunang dipasrahkeun ka anoe sedjen, papada oerang Priboemi, dapon karoedjoekan koe Pangeroes. Hal teu koedoe ditjatét dina boekoe-boekoe maskape. Lamoen aja andil anoe ragrag kana tangan anoe lain bangsa Priboemi, pangadjina eta andil leungit.

I.M.A. teu meunang meuli atawa ngagade andilna sorangan.

Oenggal andil meunang bagian anoe saroea tina kaoentoengan maskape, tapi maskape teu meunang mere kaoentoengan atawa rente anoe ditangtoekeun. Djaba ti kitoe maskape teu meunang ngabagi kaoentoengan, lamoen dina nota itoengan (verlies en winstrekening) maskape aja keneh saldo karoegian.

Ari pangoroena I.M.A. teh mimitina mah ditetepkeun koe akteu bae, tapi saroesna meunang dipilih koe pasamoan anoe baroga andil; anoe meunang dipilih kana pangoroen ngan anoe baroga andil bae. Nja pangoroen anoe ngawakilan djeung ngoeroeskeun maskape sapopoë. Prak-prakanana ngawakilan meunang ditetepkeun dina akteu ngadegkeun.

Pangoroen diwadjibkeun oenggal taen ngajakeun bali-toengan, njeun balans djeung nota itoengan oentoeng-roegi. Salinan balans djeung nota itoengan oentoeng-roegi koedoe dikirimkeun doea-doea lambar ka Voorzitter Landraad tempat maskape dirégistérkeun tea.

Anoe baroga andil meunang ngawakilkeun ka noe sedjen (anoe pada boga andil) pikeun noengkoelan pasamoan anoe baroga andil. Oenggal anoe boga andil ngabogaanana sètem sakoerang-koerangna hidji, tapi boh pikeun manehna sorangan boh pikeun manehna djeung anoe diwakilan, henteu meunang leuwih ti 12 sètem atawa sapertiloe tina djoemlahna kabeh sètem.

Eureunna I.M.A. :

- a. Koe beakna waktue anoe geus ditetepkeun.
- b. Koe poatoesan pasamoan anoe baroga andil.
- c. Koe diboearkeun.
- d. Koe poatoesan Landraad (vonnis) anoe geus meunang didjalankeun, nja eta anoe ngoedoekeun hoetang-pihoetang maskape diberesan koe pangadilan.

Oepama maskape eureun koe lantaran hal-hal anoe kaséboet dina a djeung b hoetang pihoetangna diberesan koe pangoroen maskape sorangan, kadjaba oepama tjeuk pasamoan anoe boga andil koedoe diberesan koe noe sedjen.

Goepernoer Djendral kagoengan kakawasaan pikeun maréntah ngaboearkeun maskape, oepama katimbang perlöe patali djeung katéngtréman oemoem.

Kitoe deui maskape meunang diboearkeun ;

- a. Lamoen ngalanggar atoeran anoe patali kana hak milik tanah,
- b. Lamoen tjoekoep boekti-boektina, jen aja anoe lair

- oerang Priboemi ngabogaan andil atawa nitah migawe tanah maskape pikeun kapérloeanana.
- c. Lamoen hénteu njoemponan kana toedjoean anoe kasé-boet dina akteu ngadégkeun.
  - d. Lamoen eta maskape ihtiar pikeun ngoedag pamaksoedan anoe patoekang-toekang djeung oendang-oendang atawa kasopanan.

Oepama maskapena diboearkeun lantaran hal-hal anoe kitoe, hoetang-pihoetangna koedoe diberesan koe djéléma anoe diangkat koe Voorzitter Landraad.

Naamlooze vennootschap, koepërasi atawa pagoejoeban sedjen anoe hakna rechtspersoon Eropa, anoe dina waktoe atoeran I.M.A. mimiti didjalankeun geus araja, meunang menta dirobah didjieun maskape Priboemi noe make andil. Kitoe deui koepërasi Priboemi ance make dadasar anoe kaséboet dina Stbl. 1927 No. 91. Geus tangtue bae eta pagoejoeban-pagoejoeban teh satéroesna koedoe njoemponan sarat-sarat anoe ditétépkeun koe atoeran ieu, oepamana bae tina hal anoe ngabarogaan andil kabéh koedoe oerang Priboemi.

*Poestakamangsa.*

## *Ekonomi Rajat*

*dieusi roepi-roepi pitoedoeh bab dagang, tatanen saréng koepërasi.*

*Pangaos langganan f 0.60 dina génép sasih.  
Anoe ngalangan Parahiangan (f 1.50 sakoeartal)  
dihatoeranan Ekonomi Rajat pértjocmah.*

*BALE POESTAKA*

—

*BATAVIA-C.*

## KORAN „SIPATAHOENAN”

Di antara paesahaan-paesahaan anoe reana tanpa wilangan, aja saroepea noe kaitoeng beda gekekanana djeung loslosanana ti paesahaan sedjen, nja eta paesahaan koran. doemeh ieu mah babakoena njadiakeun kaboetoe rohani. Beda deui djeung oepamana noe moeka restoran, noe babalen koeda, noe ngadégkeun pabrik saboen, noe moeka bengkel mobil djeung djaba ti eta, anoe woengkoel ditjadangkeun pikeun njoemponan kaboetoe djasmani.


Sanadjan dina oeroesan „*commerciel*”, nja eta noe patali djeung oeroesan doeit moal djaoeh bedana tina oeroesan doeit di paesahaan lianna, ari patokan atawa tjawisan roepana „dagangan” mah beda deui padikana, sabab djaba ti oenggal kaloeur koedoe weuteuh teh — boh dina harti satjerevelena, boh dina harti këtjap indjeuman — koedoe anggër dipikarésép, dipikasono, malah dipikaboetoe koe noe meulina. nja eta langgananana. Poendjoelna ti kitoe, koedoe djadi panoengtoen, djadi obor djeung djadi poerah ngabedjaan. Ari noe panghesena, doemeh koedoe tjotjog djeung anggënanngën oemoemna noe matja, mangkaning anoe matja teh apan mangreboe-reboe, toer ilaharna mah kahajang djeung karésép djälëma teh sok beda-beda. Koerang-koerang bisana mah ngawoelaan djalma sakitoe teh matak taäk.

Sangeus bisa njoemponan sakoer anoe ditataan di loehoer, oerang koedoe ngingëtkeun gitik ratana kamampoehan anoe baris ngalanggan, ngira-ngira pihargaeunana, oelah mahal teuing nëpi ka matak woedoe noe boga karëp ngalanggan, tapi oelah moerah teuing, nëpi ka djadi karoe gian.

Sakitoe ari minangka loeloegoena tina oenak-anik paesahaan koran mah.

Hal eta, oepama nilik kana kamadjoenanana mah, koe „Sipatahoenan” (koran Soenda di Bandoeng) hënteu dilaworakeun soemawonna dipopohokeun, boektina ti taoen 1923 nëpi ka ajeuna teh ebreh ka batoer djënoek balarea hasil pagaweanana.

Pikeun pitjontoëun, ieu di handap dipëdar ringkësan sa-djarah kamadjoenanana.



Gedong „Sipatahoenan“ di Moskeeweg 28, Bandoeng.





## ARLODJI DARI ZWITSERLAND

Kamilah importeur jang  
mendatangkan



### ETERNA

arlodji jang ternama diseloeroch  
doenia, garantie 10 taheen.

### MIDO

arlodji 'adjaib, berdjalan sendiri  
dengan tidak dipoetar-poetar.



### AEGIS

djam anker jang baik dengan  
harga jang pantas.



Kepada orang jang bepekerdjaan  
tetap, kami soeka mendjoel  
dengan crediet (dengan menitjil).

*Mintalah daftar harga  
(prijscourant) kami.*



# Horlogerie Stocker Bandoeng

Tel. 2150

Braga 33

Tanggal 20 April 1923 „Sipatahoenan” mimiti kalocar di Tasikmalaja. Harita teh djadi poestakamangsa minggoean toer saban kalocar ngan salambar, anoe ngoeroesna para djoeragan Atmawinata. Ahmad Atmadja djeung Soetisna Séndjaja.

Teu lila ti harita, toeloej kaloeur doea kali dina saminggoe, sarta dina taoen 1930 mah djadi hariwarta (dagblad). Taoen 1931 pindah ka Bandoeng sarta heuleut sawatara taoen bisa meuli panjitakan sorangan. Dina taoen 1938 bisa njeun gedong pangadji f 22.500,— (djeung harga tanah djadi f 30.000), katambah koe ngagédean panjitakan.

Tah ieu lébah dieu pitjontoéunana teh. Hénteu oenggal paoesahaan, komo anoe waktoe diadégkeunana sasatna hénteu make modal mah, bisa madjoe tjara „Sipatahoenan”, da népi ka djiga didjieun nomér doea atawa nomér tiloe bab modal mah. Nomér hidjina: kadaek noe didadasaran koe témén wékél tjépét bënë. Asal tina keketrekan djiga anoe tamba teu aja gawe, népi ka djadi hidji paoesahaan anoe hénteu djaoeh tina „indoestri”.

Hénteu oenggal djalma bisa kitoe, tapi oenggal djalma koedoe njoba-njoba sing bisa kitoe.

---

*Tjek noe rësép ngandjoek: „Lamoen koering ngandjoek barang ti dicu, kira-kirana dibere atawa maal?”*

*Noe boga waroeng: „Lamoen aja noc nanggoengna mah sabaraha ge dibere.”*

*Walonna (salah ngarti): „Leuh, handjakal teu mawa rantjatan.”*

(LANDONG BAEUD II).


## HADJI ABDOELHAMID LABASO

Kétjap „oerang kampoeng baec lisoeng” di oerang djadi katjapangan anoe dikeunakeun ka oerang padesan. Rea anoe nganggap ka oerang padesan koerang kanjaho, teu aja kadaek djst. Padahal oepama koe oerang ditaloengtik, teu koerang-koerang oerang kampoeng anoe madjoe, tjara djoeragan Hadji Abdoelhamid Labaso, noe djénenganana di Téloek Tomini. Sèlebés Tèngah djeung Gorontalo geus mojan.. Sanadjan andjeunna oerang padesan hiroep di padesan, sakolana oge ngan oekoer sakola desa, tapi koe lantaran kèntjéng karép géde kadaek, teu boeroeng sakitoe madjoena.

Djoer. H. Abdoelhamid Labaso teh koe ramana diatik kana soedagar, da ramana oge soedagar, tapi sanggeus aja joeswa henteu seungguh milari djalan sedjen, geusan ngoedag kahiroepan anoe oetama. Kenging tanah kosong ladjéng tani, népi ka kagoengan kafapa mangreboe-reboe tangkal. Anoe asal tanah kosong teh djadi pohara barétahna, kawantoe dilémboeran nanaon. Taoen 1916 andjeunna diangkat kana kapala kampoeng Tiwaa anoe diadégkeun koe andjeunna tea, malah kadieunakeun kalawan tarekah andjeunna di dinja teh koe Pamarentah diajaan sakola desa : andjeunna pribadi ngadamél masdjid.

Teu sakoemaha djaoehna ti Tiwaa aja leuweung anoe kaina pohara mahalna pangadjina, nja eta kai anoe roepana hideung. Pikeun djéléma biasa mah hal ieu teu aja kapéntinganana, tapi pikeun djoeragan Labaso sasat méndak paesahaan anjar. Ajeuna andjeunna geus djadi exporteur kat eta ka Djé pang, Parasman, Inggris djeung Amerika. Paesahaanana beuki lila beuki madjoe, népi ka kapaksa koedoe ngakoetan koeli ti tempat sedjen djeung kadaharan ti dajeuh. Pikeun eta kapérloean andjeunna ngajakeun parahoe lajar. Kadieunakeun koe lantaran katimbang pérloe, parahoe lajarna didjieun parahoe motor. Koe kamadjoean paesahaanana, parahoe motor hidji teh henteu njoemponan. Nja ngajakeun deui. Ajeuna andjeunna geus kagoenganeuri tiloe parahoe motor.

Tjek saha oerang kampoeng baec lisoeng moal bisa madjoe?



Salahsawios kapal kagoengan djoeragan Labaso. Noe di djoeroe gambar andjeunna.

# SĒTJANALA

kenging ngagoerit  
DJOEDJOE

Sinom

1. Aja sahidji djëlëma, hēnteu kasēboetkeun soegih, ngar. oekoer hiroep meudjuehna, disēboetkeun ogē mahi, taja hoe-tang sadoeit, malah ngindjueumkeun ka batoer, ari ingon-ingonna, boga tiloe rakit moending, parantina narik padati djeung njawah.

2. Imah pageuh djeung meudjuehna, di boeroean bale leutik, paranti narima semah, bilikna dimata walik, reudjeung deui paranti, pamadjikanana ninoen, ari koeloneun imah. leuit reudjeung kandang moending, aja balong dipëlakan laeok emas.

3. Ngaranna Ki Sētjanala, boedina someah manis, bodjona Njai Nirmala, ampoch loenggoeh oelat manis, moetoeh kasēboet rapih, djeung salaki loeloes roentoet, sabagdja sätjilaka, sapapait samamanis, sakanjēri sakarēsēp sakatjoea.

4. Enggeus boga anak doea, awewe reudjeung lalaki. hidji Ki Sēmoe ngaranna, anoe awewe Nji Sari, doeanana rarapih, ka indoeng bapa nareroet, ari gawe Ki Sētja, anoe babakoe mah tani, boga hoema dina pasir sisi djalan.

5. Ki Sētja reudjeung bodjona, anak awewe lalaki, pada araja di hoema, sarta sararoecka ati, Sētjanala pribadi, handapeun koletjer nangtoeng, djeung bari heheötan, loeak-lieuk alak-ilik, gēde hate baris tjoekoel ngahoemana.

6. Ari pamadjikanana, ngoendeur barēng djeung Nji Sari, ngalasan njiar keur lalab, ngeusian ajakan leutik, bangoen sarēnang pikir, taja kapoesing kabingoeng, kotjap mangsa harita, aja ki soedagar soegih, djeung anakna noe ngaran Agoes Bēnawa.

7. Leumpang ngaliwat ka dinja, nendjo noe keur ngoendeur mipit, djeung nendjo noe tatanggahan, Bēnawa noël djeung seuri; „Ama itoe tingali, djalma noelak tjangkeng

nanngtoeng, handapeun koletjerna, sémoe sararénang teuing, loeak-lieuk sarta bari heheotan.

8. Koema rarasaanana, lelewa noe ieu aing, taja kasoekér kasoelah, asa aing beunghar soegih, pélekik djeung koemaki, angkoeh ngoengkoelan ka batoer, padahal moen ditimbang, saréng eta bae ali, noe dianggo koe ama dina panangan.

9. Kabeungharan eta djalma, mo aja saharga ali, sapa-rona oge moal, na' koe asa édir teuing!" Bénawa. teh ngéwih, ngoepat ka anoe keur nanngtoeng, sanggeus eureun ngoepatna, soedagar ngawalon seuri: „Eta djalma ngaranna Ki Sétjanala.

10. Ari noeroetkeun bedja mah, eta djalma tani soegih, ngan ama teu wawoeh pisan, oekoer kakara papanggih, sakali doea kali, moen paréng njaba ka lémboer, amprok djeung Sétjanala, ari itoe noe di pasir, Nji Nirmala bènér pamadjikarana.”

11. Koe ama geus kanjahoan, eta djalma ahli tani, imah-na gède meueusan, boga leuit djeung masigit, teu boetoe koe sadoeit, tjindékna mah djalma tjoekoep, hén-teu aja kakerang, waras badan tiis pikir, toer teu aja noe baris dikawoelaan.

12. Koe sabab kitoe tetela, lampahna ki djoeroetani, téngsing hiroep mérdika, dipaparin ténggrém ati, tina djalan saeutik, matak djadi soeka soekoer, ari moenggoehing ama, sare'at mah énja soegih, malah ieu ali dina ramo ama.

13. Ninggang lima ratoes perak, hargana sahidji ali, nitih sareboe noe doea, djaba eta rea deui, émas intén djeung doeit, nja pantès maneh takaboer, tapi moenggoeh batin mah, koe maneh tatjan kaharti, tjan kaboecka djéroanana noe énja.

14. Régépkeun hidép ajeuna, énja ama djiga soegih, harga barang reboe laksa, rea koeda sapi moending, tapi lamoen ditagih, hoetang koe ama ditaoer, sing datang ka poenahna, kawas-kawas moal mahi, paribasa beak ka léboe-léboena.

15. Djadi kabeungharan oerang, lamoenna témén dipikir, moal saharga tibangna, koletjer ki djoeroetani, noe matak mangka eling, hidép oelah rek takaboer, Ki Sétjanala bagdja,

tetela oerang noe do'ip." Ki Bënawa toengkoel bari sëmoe era.

16. Sabot bapana njarita, omongna kabeh kaharti, ka-boeka djëro-djërona, siboreng teu kalis soegih, moenggoeh tiisna pikir, teu koedoe di djalma djëgoed, kaharti ajeuna mah, Ki Soedagar ngomong deui: „He Bënawa ka hareup masing iatna.

17. Oelah sok njawad njatjampah, reudjeung koedoe dja-di pikir, wadjib oerang teh kabita, koe lampah Ki Sëtja tani," Bënawa nembal isin: „Lërës pisan sapiwoeroek, malah oepami tẽmpag, koering rek diadjar tani, rek goegoeroe ka itoe Ki Sëtjanala."

18. Ki Bënawa kaidinan, toeloej teu talangke deui, harita keneh njarimpang, ka saeong ki djoeroetani, koe Ki Sëtja ditampi, diakoe disoegoeh-soegoeh, Njai Nirmala olah, saaja-aja di pasir, sangoe liwët sambël djeung lalab teu tinggal.

19. Reres dahar tjek soedagar: „Kakang noehoen liwat saking, soesoegoeh adi katëda, ni'mat asa djadi daging, akang kakara manggih, ponjo dahar tjara kitoe," wangsoelna Sëtjanala: „Noehoen oepami katampi, matak isin toeang teu aja rentjangna."

20. Katjatoer geus liwat asar, ti hoema wantjina balik, Sëtjanala djeung Nirmala, Ki Soedagar kitoe deui, Bënawa sëmoe sarf, ti pasir pada taroeroen, moelang ka pilẽmboeran, soedagar maksoedna meuting, ngadon ngendong di imahna Sëtjanala.

### Magatroe

21. Katjatoerkeun geus di arimah ngarioeng, soedagar disoegoeh ngopi, ngaleueut papajoen-pajoen, tjek soedagar ka priboemi: „Poentën akang bade naros.

22. Doemeh adi katingalna hiroep tjoekoe, akang teh soemëdja wirid, njoehoenkeun piwoeroek elmoe, soegan nganggo djimat matih, malar sagala kalakon.

23. Rehna aja bedja sarta ënggeus mashoer, magar aja djampe matih, adjian gampang disëboet, ari watëk eta adj, kaboel sagala kahojong."

24. Sétjanala ngawangsoel barina imoet: „Koetan aja djampe matih, sim koering tatjan goegoeroe, ngan sok radjeun oge ngoeping, saréng matja paririmbom.

25. Tapi pikir koering teu sédja ngagoegoe, noe teu kaharti koe boedi, sanadjan diséboet elmoe, moen andjeun palaj tingali, lampah koering noe sajaktos.

26. Malar gampil sadaja teh kédah roentoet, hēnteu pasalia pikir, saréng bodjo silih asoeh, silih pihapekeun diri, sakaboga sakabogoh.

27. Pagawean pada énggeus gadoeh bakoe, noe pantés hantjaeun istri, ngoeroes imah ngoeroes dapoer, poen bodjo hēnteu digeuing, hidéng koe sabab geus ngartos.

28. Geus térangeun jen awewe kédah kitoe, hēnteu diparentah deui, koering tara miloe-miloe, kana kapérloean istri, eta kitoe noe sajaktos.

29. Taja deui djabi ti djeung bodjo roentoet, mandjoer batan djampe matih, djampe mah ngan woengkoel tjatoer, modalna noe ngagiringsing, rereana omong kosong.

30. Rea djalma noe dagang djampe djeung doejoeng, magar maneh matak soegih, koe akal hēnteu katimoe, moen énja ge matak soegih, meureun manehna geus rebo.

31. Ki soedagar njaoer deui bari imoet: „Kakang pèrtjantèn teh teuing, kasaoeran adi kitoe, tapi kakara kaharti, ari tadina mah ngesto.

32. Sajaktosna kakang teh rēmēn goegoeroe, djampe dagang reudjeung tani, tatapi sakabeh loepoet, dagang tani hēnteu boekti, toengtoengna kakang meh potol.

33. Ajeuna mah oelah kapalang ngawoeroek, kakang soemédja ngamoerid, oelah katanggoengan lakoe, da adi mah énggeus boekti, koe kakang oge katendjo”.

34. Sétjanala ngawalon pokna: „Soemoehoen, salahiran geus kakoe ping, nanging njanggakeun bēbēndoe, koering teu gadoeh pangarti, roemaos djélēma bodo.

35. Soemawonna lampah dagang mah tjan timoe, sana-ojan lampahing tani, roemaos rea noe loepoet, boekti ngan saeokoer mahi, tiap tjoekoep anak bodjo.

36. Noe dimaksoed ngan saeokoer tjoekoep hiroep, hēnteu pisan niat leuwih, koe sakieu oge soekoer, moenggoeh



pamanggih sim koering, djeung andjeun mo sapagodas.

37. Adjengan mah meureun agéng koe dimaksoed, poerwana rea kapoesing, adjengan beunghar kamashoer, dagang modal laksa kēti, nanging saengeling wartos.

38. Ka adjengan rea djalmi noe ngadjēbloeg, eta pangintēn sim koering, gagabah maparin ngandjoek, sok ngaogoe tjatoer manis, teu dimanah langkoeng paos.

39. Sarēng deui kēdah asak ngidjir ngitoeng, barang anoe bakal raris, noe datangna ti noe djaoeh, sing asak ngitoeng keur bati, oelah sagala darapon.

40. Tapi oelah mastikeun noe tatjan pajoe, gantjang kana njokot bati, ahirna sok djadi bingoenng, hanas batina teu 'hoekti, pangnjokotna njosok djero."

#### Asmarandana

41. Noe dagang teh ngarah bati, kitoe ge koedoe pērjoga, ngagehar, ka anoe sedjen, pada ngarah kaoentoengan, djadi koedoe meudjehna, kadjeun leutik meunang oentoeng, soepaja gantjang pajoena.

42. Nadjan gēde meunang bati, oepama ngan ti saroeapa, matak ngeumbreuk barang sedjen, hēnteu toeloes pangōentoengna, seuseut golangna modal, oelah ngarawoe koe sikoe, oelah hajang kokomoan.

43. Eta ēnggeus djadi hoekti, noe gēde teuing pangarah, loeangna sok tambah tombok, taja batan sameudjehna, nja ngarah kaoentoengan, dipalar wajēng teu poetoos, nadjan ipis tapi rea.

44. Bati ipis barang raris, eta noe leuwih mangpaat, batan ngarah bati gēde, tapi dagangan katahan, sasat djadi tipēlag, ēmboeng moendoer hese madjoc, toengtoengna teh potol pisan.

45. Dina ngidjir oentoeng roegi, oelah sok hawēk pibanda, komo bari ngopet koret, sabab anoe koret tea, nadjan beunghar teu moelja, nadjan djēgoed maal loehoer, martabatna tētēp hina.

46. Teu kalis koe soegih doeit, teu poenah koe beunghar oeng, tētēp toekang tadah pojok, poerah dioepat dihina, didjieun kaheureujan, dipake boekoer wawadoel, pake sēnggak gogondjakan.

47. Rea deui noe kapanggih, djëléma anoe pibanda, wa-  
tëkna ngan koret bae, sanadjan rea doeitna, lëbar rek nga-  
daharna, keur nadah djalma noe boetoe, anoe ngamoe-  
moerah barang.

48. Ngarah meuli bari djëpit, ngandjoekkeun bari kari-  
nah, njatoe karo oejah bae, lain sabab hënteu aja, ngan  
nja'ah ngadaharna, kadjeun diomongkeun batoer, barangpa-  
ke teu mangroepa.

### Dangdanggoela

49. Ki soedagar njeuleukeuteuk seuri, ngadengekeun do-  
ngeng Sëtjanala, njaritakeun anoe koret, tatamoe teh ka-  
joengjoen, koe loetjoena dongeng priboemi, toeloj Ki Së-  
tjanala, noelojkeun pitoetoer, njaritakeun hidji djalma, koret  
ngopet ngaranna Ki Djajakarti, rosa meulian beas.

50. Reudjeung pare pirang<sup>2</sup> leuit, harita teh pare moerah  
pisan, kabënëran taen hade, panen pohara tjoekoel, djalma<sup>2</sup>  
teu pati apik, pare dimonjah-monjah, da rasana tjoekoep,  
teu ngingëtkeun ka hareupna, doemadakan bët toeloj pa-  
rëng patjéklik, beas mahal katjida.

51. Sarerea soesah njlar ridjki, soeksroek-saksrak saakal-  
akalna, tambah bangët ngoejangna teh, teu ngari tangkal  
kawoeng, ditoearan koe abdi<sup>2</sup>, diarala sagoena, direumbeuj  
djeung sangoe, taja tjëre taja këtan, hënteu kari iwoeng  
gombong awi tali, soemawon beubeutian.

52. Lëmboer sangar djadi rea paling, koe bawaning ba-  
ngëtna paila, djëléma teu kaop bongoh, noe maling saban  
waktoe, desa koesoet watëk patjéklik, teu aman koe doer-  
djana, ngagoegojoer lëmboer, somah ranghap koerang tëda,  
matak watir koe ngearna boedak tjeurik, teu kawawa koe  
lapar.

53. Deungeun<sup>2</sup> pada soesah pikir, Djajakarti noe soeka  
sorangan, kabënëran rea pare, tapi teu pisan noeloeng, nga-  
djoernalna dieutik-eutik, ngarah kana mahalna, sarehna ka-  
itoeng, jen majëng madjoe ka mahal, kahajangna pare har-  
gana sadatjin, pajoe opat roepia.

54. Ngan hadena Pamarentah tampil, rikat noeloeng ka  
anoe sangsara, boh koe beas boh koe pare, ti nagri noe  
djaraoeh, didatangkeun ka noe patjéklik, atoeu teu koengsi

lila, rajat teh katoeloeng, poelih deui sabiasa, lēmboer mahmoer gēmah ripah loh djinawi, teu koerang sandang pangan.

55. Leuit Djajakarti masih boentjir, sarta pinoeh keneh goedang beas, ngan oekoer kakara tjoetjeng, manehanana bingoeng, geus roemasa jen bakal roegi, harga kaboeroe moerah, meh teu pati pajoe, lantaran patjèklik moesna, toeroeg-toeroeg koe panen kasamboet deui, atoe pinggès modalna.

56. Eta kitoe noe sok hajang leuwih, koedoe datang ka mahalna pisan, teu ingèt kaboeroe panen, sampoernaning noe hiroep, koedoe bae aja hawatir, sanadjan anoe dagang, hoesoës ngarah oentoeng, tatapi koedoe meudjuehna, noe katjida teuing nja ngarahna bati, toengtoengna roegi pisan.

57. Reudjeung deui masing ati<sup>2</sup>, ari dagang kadjeun leutik modal, soepaja djalanna hade, dēmi noe matak koesoet, tina rea anoe dipikir, rēsēp ngandjoek ngahoetang, banda batoer noempoek, toetoeplet hoetang kari hoetang, hartina teh naer beunang ngandjoek deui, malar meunang saoesap.

58. Rea djalma dagangna ngilinting, tina sabab djalma kitoe tea, pindah-pindah hoetang bae, toengtoengna jadi noempoek, geus teu poegoeh modal djeung bati, tambah djadi bingoengna, hoetang teu kataoer, ngandjoek taja noe mērtjaja, toengtoengna teh potol atawa pailit, tapi saha noe salah.

59. Ngawangkongna nēpi ka djanari, Ki Soedagar reudjeung Sētjanala, doeanana pada pogot, hēnteu ngarasa toendoeh, katjatoerkeun isoekna deui, Ki Soedagar pamitan, sēdjana reh wangsoel, soedagar moelang sorangan, geus brai moelang Ki Bēnawa hēnteu balik, matoeh di Sētjanala.

60. Ki Soedagar djadi njobat dalit, saniskara kala-koeanana, koedoe bae silih-taros, alah batan djeung doeloer, Ki Bēnawa nja kitoe deui, antek pang goegoeroena, saniskara lakoe, sarta parēng djeung djodona, dikawinkeun Ki Bēnawa ka Nji Sari, roentoet sapapandjangna.

TAMAT.

# BATJAN BAROEDAK

OEDJANG PALOES NJIAR ELMOE

karangan

Rd. WARGASASMITA.

Asmarandana

Aja dongeng pikeun misil, tjarita pikeun toeladan, sanadjan lalakon bohong, tapi hade keur ibarat, ngeunteungan awak oerang, njaritakeun Oedjang Paloes, noe neangan kasaktian.

Manehna teh boga oetjing, sakadang Litjik ngaranna, oetjing nja bageur nja apet, katjarita hidji mangsa, Paloes teh lalamoenan, hajang djadi djalma poendjoel, sakti teu aja tandingna.

Lila ngahoelēngna mikir, mikiran pikeun tatanja, saha atoech noe poendjoel teh, noe pangsaktina di doenja, geus lila ngahoelēngna, kapikir koe Oedjang Paloes, jen srangenge noe kitoe mah.

Sabab srangenge mah sakti, hamo aja noe ngoengkoelan, boa sanadjan peuting ge, moen srangenge djalan-djalan, boemi alam teh tjaang, tidinja Paloes poeng ngapoeng, ka srangenge rek tatanja.

Barang ka srangenge nēpi, sila di hareupeunana, pok ngomong panonpoē teh : „Bagea teuing mānoesa, djaoeh-djaoeh ti handap, datang ka koering di loehoer, naha naon noe disēdja ?”

Paloes nembal sémoe isin, njaritakeun pamaksoedan, jen eukeur njar kasakten, toöngan teu aja lian, djaba ti srangenge mah, eta noe dianggap poendjoel, pangkawasana di doenja.

Srangenge njikikik seuri, toeloj ngomong lalaoenan: „Oedjang oelah njëri hate, koering teu bisa njoemponan, kana pamenta Oedjang, teu bisa ngawoeroek elmoe, da aja noe leuwih bisa.

Reueuk poendjoel batan koering, sanadjan koering keur mëntjar, tjaang njorot têngah poë, tapi lamoen datang mega, ka koering ngahalangan, komo moen kandël ngalipoet, sorot koering kahalangan.

Lamoen Oedjang hajang sakti, mënding goegoe-roe ka mega, sabab eta noe poendjoel teh, sarta Oedjang moega oelah, ka koering salah sangka, njangka jen ngoretkeun elmoe, estoe hënteu pisanpisan.”

Paloes pamit toeloj indit, loemakoena gagan-tjangan, kotjap djeung mega geus amprok, eukeur ngaleut leuleumpangan, Paloes di hareup mëgat, toeloj mega eureun ngapoeng, sarta ka Paloes tatanja.

Pok Paloes ngawalon sidik, ditetelakeun maksoedna, malah tas ti panonpoë, dibedjakeun samongna, jen panonpoë tea, geus tarima eleh poendjoel, kaoengkoelan pangawasa.

Reueuk njeuleukeuteuk seuri, gogodëg pok ngawalonan: „Leuh euleuh maksoed Oedjang teh,

lain maksoed leuleutikan, tapi matak handjakal, sabab koering hēnteu sanggoep, ngawoeroekan kasaktian.

Sabab aja anoe leuwih, batan koering kabisana, koering koe eta mah eleh, angin eta teh ngaranna, koering teh koe angin mah, sanadjan eukeur nga-goeloeng, sok ditioep mani poejar.

Djadi lamoen hajang sakti, koedoe ka angin nanjana, eta noe boga kasakten." Paloes pamitan djoeng miang, ka angin rek manggihan, eukeur loempat ngagēlēboeg, angin koe Paloes dioedag.

Bari digēroan tarik, atoeah angin eureun heula, bari djeung rada morongos, koe sabab aja manoe-sa, wani ngeureunkeun loempat, gantjangna Paloes sasadoe, ka angin menta hampoera.

Lantaran geus koemawani, ngeureunkeun anoe keur loempat, sarta bari toeloej ngomong, ngawaktjakeun pamaksoedan, malah mēntas ti mega, eta noe mere pitoedoeah, jen koedoe ka angin nanja.

Angin teh seuri ngagikgik, sorana teh mani njeah, sarta hēnteu lila ngomong, toer pasēmon noe handjakal : „Handjakal pisan Oedjang, hanas djaoeh ge didjoegdjoeg, ari datang toeloej gaplah.

Sabab bēnēr oge koering, moen nēbak reueuk sok poejar, tapi aja keneh bae, noe batan koering poendjoelna, koering oge teu koeat, moen koedoe moejarkeun goenoeng, bēdasna kabina-bina.

Sanadjan sareboe kali, koe koering ditaradjan-  
ngan, goenoeng teh sok tagĕn bae, hĕnteu obah-  
obah atjan, koering roemasa taak, moen Oedjang  
arek goegoeroe, koedoe ka goenoeng datangna."

Geus ngomong kitoe mah angin, toeloelj tĕroes  
loemakoena, ninggalkeun Paloes noe bĕngong,  
bĕngong koe bingoeng pikirna, hanas anggong di-  
teang, ari ieu kabeh loepoet, moebadir nja lalam-  
pahan.

### Sinom.

Tapi da Oedjang Paloes mah, lain boedak noe  
djĕdjĕrih, tara mopo tĕngah djalan, moen mak-  
soedna tatjan hasil, pikirna tatjan tiis, panasaran  
moen tjan toctoeg, kitoe deui ajeuna, rasana ka-  
palang indit, hajang toetoeg tjing rek nĕpi ka koe-  
maha.

Tjape-tjape oge miang, njatjapkeun karĕpna ati,  
njar goenoeng panggĕdena, loehoer meh antĕl ka  
langit, katjatoerkeun geus nĕpi, adoe hareupan  
djeung goenoeng, toeloelj Paloes popoan, sakoe-  
maha maksoed tadi, jen neangan elmoe poendjoel  
kasaktian.

Goenoeng tea pok nembalan, omongna : „Leuh  
watir teuing, boro mah koekoerilingan, nĕpi ka  
ngapoeng ka langit, ka panonpoĕ ngoengsi, reueuk  
djeung angin didjoegdjoeg, nĕpi ka dieu pisan.  
handjakal kaliwat saking, sabab koering moal ka-  
doega noeloengan.

Ari anoe djadi sabab, lain koering hēnteu watir, ngan roemasa masih toena, bēnēr ge ngelehkeun angin, tapi aja noe leuwih, koering ngalawan teu mampoeh, awak sok diliangan, dikorowek pake meuting, moesoeh tea sakadang beurit ngaranna.

Beurit tjantoeng <sup>(1)</sup> anoe gaksak, ngaliang di tēmpat soeni, awak koering dikoekoejan, ka eta koering teu mahi, moen Oedjang hajang sakti, djoeng tēpoengan beurit tjantoeng, manehna tang-toe bisa, heug dido'akeun koe koering, moega Oedjang sing laksana pamaksoedan."

Oedjang Paloes hēnteu lila, ti goenoeng geus indit deui, beurit tjantoeng noe disēdja, barang geus amprok papanggih, Oedjang ngomong ka beurit, sakoer maksoed noe dikandoeng, djeung sakoer lalampahan, anoe geus kalakon tadi, beurit tjantoeng antēng ngabandoenganana.

Barang tamat noe popoan, beurit ngawalon ngalēngis: „Beu Oedjang handjakal pisan, moen arek goegoeroe sakti, atoeh lain ka koering, sabab koering mah baliloe, bēnēr sok ngaliangan, goenoeng dikoekoej koe koering, tapi aja ka koering, anoe ngoengkoelan.

Ari noe ngoengkoelan tea, sipatna sakadang oetjing, reh oepama ka eta mah, koering teh bangēt teu wani, boro-boro papanggih, nendjo ge koering mah njoempoet, atoeh geura koemaha,

---

(1) Beurit gēde di leuweung.



lamoen oetjing nendjo beurit, karēpna teh hajang ngērēwēs ngahakan.

Djadi moen Oedjang tatanja, mēnding ka sakadang oetjing, eta noe baris miwēdjang, elmoe anoe poendjoel sakti, geura bae djoeng indit," omongna beurit sakitoe, Paloes toeloelj mikiran, arek ngadatangan oetjing, ras kapikir jen manehna oge boga.

Oetjing anoe itjeus pisan, di imah ngaran Si Litjik, toeloelj Paloes gagantjangan, moelang nē-poengan Si Litjik, ongkoh geus lila teuing, oeprak-aproek njiar elmoe, gantjangan bae datang, Paloes tēpoeng djeung Si Litjik, ka oetjing teh bangoen anoe sono pisan.

Nja kitoe deui oetjingna, doemeh lila tēu panggih, sanggeus eureun sosoan, Paloes pok ngomong ka Litjik, ngēdalkeun maksoed ati, malah mani oeprak-aproek, ka srangenge ka mega, ka angin ka goenoeng ngoengsi, djeung ka beurit toengtoengna ka oetjing pisan.

Dipapaj hēnteu kaliwat, lalampahanana tadi, nja kitoe deui maksoedna, antēng ngarēgēpkeun Litjik, barang tamat poepoelih, Litjik ngawalon djeung ngoengoen, bangoen soesah katjida, malah djeung bari ngalēngis : „Deudeuh Oedjang hawatos koe aja maksad.

Koering teh ingoeran saha, apan beurang reudjeung peuting, hēnteu matoeh di noe lian, matoeh di Oedjang pribadi, nēda nja kitoe deui, apan Oedjang anoe ngoeroes, djadi antara oerang, noe

poendjoel teh lain koering, tapi Oedjang pribadi anoe poendjoel mah.

Tapi saloehoereun Oedjang, aja anoe poendjoel deui, nja eta iboe djeung mama, djadi tjek ingĕtan koering, asa teu aja deui, noe koedoe dipake goeroe, djaba ti indoeng bapa, djeung ongkoh eta noe wadjib, moal aja goeroe noe leuwih oetama."

Kitoe Litjik teh omongna, koe Oedjang Paloes kaharti, toer ĕnja taja salahna, jen taja goeroe noe leuwih, djaba indoeng pribadi, djeung bapa koedoe ditoeroet, sagala papatahna, sababna anoe geus pasti, indoeng bapa moal mapatahan djahat.

Sarta pangna mapatahan, ngarah walagrina diri, soepaja salamĕt anak, hĕnteu pinanggih balai, sarta gĕde rĕdjĕki, noe dipambrih hiroep moeloes, oelah aja kakoerang, lain mambrih sina sakti, da djalma mah hĕnteu boga kasaktian.

Noe sakti mah ngan Pangeran, Goesti Anoe Sipat Asih, anoe moerah ka mahloekna, djalma mah taja noe sakti, ari minangka sakti, nja eta noe hiroep moeloes, teu koedoe beurat beunghar, asal tjoekoep sarta mahi, toer teu aja kasoelah noe dipikiran.

Dibarĕngan waras badan, kasartaan tiis pikir, tibra sare ngeunah dahar, koe babatoeran diasih, taloenganan moen sakti, toengtoengna matak takaboer, rasa maneh kawasa, koemaki roemasa sakti, toengtoengna teh tiwas koe polah sorangan.

Tamat

# KOEDOE HADE LAMPAH

ASMARANDANA.

Eu-lis oedjang sing areling.  
s-aënggoning tjoemarita,  
i-ngët oelah kadolongsok,  
n-oenda wadjib ngoedag soenat,  
a-sal ngarasa sèngang,  
A-marah dioembar tèroes,  
l-ali kana kawadjiban.

m-oen teu arek ti leuleutik,  
a-tawa teu ti boeboedak,  
n-eangan lampah noe hade,  
a-ndjogna matak balangsak,  
k-adangkala bahaja,  
k-apan tjarek anoe loehoeng,  
a-noe katèmpoehan raga.

l-antaran kitoe hëug eulis,  
oe-djang pon nja kitoe pisan,  
a-malkeun lampah noe hade,  
r-ègèpkeun sing ènja-ènja,  
a-wal ahir karasa,  
n-aon sakoer noe diipoek,  
B-oeahna moal njalahan.

a-noe djadi djédjër boedi,  
l-akoe lampah sing iatna,  
e-ta noe djadi papagon,  
P-apagon oerang noe gèlar,  
oe-moemna ka sasama,  
s-ing rèsèp noeloeng noe boetoeh,  
t-atalang ka noe keur soesah.

a-koer roentoet djadi hidji,  
k-a pangkat ka oerang desa,  
a-tawa ka bangsa sedjen,

d-oemoekna mah pan saroea,  
i-eu itoe teu beda,  
B-eda soteh tjeuk noe njëboet,  
a-tawa oekoer sangkaan.

t-atapi oelah pahili,  
a-ja anoe salah paham,  
w-ët toeloj kadalon-dalon,  
i-ngët doemeh hënteu beda,  
e-ta mah salah rampa,  
s-eug teu make oendak-oesoek,  
t-eu aja tata karama.

oe-pama oedjang djeung eulis,  
n-eundeun sipat kahadean,  
i-nggis djeung rempan teh towong,  
ng-antjik dina kasénangan,  
p-aanggang djeung doerdjana,  
ë-nggon noe hasoed padjaoeh,  
p-euting diëmpling beurang hegar.

ë-nggeus arek naon deui,  
k-oe kitoe ge hiroep moelja,  
r-ea këtan rea këtön,  
eu-weuh goenana keur oerang,  
dj-eung batoer patjengkadan,  
eu-sina moeng rea moesoeh,  
ng-oekoet amarah djeung moerka.

m-eungpeung ajeuna tjan lalis,  
a-nggoer heug geura ngomean,  
ng-agoeroe ka lampah hade,  
p-igeusaneun oerang gëlar,  
a-ndjogkeun masing njata,  
a-ntjikkeun hate sing estoe,  
t-oetoegekkeun masing kahontal.

M. E. Tedja.

# PANGAWĒROEH ISTRI

## OROK

Doeka koemaha subabna mah, tapi geura pek rarasakeun, oepama oerang ningali orok montok bangoen sêgêr, keur sare, tibra mani ngagcubra, hate teh bêt asa miloe aman, sakédapan lir kaasoeupan koe rasa kërta, têngtrêm tingtrim goemoeloeng asihing wêrdaja. Ramo Si Baji, leutik laloe-tjoe, bérésih bangoen baleuneur, ngeupeul meureup sémoe pageuh, leungeun nikél lébah sikoc, peureup noempang kana anggél. Soekoena ti lébah toeer mités ka djéro, ping-pingna boeleud bahipoeng.

Tah, lamoen nlingal orok eta, heug rasakeun, mani djiga ngadjirim sasmita kértaning rat bocana, ngawoedjoed dina waroega orok noe keur sare tibra, soewoeng tina kabingoeng hiroep, bebas tina kalaraan djagatraja, pèrbawa ati djeung pikir noe soetji, orok noe tatjan aja dosana. Ibarat daging satocmpoek, noe teu daja teu oepaja.

Djalma noe beunghar koe rasa, dina ningal orok montok sare tibra teh tanwande kaantjikan koe rasa eta.

Heug koe oerang awaskeun.

Sirahna, leuwih gède oepamana dibandingkeun djeung awakna, népi ka aja saparapatna tina awak tea. Ari kolot mah tatandingan gédena sirah kana awak teh 1 : 8.

Emboen-emboenan orok biasana sok emboet-emboetan, sabab di lébah dina mah sirah teh atjan toelangan, teu tjara sirah kolot noe didjadikeun koc sawatara toelang — diséboetna tangkorek.

Sirah boedak mah djaba ti toelangna ngora keneh teh, patjakoepna oge henteu rekep, ja noengtoet ngolotan djeung ngarekepan. Eta ge noe dina emboen-emboenan tea, toelang sirah teh rénggang keneh, ngamimitian rapétna, éngke dimana boedak geus oemoer 18 boelan. Lébah emboen-emboenan tea pangna emboet-emboetan teh doemeh kabéréngar djeung obahna djadjantoeng.

Para iboe rea noe teu wanieun ngosokan orok lébah ém-boen-émboenan, oepama keur dimandian; tapi ari saénjana mah teu koedoe inggis-inggis teuing, dapon sing ati-ati bae, sarta koedoe didjaga, oelah népi ka kadagor.

Orok noe kakara dilahirkeun aja noe gomplok boeoezna djeung aja noe tjoeriwis, malah radjeun aja noe goendoel pisan. Tampolana warnana boeoeke oge sok robah, oepama boedak tea ngagédéan.

Koelit orok biasana sémoe beureum, awakna mongplo baroeleud. Pandjangna kira-kira 50 cm, beuratna 6 atawa 7 pon (3 à 3½ kg). Oenggal-oenggal boelan pandjangna sok nambahan kira-kira 2 cm, djadi boedak oemoer sataoen teh pandjangna kira-kira aja 75 à 80 cm.

Sawatara poë ti sanggeus didjoeroekeun, beuratna sok ngoerangan, tapi sanggeus oemoer 10 poë beuratna sok poelih deui, sakoemaha keur kakara brol, sarta satoeloejna sok nambahan.

Boedak noe waras, ngagédéanana majéng toer anggër. Lamoen oemoerna geus 6 boelan, beuratna sok kira-kira doea kalieun barang brol, djadi koerang leuwih 6 à 7 kg; dina oemoer sataoen beuratna teh kira-kira aja tiloe kalieun barang brol, djadi koerang leuwih 9 à 10 kg.

Nambahan atawa ngoerangan beuratna boedak tea koe oerang pèrloe dikanjahokeun, sabab ieu teh aja patalina djeung tjageur-gèringna atawa bongsor-koentetna boedak.

Pikeun nganjahokeun hal eta, boedak teh pèrloe ditimbang saminggoe sakali dina poë noe anggër, oepamana bae oenggal Kémis. Ari ditimbangna koedoe memeh disoesoean.

Lamoen boga timbangan pikeun nimbang orok di imah, hade ditimbang koe oerang pribadi oge, tapi lamoen teu boga mah hade dibawa ka *Consultatiebureau voor Zuigelingen en Kraamvrouwen* (Kantor panalinaan pikeun orok djeung aweue noe hoedang ngadjoeroe). Kantor saroepea kitoe, ajeuna mah meh di oenggal tempat noe aja klinik bae sok diajakeun.

Oenggal tas ditimbang, koe oerang koedoe ditjatétkeun beuratna, kitoe deui ngoerangan atawa nambahanana, sa-

koemaha tjonto noe diberendelkeun dina daptar di handap ieu:

Ngaran boedak: Hadidjah		Didioeroekeun: 1 Mei 1941					
Tanggal ditimbang	Beuratna		Nambahan		Ngoerangan		
	Kilo	gram	Kilo	gram	Kilo	gram	
8 Mei 1941.....	3	335	—	—	—	—	
15 Mei 1941....	3	300	—	—	—	35	
22 Mei 1941.....	3	430	—	130	—	—	
29 Mei 1941.....	3	560	—	130	—	—	
5 Juni 1941.....	3	564	—	4	—	—	
Djeung satëroesna							

Hadena pisan, eta daptar teh ditambahan koe gawangan pikeun njatélkeun *pandjangna* orok sarta di handapna diajakeun gawangan pikeun roepa-roepa tjetétan noe aja patalina, oepamana bae barang-daharna katoet roepana kadaharan, mimitina bisa nangkoeban atawa dioek, mimiti djadi hoentoe, titimangsa dikoerisan, poëan disapih njoesoe dj.s.t. Tjindékna saniskara noe sakira mangaroehan kana moron-todna boedak. Ari perloena, lain ngan djadi katoweksaan pangraksa indoeng ka anak bae, tapi oepama népi ka aja roengsing paroelsingna boedak teh, oerang leuwih babari nangenan marga lantaranana. Oepamana bae: naha ieu boedak geus oemoer opat boelan atjan bisaean nangkoeban-nangkoeban atjan, naon sababna? Koe nitenan tjetétan-tjetétan tea, orang leuwih babari maloeroeh lantaranana, da boedak mah apan teu bisaean ngomong, teu beunang ditanja.

Ari gawe, orok mah — komo noe anjar didjoeroekeun — ugan sare, teu noli sagala roepa noe kadjadian di kentja katoehoeunana. Sare, njoesoe, tjeurik djeung ngotoran pokok kabisana.

Tjeurikna boedak teh noeroetkeun bakatna. Aja orok tjengeng, meueus-meueus tjeurik, aja deui orok noe pohara langkana tjeurik. Saénjana tjeurik teh aja hadena, sabab bajahna kaawekeun, bisa ngadjadikeun waras toer koeat. Tjeurik tea beunang oge dianggap pangadjaran mimiti pi-keun ngomong, malah beunang diséboetkeun, jen orok mah ngomongna teh koe tjeurik.

Orok tea, sanadjan teu daja teu oepaja oge ari rasa mah geus boga, boektina, lamoen tiriseun sok tjeurik, ditjotjo sireum sok tjeurik, lapar tjeurik deui bae. Oepama aja orok soengoetna dioelasan noe haseum-haseum, beungeutna geus tangtoe kéroeng bari toeloej tjeurik, moen kolot mah meureu kieu pokna: „Alah, naon ieu teh, asa kararieu teuing?”

Barang borodjol mah orok teh teu nendjo teu ngadenge. Masing katodjo koe tjahja noe matak serab oge moal meureudeuj, Patali djeung eta oerang koedoe ati-ati, oelah népi ka panon boedak roeksak sarapna koe sinar.

Dina koerang leuwih oemoer saminggoe, sanggeus bisaeun ngagilirkeun beuheung, boedak teh panonna sok ngagilér, oepama nendjo noe tjaang-tjaang. Oemoer opat minggoe, lamoen oerang njoö damar di hareupeun orok, panonna tangtoe goelar-gilér noetoerkeun damar noe ditjoö tea. Oemoer tiloe boelan, boedak teh geus „bisaeun nendjo.” Sarap panonna geus mimiti bisaeun digawe babaréngan djeung pantjadria noe sedjen. Tjontona, oepamana bae barang ragrag, boedak teh sok toeloej ngalieuk ka lébah rag-ragna barang tea; eta djadi tanda, jen sarap tjeuli djeung sarap panon digarawe.

Ti barang borodjol népi ka sawatara poë, tjeuli orok teh atjan bisaeun ngadenge, lantaran sarapna kalampoedan keneh saroepa tjatjai, tapi sanggeus tjatjai tea tochoer mah, kira-kira sanggeus doea minggoe ti tas dilahirkeun, boedak teh bisaeun ngadenge.

Oepama orok geus mimiti roroësan, eta tandana geus mimiti hajangeun oelin, hade oepama dibere tjotjoöan, ari memeh bisaeun kitoe mah oelah dibere.

Tjotjoöan tea, oepamana bae kértas ramboe-ramboe noe warnaan, gengge atawa bola-bola noe soraan. bal atawa



naon bae asal oelah bangsa, noe beurat, noe seukeut atawa noe teuas. Aloesna digantoengkeun loehoereun paranti sarena, tapi kade oelah lémpéngan teuing panonna (beungeutna) matak riuet boedakna. Aloesna kira-kira lémpéngan pingpingna, loehoerna kira-kira bae.

Oepama orok keur sare, patjoean digandengan, sabab djaba sok toeloej hese disina tibrana deui teh, oepama boedak séring kageuingkeun koe gandeng, sok rendjagan, malah radjeun sawan (kaget toeloej géring).

*Aminah.*

PARA IBOE NOE NJAAH KA POETRANA  
TANGTOS NGAGALEUH BOEKOE IEU :

Masakan djeung Amis-amis .....	f 0.50
Widoeri .....	„ 0.80
Hal Ngoeroes Orok .....	„ 0.12
Ngoeroes Boedak Noeroetkeun Kawarasan ...	„ 0.25
Pitoeloeng Saheulaanan .....	„ 0.10
Kadoehoeng Kawin .....	„ 0.20
Padoman Indoeng Beurang .....	„ 0.12
Hal Neangan Kawarasan .....	„ 0.10

BALE POESTAKA — BATAVIA-CENTRUM

Koe djalaran kitoe, baloekarna radjeun aja iboe anoe djiga sewang-sewangan saréng poetrana, lir areuj katjang ninggalkeun toetoeoesna. Tah ieu lérésan ieu abotna noe djadi iboe djzman ajeuna teh.

Manawi pisaeéunana mah, sanadjan moerangkalih ti aalit kapaksa kédah anggang ti iboena oge, ari njangreudna tali batin antawis iboe saréng poetra mah kédah tétép pageuh, margi eta teh hidji panjangjang katrésnaan antawis iboe saréng poetra. Doepi njangreudkeunana tali batin tea, babakoena poetra teh kédah rakét kédah kapajoenan koe iboe, dihadja ditjandak sasaoeran, ditanggap tjariosanana, soepados dimana aja kalakoeanana noe lépat sapéngkèreun sêpoehna, tiasa kaceninga saréng diléréskeun harita.

Moerangkalih, henteu sae ditoeroetkeun saniskantén kahajangna, margi oepami sadaja karépnna diladjoer, baloekarna matak teu adjrih ka noe djadi iboe. Sawangsoelna, oepami séring teuing ditjaram atanapi dihoelag, témahna sok radjeun salingkoeh ti sêpoeh.

Tjindékna, kamadjéngan istri Priboemi teh, moerangkalih istrina oelah moeng dipasrahkeun ka sakola bac nanging noe djadi sêpoeh oge oelah lali kana kawadajibanana.

Ieu di handap aja poepoeh Sinom anoe koe djisim koering dianggo njamboengan kana poestakamangsa „Géntra Istri” di Bandoeng, waktos eta poestakamangsa oemoerna djangkép 10 taoen.

Poerwana dilébetkeun kana ieu Alménak, djalaran kamoet, jen moal sadajana noe maos ieu Alménak sami maos „Géntra Istri”.

Hatoer loemajan, tamba késél.

Noe noelis sédja njoemponan, kana panoehoen Redactie „Géntra Istri” ti Pasoendan, noe ngantjik di Bandoeng nagri, noe népi ka kiwari, oemoerna sapeloeh taoen, gélarna pagoejoeban, di Pasoendan para istri, pada ngoedag noe disébcet „kamadjcean”.

Boeboeka dikarang témbang. „Sinom” katélahna dangding, taja lian noe disédja, manawi djadi panggeuing, ngaueuing para istri, ngadjoeroeng rasaning kalboe, nja eta

rasa Soenda, anoe p̄rloe nom̄er hidji, t̄rapkeuneun ka para poetra poctoena.

Koe noe rea geus kap̄ndak, hesena djaman kiwari, tina p̄rkara atikan, komo pikeun poetra istri, moen s̄poeuh teu tarapti, di ahir matak kadoehoeng, kadoehoeng koe lantaran, anak teu pati diaping, ana breh teh siga lain t̄rah Soenda.

„Na karah k̄dah koemaha, p̄ta anoe djadi istri ?” kitoe pananjana boedak, lamoen koe oerang digeuing, bangoen anoe teu ngarti, kana pitoetoerna indoeng, asa pint̄er sorangan, malah boga rasa leuwih, leuwih pint̄er poendjoei ti indoeng-bapana.

Anoe djadi indoeng bapa, l̄bah dinja sing tarapti, oelah rek eleh koe anak, nadjan pangartina leuwih, s̄poeuh noe gadoeh wadjib, ngawoeroekan koe pitoetoer, pitoetoer noeroet locang, malar poetra ati-ati, noe dipambrih moeloes reudjeung rahajoena.

„Noeroet djaman kamadjocan”, t̄jek katjapangan kiwari, tapi sing t̄rang wat̄sna, wat̄s noe pant̄es keur istri, ieu p̄rloe dioelik, sabab istri p̄rloe poendjoei langkoeng jatna djatnika, lakoe lampah sing oetami, mangka moeloes moen niat ngadjoengdjoeng bangsa.

Teu baheula teu ajeuna, beurat moenggoeh djadi istri, bangga kawadjibanana, pandjang oepama diwintjik, papan-tjen noe kahidji, istri koedoe djadi indoeng, toer indoeng noe sampoerna, ngoeroes anak djeung salaki, anoe matak p̄rloe boga kapint̄eran.

Istri teh lakoe lampahna, koedoe leuwih ati-ati, sanadjan noe tjarogean, oelah rek ninggalkeun tartib, nadjan idin salaki, meunang ka dieu k̄ ditoe, „omgang” t̄jek Walanda mah, djeung awewe djeung lalaki, matak tj̄la saopama kal̄pasan.

Istri mah kahade pisan, oelah ngarëmpak oetami, sanadjan noe teu dihadja, sok teu boeroeng djadi sèdih, roegina teh di istri, sabab toeloej djadi tjatoer, katjatoerkeun gorengna, njerosod harkat pangadji, lain tjara lalaki sakama-kama.

Kinanti panjamboeng tjatoer, boh baheula boh kiwari, moenggoeh sakabeh papatah, teu aja anoe pahili, sakabeh aloes maksoedna, asal djalma daek nampi.

Anoe noeroet ka piwoeroek, hiroepna tan wande hoerip, noe loemampah sapiwoelang, bari reudjeung ati-ati, baris salamët soegëma, hiroepna nëpi ka ahir.

Mangka koekoeh mangka pëngkoeh, awas jen alam kiwari, rea dododja gogoda, ngagoda noe roepi-roepi, singsaha anoe kagembang, di ahir tinangtoe sèdih.

Tjeurik lantaran kadoehoeng, handjakal teu ati-ati, teu noeroet ka noe ngelingan, padahal eta teh asih, lamoen beunang diomean, hade oelah deui-deui.

Soegri istri noe kagoengan pangartos, përløe oeninga ka noe disëbat „djatining” istri. Naon noe disëbat „djatining” istri teh? Oepami teu lépat, manawi eta tea noe disëbat „waték” atanapi „pangaroeh”.

Waték atanapi pangaroeh, manawi kenging oge disëbat tanaga batin.

Pamëgët watékna hajang nembongkeun kabédasan sarëng kagagahan, noe mawi baroedak lalaki sok rësëp totondjok sarëng gëloet atanapi nalaktak aroelinna.

Djaman ajeuna kanggo baroedak lalaki diajaan roepi-roepi sport, përløena nja eta kanggo ngédalkeun waték tanaga lalaki. Përbawa bédasna tanaga pamëgët, doegi ka sanggëm djaradi përdjoerit, madjëng ka pangpëranan.

Doepi waték istri? Bakatna noengtoen sarta roemawat. Noengtoenna tea sanes moeng kana kasaeaan bae, nangin teu arang noe noengtoen kana kaawonan, sanadjan sanes dihadja oge.

Mangga manahan koe para istri sadaja: boh di dajauh boh di pilémboeran, nja di menak nja di tjtajah, sok seueur patjektjokan saréng panjerewedan malah tampolana sok doegi ka aja noe tiwas tina pasal istri: sakapeung mah istri noe teu mais teu meuleum kana gërna patjektjokan tea, ladjéng kaambat atanapi kababantoer.

Mangga lalénjépan lalakon-lalakon wajang atanapi aos boekoe-boekoe lalakon pérang di Éropa djaman baheula, biasana kédah bae aja istri noe djadi lantaran.

Nanging sawangsoelna ti eta hénteu saeutik roepi-roepi kasaeon anoe médalna ti istri, boh di kalangan tatanen, boh di kalangan padagang atanapi di noe djénéng teu arang anoe nandjoeng koe pangaroeh atanapi pérbawa istri.

Koe margi eta, soegri istri anoe kagoengan karép palaj ngambah djalan „kamadjéngan" kédah iasa mitjeun waték-watékna noe awon, sing iasa ngamadjéngkeun waték-watékna noe sae malar djadi pangdjoeroeng madjéngna bangsa.

Meester-Cornelis 1 Maart 1940

---

### MATAK HANDJAKAL :

*Moen geulis hénteu bérboedi,  
moen léndjang taja panalar,  
moen demplon poho tétékton,  
moen menak poho di tindak,  
moen istri teu djatnika,  
lir ibarat kémbang aloes,  
mèkar téngah-téngah mandjah.*

## PANGADJARAN PIKEUN BAROEDAK AWEWE PRIBOEMI

*Pinakadasar :*

*Masing dina djaman mana bae oge, kama-  
madjoean awewe teh djadi hidji tjalétjër  
kaadaban rajat.*

*Hènteu kocdoe ditèrangkeun deui, jen  
motekarna pangarti hiroep koemboch  
oerang Priboemi teh moal bisa rosa.  
lamoen awewena tinggaleun.*

*Mr. J. H. Abendanon.*

### Boeboeka

Dina kasaoeran Mr. J. H. Abendanon noe ditloelis di loe-  
hoer, tetela jen pangadjaran pikeun awewe teh pohara  
përloena. Kawas moal aja noe teu panoedjoe kana kasa-  
oeran andjeunna — Directeur Onderwijs en Eeredienst —  
noe ngawitan saiasa-iasa narekahan bab pangadjaran pikeun  
awewe, tapi teu hasil, lir noe makalangan potong toembak.

Sangkan leuwih lélèb antéb, kawas moal aja gorengna  
oepama kasaoeranana disinggètkeun kleu: *Atikan pikeun  
awewe hartina atikan pikeun rajat. Hiroep koemboch oerang  
Priboemi moal loehoer oepama awewena hènteu palintër.*

Boektina, di nagara-nagara noe maradjoe, noe palintër  
teh lain lalakina woengkoel, tapi awewena ogè hènteu ba-  
rodo. Di oerang oge koedoe kitoe.

Dibandingkeun djeung 50 taen ka toekang, djaman  
njakolakeun awewe dianggap pamali, memang ajeuna teh  
geus kaitoeng madjoe, tapi tatandinganana antara awewe  
djeung lalaki noe sakola pohara djaoehna kenéh: sakadar  
tjonto, oepamana bae moerid-moerid sakola desa, reana teh  
27% awewe diganda koe 73% lalaki. Geus kitoe pek ban-  
dingkeun reana awewe djeung lalaki kaloearan sakola loe-

hoer, apan masih keneh beunang diitoeng dina ramo awewe mah.

Ras ka dinjana, masalah saroe pa kieu teh pohara pentingna, pikiraneun sarerea sarta moega-moega bae leu karingan sing djadi panggeuing.

Ti taoen 1800 nepi ka taoen 1900.

Dina pēsna pisan pareum abad ka XVIII, Koempēni dileungitkeun, paparentahan diganti koe Goepērnēmen. Ti djaman Koempēni keneh bab pangadjaran teh disēboetkeun tamba loemajan teh saēnjana, kitoe ge ngan pikeun oerang Eropa bae, ari pikeun bangsa oerang mah pangadjaran oemoem teh teu aja-aja atjan.

Ti sēmēt taoen 1800, sanggeus nagara oerang diparentah koe Goepērnēmen nepi ka taoen wēwelasanana, kaajaan pangadjaran teh tētēp bae kitoe. Waktoc dina taoen 1816 toean-toean Komisa-

ris-Djendral saroeumping ka poelo Djawa, di oerang teu aja goeroe Goepērnēmen saerang-oerang atjan, masing pikeun bangsa Walandana pribadi oge. Kakara dina Regeeringsreglement taoen 1818 Pamarentah ngangkēn jen kagoengan kawadajiban kanggo ngamadjēngkeun pangadjaran sarta ladjēng ngawitan ngadēgkeun sawatara sakola Walanda toer meunang diasoe pan koe bangsa oerang. Ari goeroe-goeroena, ngahadja ngadatangkeun ti nagara Walanda. Satoeloejna padri-padri oge rea anoe oeloebioeng



R. A. Kartini

kana bab pangadjaran teh, babakoena pikeun oerang Priboemi noe asoep Karestén. Pangadjaran bab pangarti oemoem pikeun bangsa oerang, harita, mah tjan aja; aja soteh pangadjaran, nja eta diadjar ngadji djeung masantren. Noe hájang leuwih loehoer adjianana ti ngadji Koeran, biasana sok masantren. Tjindékna, pangadjaran pangarti oemoem pikeun rajat alam harita teh pohara matak sédihna, malah népi ka taoen 1836 oge dina Regeeringsreglement bab pangadjaran noe ngawoengkoel pikeun oerang Priboemi mah teu kasabit-sabit, kakara dina taoen 1848 tina bahroeténg njesakeun doeit f 25,000,— pikeun ngadégkeun *hidji* Sakola Menak. Dina taoen 1851 ditambahan koe *hidji* sakola pigeroeëun noe koe oerang ilahar diséboet Sakola Radja tea, djeung sakola pikeun ahli kawarasan noe harita diséboet Sakola Doktor Djawa (Dokter-Djawaschool).

Dina Regeeringsreglement taoen 1854 artikél 128 koe Pamentah diangkén, jen ngadamélan sakola kanggo bangsa oerang lébét kana kawadjiban andjeunna.

Dina taoen 1866 ngadégkeun deui Sakola Radja noe ka-doea. Moerid-moerid kaloearan eta sakola dipapantjenan ngagoeroean di sakola-sakola Goepèrnémén.

Taoen 1872 kakara aja atoeran bab ngabeberes pangadjaran Priboemi; ti harita mimiti prahi aja sakola handap pikeun oerang djaba ti Sakola Radja, Sakola Menak djeung Sakola Doktér Djawa noe kaséboet ti heula teh.

Taoen 1875 Sakola Doktér Djawa dibebereb toeloej ngadégkeun Sakola Landbouw djeung Sakola Doktér Hewan. Dina taoen 1878 reana Sakola Menak ditambahan.

Dina taoen 1893 pangadjaran handap pikeun oerang Priboemi didjieun doea toempa, nja eta sakola kélas *hidji* djeung sakola kélas doea.

Sakola kélas *hidji* ditjadangkeunana pikeun para poeta menak djeung anak noe mampoeh, ari sakola kélas doea pikeun anak rajat oemoem.

Djadi oepama disinggétkeun mah, pangadjaran oemoem pikeun oerang teh kakara ti taoen 1854 mitémbéjanana sarta dina taoen 1872 mimiti dibebereb.

Sangkan hénteu ngadjaoehan tina djédjér leu karangan,



ajeuna kari nanja : „Koemaha ari kaajaan pangadjaran pikeun baroedak awewe?”

Boro-boro pikeun bangsa oerang, dalah pikeun bangsa Walanda oge bab pangadjaran teh teu poegoeh atoranana. Dina taoen 1830 di Batawi aja sakola noe dingaranan „*Jonge Juffrouwen Dag- en Kostschool*” (1) anoe djaba ti ngadjar matja-noelis teh bari ngadjar karadjinan awewe. sawarnaning njoeat-njongket, njoengging-njoelam reudjeung ngabordel-ngarenda, malah sakola ieu pisan noe koe Mr. Kluiver dianggo tjonto bab pangadjaran karadjinan oge.

Kapareumnakeun abad toekang, aja ari sakola-sakola karadjinan pikeun baroedak awewe tea mah, tapi henteu aja noe ditjangking koe Goepërnëmen. Harita mah para Panga-goeng teh teu aja noe ngamanah-manah kana pangadjaran baroedak awewe.

Ari sakola-sakola tea mah harita oge teu dilarang dia-soepan koe awewe, tapi da apaan alam harita mah ngang-gapna ka awewe teh pohara gorengna oepama loenta ti imah, koedoena oelah kaloear-loear. Di sakola-sakola tch alam harita mah „pabaoer” bae, teu dipisahkeun pikeun awewe djeung pikeun lalaki. Patali djeung eta, teu matak heran oepama dina tjetetan taoen 1877 di sakola Priboemi kagoengan Goepërnëmen reana baroedak lalaki aja 12.498 ari awewe mah ngan ..... 25.

Doea poeloeh taoen ti harita, dina taoen 1897 tatandingan reana moerid lalaki ka moerid awewe teh aja 24.732 : 301. Nilik kana titikëlanana mah poegoeh aja sababaraha kalieun ti noe salawe basa doea poeloeh taoen ka toekang, tapi ari reana bilangan mah keukeuh atjan aja hartina, oepama dibandingkeun djeung bilangan rajat. Baroedak awewe noe harita sarakola, babakoena para poeta menak bae anoe iboe-ramana parantos oeningaeun kapërloeanana njakolakeun poeta istri. Tjindëkna, alam harita mah awewe oerang teh sasat henteu miloe ngarasakeun tjarana hiroep moerid. Ka-

---

(1) Sakola beurang djeung pamatochan pikeun parawan noe ngarora (Red.).

lakonna kakara éngke dina mangsa oedaja soemirat (mè-  
lètek-srangenge) nja eta moenggaran abad ka XX.

Anoe minangka hoedang djanarina, noe éngkena njing-  
rajkeun lalangse Sang Kalapéténg, pérloe ditérangkeun di  
dieu. nja eta Raden Adjéng Kartini poeta Kangdjéng Da-  
lém Djapara, Raden Dewi Sartika di Bandoeng, Mr. J. H.  
Abendanon (Directeur Onderwijs en Eeredienst taoen 1900-  
1905), Mr. C. Th. van Deventer saréng Njonja E. van De-  
venter — Maas.

Raden Adjéng Kartini dibabarkeunana tl. 21 April 1879.  
Nalika moerangkalihna, sasaréngan saréng para saderekn  
dilébétkeun ka sakola Walanda. Satamatna ti sakola, an-  
djeunna téras dipingit, doemeh noemoetkeun adat alam ha-  
rita kalébét kirang sae moerangkalih istri joeswa 11 taoen  
tjampoer saréng baroedak jalaki di sakola.

Kapalaj Raden Adjéng Kartini, baroedak awewe bangsa  
oerang téh koedoe tjoetjoed pangadjaranana, oepamana bae  
bisa téroes diadjar pikeun djadi goeroe, djeung oelah ngan  
para poeta menak bae noe sarakola téh, tapi koem kabéh  
awewe bangsa oerang sing pépék pangartina, sangkan bisa  
ngadjalankeun pagaweanana kalawan bènér. Boh lahirna,  
boh batinna awewe oerang téh koedoe sawawa, sangkan  
bisa énja ngatik anak-anakna, djeung sagala atoeran koeno  
kajaning pingitan, kawin paksa, sipat koemoeréb djeung  
sapapadana koedoe dipitjeun; lahan pikeun obahna awewe  
oerang téh oelah raroepék teuing.

Saniskara kakandoengan manahna koe andjeunna diké-  
dalkeun dina sérat-sérat ka para mitrana. Harita andjeunna  
tépang saréng Mr. J. H. Abendanon noe dina taoen 1900  
djadi Directeur Onderwijs, sarta mamananana tina bab  
pangadjaran pikeun baroedak awewe Priboemi sapagodos  
saréng Raden Adjéng Kartini. Ti antawisna lisanna sakoe-  
maha noe kaoengél dina pinakadasar ieu karangan. Andjeunna  
kantos djangdji ka Raden Adjéng Kartini, jen saiasa-iasa  
baris narekahan, soepados Pamarentah kérsa ngadég-nga-  
dégkeun sakola istri.

Mr. J. H. Abendanon njératan ka Pamarentah soepados  
sakola-sakola sing seueur dilébétanana koe baroedak awewe

Priboemi sarta disaoerkeun, jen kunggo istri oge pěrloe aja pangadjaran noe rada loehoer, soepados baroedak awewe oelah pohara teuing tinggaleunana koe baroedak lalaki noe sarakola pėrtengahan, oepamana bae Sakola Menak, Sakola Doktėr Djawa, Sakola Radja d.r.r.d.

Ladjėng Pamarentah ngadamėl papariosan, mapaj sarėng nalengteng ka para boepati.

Hasil papariksaan tea? Teu matak soegėma.

Para boepati seuseueurna ngawagėl, ngaraos kaabotan oepama baroedak awewe „dioembar“ loeareun imah, sabab ngaroeksak adat. <sup>(1)</sup>

Patali djeung eta, poegoeh bae kapalaj Raden Adjėng Kartini teh teu bisa laksana, maksad Mr. J. H. Abendanon djadi kateug. Pamarentah moeng sėmėt iasa ngawidjan nanubahanana baroedak awewe noe sarakola. Ari ngahadja njeun sakola istri soemawonna noe pangadjaranana rada ngarang-sod mah, ah, moebadir, moal aja noe ngeusian, da apan ti oemoer 11 taoen oge baroedak awewe teh geus „dikėrėm“ teu meunang kaloear.

### Oedaja soemirat.

Oepama diringkėskeun pisan, tjek basa kaheureujan tea mah awewe bangsa oerang teh nėpi ka taoen 1900 mah dina oemoemna tibra keneh pisan. Sanadjan kitoe, dasar djaman anoe nitah hoedang, lir noe sarė sapeupeuting kageuingkeun koe tjaangna oedaja soemirat, boerahaj balebat padjar, tingkoelisik tingkoeliat loeloengoe ge maksa loegaj  
ina taoen 1904 Raden Dewi Sartika di Bandoėng ngadėgkeun sakola istri diwangoen tiloe kėlas, digoeroean koe andjeunna koe andjeun. Di Pasoendan mah nja andjeunna

<sup>(1)</sup> Alam harita para boepati teh teu kintėn toekoehna kana adat koeno, malah dina taoen 1902 mah para Kang-djėng Dalėm noe lasaen basa Walanda teh moeng opatan, nja eta: R. T. Achmad Djajadiningrat (Serang), R. M. T. Koesoemo Oetoyo (Ngawi), P. A. Hadiningrat (Dėmak, paman R. A. Kartini) sarėng R. M. A. A. Sosroningrat (Djapara, rama R. A. Kartini) (Red.).

istri noe ngawitan kalajan prakna didamél di kalangan pangadjaran oemoem teh. Dina taoen 1910 di sakola Raden Dewi teh mimiti diajakeun pangadjaran imah-imah, olah, karadjanan djeung ngabatik.



Djoeragan R. Dewi Sartika

oepamana bae di Garoet, Rangkasbitoeng, Tjiandjoer d.r.r.d. Koe lantaran kakara aja, goeroena teh boro-boro aja kaloearan Sakola Normal atawa Sakola Van Deventer, ngan sirikna henteu noe dapon bisa noelis disina ngawoelang. Di sawareh tempat, oepamana bae di Rangkasbitoeng (1911) goeroena teh koe garwana djoeragan Mantri Goeroe sakola kl. II di dinja, moen teu kitoe, cepamana bae di Tjiandjoer, koe poetra Kangdjeng Dalém, tjara di Karanganyar. Babaran pangadjaranana, koe lantaran atjan aja „loeang ngadjar” tea, alam harita mah sasat dirarampa; noe geus tangtoe bae matja-noelis, ngitoeng-ngagambar, ditambah koe

Dina taoen 1910 di Karanganyar kalajan jasa R.A. Soehito, poetra Kangdjeng Dalém, diajakeun sakola kelas II noe woengkoel pikeun baroedak awe-we, anoe engkena ditjandak koe Goepèrnemen.

Di Bandoeng, dina taoen eta keneh pagoejoeban „Kaoetamaan Istri” ngadégkeun sakola istri malah nelahna oge Sakola Kaoetamaan Istri.

Eta minangka balebat, oedaja soemirat madjoe kana tjarangtjang tihang.

Geus karoehan beurang mah ngan bréng bae di mana-mana — antara taoen 1910-1912 — ngaradégkeun sakola istri,

patjabakan awewé, tatakrama, nembang djeung di kelas loehoerna basa Malajoe.

Kawasna, memang énjaan dipikaboetoehna sakola-sakola istri teh, boektina, di oenggal tempat — tjtjakan parageuh keneh kana adat boehoen — mani djédjél-djédjél bae koe moerid. Di Bandoeng barang proeng djoldjol aja 230 moerid, di Garoet djero satengah taoen aja 100. Pikeun alam harita mah „Joear biasa” reana.

Katjatoer deui Mr. J. H. Abendanon. Koe margi andjeunna patali saréng gagalna maksad sakoemaha noe kaoengél di loehoer, teu lasaean njaosan djangdjina ka R. A. Kartini, ngadamél sakola istri (noe didjangdjanana oge poepoes mantén) ladjéng ngémpélkeun sérat-sératna R. A. Kartini ka para mitrana dihidjikeun didamél boekoe diwastaaan „Door Duisternis Tot Licht” kaloearna taoen 1911. Ka beh dieunakeun eta boekoe teh disalin kana sababaraha basa Éropa djeung basa Asia. Dina basa Hindia noe géus aja salinanana teh nja eta dina basa: Malajoe „*Habis gélap térbillah térang*” djeung basa Soenda „*Ti noe poék ka noe tjaang*” doeanana kaloearan Bale Poestaka <sup>(1)</sup>. Ari basa Djawana disalin sarta dikaloearkeun koe partikoelir.

Salinan basa Inggris, jasana njonja A. L. Sijmmers, di ngaranan „*Letters of a Javanese Princess*” (Soerat-soerat ti hidji poetri Djawa). Beubeunangan tina eta boekoe f 903,55 koe noe kagoengan jasa toeloejna dihadiahkeun ka Kartinifonds (Badan anoe sasadiaan pikeun ngadégkeun sakola sakoemaha kapalajna R. A. Kartini).

Koe diboekoekeun sarta dikaloearkeunana sérat-sérat Raden Adjéng Kartini, tjita-tjita andjeunna teh tambah nérékab bae népi ka di Den Haag aja sawatara bangsa Walanda anoe ngadégkeun Kartinifonds, malah koe Mr. J. H. Abendanon mah beubeunangan boekoe-boekoe teh éngkena kabéh dihadiahkeun ka Kartinifonds.

---

(1) Basa Malajoe sadjilid, 206 katja pangaosna f 0,90. Basa Soenda tiloe djilid djoemlah 358 katja pangaos sadajana f 0,75 : oepami sadjilid f 0,25. (Red.).

Ka behdieunakeun mah hak-pangarangna oge sakalian di-hadiahkeun ka eta fonds.

Dina taen 1911 tea diwangoen hidji komiteu saheulaanan pikeun naloengtik pimoeloeseun hēnteuna oepama di oerang ngadégkeun sakola sakoemaha kapalajna Raden Adjéng Kartini tea. Kana eta komiteu toean saréng njonja Abéndanon kantēnan bae lēbēt, malah disaréngan koe toean saréng njonja van Deventer (Mr. C. Th. van Deventer nalika djoemēnēngna kantos djadi anggahota Eerste Kamēr ladjéng Tweede Kamer).

Taen 1912 toean saréng njonja van Deventer angkat ka Hindia kanggo lérēs-lérēs naloengtik bab pangadjaran baroedak awewe sarta ngēmpélkeun sagala roepi katérangan anoe pērloe. Emoetan andjeunna, teu kintēn pērloena baroedak awewe bangsa oerang dibere pangadjaran kalawan atoeran teh, boektina, oenggal-oenggal taen sakola istri teh moedal-moedal bae koe moerid. Dajeuh noe koe andjeunna kaemoet pangsaena pikeun diadégan sakola istri, nja eta Samarang.

Ladjéng Mr. C. Th. van Deventer teh ngadeuheusan ka Kangdjéng Toean Bésar, njoehoenkeun soepsidi kanggo ngadégkeun sakola di Samarang, toer dipaparin.

Kapareumnakeun taen 1912 toean saréng njonja van Deventer maroelih ka nagri sarta tangtos bae di ditoe di dieu „ngagoear bérékat”; kadjadianana: komiteu Kartini-fonds noe bareto diadégkeun pikeun saheulaanan teh dina tanggal 27 Juni 1913 mah opisil diadégkeun pikeun saēndēngna.

Sakola noe baris diadégkeun koe Kartinfonds teh nja eta sakola handap anoe notok pikeun awewe kalawan hēnteu ngadjarkeun hal-hal noe patali djeung agama. Djaba ti sakoemaha noe ilahar di sakola pikeun lalaki, di eta sakola mah arek diadjarkeun panjabisa noe patali djeung imah-imah. Noe didjieun basa loeloegoe, nja eta basa Priboemi di satēmpat-tēmpatna, tapi ditambahan koe pangadjaran basa Malajoe di kēlas loehoer djeung basa Walanda ti kēlas tiloe, djadi meh tjara di sakola kēlas hidji, samemeh djadi H. I. S.

Dina tanggal 15 September 1913 di Samarang ngamimitian moeka sakola Kartini „tijkalna“, ditoeterkeun koe Batawi (1914), Bogor (1914), Madloen (1914), Malang (1915), Tjirébon (1916) djeung Pakalongan (1916).

Eta Sakola Kartini noe toedjoeh torodjogan patalina djeung Kartinifonds di Den Haag, sarta meunang soepsiditi Pamarentah.

Di sawatara tempat doegdeg noe ngadégkeun sakola „Kartini“, tapi henteu aja patalina djeung Kartinifonds mah.

Sakoemaha noe geus ditérangkeun di loehoer, sakola handap pikeun bangsa oerang teh aja doea roepa, nja eta sakola kelas hidji djeung sakola kelas doea.

Dina taoen 1907 eta sakola kelas hidji noe pikeun para poetra menak teh dilojogkeun sina rada kawalandan, lantaran katimbang kocrang njoemponan kana „pangaboetoh“ para menak noe nganggap perloe para poetrana diadjar basa Walanda.

Baréng djeung ngajakeun pangadjaran basa Walanda di sakola kelas hidji tea, minangka „sakola kelas tiloena“ Pamarentah ngadégkeun sababaraha sakola desa, njadiaan somah wéngkoel.

Beuki beh dieu, para menak djeung para santana teh beuki njongsrong bae paralaj ngalébetkeun poetrana ka sakola noe ngadjarkeun basa Walanda. Tégésna: bisa basa Walanda teh beuki karasa bae perloena. Kadjadianana, dina taoen 1914 mah sakola kelas hidji teh diganti djadi *Hollandsch Inlandsche School* (H.I.S.) sarta dina taoen eta keneh minangka „panéroes“, Pamarentah ngadégkeun sababaraha sakola M. U. L. O. (*Meer Uitgebreid Lager Onderwijs* = Pangadjaran handap anoe leuwih djémbar).

Taoen 1919 di oerang mimiti aja A. M. S. (*Algemene Middelbare School* = Sakola pertengahan oemoem) anoe adjenna saroea djeung H. B. S.-lima taoen.

Sakola desa anoe diboeka dina taoen 1907 tea diwangoen tiloe kelas, sagalana singsarwa loemajan, maksoedna ge ngan sangkan baroedak oelah baliloe teuing bae, bisaean matja-noelis sakadarna. Diajakeunana babakoena di desa-

desa noe gégék. Sakola kēlas doea tētép ajana, babakoena di dajeh-dajeh, di pakēmitan djeung katjamatan noe gégék, sabab oepama di tēmpat-tēmpat laleutik pisan mah katimbang moal kabédag sarat-saratna koe somah.

Lila-lila kanjahoan, jen rea baroedak sakola desa anoe pantēs toer bisaeun noeloejkeun pangadjaranana; nja kadjadianana koe Pamarentah dina taoen 1915 diadégkeun Vervolgschool (sakola samboengan) di sawatara tēmpat; lilana diadjar 2 taoen, noeloejkeun pangadjaran di sakola desa tea.

Sanadjan geus aja Vervolgschool oge ari sakola kēlas doea mah tētép bae aja, malah kalah ditambahan kēlasna tina 4 djadi 5.

Waktoe dina taoen 1929 di oerang rosa tigérat sarta pērloe ngadjalankeun kagēmian, meh kabeh sakola kēlas doea dirobah didjieun doea „wangoenan” noe disēboet *onderbouw* djeung *bovenbouw* tea.

Onderbouw atawa wangoenan-handap, koerang leuwih bae rek saroea djeung sakola desa, ari bovenbouw atawa wangoenan loehoer, djadjaranana teh kira-kira satahap djeung sakola samboengan (vervolg).

Anoe hēnteu dirobah, sakola kēlas doea tētép aja pikeun „diadjar ngadjar” (leerschool) moerid-moerid sakola Normal atawa pikeun anak-anak soldadoe (Tangsischolen). Di wewēngkon Gemeente Bandoeng djeung Bogor aja keneh sakola kēlas doea teh, kitoe deui noe ti tadina geus meunang soepsidi, sakola kēlas doea teh hēnteu dileungitkeun. Eta sakola-sakola disēboetna sakola sētandar (Standaardscholen).

Sakola-sakola desa tea meh kabeh (97%) tjampoeran, tégēsna awewe-lalaki dibarēngkeun diadjarna. Oepama ngingētkeun kana paham di pilēmboeran, jen nēpi ka oemoer 10 taoen mah „teu aja halangan” awewe tjampoer djeung lalaki, koe oerang kaharti pangna sakola desa meh kabeh tjampoeran teh. Tapi rada beda pikeun sakola-sakola vervolg mah lantaran baroedak awewena rea noe leuwih ti 10 taoen oemoerna, kolot-kolot baroedak teh ngarasa leuwih aman, oepama anakna misah sakolana.

Ngongklangan paham saroea kitoe, di tēmpat noc katimbang pohara pērloena, Pamarentah oge ngadamēlan sakola



vervolg pikeun awewe woengkoel. Reana sakola tjampoeran aja 85% ari noe woengkoel pikeun awewe 15%.

Dina taoen 1936 reana sakola vervolg awewe teh aja 169, moeridna aja 42.326. Ari dina taoen 1937 aja 176 sakola noe moeridna 46.606, djadi naek 10%.

Djaman Mr. K. F. Creutzberg djadi Directeur Onderwijs en Eeredienst, koe andjeunna ditarekahan soepaja baroedak kaloearan sakola handap noe teu diadjar basa Walanda, barisaeun noeloejkeun pangadjaranana pikeun diadjar basa Walanda. Dina taoen 1921 koe andjeunna diadégkeun Schakelscholen di Bandoeng djeung Padangpandjang minangka rante (schakel) anoe njamboengkeun pangadjaran Priboemi djeung basa Walanda noe tahapanana saroea djeung H. I. S.

Ka eta sakola, baroedak awewe oge meunang asoep.

Noeroetkeun tjtätan taoen 1937, djadi sanggeus 16 taoen ti barang diadégkeun, reana sakola schakel teh ngan aja 26 noe djoemlah moeridna aja 3238 sarta ti antarana aja 715 baroedak awewe.

Baroedak noe madjoe, ti Schakelschool teh bisaeun tēroes ka Mulo. A. M. S., atawa lian ti eta.

Di sakola vervolg pikeun baroedak awewe, moerid-moerid teh dialadjar bab kapérloean imah-imah, karadjinan, olah djeung saeutik-eutikeun basa Walanda. Ieu sakola pohara rarisna. Toeloejna koe kaom Karestēn (Protestant djeung Katholiek) oge kitoe deui sawatara pagoejoeban, oepamana bae Kartinivereeniging di Bogor djeung Batawi diadég-adégkeun sawatara sakola pikeun njoemponan pangaboetoeh tea; dina taoen 1937 geus aja 35 sakola kitoe noe meunang soepsidi.

Lantaran rea kolot-kolot baroedak noe teu mampoeh njakolakeun anakna ka sakola „Kartini“, toeloej Pagoejoeban Kartini di Bogor dina taoen 1924 ngadégkeun sakola „Pamoeangan Istri“ anoe tahapanana saroea djeung sakola kēlas doea Goepērnēmen ditambah koe sawatara pangadjaran noe ngawoengkoel pikeun baroedak awewe. Noe didjieun basa loeloegoe basa Soenda sarta pohara ditalingakeunana bab kaoetamaan ngoeroes imah.

Pagoejoeban Kartini tjabang Batawi ge ngadégkeun sa-

kola saroepea kitoe, dingaranan sakola „Kĕmadjoean Istri” anoe katjida rarisna, nĕpi ka dina taoen 1938 mah njeun deui di Meestercornelis.

Dina taoen 1935 kalajan timbalan Directeur Onderwijs en Eeredienst eta sakola-sakola teh „diheuleur” didjieun wangoenan handap (sakola desa) djeung wangoenan loehoer (sakola vervolg), malar saatoeran djeung di Goepĕrnĕmen.

Boh kagoengan Goepĕrnĕmen, boh alpoekah partikoelir, ajeuna mah kaitoeng geus rea sakola vervolg pikeun baroedak awewe teh. Tapi ari H. I. S. anoe woengkoel pikeun baroedak awewe mah nĕpi ka ajeuna ge Goepĕrnĕmen atjan kaberoe keneh bae ngadĕgkeun, sarta waktoe ieu mah dihantjana teh koe partikoelir bae tjara oepamana sakola „Kartini” noe tahapanana memang saroea djeung H. I. S. ditambah koe pangadjaran noe ngawoengkoel pikeun awewe, atawa sakola Prinse Juliana di Soekaboemi.

Sakola tjalon <sup>1)</sup> djeung pĕrtĕngahan.

Dina taoen 1915 Mr. C. Th. van Deventer poepoes. Harita pangoeroes Kartinifonds toeloj ngadĕgkeun van Deventer-Stichting (adĕgan van Deventer) noe maksoedna noeloejkeun hodjah noe poepoes, maparin sakola tjalon atawa sakola noe pangadjaranana rada isĕd ti noe ajeuna. Babakoena noe dipikapalaj koe noe poepoes teh sakola pigoeroeĕun.

Kalawan alpoekahna „Pagoejoeban van Deventer” dina taoen 1918 di Bandoeng ngadĕgkeun Sakola Normal „van Deventer” pikeun awewe woengkoel, nja eta tjalon pigoeroeĕun noe ĕngkena baris ngagoeroean baroedak awewe bangsa oerang.

Dina taoen 1921 di Samarang ngadĕgkeun deui sakola „van Deventer”, toenggal sakola tjalon keneh pikeun baroedak awewe bangsa oerang noe hajang meunang piagĕm bab karadjanan, bab ngoeroes imah atawa djadi Goeroe Frĕbel.

<sup>1)</sup> Noe disĕboet sakola tjalon, oepamana bae sakola pigoeroeĕun, piparadjieun, piamtĕnareun dj.s.t. tjara di laiaki aja sakola pigoeroeĕun, piopsehtĕreun, pidoktoreun, pimasiseun djeung sapapadana (*Red.*).

Ti harita, di sawatara tempat toeloej doegdég ngaradég-keun sakola tjara noe di Samarang, oepamana bae taoen 1927 di Solo, taoen 1931 di Malang.

Koe ajana sakola-sakola „van Deventer” tea, angén-angén djeung kapalaj Raden Adjeng Kartini teh ngaboekti — masing teu kadjamanan koe noe palajna oge — malah ari toeloejna mah Pamarentah oge teu katilar, doegdég ngadégkeun Sakola Normal pikeun baroedak awewe di Padangpandjang, Salatiga, Blitar djeung Sasaran (Tondano, Sélebés). Lilana diadjar tjara di Sakola Normal „van Deventer” bae, opat taoen, ngipoek tjalon pigoeroeün pikeun di sakola-sakola kelas doea (vervolg) moeridna awewe woengkoel.



Toean Mr. C. Th. van Deventer

Di Djogdja, Pamarentah koengsi ngadégkeun Meisjeskweekschool, tapi handjakal dina taoen 1936 mah ditoetoep deui.

Di Ambarawa oge aja Sakola Normal pikeun baroedak awewe teh, diadégkeunana koe kaoem Katholiek.

Kalawan alpoekahna Njonja F. A. Volkers-Schippers, tilas directrice sakola „van Deventer” Samarang, dina taoen 1932 dikaloearkeun poestakamangsa „Widoeri” noe maksoedna ngalanggéngkeun tatali silatoerahmi antara oeroet moeridmoerid sakola „van Deventer”.

Dina taoen 1935 andjeunna ngajakeun oear pangadjak ka para istri bangsa oerang noe aja pangartosna, sangkan karérésaeun ngadamél pagoeron kanggo ngadjar kapérloean

imah-imah noe basadjan toer babari pikeun baroedak pilém-boeran noe teu mampoeuh, diséboetna „Kélas Widoeri“.

Patali djeung eta, toeloej Njonja Volkérs koe andjeun ngadégkeun „Pagoeron Istri Widoeri“ anoe kalajan pèrtjoemah maparin bahan-bahan kapoeteun djeung pitoedoeuh ka sakoer anoe karana Allah ngadégkeun „Kélas Widoeri“ tea di desa-desa.

Dina taoen 1936, lantaran kakoerangan modal, poestakamangsa „Widoeri“ teh eureun kaloearna. Ari pangadjaran-pangadjaran noe bareto sok diparake, koe Njonja Volkérs dibokoekoeun dingaranan „Widoeri-Leergang“ sarta katjida hadena di pagoeron-pagoeron atawa sakola-sakola noe ngadjarkeun bagbagan kabisa awewe. Pérloe dipake koe pagoejoeban-pagoejoeban para istri noe aja karép ngamadjoekeun baroedak awewe.

Eta boekoe koe Bale Poestaka disalin kana basa Malajoe, dingaranan „Djalan Pëngadjaran Mënoeroet „Widoeri“, noe ngamalajoekeunana djoeragan Saadah Alim. Ari salinan basa Soendana, jasana Raden Ajoé S. K. Abdoerachman, dingaranan „Widoeri“ (1). Salinan basa Djawana, népi ka noelis ieu karangan mah, atjan kaloeur.

Ajeuna eta „Pagoeron Istri Widoeri“ teh diloeleogoeana koe Nona H. A. Haighton, kapala sakola „Kartini“ di Samarang sarta oenggal boelan sok disoembang koe Kartini fonds pikeun meuli bahan-bahan.

Kadjoeroeng koe beuki madjoena pangarti awewe bangsa oerang, napsoe kana ngadégkeun pagoejoeban oge beuki gède. Ana geus goejob, geus ngahidji, geus bogaeun doeit. dég bae ngaradégkeun sakola istri, malah rea noe ngadégkeun sakola ngoeroes imah.

Lébah dieu, pérloe oepama njaritakeun heula bab pangadjaran karadjinan anoe dina mangsa sakeudeung pisan pada mikaboetoeuh népi ka di ditoe-di dieu doegdéng anoe ngaradégkeun sakola bab ngoeroes imah.

Kira-kira dina taoen 1900 — djaman oedaja kakara arek soemirat tea, — geus aja ari noe ngilëng-ngilëng bab pangad-

(1) Pohara rarisna, pangaosna f 0,80. Enggal pèsën, bilih seepeun ma'loem pada mikaboetoeuh. (Red.).

djaran karadjinan tea mah, malah sawatara taoen ti harita toeloej dipétjak-pétjak „disélapkeun” dina pangadjaran di sakola Walanda djeung H. I. S. sarta sanggeus aja Sakola Normaal pikeun awewe mah toeloej di dinja oge ngadjarkeun. Ajeuna mah hal ieu teh di sakola eta djadi pangadjaran noe dipéntingkeun.

Dina taoen 1937 aja sakola karadjinan handap, di Batawi, Djogdja djeung Madioen anoe dadasarna pangadjaran kakoolonan noe rada loehoer (Voortgezet Westersch Lager Onderwijs) ditambahan koe sakoer noe pérloe, dimana baroedakna éngke koedoe ngoeroes imah-tangga. Eta sakola dibboekana pikeun awewe oenggal bangsa, asal baroga soerat katérangan jen tamat ti salahsahidji sakola handap noe pangadjaranana make dadasar kakoolonan, oepamana bae: H. I. S., H. C. S., sakola Walanda, sakola „Ardjoena”, sakola „Kartini”, sakola „Pasoendan” djeung lian-lianna noe satahapan djeung eta.

Pikeun pigoeroeünana di sakola karadjinan handap tea, di Batawi aja „Opleidingsschool voor Vakonderwijzeressen” (Sakola tjalon goeroe istri bab patjabakan). Di Soerabaja oge aja sakola noe saroepa kitoe teh sarta aja patalina djeung Huishoud- en Industrieschool (Sakola pikeun imah tangga djeung paesahaan).

Djaba ti sakola karadjinan anoe diadégkeun koe Nagara, rea deui anoe diadégkeun koe partikoelir boh noe meunang soepsidi, boh noe henteu, (malah ieu rereana) oepamana bae noe diadégkeun koe pagoejoeban van Deventer tea, koe N. I. S. V. O. (pagoejoeban awewe Walanda Indo), koe kaoem Protestant djeung Katholik.

Dina palébah dieu, bangsa oerang oge henteu tinggaleun, doegdég ngadégkeun sakola bab patjabakan awewe, oepamana bae Pasoendan Istri di Bandoeng djeung Tjandjoer (di sawatara témpat saheulaanan ngadégkeun A. M. I. — Atikan Moerángkalih Istri — noe koerang leuwih saroea djeung Kelas-Widoeri, alpoekahna Njonja Volkers-Schippers tea), geus kitoe Pérhimpunan Istéri Prijaji Boemipoe-téra di Bandoeng kénéh. Wanito Sédjati di Bandoeng djeung di sawatara témpat, Pikat (Pértjintaan Iboe Képada Anak

Témoroennja) di Mënado, Istëri Indonesia di Batavia-C. djeung sawatara Raden Ajoe, oepamana bae di Garoet djeung di Lëbak, malah di Djogdja mah aja „Nationale Huishouden Moederschool Taman Iboe” djeung di sedjen-sedjen tēmpat rea-rea deui.

Sakola-sakola saroea kitoe dina mangsa ieu keur pohara pada mikahajangna lantaran karasa pērloena.

Minangka panambah katërangan, kawas teu aja salahna oepama di dieu njëboetkeun reana sakola përtëngahan djaba sakola tjalon djeung karadjinan noe woengkoel pikeun awe-we toer meunang diaboesan koe sagalà bangsa, nja eta :

5 H. B. S. noe tiloe taoen.

3 H. B. S. noe lima taoen.

7 Sakola Mulo.

Eta sakola, kabeh oge partikoelir, rereana ti kalangan Katholiek djeung Protestant, aja oge noe ti Neutrale Soerabajasche Schoolvereeniging. Ari Goepërnëmen mah atjan ngadëgkeun sakolah përtëngahan noe pikeun awe-we woengkoel.

Di Batawi, waktue ieu mah kakara aja 2 H. B. S.-awewe noe lima taoen, noe tahapanana saroea djeung H. B. S.-tjampoeran noe lima taoen, djadi anoe sok ngeusi-ngeusi-keun elmoe hisab (wiskunde) tea ka moeridna. Noe hidji bogana Carpentier Alting Stichting, noe hidji deui bogana Zusters Ursulinen (St. Ursula). Ka hareup mah Pagoejoeban Sakola Karestën djeung Carpentier Alting Stichting tea arek ngadëgkeun H.B.S. pikeun awe-we noe pangadjaranana leuwih loejoe kana kaboetoh djeung bakat-bakat awe-we, tjara bogana Neutrale Soerabajasche Schoolvereeniging di Soerabaja.

Aja deui sakola noe rada aneh di Soerabaja teh, nja eta „Opleidingschool voor Maatschappelijk Werk” (Sakola pikeun noe rek digawe dina hiroep koemboeh), hidji sakola përtëngahan pikeun awe-we noe ëngkena oepama bae djadi Assistente di Imah-Atikan (Opvoedingsgesticht), di boei baroedak, di Reclasseering (ngabageurkeun djalma noe ngadjalankeun kadjahatan). Eta sakola diadëgkeunana koe Nederlandsch-Indisch Genootschap voor Philantropische en Maatschappelijke Arbeid (moen di-Soendakeun mah koerang-leuwih : Pagoejoeban anoe sëdja amal karana Allah).

Handjakal eta sakola noe sakitoe gēdena paedahna bēt teu lana ngadēgna, doemeh teu rea noe daraekeun asoep.

Di sawareh tempat — babakoena noe rocmah sakitna rada gēde — sok aja pagoeron pikeun paradji atawa djoeroerawat, malah di Batawi djeung Bandoeng mah aja pagoeron pikeun noe meunangkeun *Nederlandsche Diploma voor Ziekenverpleging* (diploma djoeroerawat pikeun di nagara Walanda).

Di Batawi aja sakola paradji anoe rēmpēg bogana I. E. V. dingaranan „Twee Kruisen”. Malah di Boedi Kēmoeljaan mah aja pagoeron anoe woengkoel pikeun djadi paradji bae; di Solo diajakeunana teh koe pagoejoeban „Ziekenzorg”, ari di Soerabaja mah koe „Leger des Hells”.

Sakola-sakola Mulo, A. M. S., Sakola Hakim Loehoer djeung Sakola Doktor Loehoer, Sakola Insinjoer anoe Goe-pērñemen, dina oemoemna meunang diasoepan koe awewe sagala bangsa, malah geus aja hidji-hidjieun istri bangsa oerang noe djaradi mr djeung doktēr, ngan tjan aja kaloe-aran Sakola Insinjoer di Bandoeng.

Koe katērangān-katērangān di loehoer, sakadar anoe pang-pērloena mah hal-hal anoe patali djeung pangadjaran baroedak awewe oerang teh geus dipēdar.

Baroedak awewe noe harajangeun sakola, leuwih ti tjoe-koop, nēpi ka „moedal” teu kawadahan. Hal eta matak reug-reug, hidji tanda, jen awewe oerang teh lain ngan poerah djadi patih goah bae tapi ngarasaeun, jen dina hiroep koem-boeh djeung djanaparia oge bogaeun tjabakeun. Geus poe-goeh dina atikan, sanadjan dina kalangan ekonomi, poelitik, tatanen, kawarasan, sport, kabnangkitan, dalah di pang-pērangan awewe teh dipikaboetoch pagaweanana, oepamana pikeun djadi pagawe Tjakra Beureum djadi djoeroebantoe C. O. V. I. M. <sup>(1)</sup> djeung djaba ti eta.

Dina oenggal patjabakan, memang aja bae bagian anoe pajoesna ditjabak koe awewe woengkoel. Oepamana bae

(1) *Committe voor de Organisatie van Vrouwen In Mobilisatietijd* (Komite ngatoer gērakan awewe dina mangsana mēpēk balad).

dina bab kawarasan, ari doktër pikeun ngoebaran awewe atawa baroedak mah, sanadjan doktër lalaki tangtoe bisa-eunana oge, leuwih pajoes koe doktër awewe. Geus kitoe, boei pikeun awewe, oepamana, sakola istri, pangbatikan, paninoenan djeung rea-rea deui pantës lamoen ditjabakna koe awewe.

Di Eropa djeung Amerika mah geus ilahar awewe matjakal di kalangan hiroep koemboeh teh. Di oerang oge geus mimiti arek kitoe, ngan moega-moega bae oelah kalépasan, népi ka poho kana sipat-sipat kaistrianana, oelah népi ka tjoel anak, tjoel imah tangga djeung salaki, oepama rimbitan tea mah. Djeung babakoena oelah poho kana kadjantikan djeung kasoesilan.

Awewe anoe bisa mandiri toer matjakal, oepama toegoe oempina paréng bobor karahajoean, boh djadi djalma woe-doe, boh kaloear tina pagaweanana, geus tangtoe tandang, ngagéntenan salakina djadi toegoe oempi satoengtoeng bapa baroedak atjan bisaeun oesaha. Atawa dina dikadarkeun djadi randa ari bisa matjakal mah moal matak njosahkeun ka sanak baraja.

Awewe teh koedoe pintër sarta soerti. Djalma pintër komo dibaréngan soerti, baris bisaeun ngahartikeun kaajaan sakoerilingeunana, bisa njipta noe djaoeh tina paningalna, bisa nganjahokeun „djero-djérona” djalma anoe rakët djeung manéhna. Oepama manéhna djadi indoeng, bakal bisaeun ngarasakeun kéréteg hate anakna. Lahir batin anakna baris kadjaring, toedjoenanana baris katoetoerkeun, pakarépanana baris kahartieun.

Baroedak anoe indoengna bodo, komo lamoen baliloe, saroea bae djeung henteu moeloes érohna, lir panonpoé wantji tangange kapindingan pihoedjaneun, sinarna henteu katembong, matak haleungheum tjeudeum kana hiroepna boedak.

Mangga ajeuna mah sakola-sakola teh sing dédét-padét koe baroedak awewe. Sakoerang-koerangna reana sing saroea djeung moerid lalaki, malar rea noe palintër pikeun nandjoengna nagara oerang.

*M. Ullfah Santoso.*



# ROEPA-ROEPA KANJAHO

## PADALANGAN DI PASOENDAN.

Karangan

*Raden Asik Natanëgara.*

### Bocboeka

Dina oemoemna, oerang Soenda teh kolot boedak, menak koering pada rësëp kana wajang, babakoena wajang gole. Ari di Djawa noe dipikabogoh teh babakoena wajang koelit. Padalangan di Pasoendan djeung di Djawa rea pisan bedana, boh dina prakprakanana pëta ngadalang, boh dina tatabeuhanana, komo wajang-wongna mah bedana teh lain meumeusan. Di dieu moal ditjaritakeun beda-bedana tea, ngan rek nataan pëpendakan dina padalangan di Pasoendan bae saeutik-eutikeun.

Aja saroepa anoe përløe ditërangkeun, jen noeroetkeun pakëm Mahabarata mah dina wajang teh hënteu aja panakawan anoe tiloe, nja eta Sëmar, Tjepot djeung Dawala. Iraha djeung koemaha „ditambahkeunana” eta tribadega kana padalangan di poelo Djawa, hënteu aja noe bisa nërangkeun kalajan sidik saksi-saksina, para ahli noe palintër oge atjan sapagodos pisan.

Lalakon-lalakon anoe sok dianggap di Pasoendan, babakoena bagian tina Mahabarata, boh tina lalakon poko (pakëm), boh sëmpalan, ngalalakonkeun salahsaoerang tédak Pandawa anoe hënteu kaasoeup kana galoer pakëm tea, moen dina tangkal mah minangka dahanna.<sup>1)</sup> Moen teu kitoe sok

<sup>1)</sup> Noe kaasoeup kana poko, oepamana bae „Pandawa Ngadëg Radja”, „Pandawa Nagih Djangdji”, „Mëpëk Balad”, „Barata Joeda” djeung djaba ti eta sakoer noe aja dina „leundjeuran” lalakon Mahabarata. Ari noe disëboet sëmpalan, oepamana bae „Soejoedana Rabi”, „Bima Soetji”, „Partakrama” djeung djaba ti eta. Sadjabana ti eta disëboetna lalakon tjarangan oepamana bae „Djabang Toetoe-ka”, „Përgiwa-Përgiwati” dj.s.t. (Red.).

lalakon salahsaoerang ti antara para poeta. Radjeun oge sok aja noe ngalalakonkeun Batara Rama.

Ditanggapna wajang teh babakoena sok ti peuting di noe kariaan, oepamana bae ngawinkeun, njoenatan, ngaroekat djeung sapapadana. Di sawareh tempat, sok radjeun oge aja noe nanggap wajang ti beurang, babakoena sabada ngarak panganten, kitoe ge lain ngarah lalakonna, eta mah sakadar tamba tiiseun bae, babakoena dipambrih ramena.

Pikeun pangeusi poelo Djawa, Madoera djeung Bali, wajang teh lain ngan djadi tatanggapan sok ti peuting di noe kariaan, oepamana bae ngawinkeun, njoenatan, ngaroekat djeung sapapadana. Di sawareh tempat, sok radjeun oge aja noe nanggap wajang ti beurang, babakoena sabada ngarak panganten, kitoe ge lain ngarah lalakonna, eta mah sakadar tamba tiiseun bae, babakoena dipambrih ramena.

Pikeun pangeusi poelo Djawa, Madoera djeung Bali, wajang teh lain ngan djadi tatanggapan sok ti peuting di noe kariaan, oepamana bae ngawinkeun, njoenatan, ngaroekat djeung sapapadana. Di sawareh tempat, sok radjeun oge aja noe nanggap wajang ti beurang, babakoena sabada ngarak panganten, kitoe ge lain ngarah lalakonna, eta mah sakadar tamba tiiseun bae, babakoena dipambrih ramena.

### Sarsilahna

Noeroetkeun pëdaran dalang-dalang di Pasoendan, wajang teh magar tédak Nabi Sis, poeta Nabi Adam. Dina ngamimitian „manggoeng” biasana dalang teh sok ngadjoedjoet heula poepoehoenan wajang ti Nabi Sis tédak-toemédak; njëboetanana teh gantjang pisan dibarabatkéun. Ari sarsilahna nja eta kieu: Sis — Anwar — Noertjahja — Noesari — Noerdjati — Sakoentoe — Sakoemboel — Prangwajoeh — Kanangsa — Manangsa — Kanoengsa — Manoemanangsa (1) — Sakri — Sakoetrëm — Palasara — Ablasa — Pandoe — Ardjoena — Abimanjoe — Parikësit — .....

Henteu koedoe ditjaritakeun deui, jen oenggal-oenggal toeroenan pada ngabogaan lalakon sorangan sarta pada boga djaman sorangan, mangkaning dina sadjaman-sadjamanna teh

(1) Pamëndak Rëdaksi: Manoemanangsa sok disëbat oge Manoemajasa; poepoetra Sakoetrëm; Sakoetrëm poepoetra Sakri; Sakri poepoetra Palasara. Tëgësna: Palasara teh poeta Sakri sanes poeta Sakoetrëm. Sakoetrëm mah akina.

sok lain ngan noe „boga galoer“ bae noe ngalalakon tein tapi doeloer-doeloerna, kapianakna (alo atawa soean), pamadjikanana djeung baraja-baraja pamadjikanana pada bogaeun lalakon; rea patjorokna, rea patalina.

Oepama koe oerang didjoedjoet ti djaman Nabi Sis keneh, pisakoemahaen teuing pandjngna, moal tamat koe sawatara lambar dina alménak. Djaba ti kitoe, dina padalangan Pasoendan, meh teu aja dalang anoe apaleun kana lalakon „beh ditoeéun Palasara“, malah rereana mah dalang teh apalna ngan sémét djaman nandjoengna Amarta bae, kitoe ge rea anoe satengah diparah, malah tampolana mah kana pantjakakina antara itoe djeung ieu je sok pandjeudjeut. Ka-behdieunakeun, radjeun aja anoe mēdar lalakon ti djaman Palasara.

Patali djeung eta, anoe rek dipedar di dieu oge, oerang ngamimitian ti djaman Palasara bae, kitoe ge ngan oekoer rek ditjaritakeun leundjeuranana, moal ditetek djeung oenakanikna.



Palasara teh satria pinandita, gēntoer, tapa hoesoe mēnēkoeng, antēng mantēng ka noe disēmbahna. Hidji mangsa, sabot andjeunna noedjoe sēmedi, bawaning koe antēng-antēngna doegi ka lat lali ka saliring doemadi. Dasar koedoe pandjang lalakon, kērsaning Noe Kawasa dina mastakana teh aja piit sadjodo ngadon njeun sajang bangoen pohara sarēnangna, make kokoreh papatjok djeung mitjeun geugeuleuh sagala roepa.

Noe keur tapa, sanadjan sakoemaha gēntoerna oge tēngahing hoesoe mēnēkoeng, kitoe-kitoe teuing mah djadi ebat, bidjil bēndoena ka manock. Tatapana ladjēng loegaj, kērsana ngabēbērik manock baris dipaehan, loempatna diiring koe tribadega, Sēmar, Tjepot sarēng Dawala (1). Noe

---

(1) Dina Mahabarata Hindoe mah ieu teh hēnteu aja, noe aja teh moeng dina padalangan bae. (Red.).

ngoedag manoeek djol ka sisi waloengan Selagangga (1) anoe nja djero nja léga toer tarik. Manoeek tea mah maboer manten teu kaoedag.

Tariking pərbawa djodo. Bagawan anom di dinja teh tépang saréng Poetri noe koe iboe ramana disingkahkeun, djalaran salirana bae hanjir. Eta Poetri djénenganana Doergandini (2) atanapi Raramis (3) poetra Sang Péréboe Wirata. Sadamangna dilandongan koe Palasara, téras dipigarwa, sarta géntos djénengan djadi Gandawati (4).

Palasara ti Sang Poetri Gandawati kagoengan poetra, didjénenganan Abiasa.

Dasar kédah pandjang saréng patjorok lalakon, saparantos poetraan mah Gandawati teh tjoel bae ditiilar koe tjaroge; nja andjeunna djadi randa.

Sakébeting rarandaan kadjodokeun ka Péréboe Santanoe, radja noe ngéreh di nagara Astina. Sang Radja ti garwana noe ti pajoen, kagoengan poetra pamégét hidji djénengan Pərbata (5). Memeh dipigarwa, Sang Poetri kagoengan pannoehoen heula, jen : mangga poeroen dipigarwa, nanging palaj kagoengan poetra pamégét ti Sang Radja, toer éngkena kédah ngagéntos rama djadi radja di Astina tédak-toemédak.

Awahing Santanoe teu kiat nandangan abotna manah. tandjakan Poetri anoe sakitoe banggana teh disanggéman bae, dibelaan poetrana koe andjeun — Pərbata — njoempah

#### Ti Rėdaksi.

(1) Noe kapėndak koe rėdaksi mah, wasta waloengan teh Jamoena, nja eta bangawan Djoemna (Jaumna), salahsawios waloengan anoe ngotjor ka bangawan Logangga (Gangės). Doepi noe koe dalang disėbat Selagangga teh pangintėn Si Logangga, noe ajeuna disėbat Gangės tea.

(2) Doer-gandini, hartosna awon angseuna.

(3) Raramis, pondokna tina rara-amis, hartosna awewe hanjir.

(4) Dina Mahabarata mah wastana teh Satiawati.

(5) Dewabrata atanapi Bisma.

# Oerat bodas noe hengker



matak  
noengtoen teu  
paroeroen

Oerat bodas tea kédah dipaparin tana-  
ga anjar - Sawatawis minggoe oeng-  
gal dintén kédah noeang Sanatogen

„Djalaran oenggal dintén oepami  
ku sekola kédah toempak kareta mé-  
kintén sadjam lamina, simkoering teu  
kintén tiapena. Nanying koe Sana-  
koer mah tjape teh utjal. Kapoeng-  
koe mah tara tusa mondok, nanying  
ajeuna mah teu sawilos-wilos.”  
saoer Nonu G. A. di Z.

„Koe padamelan anoe teu kintén  
abotna, sarap simkoering teh résak,  
tanaga djadi soeda toer teu paroeroen  
Saparantos néda Sanatogen 5 ming-  
goe lamina tanaga saréng kadangk  
poelih deui. Néda djadi réwog, tjape  
djadi itjal.”  
saoer toean R. T. V. di P.

Oepami djoeragan ngaraos loengse, nahnj,  
tjindékna ngaraos tjape koe padamelan koe-  
maha bac, ete teh moal lépat deui, jen oerat  
bodas kaganggoe. Oerat bodas, noe hengker  
matak noengtoen teu paroeroen, ngitjalkeun ka-  
soekaan hiroep: djoeragan djadi teu kaopan  
oenggal djalma karaosna asa tjerewed saréng  
djadi ganggoean. Sajaktosna djoeragan teh ké-  
dah njobian noeang Sanatogen sakali mab. Tanpa  
wilangan seueurna djalma anoe poelih deui  
tanagana saréng kagoembiraanana, margi eta  
katoeangan kanggo sarap teh matak ngadamang-  
keun bagian-bagian sarap sakoedjoe salira sa-  
réng ngadongkapkeun tanaga anjar.

Kanggo ngawoewoehan napsoe  
didaméi saréng kawalagrian  
salira, kédah majéng noeang

# SANATOGEN

Landong Kakiatan noe pangsaeana.

Kuaging ngadateab di sakabéh Hindia dina boengsoemp noe 90  
saréng 100 gram.



## Oelah diantoskeun doegi ka nombro

Oepami salahsawios babagian salira aja noe kaganggoe, sok aja tawis-tawisna minangka ngawartosan; koe anoe soerti mah tangtos kahartoseun.

Naha djoeragan oeninga, jen:

*Laloengse (lèsœ, poejëng, teu paroeroen) — Boeroek waos — Abot mastaka — Teu liren pilëg — Salira gampil katepaan panjawat — Hënteu pajaan koe gëntos moesim*

eta sadajana djalaran babagian salira kakirangan dat kapoer? Kanggo ngawoewoehan noe kirang tea teu kintën gampilna. Kalzan baris soemarambah di lëbët salira kalajan sae toer agëng paedahna. Oelah diantoskeun doegi ka nombro. Oepami aja tawis anoe ngawartosan tea, enggal noeang Kalzan. Para Doktër anoe kamashoer sami njaoerkeun, jen kakirangan dat kapoer teh di nagara panas mah parantos ilahar, doegi ka di tempat panas kitoe mah oenggal djalma këdah noeang Kalzan. Kalzan teh ngiatkeun salira. Mangga ti ajeuna ngawitan noeang.

# KALZAN

Kapoer toangeun noe ngiatkeun salira.

salira, jen saemoer hiroepna baris wadat. Ti Sang Poetri Gandawati Radja kagoengan poetra, djénenganana Astabrata, nja ieu tjalon radja teh (1).

Gantjangna tjarita Astabrata parantos djoeméneng radja di Astina; Bisma tètép nohonan soempah, jen moal geureuhaan sarta moal kërsa djadi radja. Praboe Santanoe ngabagawan.

Katjatoerkeun Bisma ngiring saembara, kenging poetri doea raji-raka djénengan Ambika saréng Ambiki. Maksud Bisma eta para poetri teh baris pigarwaeun Astabrata tea, djalaran andjeunna mah wadat, nanging Ambika keukeuh palaj dipigarwa koe Bisma bae. Koe Bisma disingsieunan bade disoedoek koe kërís, batan sieuneun kalah kërís tea dirontok, ditewékkeun kana salira Ambika koe andjeun. Barang bade poepoes, Ambika ragrag soepata, jen djaga Bisma teh poepoesna baris koe istri. (2).

Praboe Astabrata, saparantos geureuhaan ka Ambiki ka-boedjeng poepoes manten. Ambiki lajéng dipigarwa koe Abiasa (saderek saiboe Astabrata).

Ambiki poetraan tiloe, nja eta hidji ti Astabrata noe djénengan Dëstarata, doea deui ti Abiasa djénengan Pandoe saréng Widoera (3). Dëstarata teh tanpadaksa, pameunteuna lita teu sotjaan (sanés lolong? Red.). Anoe kadoea,

---

(1) Dina Mahabarata poetrana teh doeaan, noe sěpoech Tjitranggada, noe anom Tjitrasena atanapi Witjitrwirja. Red.

(2) Poetri teh tiloean djénenganana Amba, Ambika saréng Ambahini atanapi Ambalika. Poepoesna Amba (noe tjikal!) sanés Ambika, dibobodo bade dipanah téras kalépasan, djamparing ngadjéprot teu dihadja. Red.

(3) Widoera mah sanés poetra Abiasa ti sélir? Dëstarata poetra Ambahini. Pandoe poetra Ambika, tégésna: misah iboe toenggala rama. Ti tjarogena noe ti pajoen teu kanto: poetraan, malah nja ieu pisan margina noe mawi „dila-djéngkeun” koe Abiasa oge.

nja eta Pandoe, tjatjad deui bae, margi „wandoe”. Anoe boengsoe, Widoera, tanpadaksa deui bae, angkatna dengklang, teu loembrah saréng batoer.

Koe margi anoe minangka pangwalagrina teh Pandoe, nja ieu noe didjénengkeun radja. Pandoe teh kagoengan garwa tiloe, nja eta Koenti, Madrim saréng Anggandari, doepi Dēstarata mah hēnteu. Kalajan pirémpag sadaja, babakoena ngemoetkeun saderek tanpadaksa, Anggandari, garwa katiloe, koe Pandoe disanggakeun ka Dēstarata.

Anggandari kagoengan poetra ti Dēstarata, djoemlahna 100 (tjek sakaol 101), pangsepoebna diwastaan Soejoedana, ngadi ka Doersasana; saderekna anoe 98 deui mah teu katjatoerkeun lalakonna saerang-saerang, diwastaanana „Korawa” (1) noe hidji istri namina Doersilawati.

Pandoe anoe „wandoe” tea (2) teu boeroeng kagoengan poetra ti para garwana.

Koe kasakten Koenti, kalajan sihing para Dewa, Koenti saréng Madrim teh kagoengan poetra : Sēmiadji atanapi Darmakoesoemah poetra Koenti „pasihan” Batara Darma; Bima poetra Koenti dijoegeakeunana koe Batara Bajoe, Ardjoena poetra katiloe goemélarna kalajan pangawasa Batara Indra; dēmi Madrim poetrana Nakoela saréng Sadewa noe kēmbat tea, mēdalna ka doenja teh koe kamoerahanana Batara Aswin.

Eta para poetra noe lima katēlahna *Pandawa*, hartosna „lima” (3).

Nalika para poetra maroerangkalih keneh Pandoe saréng Madrim paroepoes. Noe mangkoe kaprabon ditēraskeun koe

Ti Rēdaksi.

(1) Kēdahna mah „Koerawa” sanes „Korawa”, tēgēsna tērahing „Koeroe”. Djadi Soejoedana oge kalēbēt keneh „Koerawa”.

(2) Sanes wandoe, nanging wadat, keuna koe soepata Rēsi Soehatra, jen oepama Pandoe njoemponan kawadjiban tjaroge ka garwa baris poepoes, noe mawi teu wantoeneun.

(3) Pandawa hartosna „tērahing Pandoe”, sapērtos Koerawa tērahing Koeroe atanapi Ragawa tērahing Ragoe.



Dĕstarata kanggo ngawakilan sabot Sĕmiadji teu atjan sawawa. Koe margi Dĕstarata wagĕlan koe teu ningali, ka-loenggoehanana teh tĕras diwakilkeun deui ka ingkang poetra, nja eta Soejoedana.

Eukeur mah Soejoedana teh bakatna hawĕk toer salawasna iren panastren ka para saderek misan, ajeuna di-djoengdjoeng loenggoch, atoeĕ lĕbĕt kana paripaos „Noelak tjangkeng dina kelek”.

Nja ieu pisan anoe mandjangkeun lalakon teh. Oepama lalakonna ditetek di dieu, matak teu mahi pitĕmpateunana. Anoe hajang tĕrang mah mĕnding meuli bae boekoena di Bale Poestaka, nja eta noe disĕboet „Serie Mahabarata” tea, hargana ge moerah ieuĕh, ngan f 2,64 reana 11 djilid, atawa lamoen ditambahan koe Wawatjan „Ekalaja” djeung „Ekalaja Palastra” mah djadi 13 djilid, hargana f 3,08.

Ngabandoengan sarsilah di loehoer, djol katangen ngagolontorna roendajan Sakri nĕpi ka Ardjoena katoet para saderekna. Minangka kateugna teh di lĕbah Astabrata anoe „ditoeloejkeun” koe Abiasa. Djaba-ti Koerawa djeung Pandawa, dina padalangan teh rĕmĕn katjaritakeun noe sedjena, oepamana bae: Baladewa, Krĕsna, Karna, Dorna, Djajadrata, Sakoĕni djeung sadjaba ti eta.

Eta teh kabĕh oge aja sarsilahna, pada bogaeun karoe-hoen, pada aja kotjoranana sarta masing-masing pada ngabarogaan lalakon, sawareĕ mah lalakonna teh patjorok djeung noe lian nĕpi ka djadi sababaraha lalakon. Tah lalakon noe kieu disĕboetna „sĕmpalan”, tĕgĕsna njĕmpal tina galoering poko.

Oepama koedoe ditetek sarsilahna, geus tangtoe katjida padjeudjeutna, lantaran koe patjorokna kawin, pantjakaki oge djadi pabeulit. Oepama koedoe diapalkeun, koerang-koerang mah matak teu apal koe saboelan. Ngan tamba teu kagoear, di dieu rek dipĕdar bae, sakadar anoe katjida pĕrloena, oelah matak lieur teuing.

1. Radja Madoĕra noe djĕnĕngan Kangsa kagoengan saderek istri djĕnĕngan Dewaki, tjaroĕgan ka Basoedewa di nagara Dwaraka. Basoedewa poetraan: Baladewa, noe ĕng-

kena djadi radja di Madoera, Krēsna noe éngkena djadi radja di Dwaraka (Dwarawati) djeung Soebadra noe éngkena djadi garwa Ardjoena.

Ari Basoedewa teh poetra Sang Péréboe' Basoekoenti (Koentibodja). Para saderek Basoedewa, nja eta: Koenti (iboe Sēmiadji, Bima saréng Ardjoena), Arjapraboe (Bisma-ka) djeung Oe grasena (Sētiadjit).

2. Karna anoe djoeménéng Adipati di Awangga toenggal poetra Koenti keneh ti Batara Soerja. Koe margi bobot hēnteu tjarogean, kanggo njimboetan wiwirang, barang brol babar moerangkalih teh (Karna tea) dipalidkeun, kapéndak koe Adirata, koesir Astina téras dirorok doegi ka ageung.

3. Praboe Mandratpati <sup>(1)</sup> di Mandaraka kagoengan poetra: kahidji Salja, kadoea Madrim <sup>(2)</sup> (iboe Nakoela Sadewa).

Salja teh poetraan: kahidji Irawati, garwa Baladewa, kadoea Soertikanti, garwa Karna; katiloe Banowati garwa Soe'joedana; kaopat Boerisrawa djeung noe boengsoe Roekmarata.

4. Praboe Basoekēti di Wirata kagoengan poetra: noe tjikal Doergandana, noe boengsoe Satiawati noe baee hanjir tea (Doergandini alias Raramis, noe éngkena sanggeus tja-geur djadi Gandawati). Ieu geus dipédar di lóchoer lēbah njaritakeun Palasara djeung Santanoe.

Doergandana poepoetra Mangsapati. Manesapati poepoetra: kahidji Seta, kadcea Oetara, katiloe Wirasangka, kaopat Oetari noe éngkena tjarogean ka Abimanjoe — poetra Ardjoena; djadi tjaroge teh kapérénah intjoe — sarta ti Abimanjoe apoepoetra Parikēsiti, noe tjek padalangan maga: ngaroendajkeun radja-radja di poelo Djawa.

5. Soepala poepoetra: kahidji Sakoeni noe éngkena djadi Patih Astina djeung kadoea Anggandari, kapigarwa koe Dēstarata.

---

(1) Salērēsna Madrapati, tégēsna radja bangsa Madra.  
Red.

(2) Dina Sanskriet: Madri. Red.

6. Droepada radja di Pantjalarédja (di Djawa: Tjampalaredja. *Red.*) kagoengan poetra: kahidji Droepadi (garwa Sēmiadji), kadoea Drēstadoemēna (ēngkena djadi Patih di Amarta) djeung katiloe Sri Kandi (garwa Ardjoena).

7. Praboe Sētiadjit di Lesanpoera kagoengan poetra: kahidji Sētiaboma (garwa Krēsna) kadoea Sēntjaki (lērēsna Sētiaki, *Red.*) Patih di Dwarawati.

8. Pandita Baratmadja di Atas-Angin kagoengan poetra Kombajana. Kombajana poepoetra Aswatama.

9. Bagawan Sēmpani tilas radja di Sindoe, kagoengan poetra djēnēngan Djajadrata. Andjeunna garwaan ka Doersilawati (raji Soejoedana noc istri), kagoengan poetra djēnēngan Sētjamoeka. (Nja ieu pisan anoc djadi „bibit goe-goejoeran” di Astina dina djaman Parikēsit. Pandjangna lalakon aos Wawatjan „Praboe Oedrajana” wēdalan Bale Poestaka. *Red.*).

10. Arjapraboe radja di Tjoemina kagoengan poetra doea, nja eta Roekma sarēng Roekmini (garwa Krēsna).

Sakadar sapērloena mah sakitoe oge soegan tetela sarsilah wajang teh. Eta teh ngan sēmēt „kapiramaan” bae. Minangka panambah, pérloe oge dipēdar „kapipoetraan”. Ieu oge ngan sakadar rek disēboetan iboe-ramana bae.

Antarédja poetra Bima ti Nagagini. Gatotkatja, poetra Bima ti Arimbi. Pantjawala poetra Sēmiadji ti Droepadi. Abimanjoe poetra Ardjoena ti Soebadra. (Ardjoena teh rea pisan garwana; meh ti oenggal garwa kagoengan poetra. Ngarah ringkēs, oerang njandak saeorang bae, nja eta Abimanjoe tea). Santjaka poetra Krēsna ti Sētiaboma. Soetedja (Nalakoera Boma) poetra Krēsna ti Pērtiwi. Samba poetra Krēsna — kakasih — ti Djēmbawati. Sondari poetra Krēsna ti Roekmini. (ēngkena Sondari teh dipigarwa koe Abimanjoe). Walmoeka poetra Baladewa ti Irawati. Lasmana poetra Soejoedana ti Banowati. Warsakoemara poetra Karna ti Soertikanti.

Sakadar pikeun anoe tjatjarakan mah, sakitoe oge geus tjoekoepp nataan sarsilah teh. Ajeuna oerang njoetat sawatara lalakon noe sok didalangkeun koe dalang Soenda.

Sawatara lalakon (1).

### I. Djabang Aswatama.

Widadari Wiloetama ngalampahkeun kadorakaan saréng Ardjoena, kabéndon koe Dewa, didamél koeda bikang, ditoendoeng ka doenja. Djol ka basisir Atas Angin, katingali koe Kombajana anoe noedjoe ewoeh bade meuntas. Koeda teh lindeuk, tjlak ditoempakan, bét bisaeun napak kantjang, toeloj meuntaskeun noe keur bingoeng. Népi ka peuntas ti ditoe, nja eta basisir poelo Djawa, koeda teh bét ngadjoeroe, anakna djéléma tapi soesoerian. Orok dirawatan koe Kombajana, ari koeda tjéprot dipanah, djanggelek djadi deui widadari sabaheula, toeloj moelih ka Sawargaloka.

Oepama noeroetkeun kaol eta, atoech Aswatama teh saénjana poeta Ardjoena, Kombajana anoe „katémpoehana-na”. Djadi noeroetkeun kanda Soenda mah Kombajana teh lain rama Aswatama, da ramana mah saénjana Ardjoena.

Ari tjeck kaol Djawa mah kieu (2): Barang Kombajana bade meuntas, doemadakan djol koeda bikang, mamandapan hajangeun ditoempakan. Atoeh tjlak bae koe Kombajana ditoempakan, bioer, meuntas, napak kantjang ngadjoegdjoeg poelo Djawa. Saténgahing djalan, awahing koe raos toeng-

(1) Kenging disébatkeun oenggal dalang sok ngarobah lalakon. Sanadjan djédjerna eta-eta keneh, tara aja dalang anoe sami pisan „ngagaloerkeunana”, kédah bae aja mentjogna. Tina koe margi eta pérloe kapioendjoek, jen lalakon-lalakon anoe basis kapintonkeun di dieu teh sawatawis mah seueur anoe bentén saréng noe kapéndak koe Rédaksi.

(2) Noe kakoeping koe Rédaksi kieu. Dina kaol Hindoe mah, noe dipeuntasan teh sanes laeet, nanging waloengan Jamoena noe noedjoe tjaah doegi ka oempalan. Médalna Aswatama sanes dibabarkeun, nanging tina raheut koeda, dipanah koe Kombajana doemeh noetoer-noetoerkeun bae.

gang koeda, tēras aja noe kaloeur tina tanda-kalanangan Kombajana, koe andjeunna dipitjeun ka laoet. Samaroealna koeda, eta teh boedah laoet, toeloej dihakan, pēlēdoeng bae koeda teh reuneuh. Nēpi ka peuntas, brol orokan, nja eta Aswatama. Sanggeus koeda dipanah, djanggelek bae djadi widadari Wiloetama, toeloej hibēr, balik ka Sawargaloka.

## II. Bale Si Gala-gala.

Koe pērbawa kahawēkan, Koerawa bade njilakakeun Pandawa. Arandjeunna dilēdjokeun magar kēdah djadi wawakil kana pesta di Waranawata. Kanggo pangkoelēmanana, magar teh di ditoe parantos disajagikeun, boemi weuteuh. Joedistira sarēng para saderek hēnteu moengpang, tēras arangkat. Ari sihareng anoe magar boemi weuteuh sajangian teh saēnjana mah imah meunang ngahadja ngadēgkeun — alpoekah Sakoeni — noe bilikna dilampat koe gagala djeung oenggal bongkok dieusian eta, (eta sababna noe matak disēboet bale Si Gala-gala oge, *Red.*), ngarah babari hoe-roeng oepama disoendoet. Maksud Soejoedana sarēng Sakoeni, oepama ēngke para saderek Pandawa parantos karoelēm tibra, eta boemi baris didoeroek, mambrih noe keur karoelēm poepoes djadi roehak.

Kērsaning Noe Maha Kawasa, bēt aja tjareuh bodas <sup>(1)</sup> asoep kana liang. Koc para poeta ditoe toerkeun. Sihoreng eta liang teh brasna ka Sapatala <sup>(2)</sup>, nja eta lapisan boemi anoe diratoean koe Antaboga. Joedistira katoet para saderek, sanes moeng wiloedjēng tina bahja bae, nanging Bima mah doegi ka kadjodokeun ka Nagagini, poeta Antaboga.

---

<sup>(1)</sup> Sajaktosna doemeh diwartosan koe sindir Arja Widoera. Memeh Joedistira angkat, diwēdjang heula koe andjeunna, tah dina ngawēdjang tea ngawartosan koe sindir teh. Noe ngartoseun moeng Joedistira bae, noe sanes mah ngadangoe oge teu aja noe ngartoseun. *Red.*

<sup>(2)</sup> Dina Sanskriet: Sapta Pātāla, hartosna toedjoeh lapis boemi. *Red.*

Ti Nagagini Bima teh kagoengan poetra, djénengan Antarédja.

Ti palébah dieu, lalakon Pandawa teh djadi pohara reana. oepamana bae éngkena Bima teh toeloej ngabédah alas Ambar (maksadna manawi Alas Amar noe dina basa Kawi disébat Wana-Amarta tea. *Red.*). Dina mangsana Bima ngaboekbak Alas Amar, tépang saréng Arimbi, ladjéng dipigarwa. Arimbi poetraan ti Bima didjénenganan Gatotkatja. (Lalakon lahirna Gatotkatja disébatna Djabang Toetoeka).

### III. Lawang Si Gotaka.

Djatrawati, poetra istri Djajadatra (*Djajadrata. Red.*) baris direndengankeun ka Lasmana, poetra Soejoedana. Sang Poetri manahna ngait ka Abimanjoe. Ladjéng andjeunna ekol, magar teh: „Mangga poeroen ka Lasmana, nanging hajang dilamar koe tikoekoer énggoek sapoeloh.”

Koerawa kenging manoeek ti hidji pandita djénengan Bagawan Tjiptarasa, téras ditjarandak, malah pandita saréng rentjangna oge tiloan ngariring. Manoeek tea digantoengkeun di kamar Poetri, gélibér leupas tina koeroeng, njambéran Djatrawati bangoen otjon, barang ditewak, djanggelek bae djadi Abimanjoe. Sihoreng manoeek teh Abimanjoe malihwarui.

Dina mangsana bade proeng rendengan, Poetri teu kersaeun kaloear ti kamar. Barang disidikkeun, sihareng di lébét teh aja Abimanjoe. Atoeh géj djadi hoeroe-hara. Pandita Tjiptarasa noe kagoengan manoeek tea diraponan, tapi teu aja noe koeat. Hadena aja hidji pandita, goeroe Banowati (garwa Soejoedana) djénengan Wéroesapada anoe iasaeun ngajonan. Barang silih panah, eta doea pandita noe taroeng teu bét djanggelek bae djaradi Ardjoena saréng Krésna. Manahoreng eta doea mitra, teh njalamoer.

Katjatoerkeun poetra Krésna noe djénengan Samba aja manah kapingboeri ka Djatrawati. Abimanjoe, noe harita sasaréngan saréng Sang Poetri, koe Samba ditipoe, Djatrawatina diiwat, ditjandak ka Darawati. Koe Abimanjoe disoe-soel, nanging teu iasaeun lébét, djalaran Lawang Si Gotaka,

katja-katja dajauh Darawati ditoelakan. Awahing bëndoe, lawang teh koe Abimanjoe ditewékan doegi ka karantjang.

Para kapirama saréng Ardjoena sami ngabérik noe ngiwat. Barang bade lébét ka dajauh, kasondong Abimanjoe noedjoe nēwékan Lawang Si Gotaka. Krésna noe kagoengan nagara, kagoengan raos dioenghak, téras ragrag saoyer, jen Abimanjoe dina Baratajoeda baris poepoes toer salirana doegi ka karantjang sapertos Lawang Si Gotaka noe ditewékan koe andjeunna. Ardjoena, ngadangoe poetra disapa teh téras malés, njoepataan Samba, jen Samba baris poepoes dina salébéting njidra pamadjikan batoer. (Soepata Ardjoena tea toemibana ka Samba dina waktos Samba kagoengan lampah nirtja saréng „raji-lamboetna“, nja eta garwa Soetedja. Malah poepoesna oge ditelasan koe Soetedja. *Red.*).

..

Teu koedoe ditjaritakeun jen lalakon wajang teh rea deui djaba ti anoe ditataan ringkésna di loehoer. Oepama dipédar saroepa-saroepa deui di dieu, geus tangtöe teu aja pitèmpateunana.

## WAWATJAN LALAKON WAJANG, ANOE PADA MIKAHAJANG



<i>Mahabarata</i> (11 djilid) .....	pangaos f 2.64
<i>Rama</i> (5 djilid) .....	„ „ 1.70
<i>Ekalaja</i> (2 djilid) .....	„ „ 0.44

BALE POESTAKA

—

BATAVIA-C.

## KABOEPATEN LĒBAK.

Karésidenan Bantĕn baheula dibagi opat kaboepaten :

1. Bantĕn-Lor dajehna Serang.
2. Bantĕn-Tĕngah „ Pandeglang.
3. Bantĕn-Koelon „ Tjaringin. <sup>1)</sup>
4. Bantĕn-Kidoel „ Lĕbak.

Ajeuna mah ngan djadi tiloe kaboepaten, nja eta: Serang, Pandeglang djeung Lĕbak (Rangkasbitoeng). Taoen 1849 dajeh Kaboepaten ti Lĕbak pindah ka Waroenggoenoeng. Taoen 1852 ti Waroenggoenoeng pindah deui ka Rangkasbitoeng. Boepati noe ngawitan djoemĕnĕng di Lĕbak, nja eta Pangeran Sena Djaja.

Menak Priangan noe ngawitan djoemĕnĕng Boepati Lĕbak nja eta Kdj. R. A. A. Soerianataningrat, poetra djoeragan Panghoeloe Agoeng di Garoet, R. H. Moehamad Moesa. Nalika soemping ka Rangkasbitoeng, Kdj. R. A. A. Soerianataningrat ngadamĕl goegoeritan opat pada, sok ditĕmbangkeun koe moerid-moerid sakola di kaboepaten Lĕbak djaman harita, sakoemaha noe disĕrat di handap ieu :

### Magatroe.

1. Aeh-aeh koetan kitoe Bantĕn kidóel, teu njana kaliwat saking, pĕta dajeh Rangkasbitoeng, njĕplesna kawanti-wanti, niron Priangan kaprabon.
2. Kaboepaten sakidoeleun aloen-aloen, di kaler boei djeung lodji, sawetaneun aloen-aloen, boemina djoeragan Patih, masdjid pĕrnahna di koelon.
3. Tjĕpĕt ngetan boemina Kangdjĕng Pansioen, pĕrnahna di poentjak pasir, awas ka sakabeh goenoeng, goenoeng Karang Poelosari, Tjimanoe katingal ngĕmplong.
4. Sisi dajeh ti kaler reudjeung ti kidoel, dikoerilingan koe tjai, Tjiberang reudjeung Tjioedjoeng, patĕpoeng ngadjadi hidji, tjaina leuleuj djeung djĕro.

<sup>1)</sup> Nĕpi ka taoen 1906 (*Red.*).





Kangdženg R. A. A. Soerianataniugrat soargi, noe  
djoemišneng Boepati Lëbak (1880-1908).

## DJOERAGAN OBING

(Goeroe pëntja di Tjiandjoer).



Djoeragan R. Ibrahim  
(Djoeragan Obing).

Oerang Soenda mah moal aja anoe bireuk kana pëntja Tjikalong; mashaerna teh sanes moeng di Pasoendan bae, nanging batoer oge anoe ahli ngoelik kana pëntja mah, seueur pisan anoe ngagèngkeun kana pëntja Tjikalong teh. Goeroe-goeroe pëntja Tjikalong anoe karahot, djénnganana kawéntar ka mana-mana, doe-pi noe waktos ieu djoem-néng keneh: 1. R. Ibrahim, katélah djoeragan Obing, linggihna di Tjiandjoer; 2. R. Tarmidi di Tjikalong saréng 3. R. Soerlapoetra, katélah Agan Otjong di Soekaboemi. Anoe pangséringna kasoempingan gégèdoeg méntja ti mana-ménda saréng sok diondang pikeun

*moesawarah*<sup>1)</sup>, nja djoeragan Obing tea.

Mangga ajeuna oerang médar tjoetatan tina lalakon andjeunna.

<sup>1)</sup> Dina lingkoengan pëntja seueur këtjap-këtjap anoe teu ilahar diarango dina sasaoeran sadidintén, oepamina bae: *gërak, samboet, poekoelan, kaedah, améng, bërsamboeng, njësër, ngaringkoes*, saréng seueur-seueur deui. Koe rédaksi dihadja teu dirobah atanapi dilajoqkeun kana basa sadidintén, djalaran basa eta parantos prah dianggo di kalangan pëntja.

R. Ibrahim atanapi djoeragan Obing tea estoe pitoein oerang Tjiandjoer, ti Kangdjéng Dalém Tjikoendoel, doegi ka andjeunna némbe 7 toeroenan. Ramana, R. Hadji Abdoelah Sirad, Naib onderdistrik Madjalaja, distrik Tjikalong, kaboepaten Tjiandjoer. Nja di dinja R. Ibrahim teh dibabarkeunana ping 27 Sapar taoen 1277, lèrésan 25 September 1859.

Barang djoeragan Obing parantos joeswa 10 taoen. ramana njoehoenkeun liren tina padamélanana, téras ngalih ka Poerwakarta, boemen-boemen di kampoeng Selakambang. Dina taoen 1294 koe kérsana Kangdjéng Dalém Tjiandjoer, diangkat deui djadi Naib di Maleber. Djoeragan Obing dina waktos harita joeswana 17 taoen, nja téras andjeunna dilébéteun ka sakola kelas II di Djoglo, Tjiandjoer. Waktos harita pisan djoeragan Obing aja djorodjoj hojong diadjar méntja teh. Kalérésan aja goeroe méntja ti Batawi wasta Bang Moeih, noedjoe ngadjarkeun méntja di boemi djoeragan R. Hadji Sadikin, Hoofdpanghoeloe Tjiandjoer. Djadi djoeragan Obing ngawitanana diadjar méntja teh ti Bang Moeih, sasarengan saréng djoeragan Hadji Said, anoe éngkena djadi Hoofdpanghoeloe Tjiandjoer, R. Hadji Moesa Naib Patjet, R. Hadji Habib saréng R. Hadji Joesoef. Lamina diadjar di Bang Moeih 3 taoen. Saparantos tamat sakolana di sakola kelas II, téras ngamagang di kantor kaboepaten Tjiandjoer. Diadjar méntjana ditéraskeun di R. Moeksin (Bapa Oetjin) oerang Tjiandjoer keneh, moerid R. Hadji Énoh. Barang parantos kaetang tjékap kaliasana, koe Bapa Oetjin dipasrahkeun ka R. Hadji Énoh saréng ka R. Hadji Moesa. Noedjoe diadjar di dinja, sok séring kasoempingan R. Hadji Ibrahim, salahsawios goeroe péntja ti Tjikalong. (Bilih noe maos kaliroe antawis ieu doca „Ibrahim”, pérloe diemoetkeun, jen „Ibrahim” djoeragan Obing mah sanes Hadji). Djoeragan Hadji Ibrahim sasaoeran ka R. Hadji Énoh: „Ieu Obing koedoé téroes sina diadjar méntja, sabab katembong aja topek. Éngke dimana geus rada loehoer, djoeroengkeun ka Tjikalong, ama hajang ngadjar.”

Saparantos lami diadjarna di R. Hadji Énoh, nja ladjéng ditéraskeun di R. Hadji Ibrahim tea, di Tjikalong doegi ka tjatjapna.

R. Hadji Ibrahim teh poeta Djoeragan Aria Tjikalong, ahli ngoelik pëntja ti aalit, lalamina diadjar di Batawi, poeloehan taoen linggih di Djatinagara, toemoet ka rakana anoe tjarogean ka menak Djatinagara. Di Batawi mah koe andjeunna teu aja goeroe noe kalaroeng. Nja andjeunna anoe mëntjarkeun pëntja Tjikalong teh.

Waktoe djoeragan Obing diadjar mëntja di Tjikalong, aja goeroe pëntja oerang peuntas tjalikna di Wanajasa, djénenganana Ama Sabandar.

Dina hidji waktos djoeragan Obing angkat ka Wanajasa, ngadeuheusan ka Ama Sabandar sarta satérasna mah poelang-anting bae, ka Tjikalong ka Wanajasa, toenggang koeda ; maksadna diadjar mëntja.

Barang djoeragan Obing joeswa 42 taoen, koe kérésana Kangdjéng Dalém Tjiandjoer dina ping 13 sasih Juli 1900 diangkat djadi Kalipah di Kadoepandak, dina taoen 1903 diangkat kana Naib Mande. Dina taoen 1906 dialihkeun ka Tjilakoe, dina taoen 1910 dialihkeun ka Tjisokan, linggihna kintén-kintén aja 2 taoen ; dina hidji dintén katatamoean koe hidji Sëngke oerang Santoeng, ngangkén wasta Liem Kong, dongkapna ka Tjisokan dagang barang saréng roepi-roepi landong. Sadongkapna koe djoeragan Naib dipariksa naon maksadna pangna dongkap.

Eta Entjek Liem Kong, dongkapna ka Tjisokan teh ngahadja ngadjoegdjoeg djoeragan Obing hajang njobi-njobi bab pëntja bari mëtjak pangabisana bab koentaw, sarehing manehna di Santoeng mah parantos teu manggih tanding. Djoeragan Obing noe panganggona tara dir atanapi takaboer, harita ge tètép handap asor. Entjek tea diwalon, jen andjeunna mah teu aja kaiasa, malah anoe ngamashoerkeun ka andjeunna ge dibohong-bohong, magar teh eta mah dilaleuwihan. Diwalon kitoe teh Entjek Liem Kong henteu poenah kaparasaranana, malah ajeuna mah manehna noe ngabohong-bohong ka djoeragan Obing. Toengtoengna, keukeuh anoe hajang njobi, keukeuh noe ngangkén teu tiasa.

Liem Kong keuheuleun, sarehna djoeragan Obing keukeuh teu kérésaeun diadjak bërsumboeng tangan, téros manehanana méfa-méta (boengah-boengah), nembongkeun roepa-roepa pa-

maenanana, bari ngomong ka djoeragan Obing : „Sékarang bégini, djoeragan, dari sébab saja kèpengen taoe dan tjoba djoeragan poenja maen, sékarang saja pake taroeh bégini. Kaloe saja sampe kalah, boléh saja disoenatin boeat masoek agama Islam. Sébaliknja kaloe djoeragan jang kalah, djoeragan moesti masoek saja poenja agama.”

Ngadangoe omong Liem Kong anoe sakitoe takaboerna, nja ladjéng djoeragan Obing mariksa : „Apá bétœel, tjek ?”

Liem Kong : „Bétœel éngga salah lagi.”

Nja ladjéng djoeragan Obing moendoet disaksian ka anoe harita aja di boemina, nja eta : R. Moeksin, Agan Apit saréng Neng Ebeng<sup>1)</sup>, noedjoe natamoe di andjeunna.

Saparantos salse badanténna, téras bae djoeragan Obing bérsamboéng tangan saréng Liem Kong tea. Énggalna tjarios, oekoe méménitan, Liem Kong ngoedoepoeng kawon, teu tiasaeun madjéng deui saréng njébatkeun : „Térima kalah”.

Harita kench Neng Ebeng mios ka kampoeng Tjageundang di sisi dajéuh Tjiandjoer, ngala bengkong wasta Abah Ain anoe parantos mashoer di Tjiandjoer. Sadongkapna Abah Ain ka Tjisokan, teu diéngkekeun deui, Liem Kong téras disoenatan, sarta digéntos ngaranna djadi *Mochamad Saleh*.

Ti waktos harita eta Moehamad Saleh téras goegoeroe ka djoeragan Obing. Ari pakasabanana dagang barang saréng oebar-oebaran. Kirang langkoeng 5 taoen Moehamad Saleh goegoeroe méntja ka djoeragan Obing, népi kana titis toelisna, maot di kampoeng Pasarsoeok Tjiandjoer.

Ti Tjisokan djoeragan Obing dialihkeun ka Tjirandjang dina taoen 1914. Dina taoen 1917 dialihkeun ka Soekanagara, taoen 1927 dialihkeun ka Tjiandjoer, djadi Naib kota. Koe-margi ngaraos sépœh teuing, taoen 1931 njoehoenkeun liren tina damél, djadi lamina njépéng damél 3! taoen.

Di antawis anoe maos tangtos seueur anoe toemaros dina manah, keur naon djoeragan Obing lami-lami teuing diadjar méntja teh, naha teu tjékap koe sataoen atanapi doea taoen ? Patarosan anoe sarœpi kitoe parantos loembrah pisan, margi

---

<sup>1)</sup> Bentén saréng di témpat sanes, di Tjiandjoer mah Éneng teh ka pamégét.

kaseuseueuranana nganggap kana méntja téh kalintang gampang. Sering pisan djoeragan Obing dina waktos pakansi sakola, kadongkapan nonoman Soenda anoe résép ngoelik roepi-roepi sport Éropa, njoehoenkeun diadjar méntja, nanging njoehoenkeun tiasa dina lébét sasasih. Saparantos diadjar kirang-langkoeng sasasih lamina, ana prak téh dipiwarang ngadég pasang koeda-koeda, bét kawas anoe njéri patoeangan. Dipiwarang mintonkeun djoeroes, roepina bae katambah koe kasima, kalah ka nangkarak béngkang koe polah sorangan.

Kanggo saksi, jen elmoe méntja moal tiasa dipahamkeun dina sataoen-doea taoen, ieu aja katérangan tilas kampioen boksér di nagara Walanda, C. M. Toepoel, anoe parantos ngoebék sadaja pagoeron elmoe lanang di Éropa. Noemoetkeun paméndak andjeunna „*the noble art of selfdefense*” (pangdjaga diri anoe oetama) anoe parantos kapéndak koe andjeunna, anoe panganehna teu aja deui moeng joe-joetsoe (méntja Djémpang). Anoe ilahar diadjarkeun tina elmoe joe-joetsoe kirang langkoeng aja 250 kaedah, némbe oerang taram-taram. Toepoel njébatkeun, jen némbe tiasa ngartos kana joe-joetsoe saparantos poelohan taoen diadjarna. Tah, koe katérangan sakitoe, oerang tiasa ngintén-ngintén sakoe-maha sésahna joe-joetsoe. Méntja Tjikalong oge teu bentén ti kitoe.

Di loehoer disébatkeun djoeragan Obing kantos ngawonkeun hidji djago koentaw oerang Santoeng. Ieu pérkawis siga loemajan pisan, nanging sajaktosna kalintang péntingna. Kabiasaanana ahli silat bangsa sanes anoe teu atjan térang kana katiasana bangsa oerang, sok ngahina kana péntja Soenda téh, pangintén bae djalaran ningali tongtonan péntja anoe sok ngaramen sapaparat djalán. Sangkaanana péntja Soenda téh moeng sakitoe-kitoena, padahal oekoeran anoe saroepe kitoe téh lépat pisan. Sami bae saréng njamikeun katiasana toekang badjidor, noe nganggo tatabeuhan Éropa saréng lagoena lagoé Éropa, ka sakola moesik loehoer (conservatorium) di Éropa.

Sakoemaha loehoerna katiasa djoeragan Obing, katawis nalika taroeng saréng djago koentaw tea, oepami oerang

ngagalih, jen Liem Kong teh djago koentaw pëtingan pisan, pangna wantoen ngahadja milari lawan oge. Para djoeragan anoe sërng tjampoer sarëng ahli koentaw tangtos aroeninga, jen dina koentaw teh diadjar koeda-koeda woengkoel oge aja gënëp sasihna. Oerang moal tiasa lëbët kana medan koentaw, oepami peureup oerang teu atjan tarik ngahioekna, kédah doegi ka tiasa mareuman tjëmpor ageung koe hioekna eta peureup kalajan peureupna teu antël kana seuneu tjëmpor. Tangginasna leungeun sarëng soekoe katawisna sanes dina noedjoe mëta totondjok bae, nanging toekang koentaw teh rata-rata tariasa poksaj, nja eta djoedjoeralitan, mintonkeun jen leungeun sarëng soekoe bédas toer rikat. Langkoeng-langkoeng mirisna oerang bade njanghareupan toekang koentaw, oepami ngemoetkeun, jen toekang koentaw tareuas pisan ramona, doegi ka tiasa dianggo nobros bilik.

Lalakon djoeragan Obing tina përkawis mëntja pandjang teuing, oepami kédah ditataan sadajana, ieu mah moeng sakadar njatët kamonesan oerang Soenda bae, soepados oelah teu aja teuing dina sadjarah kabodajan tanah Pasoendan.

Ahli mëntja bangsa sanes sok aja noe njangka, jen mëntja Tjikalong mah moeng ngadjarkeun njësër moesoeh woengkoel doegi ka teu tiasaeun walakaja. Sajaktosna paladjaran njësër mah moeng sabagian alit tina elmoe pëntja Tjikalong. Roeperoepi kaedah poekoelan dina pëntja Tjikalong moal kirang lëngkëpna koe pëntja sanes. Mëntjet, ngadjambret, mitëskeun ramo, motongkeun leungeun, marieuskeun beuheung, neueulkeun iga boeroeng, njolok panon sarëng sadjabi ti eta dina pëntja Tjikalong tjëkap. Sadjabi ti eta amëngan nganggo pakarang kajaning limboehan sarëng sikoe-sikoe atanapi gobang kantënan dioelik pisan, moeng bae babagian anoe saroepe kitoe mah dina mëtakeun kacdah, prakprakanana diwatës-wangënan, margi tangtos moal aja anoe daekeun dipotongkeun iga boeroengna atanapi ditjolok panonna doegi ka botjos. Anoe teu diwatës-wangënan mëtakeunana dina keur diadjar, nja eta paladjaran „rasa” atanapi gërak. Paladjaran gërak dina pëntja Tjikalong seueur pisan kaanehanana. Ieu di handap oerang gambarkeun, sawatawis.

Dina hidji wëngi sim koering sarëng babatoeran njoe-

hoenkeun widi ka djoeragan Obing, bade ngahoeroep andjeunna koe opatan. Saparantos kawidian, tēras andjeunna ebog nangkarak dina bangkoe agēng. Koe sim koering sarēng babatoeran diparieuskeun pananganana sarēng sampeanana, nanging wēleh teu kaparieuskeun, kalah ka loeot-leet kesang. Djoeragan Obing mah sabot kitoe teh goemoedjēng bae. Tidinja andjeunna miwarang dihoeroep sakali deui, ajeuna mah andjeunna nangkoeban. Ladjēng koe sim koering tēnggēkna ditēkoek koe doea leungeun, (koe toekang worstelen mah kaedah kitoe teh disēbatna „dubbele nelson”), malah bari disodok salirana koe toeoer soepados pageuh pisan. Babatoeran anoe tiloan marieuskeun pananganana sarēng sampeanana, djoeragan Obing ngajonan bae, tēras mariksa-keun parantos mērēnah hēnteuna andjeunna „diringkoes”. Pangintēn sim koering mah, djoeragan Obing moal iasa walakaja, djalaran parantos sakitoe matjetna diringkoesna.

Sim koering ngawalon : „Parantos”.

Djoeragan Obing ngagēro : „Heup !” Bēt teu karaos deui, tērang-tērang sadajana parantos tinggoelitik. Aja hidji moerid noe teu pērtjantēn, njēbatkeun moestahil, magar teh eta mah aja elmoe-lēmboetna, malah sanggēm ngaringkoes djoeragan Obing koe sorangan. Eta moerid djangkoeng gēde, bēdas sarēng parantos diadjar roepi-roepi pēntja.

Minangkana mah ngabobodo <sup>(1)</sup>, djoeragan Obing nēmbe ngadēg, oedjoeg-oedjoeg gabroeg bae dirontok, nanging eta moerid ngoleang sapērtos kalakaj moerag katēbak angin. Ana bloeg ieh laboeh mani ngagēbloeg sada beas sakaroeng diragragkeun tina roda kana taneuh, kawantos eta djalma abotna langkoeng ti sapikoel. Manehna keukeuh teu pērtjantēn kana goenana gērak, nja dina hidji waktos diwidian samboet tangan bari tjalik, manehna doegi ka reup geuneuk raj pias, oerat rantēng sakoedjoer awak, nanging boedjēng-boedjēng tiasa ngaroeboehkeun djoeragan Obing, kalah manehna noe galoelang-galeong. Keukeuh manehna maksa doegi ka tēras nangtoeng, bakating koe hajang langkoeng bēdas ngaloearkeun tanaga, nanging wēleh, djoeragan Obing noe

---

(1) Schijnaanval tjek basa Walanda mah.



sakitoe alitna toer sēpoech teh teu kenging diobah-obahkeun atjan, doegi ka manehna dioek deui. Barang bade njoeroengkeun, digiwarkeun ka gigir, bēt „njoem samak“, dipasih an ombor saeutik, tiasa deui dioek deui, njoeroengkeun deui, digiwarkeun deui, ngok „njoem samak“ deui, tadi mah ka palih katoehoe, ajeuna ka palih kentja. Didioekkeun deui, katiloe kali njoeroengkeun deui satakēr tanaga, ana djoengkēl teh tisoesoet mani dēpa, nēmbe manehna wēleh.

Kintēn-kintēn sasasih ti harita eta moerid teh ngadeuheus deui, roepina bae panasaran bade njobi sakali deui, ajeuna tina pērkawis tjetjékēlan. Saparantos kenging giliran toer naros roepi-roepi soeal, njoehoenkeun panangan djoeragan Obing anoe tēngēn. Teu tata pasini deui, oedjoeg-oedjoeg kērēwēk bae tjoeroek sarēng djadjangkoeng djoeragan Obing ditjékēl koe leungeun katoehoe, djaridji sarēng tjinggir koe leungeun kentja, tēras dipoentirkeun satakēr tanaga. Eta panangan djoeragan Obing bēt kawas noe hidēng, dipoentirkeun kitoe teh sanes nahan, nanging njoeroengkoek kana dada moerid. Roepina bae djalaran leungeun moerid tea djadi teu pagcuh njékēlna, tēras tiasa dipēntjet, doegi ka ngadjērīt sapērtos boedak alit bawaning njērieun.

Sok aja noe naroskeun : „Saha noe kawon oepami toekang mēntja diabēnkeun sarēng boksēr?“

Oepami taroengna noemoetkeun atoeran boksēr, tangtos toekang mēntja kawon, margi kagok koe saroeng tangan koelit, sarēng seueur laranganana. Oepami teu disēngkēr koe atoeran boksēr, teu atjan tangtos mana noe kawon. Moeng oepami katiasa oerang sami sarēng kaiasa djoeragan Obing, roepina bae sanadjan ngalawan boksēr kampioen doenja sapērtos Joe Louis oge, agēng harēpan kana kenging. Sawangsoelna oepami oerang teu atjan tahkik mah, oelah bae koemawantoen ngalawan boksēr, margi oerang oelah lali, boksēr teh langkoeng tarik teunggeulanana, sanadjan anoe lelengkah haloe oge, boksēr mah oenggal dintēn non-djokan bal koelit agēng, tēras loeloentjatan bari totondjok, sakirang-kirangna saparapat djam teu eureun-eureun, djadi oepami peureupna koe oerang teu katakis, doegi ka keuna

kana awak oerang, sanadjan hēnteu kana mamatih oge, oerang teh sakirang-kirangna titotolondjong mah kēdah.

Doepi joe-joetsoe oepami koe oerang dilawan koe poekoelan woengkoel, oerang noe repot, margi linghas sarēng rikat, djadi oerang mitjeunan tanaga pērtjoemah. Kēdahna poekoelan ditjampoer gērak. Oepami gērak oerang parantos loehoer, sadajana kaedah joe-joetsoe moal aja noe mēntal. Dina joe-joetsoe teu aja poekoelan sapērtos dina pēntja oerang. Kaedah-kaedah joe-joetsoe sabagian alit pikeun ngabatingkeun moesoeh. Kaedah-kaedah noe sanesna loempatna kana ngoentji leungeun, soekoe, beuheung, kēkēmplong sarēng sadjabi ti eta. Oepami koentjian joe-joetsoe ditarikkeun pisan, toelang-toelang moesoeh tiasa djadi potong, sakirang-kirangna misal. Ngaboektikeun kaedah-kaedah joe-joetsoe kēdah ka anoe dibadjoe, ka anoe boeligir mah lapoer teu tiasa, margi tjētjékélan joe-joetsoe mah hēnteu ngadjodjo toelang atanapi babagian awak, nanging kērēwékna teh kana anggoan.

Koentjian joe-joetsoe kalintang patrina. Oepami moesoeh parantos kakoentji teh, parantos tiasa ditangtoskeun repot, moal tiasa wafakaja deui.

Dina joe-joetsoe, aja noe sami sarēng dina pēntja Tjikalong, nja eta seueur kaedah anoe tara diragragkeun ka sambarangan moerid. Noemoetkeun katérangan djoeragan Obing, elmoé pēntja andjeunna diragragkeunana ka poetrana (Gan Noenoeng) sarēng ka pērnah poetoena, Gan Idroes.

Gan Brata, poeta R. Hadji Ibrahim, ngaragragkeun elmoena teh ka poetrana pitoeln, Gan Alibasah Tjikalong sarēng ka alona, Gan Moehjidln.

Sakitoe parantos sēpoeuh teh, djoeragan Obing doegi ka ajeuna teu wēleh-wēleh rēsēp kana pēntja, malah masih keneh kērsa sarēng prakna. Ka sakoer anoe ngadeuheus bade moesawarah, rēndah, asih, tara gētasan, ngajoenkeun kana kahajang oerang. Oepami oerang samboet tangan sarēng andjeunna, oerang teh sok ditjoö, doegi ka leuleus, sakitoe sēpoeuhna teh, gērakna mah liat keneh bae, langkoeng ti noe aranom. Oepami ditaros naon margina noe mawi raraosan

oerang sok asa lëwang oepami paantël sarëng pananganana, walonna tara pipintëranan, ana nërangkeun kaedah sok disambaran koe kasaoeran : „Doeka atoch, da aki oge hënteu ngartos.”

Sateu-atjanna sêpoech pisan, gëgëden poelisi kaboepaten Tjiandjoer, oepami aja përkawis anoe sësah, sapërtosna aja rampog gërot sok ngoemaha, minangsaraja ka andjeunna, margi andjeunna mah banganan. Kanggo kaamanan kaboepaten Tjiandjoer mah, andjeunna teh agëng pisan djasana.

Aja saroepe pitoeah sarëng piwoeroek djoeragan Obing anoe përløe kaoeninga koe sadaja noe rësëp kana pëntja, nja eta leu :

Pëntja teh kanggo ngadjagi salira, bok bilih dina hidji waktos oerang dilingkoeng koe noe hasoed, dipëgat koe noe djahat, diintip diarah pati, oelah doegi ka njërah koe atah-atah. Dina kasëlëmpëkna oerang sateka-teka ngalawan, kitoe ge oelah ngarah pati, dapon lesot bae tina balai.

Djabi ti pitoeah anoe sakitoe loehoerna, aja deui kasaoeran djoeragan Obing anoe mangroepi wawadi, kieu saोजना :

„Mëntja teh patjoean dipake kana djalan teu bënë, sabab lamoen dipake kitoe, djaba ti matak ngarøegikeun batoer teh, ka oerangna matak noengtoen kana maot dina hinaan.”

Kitoe saोजना, doepi katërganana kieu :

Anoe iasa mëntja teh sajaktosna mah oelah-oelah atjan katawis koe noe sanes, jen iasa, soemawontën doegi ka palaj katangar mah, margi — saोजना — pëntja teh salërësna mah hënteu kirang hënteu langkoeng ti hidji kabinangkitan anoe dilarapkeunana moeng dina aja kadjadian anoe teu kintën loear biasana bae, babakoena nja eta dina këdah ngadjagi salira oepami kasëlëmpëk.

Pëntja teh sanes kanggo djalan ngamashoerkeun djënëngan, sanes kanggo djalan tjari oentoeng, sanes kanggo djalan dipikagimir koe noe llan, nangging sakadar anggoëun dina kapaksa.

Sok seueur anoe nëmbe taram-taram iasa mëntja, ladjeng dianggo kana teu oeni, oepamina tea djadi „Oah”, atanapi sanggëm oerang Batawi mah djadi „Tjabang Atas” (di

Bantèn disébatna „Djagoan”), ngarah seueur balad, djalma barodo toer djarahat, soepados gampil dikoeah-kieuhna, dianggo djalan kaentoengan pikeun sadirieunana. Kitoena teh bari ngarogélkeun papada kawoela, margi anoe dipétakeunana oge pagawean teu halal, oepamina babadog-rarampog, ngarah-ngarinah tampolana sok dibaréngan koe mobok-ngorowek, ngahina-ngahampas ka noe lian, rasa maneh aing pangpoendjoelna, pangdipikaserabna.

Djalma kitoe, biasana oetjap-rengkakna, laga-lagoena koe-maki, adigoeng saréng poepoedjieun. Dina aja hal noe teu sapoek saréng hatena, ambékna sakoelit bawang, haok-hamprong, goeplak-gaplok, tjatjabok bari sesepak. Omonganana biasana nja songong nja sombong, kasar-garihal, badag-résag hénteu matak raos kakoeppingna. Barangpakena tébih ti basa pérلente, biasana njirian maneh, jen ngandoeng sipat doerdjana, poerah ngagoejoerkeun lémbouer ngageundjeungkeun dajeh, matak poesing ka poelisi, matak teu aman oerang desa.

Tah, ana péntja parantos ngantjik di djéléma kitoe, estoening kapoepoes kaloehoenganana, kagadabah djémbarna, djadi njorosod pangaosna, noe tembong kantoen kotorna djalaran kabantoen botrok koe noe ngagémna.

Tina koe margi eta, hénteu matak heran oepami djéléma kitoe maotna sok dina kanistaan. Oepami teu botjok koe bédog, nombro koe pelor, tangtos ngoedoepoeng koe péntoeng, ngababatang dina taneuh kotor, roeboeh koe panandasa moesoeh. (Djalma kitoe tara teu aja moesoehna). Lir toemibana hoekoemoellah, wawalés kérsaning Goesti, djalma kitoe mah tara aja noe djatnika maotna.

Tina koe margi eta, patjoean bab péntja dianggo kana djalan teu lérés.

Lalakon Djoeragan Obing koe oerang kédah didamél toeladan. Ihtiar kédah témén wékél, oelah pétot-pétot milari elmoe. Roemingkang di alam doenja aja watésna, doepi elmoe mah teu aja toengtoengna.

*Sadli.*

## KANGDJĚNG SOELTAN DJOGDJA

Dina dintĕn Sĕnen Pon, ping 18 Maart 1940 kalĕrĕsan 8 Sapar taoen Dal 1871 di Djogdja ngistrenan Soeltan, ngadjoengdjoeng loenggoeh Goesti Raden Mas Dorodjatoen, djoedjoeloek Soeltan Hamangkoe Boewono Senopati Ingalogo Ngabdoerachman Sajidin Panotogomo Kalifatoellah ka IX.

Andjeunna dibabarkeunana dintĕn Saptoe Paing ping 13 April 1912, kalĕrĕsan ping 25 Silih-Moeloed taoen Djimahir 1842 dina lĕbĕt windoe Hadi, tjoendoek ka woekoe Manail ninggang mangsa Kasadasa. Djadi nalika didjoengdjoeng loenggoeh teh joeswana 28 taoen.

Ramana, nja eta Kangdjĕng Soeltan Hamangkoe Boewono VIII, doepi iboena, Kangdjĕng Ratoe Adipati Anom, poetri Pangeran Mangkoeboemi, poeto K. S. Hamangkoe Boewono VII. Djadi, Kangdjĕng Soeltan anjar teh nja ti iboe nja ti rama tĕroesing ratoe rĕmbĕsing, koesoemah, titisan andanawarih, pĕntjaran K. S. Hamangkoe Boewono I noe didjoengdjoeng loenggoeh ngasta kasoeltanan Jogjakarta dina ping 11 October 1755. Ditjoektjroek ti loehoerna, andjeunna toenggal tĕdak Panĕmbahan Senopati, anoe ngadĕgkeun Mataram dina abad ka XVI, sarta djadi kotjoran Bra Widjaja V, Sang Ratoe Madjapait.

Keur moerangkalihna andjeunna tĕtĕp linggih di karaton, diatik koe hidji goeroe, nona Walanda. Rada ageung, dilĕbĕtkeun ka sakola Walanda di Kidoel-Lodji, malah dihadja matoehna oge di Kapala Sakola, soepados iasa tata ka-Eropaan. Tamat ti sakola Walanda, lĕbĕt ka H. B. S. Samarang, ladjĕng ngalih ka H. B. S. Bandoeng. Dina taoen 1930 angkat ka nagara Walanda, djadi moerid H. B. S. Haarlem. Dina taoen 1934 lĕbĕt ka Universiteit di Leiden, ngoelik bagbagan Indologie (pangawĕroeh noe patali sarĕng kaajaan Indonesia). Di ditoena andjeunna djadi sĕsĕpoeh di kalangan moerid-moerid sakola loehoer. Dina sasih October 1939 kalajan timbalan ingkang rama, moelih ka poelo Djawa, malah nalika soemping ka Tandjoengparioek oge ngahadja dipapag koe kangdjĕng rama.

Nalika moelih ti Batawi ka Djogdja, ping 21 October dina kareta api aja kadjadian noe teu kintén anehna. Harita teh Kangdjéng Soeltan Hamangkoe Boewono VIII (rama Kangdjéng Soeltan ajeuna) teu damang. Goesti R. M. Dorodjatoen disaoer bari diwasiatan, dawoehanana : „Djatoen, ka dieu dioek deukeut ama, dengekeun ama rek wéwékas. Dina „Asta Brata“ (papakém winaja para radja) aja oenggara kieu: „*Lamoen maneh aja bagdja diparéng djocménéng radja, patjoean rek adigoeng lantaran djadi radja*““. Anaking, ieu ama mawa kérés poesaka, doea. Anoe hidji pikeun hidép, sabab eta teh poesaka Kadipatian, ari hidji deui angoéun noe djénéng Soeltan. Tapi, ama geus sedjen rarasaan, asa moal koengsi népi ka karaton. Top bae ieu kérés doeanana rawatan koe hidép ; hidép koe ama diangkat baris noeloejkeun ngasta kaprabon.”

Saparantos ngadawoeh kitoe, lés Kangdjéng Soeltan teu emoet, sarta ladjéng doemoegi ka titis toelis, ditjandak koe Noe Kagoengan, teu kantos rawoeh heula ka karaton.

Kérés doeanana ditampi koe Goesti R. M. Dorodjatoen ; anoe hidji diwastaan „Kangdjéng Kiai Djoko Pitoerah“, poesaka Kadipatian, saréng anoe hidji deui „Kangdjéng Kiai Kropek“ poesaka Karatoean, anoe kengingna dianggo moeng koe para Soeltan anoe ngasta kaprabon bae.

Ari anehna tina saniskantén kadjadian tea, sapérkawis doemeh Kangdjéng Soeltan saroepe anoe parantos kenging wirasat, saroepe noe parantos oeninga, jen baris moelih ka Rahmatoellah, doegi ka ngahadja njaoer heula poetra, soepados moelih ti nagara Walanda. Kadoeana, aneh teh doegi ka kadjadian aja radja wawasiatan saréng poepoes dina kareta api.

Enggalna tjarios, katjatoer doegi ka mangsana ngadjénéngkeun Soeltan di Djogdja. Koe margi Goesti Raden Mas Dorodjatoen nadjan djadi poetra pangbarép toer gadang radja oge, teu atjan diistrenan djadi Pangeran Dipati, — margi noedjoe sakola di Nederland — atoech samemeh didjoengdjoeng loenggoeh teh kédah didjénéngkeun heula Pangeran Dipati, malah didjénéngkeunana oge dina dinténan didjoeng-

djoeng loenggoeh tea bae, koe Goepërnoer Djogdja, Kang-

djëng Toean Dr. L. Adam, kalajan asma Pamarentah Hindia. Ngawitan, Goesti Raden Mas Dorodjatoen teh diistrenan didjënëngkeun *Pangeran Adipati Anom Hamangkoe Nagoro Soedibjo Rodjopoetro Narendro Mataram, Kroonprins van Jogjakarta*, dilinggihkeun dina korsi Kadipatian.

Saparantos kasëlang koe oepatjara sanesna, sakëdap, nëmbe didjoengdjoeng loenggoeh didjënëngkeun Soeltan Djogdja, djoedjoeloek : *Hamangkoe Bocwono Senopati Ingalogo Ngabdocrachman Sajidin Panotogomo Kalifatoellah ka IX*, linggihna oge ngalih kana dampar kantjana, tëräs dianggoan Bintang Poesaka Kasoeltanan noe sok toeroen toemoeroen dianggo koe para Soeltan Djogdja ti djaman Soeltan ka III. Eta bintang koernia ti Sri Maharadja Willem ka I, noe koe Kangdjëng Toean Bësar Daendels disanggakeun kalajan asma Sang Radja ka Kangdjëng Soeltan Hamangkoe Boewono ka III. Djabi ti eta, kalajan asma Sri Maharadja Wilhelmina, Kg. Toean Goepërnoer ngahatoerkeun bintang Commandeurkruis der Oranje-Nassau-Orde, sarta harita Kangdjëng Soeltan diangkat djadi Djendral-Major barisan balad Hindia. Endjingna Kangdjëng Soeltan hëlaran sapoetër dajauh, nganggo dangdosan karadjaan, toenggang kareta kantjana noe disëbat Kiai Garoedo tea.

Koemaha ramena dina ngistrenan sarëng dina iring-iringan, hënteu këdah ditjarioskeun di dieu.

---

*Ehc : „Alon-alon tali waton, daoen kiamis djung koenjit ;  
Kang Eon eukeur lëlëson, kocmis dikiihan beurit.”*

*Eon : „Alon-alon tali waton, daoen kiamis djung koenjit ;  
Kang Eon koe djiga baron, kocmisna djiga përdjoerit*

(LANDONG BAEUD II).

## MĒNIR MOEDA



Djoeragan Holil  
alias Mĕnir Moeda

Roepina moal kaleuwihan oepami disĕbatkeun, jen di kalangan oerang Soenda ma' wasta Mĕnir Moeda teh parantos teu kintĕn kamashoerna, doemeh poendjoel kativasana tina ngawih, sarĕng ngatjapi.

Disĕbatkeun tiasa ngawih teh, babakoena mah djalaran raos sorana sarĕng tetela pokpokanana toer meudjuehna haroeskĕndorna, senggolna katang loear biasa, rada sĕsah milari pantarna, dina goelak-gilĕkna, loehoer-handapna, pandjang-pondokna, nintjak-napakna, nĕnggang ti noe sanes, doegi ka kenging oge disĕbatkeun, jen gadoeh atoeran

sarĕng wangoenan sorangan.

Kativasana tina ngatjapi, sanes koe raos dikoeplingkeunana bae, nanging prakprakanana nabeuh oge loear biasa. Katjapina teh — wastana „Sari Noenggal” doemeh tara disarĕngan koe soeling atanapi rĕbab, sanggemna — kalĕrĕsan alit, ditabeuhna sanes moeng ditangkarakkeun sapĕrtos biasa bae, nanging tiasaeun bari ditangkoebkeun, ditangkodkeun kana birit (ngawitan kawatna ti loear, ladjĕng kawatna ti lĕbĕt), saporantos kitoe, katjapi teh ditangtoengkeun nganggo ditanggeuhkeun kana taktak; ngawitan poehoena ti handap, ladjĕng poehoena ti loehoer, boh kawatna sina pahareuphareup sarĕng noe nabeuh, boh sina njanghareup ka noe



laladjo, raosna kakoepingna mah sami bae. Parantos kitoe katjapi teh dipanggoel, moeng liangna henteu adék kana poendoek; nabeuhna teh bangoen henteu aja sésahna. Sok deui katjapi teh diteundeun biasa, nanging ajeuna mah nabeuhna dipahilikeun, leungeun kentja aja di katoehoe, leungeun katoehoe aja di kentja.

Di antawis toekang ngawih mah (sanés toekang nembang) Mënir Moeda teh dangét ieu kaetang poendjoel, komo oepami seug bari ngoelik bab tembang. njoemponan patokan-patokan kabinangkitan nembang, oepamina: reka oengkara, amardi-basa, mardawalagoe saréng sapapadana.

Sajaktosna Mënir Moeda teh wasta lalandian, ari wastana noe lérés mah Holil, seuweu Darma. Dilahirkeunana Holil teh di Tjitjoekang, desa Andir kaboepaten Bandoeng, dina taoen 1911. Kantos sakola di sakola kelas II Andir sarta téras didamél di kalangan partikoelir bae.

Salahsawios goeroena, nja eta Mënir, datang reog noe kontjara tea di Soekaboemi, malah kengingna sésébatan Mënir Moeda oge ti manehna, nalika dina taoen 1936 Mënir kédah mintonkeun sorana di salahsawios pabrik piring mèsin ngomong. Kédahna mah harita telu Mënir mintonkeun kabisana disaréngan koe batoerna, nanging harita teu tiasaeun dongkap, nja disoeloeran koe Holil, diangkénkeun magar seuweuna, malah wastana ge, sanggémna, Mënir Moeda.

Nja ti harita Holil djadina Mënir Moeda teh. Noe sok ngabandoengan radio mah tangtos seueur noe apal.

*Soekarna.*

## ANGGOEUN DIADJAR MAMAOS :

<i>Rasiah Tembang Soenda</i> .....	f	0.30
<i>Serat-sinerat</i> .....	„	0.20
<i>Wawangsalan djeung Sisindiran</i> .....	„	0.30

BALE POESTAKA

—

BATAVIA-C.

## PAMANGGIH-PANGAWĒROEH

Oepama oerang ajeuna, dina abad ka XX ningal gĕlas, erlodji, tĕlĕpon, kajoe api, kĕrĕtas, boekoe, mobil, kareta api, kapal oedara, mariĕm, dinamit djeung rea-rea deui, rarasaan teh asa teu aneh, asa „geus memangna bae koedoe kitoe” malah noe dipianeh teh noe „oepama teu kitoe”.

Tapi baheula, samemeh aja noe manggihkeun, samemeh aja noe bisacun njieunna, eta sagala roepa noe ajeuna asa ilahar teh katjida dianggap pamohalanana, malah dina anjaran aja noe bisa njieunna tea, mani diareuleuh-euleuh, dipiaheng.

Ieu di handap diberendelkeun sawatara pamanggih-pangawĕroeh (uitvinding) beubeunangan ngoelik noe palintĕr.

Taoen anoe disĕboet dina kolom I, bisa djadi aja noe beda djeung dina „kaol” sedjen, sabab sawareh njatĕtkeunana dina taoenan *kapanggihna*, sawareh deui dina taoenan pamanggih tea *mimiti dipake*. Koe hal eta, oelah kaget, oepama gandjor sawatara taoen djeung „kaol” sedjen.

Taoen	Barang noe „kapanggihna”	Ngaran noe manggih
1830*	Barang tina bĕling .....	Radja Amĕnĕmhat III
600*	Djam tina tjai .....	? (Oerang Siria)
560*	Djam tina kalangkang panon- poĕ .....	Anaximander
250*	Sĕkroep djeung katrol .....	Archimedes
105	Kĕrĕtas .....	Tsai Loen
950	Alcohol (sabangsa toeak ma- tak mabok) .....	Rhases
1280	Eunteung .....	?
1300	Tasma .....	Salvino Degli Armati
1300	Padoman .....	Flavio Gioja
1380	Obat bĕdil (di Eropa) .....	Berthold Schwarz
1425	Njitak boekoe .....	Laurens Jansz. Coster
1470	Erlodji .....	Pĕter Henlein

\* Samemeh Nabi Isa dibabarkeun.

Taoen	Barang noe „kapanggihna”	Ngaran noe manggih
1589	Mésin radjoet .....	William Lee
1590	Microscoop (soerjakanta) .....	Zacharias Jansen
1590	Kekër .....	Drebbel
1600	Thermometer (oekoeran panas)	Galilei
1602	Babandoel djam .....	Galilei
1643	Barometër (takëran hawa) ...	Torriceli
1649	Kompa kahoeroean .....	Van der Heyden
1650	Kompa angin .....	Otto von Geuricke
1688	Sëtoem (mésin djalanna koe saab) .....	Denis Papin
1694	Mésin ngitoeng .....	Leibniz
1710	Poslen .....	Böttger
1748	Platina (ëmas bodas) .....	Antonio de Uloa
1755	Paranti newak gëlap .....	Benjamin Franklin
1783	Balon .....	Montgolfier
1790	Mésin kapoet .....	Thomas Saint
1790	Gëtër listrik .....	Galvani
1791	Telëgram koe parabot (lai: listrik) .....	Claude Chappe
1796	Soentik tjatjar .....	Jenner
1798	Tjahaja gas .....	Will. Murdoch
1800	Takëran tanaga listrik (volt)	Alex. Volta
1801	Kapal silëm .....	Fulton
1807	Kapal api .....	Fulton
1808	Telëgram koe listrik .....	Sömmering
1810	Snelpers (panjitakan gantjang)	Fr. König
1822	Katja (lens) moenara lanter.	Fresnel
1823	Kareta api .....	Stephenson
1824	Sëmen (Portland) .....	Joseph Aspdin
1833	Kajoe api .....	Cooper
1836	Aksara telëgram .....	Morse
1840	Parangko .....	Rowland Hill

Taoen	Barang noe „kapanggihna”	Ngaran noe manggih
1840	Motret (pamotretan) .....	Fox Talbot
1844	Kekēr bentang .....	David Brewster
1845	Tjahja tina listrik .....	Starr
1847	Narcose (oebar soepaja kapahan) .....	Simpson
1847	Collodium (sabangsa pangrapēt) .....	Maynard
1861	Télépon .....	Philipp Reis
1867	Dinamit .....	Alfred Ncbel
1877	Mēsin ngomong .....	Edison
1878	Microfoon (paranti „newak” sora) .....	Stughes
1885	Mobil .....	C. Benz
1895	Tjahja gaib (X-stralen) .....	Röntgen
1888	Ban kompa .....	John Boid Dunlop
1896	Radium .....	Marie Curie
1897	Telēgram radio .....	Marconi
1899	Zeppelin (balon lonjod) .....	Zeppelin
1903	Kapal oedara (make mēsin) ...	Orville Wright

+ *Ti mana manggoel awi kang?*

— *Ti tēngahna.*

+ *Lain, ngalana ti mana?*

— *Tina dapocranana.*

+ *Nocarna atoeah, ti mana?*

— *Tina poehoena.*

(LANDONG BAEUD II).

# SARSILAH RADJA<sup>2</sup> DJAWA BAHEULA

kenging

R. Dr. D. Asikin Widjakoesoema

Manawi aja paedahna, babakoena ka noe aranom, noe motekar ngotektak sadjarah, njoektroek galoering karoc-hoen, ieu di handap aja berendelan sarsilah sawatawis ka-radjaan di poelo Djawa djaman baheula, kenging ngoengkaban tina sawatawis sadjarah.

Ngahadja henteu diwoewoehan koe pangodji, ieu mah estoening satjeplesna bae, noemoetkeun anoe kapëndak tina sadjarah-sadjarah tea.

## I. P a d j a d j a r a n - M a d j a p a i t.

1. Praboe Pamēkas Padjadjaran, djoedjoeloek Praboe Moendingwangi II sok disebut Aria Gandakoesoema. Ieu teh peopetra tiloe, nja eta: 1 Aria Bangah II atanapi Adipati Galoeh; 2 Raden Djaka Bandoeran atanapi Djaka Soesoeroeh; 3 Raden Tjioengwanara<sup>1)</sup> djoedjoeloek Praboe Sri Maha Sakti Padjadjaran.

Beda djeung kanda Soenda, doepi noemoetkeun sadjarah Banjoemas mah — noe dianggo njoektroek ieu sarsilah — magar anoe ngaratoean Galoeh teh Aria Bangah II, ngagēntos Adipati Soetagantal<sup>(2)</sup> tēdak Galoeh. Ari anoe teter tērās atar ka Wetan, sarta ēngkena djadi radja di Madjapait mah Djaka Soesoeroeh. Saparantos Djaka Soesoeroeh djoemēnēng di Madjapait, Aria Bangah II ngaboedjēng raji ka Madjapait, sarta koe Djaka Soesoeroeh didjēnēngan Aria Panoelar.

1) Aja wawatjanna rekaan tina pantoen; wēdalan Bale Poestaka. (Red.).

(2) Ari Adipati Soetagantal toeroenan Arja Bangah I, poetra Praboe Bandjaran Sari, sarta saderek Praboe Moendingsari, Ratoe Padjadjaran.

2. Raden Djaka Soesoeroeh, djoedjoeloek Praboe Bratana Madjapait, garwaan ka Dewi Madani ti Soemédang; poe-poetra :

3. Raden Djaka Mangoeri, djoedjoeloek Praboe Koemara Madjapait, garwaan ka Dewi Dinding ti Padjadjaran; poe-poetra :

4. Raden Adiningkoeng noe katélah Aria Adiwidjaja, djoedjoeloek Praboe Bra Widjaja I Madjapait; poe-poetra:

5. Raden Hajam Woeroek nélah Aria Partawidjaja, djoedjoeloek Praboe Bra Widjaja II Madjapait, garwaan ka Dewi Panoeroen ; poe-poetra :

6. Raden Poetra, nélah Aria Martawidjaja, Lëmboemae-sani, djoedjoeloek Praboe Bra Widjaja III Madjapait; garwaan ka Ratna Pandjawi ; poe-poetra :

7. Raden Sawila nélah Aria Martawidjaja keneh, disébat Praboe Bra Tandjoeng, djoedjoeloek Bra Widjaja IV. Madjapait. Garwaan ka Dewi Tampen; poe-poetra:

8. Raden Alit nélah Aria Angga atanapi Aria Widjaja, djoedjoeloek Praboe Bra Widjaja V Madjapait. Ti opat garwa andjeunna kagoengan poetra, nja eta:

- a. Ti poetri Tiongkok: Raden Patah Soeltan anoe ngawitan djoeménèng di Dèmak, radja noe ngawitan ngagèm Agama Islam di poelo Djawa; katélahna Panëmbahan Djimboen Bintara.
- b. Ti poetri Danawa: Raden Djaka Dilah noe nélah Aria Damar tea noe marentah Palembang. Andjeunna teh rama Raden Koesen noe nélah Adipati Pantjatanda Boepati Téroeng (Soerabaja) tea atanapi sok disébat Pangeran Palakaraning Wali<sup>1)</sup> atanapi di Soemédang mah disébatna Pangeran Pamélekaran.
- e. Ti poetri Tjampa: Ratna Pëmbajoen atanapi Ratoe Andajaningrat noe kapigarwa koe Raden Djaka Sèngara. ejang Raden Djakatingkir, Soeltan Padjang.

---

<sup>1)</sup> Babad Tjirèbon.

- d. Ti poetri Wandan: Raden Bondan Kadjawan atanapi Lëmboe Pëtëng di Taroeb tea, karoehoen para radja Mataram.

Sakitoe djoedjoetan anoe katjoektjroek tina sarsilah Padjadjaran — Madjapait, toeg nëpi ka Raden Bondan Kadjawan. Ajeuna soemangga oerang ngagoear anoe patali sarëng Dipati Toeban :

## II. P a d j a d j a r a n - T o e b a n .

1. Praboe Pamékas Padjadjaran poepoetra:
2. Aria Bangah II, nja eta Aria Panoelar, Boepati Toeban tea. Ieu poepoetra :
3. Dandang Wiring. Ieu poepoetra:
4. Dandang Wëtjana noe garwann ka Kantjanasari, poetri radja Baliloeng (Bali) sarta ti ieu poepoetra:
5. Raden Lawe Wangsoel noe kamashoer Rangga Lawe tea. (1) Ieu poepoetra:
6. Raden Boentar Watangan noe disëbat Aria Tedja di Toeban tea. Andjeunna kagoengan poetra:
7. Toemëngoeng Wilatikta osok oge disëboet Wilwatikta. (Tjek sawareh deui, Wilwatikta teh hartosna Madjapait). Poepoetra :
8. a. Raden Djaka Said (Soenan Kalidjaga).  
b. Istri, kapigarwa koe Raden Rahmat, noe éngkena djadi Soenan Ampel Dënta.

Tadi di loehoer parantos ditërangkeun, jen Raden Bondan Kadjawan teh karoehoen para radja Mataram (tingali sarsilah I nomër 8 ajat d). Ajeuna përløe kaoeninga berendelan roendajanana.

---

(1) Wëwësen Rangga Lawe tiasa diaos dina wawatjan Damar Woelan, Bale Poestaka (Red.).

### III. Madjapait - Mataram.

1. Raden Bondan Kadjawan garwaan ka Dewi Nawang-sasih, sarta ti ieu kagoengan poetra:

2. Raden Depok noe sok disébat Kiai Gétas Pandawa. Andjeunna poepoetra:

3. Bagoes Sogom, katelah Ki Agéng Sela. Andjeunna poepoetra:

4. Bagoes Anis atanapi Ki Agéng Nglawian, anoe poepoetra:

5. Bagoes Kawoeng, nja eta Ki Agéng Pamanahan, noe éngkena djadi boepati Mataram, mangkoeboemi (vazal) Raden Djakatingkir, Soeltan Padjang. Ki Agéng Pamanahan teh kagoengan poetra:

6. Raden Bagoes Soetawidjaja noe sok disébat Raden Ngabei Loring Pasar, éngkena djadi Panémbahan Senapati noe ngadégkeun sarta ngadjémarkeun karadjaan Mataram taoen 1586, sapoepoesna Djakatingkir di Padjang Djaman Panémbahan Senapati ngasta karadjaan, Priangan Wetan oge (Tjiamis, Tasikmalaja; kantos kabawah ka Mataram dina taoen 1595. Anoe djadi Loeloerah Boepati nja eta Kangdjéng Dalém Galoeh (Adipati Panaekan).

Doepi Djakatingkir, Soeltan Padjang, saha tea?

Oepami palaj oeninga djoedjoetanana, oerang kédah wangsoel deui ka djaman Raden Adiningkoeng djoedjoeloek Praboe Bra Widjaja I (1) radja Madjapait. Sang Radja teh kagoengan raka, djénengan Raden Oedara, saréng raji djénengan Raden Joeroe.

### IV. Madjapait - Padjang.

1. Raden Joeroe ngabagawan, andjeunna kagoengan poetra istri.

---

(1) Aos „Babad Madjapait“ saréng „Roentagna Madjapait“ wédalan Bale Poestaka (Red.).



2. **Poetra Istri** teu katjatoer djénenganana. Adjeunna kagigarwa koe Raden Badjoel Sangara ti Kalimanggis, sarta ti ieu kagoengan poetra :

3. **Raden Djaka Sangara Sabada** naloekkeun Bali saréng Balangbangan, koe Praboe Bra Widjaja V digentos djénengan djadi Raden Andjaningrat sarta diredengankeun ka Ratoe Pëmbajoen (tingali sarsilah I nomër 8 ajat c), sarta ladjéng didjénéngkeun Boepati di Pëngging (Padjang). Andjeunna poepoetra :

4. **Raden Këbo Kananga**. Dina djaman andjeunna djoeménéng, Madjapait teh kantos kadeseh koe Dëmak, malah Padjang oge kabawah ka Dëmak. Lantaran baha ka Raden Patah (Soeltan Dëmak), andjeunna ditëlasan koe Soenar Koedoes. Këbo Kananga teh moerid Seh Siti Djënar (Seh Lëmah Abang) sarta kagoengan poetra :

5. **Raden Djaka Tingkir** noe disëbat Mas Krebet tea : Nalika Pangeran Trënggana djoeménéng Soeltan Dëmak, Raden Djaka Tingkir teh didjénéngkeun boepati di Padjang. Sapoeoesna Pangeran Trënggana sarta sabada nëlasan Aria Panangsang (noe palaj djoeménéng Soeltan Dëmak nanging teu kintën dolimna) Djaka Tingkir teh djadi Soeltan Dëmak saréng Padjang, sarta dajéuh kasoltanan ti Dëmak dialihkeun ka Padjang, diringkid katoet saniskantën poesaka nagara kitoe deui noe ti Madjapait. Èngkena Djaka Tingkir teh ditëlasan koe poetra koekoetna noe djénengan Soetawidjaja (1) (tingali sarsilah III nomër 6). Djaka Tingkir teh poepoetra :

6. **Pangeran Banawa** anoe koe Panëmbahan Senapati Soetawidjaja Mataram diangkat djadi boepati Djipang, kabawah ka Mataram.

#### V. D ë m a k - P a d j a n g - M a t a r a m.

Sakadar anoe përlöe mah sarsilah ti opat karadjaan parantos kupintonkeun. Ajeuna kantoen mëdar patjorokna

(1) Tjek sakaol diratjoen koe salahsawios abdidalëm Senapati Soetawidjaja, toer Soetawidjaja koe andjeun mah teu oeningaeun (Veth, Java I katja 308). Red.

atanapi loslosanana radja-radja di Dĕmak sarĕng Padjang, ditoengtoengan koe ngadĕgna Mataram.

Oepami disinggĕtkeun pisan mah parelean ngadĕgna karadjaan-karadjaan Djawa Tĕngah sarĕng Djawa Wetan noe ditataan di loehoer teh tangtos kieu :

1. Madjapait.
2. Dĕmak.
3. Padjang.
4. Mataram.

Madjapait roentagna koe oerang Islam noe diloeloegoeau koe Raden Patah (Pangeran Djimboen atanapi Pangeran Dĕmak noe sok disĕbat Bintara tea) dibantoe koe para wali. Noemoetkeun sadjarah, digĕmpoerna mah koe Dipati Oenoes poetra Raden Patah kirang langkoeng taoen 1518. Oerang Madjapait maroeboes ka Sangoeroeh (Pasoeroean) sarta toeloelj ngababakan.

Ajeuna mangga oerang ngagoeur sarsilah Dĕmak, nja eta kieu :

1. Raden Patah kagoengan poetra tiloe, nja eta : 1. Pangeran Sabrang Lor (Dipati Oenoes), andjeunna teu kagoengan poetra. 2 Pangeran Seda Lepen, poepoetra Aria Panangsang, boepati Djipang. 3. Pangeran Trĕnggana, poetrana gĕnĕpan, nja eta :
  - a. Soenan Prawata, rama Aria Panagiri.
  - b. Ratoe Pĕmbajoen, kapigarwa koe Pangeran Langgar, poetra Ki Agĕng Sampang (Madoera).
  - c. Ratoe Kalinjamat, kapigarwa koe Pangeran Hadri (Djajara).
  - d. Ratoe Pasarean, kapigarwa koe Pangeran Pasarean Tjirĕbon, poetra Soenan Goenoeng Djati.
  - e. Ratoe Mas Padjang, kapigarwa koe Raden Djaka Tingkir, boepati Padjang.
  - f. Pangeran Timoer, pangboerĕjna.

Katjatoerkeun sapoepoesna Raden Patah, anoe nĕraskeun mangkoe kaprabon di Dĕmak teh, poetra noe pangbarĕp, nja eta :

2. Pangeran Sabrang Lor noe katélah Dipati Oenoes tea, djoeménéngna ti taen 1513 doegi ka 1521. Sapoeoesna andjeunna — teu poetraan — mistina mah anoe djoeménéng Soeltan teh Pangeran Seda Lepen, rajina, nanging Pangeran Seda Lepen ditelasan mantén koe kapipoetrana, nja eta koe Soenan Prawata, poetra Pangeran Trénggana. Djadi noe néraskeun teh rajina noe boengsoe (rama noe nélasan), djénéngan :

3. Pangeran Trénggana ngasta karadjaan Dèmak. Andjeunna teu kintén moehitna kana agama Islam, sarta palaj ngamoesnakeun pisan agama Hindoe, ladjéng ngaroerogan oerang Madjapait noe ngababakan di Pasoeroean, doegi ka oerang Madjapait kalaboer ka Bali. Dina pérang harita, Pangeran Trénggana teh ditelasan koe pangiringna (toekang tampekan). Harita teh kirang langkoeng taen 1546, djadi Pangeran Trénggana ngastana kaprabon teh ti taen 1521 doegi ka taen 1546.

Sapoeoesna Pangeran Trénggana, bangsal kantjana Dèmak teh kantos lami pada maréboetkeun.

Katjatoerkeun Soenan Prawata, poetra Pangeran Trénggana palaj djoeménéng Soeltan Dèmak, ngaraos kagoengan hak néraskeun kaloenggoehan rama, nanging andjeunna ditelasan koe Aria Panangsang (saderek misanna) bari makés pati ramana, nja eta Pangeran Seda Lepen noe ditelasan koe Soenan Prawata. Eta Aria Panangsang teh moerid kakash Soenan Koedoes, malah noemoetkeun sangkaan mah magar teu moestahil oepami nélasanana Soenan Prawata oge kalajan pirémpagna Soenan Koedoes.

Poeoesna Soenan Prawata teh ngantoenkeun poetra boeréj keneh, djénéngan Aria Panagiri noe digadang ngasta karadjaan Dèmak. Koe margi boeréj keneh, ladjéng dirorok koe kapi-iboena, djénéngan Ratoe Kalinjamat, garwa Pangeran Hadiri (tingali ajat c di loehoer). Aria Panangsang bangét teu raouseun manahna doemeh andjeunna kaseeh. Tina bawaning béndoe, doegi ka nélasan Pangeran Hadiri, wakil Soeltan di Dèmak, salamina Arja Panagiri teu atjañ sawawa.

Awahing koe njerieun manahna, Ratoe Kalinjamat doegi ka ragrag saoe, jen moal waka nganggo anggoan, oepami Aria Panangsang aja keneh di kieuna, ladjëng andjeunna tapa woewoeda di goenoeng Danaradja, noe dianggo noe-toeapan salirana teh sakenging-kenging koe ramboetna bae.

Djaka Tingkir oge meh bae tiwas koe kadjoeligan Aria Panangsang teh. Awahing njerieun galihna sarta ngéntab panas, ladjëng Aria Panangsang teh ditangtang sakali. Kalajan moeslihat Ki Agëng Pamanahan Aria Panangsang teh geubis tina koedana, sarta ladjëng ditelasan koe balad Djaka Tingkir. Oedjaring noe mangoen tjatoer, magar djoeligdëngkina Aria Panangsang teh sailon sarëng goeroena, Soenan Koedoes.

Sapoepoesna Aria Panangsang, kakawasaan Djaka Tingkir teh beuki tambah bae, doemeh ajeuna bari neraskeun kaloenggoehan Pangeran Trënggana (Dëmak). Sanadjan kitoe, linggihna mah palaj tëtëp bae di Padang, djadi dajueh nagara katoet poesaka-poesaka oge kapaksa pindah ka Padang, malah noe kenging ngabojong ti Madjapait tea oge dika-Padjangkeun. Koe Soenan Giri, Djaka Tingkir teh diistrenan djadi Soeltan Padang, nandjoengna ti ngawitan taoen 1568.

Raden Djaka Tingkir tea kagoengan poetra doea, nja eta Pangeran Banawa (tingali sarsilah IV nomër 6) sarëng poetra istri noe kapigarwa koe Aria Panagiri, poetoe Pangeran Trënggana, poetra Soenan Prawata, djadi saderek misan ti iboe (tingali sarsilah V nomër 1, ajat a sarëng e), malah anoe djënëng Soeltan Padang neraskeun Djaka Tingkir oge, Aria Panagiri (mantoe!) — noemoetkeun poetoesan pasamoan para wargi tédak Dëmak — sanes Pangeran Banawa (poetra!) noe parantos djoemënëng boepati Djipang.

Teu matak heran oepami Pangeran Banawa bawaning teu rões manah ladjëng minangsaraja ka Panëmbahan Soetawidjaja Mataram.

Aria Panagiri dipérangan, barang kawon, Padjang teh sanes ladjéng ditjandak koe Pangeran Banawa, nanging ladjéng dipasrahkeun ka Paněmbahan Soetawidjaja. (Narikolotna Padjang, ngadjěmbaranana Mataram, taoen 1586). Ari Pangeran Banawa ti Djipang didjěněngkeun boepati Padjang. Saniskantěn poesaka Padjang, ngoeroeng noe ti Madjapait, dialihkeun ka Mataram.

### TOEROENAN

*Sok rea djalma noe agoel,  
boga karochoen lincuwih,  
tapi manehna sorangan,  
poho teu ingět sacutik,  
jen baris boga toeroenan,  
anoe ěngkena di ahir.*

*Koedoe bisacun miagoel,  
ka manehna nganggap leuwih,  
oelah kalah sabalikna,  
ka toeroenan matak isin,  
noe matak mangka waspada,  
ka tintjak oerang pribadi.*

*Saniskara tingkah lakoe,  
noe dilakonon kiwari,  
ěngke koe toeroenan oerang,  
baris didjicun pangoedji,  
nimbang lochoer djeung handapna,  
noe matak sing ati-ati.*

# A T I K A N

## KAOELINAN BAROEDAK

Boedak noe waras, sok hajangeun oelin, dalah orok noe kakara bisaeun roroësan oge sok oelin, leungeun djeung soekoena mani pakoepis. Lamoen geus bisaeun ngorondang, sok kokorondangan njampeurkeun naon bae noe katendjo koe manehna, toeloj ditjokot atawa ditjabak dipake oelin. Boedak oemoer lima taoen biasana sok sagala ditjoö, sakoer anoe teu hese njokotna mah. Oepama geus rada gëde, biasana sok rësëp loeloempatan adjret-adjretan, moen bogaeun bal mah sok „maen bal“:

Boedak oemoer 7 atawa 8 taoen, mimiti hajangeun boga sobat pikeun batoer oelin. Tampolana batoer oelinna teh lain tatangga noe padeukeut imahna, malah sakapeung mah kadjeun teuing têngah poë ereng-erengan, boedak teh sok silih sampeur. Dina hidji mangsa, kawantoe boedak tea, eta doea sobat teh sok pasea; geus kitoe mah brët bae tali soso-batan teh pëgat, tapi biasana sok toeloj manggih deui sobat anjar. Tjindékna, gawe katoet pangabogohna teh baroedak mah babakoena ngan oelin, nëpi ka beunang disëboetkeun, jen oelin teh pagawean boedak.

Patali djeung eta, djol bae pananja : „Naon sababna noe matak baroedak sok aroelin ?“

Sawatara ahli atikan, oepamana bae Montessorie djeung Fröbel, dina mëlakkeunana widji atikan di baroedak teh, nja koe djalan kaelinan tea, malah boektina geuning Fröbel mah nëpi ka ngahadja ngadëgkeun sakola oelin (geus tang-toe bae make atoeran).

Oepama dilëlëkan boh di djalma boh di sato, sabot mara-nehna madjoe kana gëde teh bët kaantjikan koe rasa gaib noe rada hese ditërangkeunana, ari ngawoedjoedna, mi-nangka gambar noe gaib tea, nja eta dina oelin. Geus poe-goeh ari anak djëlëma mah, eta geura anak sato, oepamana bae anak ëmbe keur koemintjir, tjek oerang mah djlga teu

poepoegoeh, sok t̄r̄l̄ng loempat, heug adjret-adjretan. Moen tjara djalma mah meureun diadjar ngadjagdjagkeun soekoena noe palatjer keneh. Heug koe oerang awaskeun kalakoean anak oetjing noe keur meudjuehna koemareumbi, geuning mani teu paja aja noe obah, gabroeg bae dirontok, sok dilesotkeun deui, br̄k ngad̄p̄ng, matana ngawaskeun noe obah tea, gabroeg deui ngarontok, tampolana n̄pi ka t̄gogorempal. Di ditoena mah meureun diadjar newak beurit.

Aroelina baroedak tea oge, geus tangtoe aja hartina atawa maksoedna noe kadjoeroeng koe p̄rbawa alam, tjara koemintjirna anak embe atawa koemareumbina anak oetjing.

Dina ieu karangan, bab dj̄ro-dj̄rona hartining oelin baroedak teh arek dieunteupkeun kana ngaḡdeanana waroega bae, ngarah teu panjang djoedjoetan.

Sadj̄eroning oelin tea geus tangtoe aja sabagian angga-hota noe obah toer sabot obah teh tangtoe „babar̄ngan digawe” djeung salah sahidji pantjadria. Moal aja sandi noe oesik oerat noe obah lamoen h̄nteu karena aja ḡt̄rna kana sarap.

Ieu ḡt̄r, djoelna teh tina oeteuk, pagaweanana, ngaḡdagkeun rasa noe kabawa koe salahsahidji pantjadria. Nadjan obah saot̄k ant̄l sat̄t̄l oge, ari ḡt̄rna sarap djeung ḡdagna rasa mah estoening rikat alahbatan kilat, harita ant̄l atawa harita obah, harita keneh karasa.

„Pakakas” saroeпа kieu, di baroedak mah atjan tohaga tjara di kolot, oepamana bae letjet saeutik oge karasaenana pohara nj̄rieunana; dibawa toempak kahar ngarasa paoereun; ngadenge kaleng moerag mani njojokan tjeull; nendjo seuneu di hawoe peupeureudeujan, dj.s.t. noe matak p̄rloe dipaladjar kalawan maj̄ng toer angḡr sarta koe oerang koedoe dihadja diajakeun kalonggaranana. Oepama h̄nteu, saroea bae djeung oerang njand̄t madjoena atawa ngaḡdeanana pakakas tea. Moal aja atoeran noe leuwih hade, djaba ti ngajoenkeun kar̄p boedak dina kaoelinan anoe sapagodos djeung alam. Dina l̄bah dieu mah alam teh djadi pitoedoeuh noe pangb̄n̄r-b̄n̄rna. T̄ḡsna, ari pakakas-badan mah bisaenana ngaḡdean atawa tohaga teh koedoe dipake, dip̄takeun kalawan atoeran, minangka di-

parabanana. Oepama diparaban atawa dipétakeunana bē-  
nēr, pakakas tea oge baris bēnēr ngagēdean katoet wadah-  
wadahna; lain ngan pantjadria djeung sarap bae anoe tam-  
bah bēdas, tapi awakna oge baris morontod.



Gambar I

Di hidji sakola Vervolg di Soekaboemi, baroedak  
diadjar mēntja.

Sok radjeun aja iboe-rama anoe hoemandeuar doemeh  
poetrana koentet lir pētetan merketetet, padahal daharna  
rosa, nginoemna teu woedoe, tapi naha ari anak toekang  
kēbonna atawa anak baboena mah bēt sakitoe montok moron-  
todna, nja tjangkēr nja sēgēr, padahal daharna teh teu sa-  
koemaha ngareunahna.

Ieu teh saēnjana lain koe dahar-dahar teuing, tapi koe  
mērdikana ngobahkeun badan. Itoe mah, anak badega tea,  
ti isoek nēpi ka boerit teh laloesa loeloempatan loeloen-



tjatan, malah tampolana sok mantoean digawe ka indoeng-bapana, sakapeung mah teu nilih hoedjan angin atawa panas creng-crengan.

Kocmaha ari poetra docnoenganana? Djaba ti dahar dilaladenan, pake didangdanan teh, aja angin rada gède meueusan bae oge toeloej ditjaram ka loear, malah kakara prapris miribis meueusan oge rea noe toeloej „dikèrëm” bisi hoehoedjanan.

Ngobahkeunana badan atawa njabak gawe noe rada hese teh pohara koerangna sok soemawonna dihadja dimistikeun tea.

Anak badega, bènér kadaharanana noe didahar mah teu sakoemaha ngareunahna soemawonna gémoeuh mēdah-mēdoeh tea, tapi koe reana ngobahkeun badan, napsoe daharna oge leuwih rosa, komo lamoen kasartaan koe waras mah, na apan ngan djalma waras noe sok ngeunah dahar teh, ari noe teu tjageur atawa noe kaganggoe kawarasanana mah masing kadaharan ngareunah oge, sok tara atawa sok koerang mirasa. Komo lamoen nja waras nja lapar toer tjape tas oelin, leuh, pohara boedak teh réwogna.

Hawa-négrak anoe sehat, pohara pérloena pikeun baroedak; icu teh patali djeung alamna baroedak noe memangna rēsēp oelin di loear, di noe négrak. Sakapeung, patali djeung alamna atawa watékna tea, pohara hesena „ngampihkeun” baroedak dina sandekala ka imah teh da rēsēpeun keneh di loear. Tampolana, boedak noe geus beres bérésih, geus setra meunang ngamandian, meunang ngadangdanan sok tara beunang ditjandēt, tērélēng bae loempat ka boeroean. Aja meueusan oepama ngan „ngalantoeng” bae, apan sakapeung mah sok toeloej djoedjoempalikan atawa gegereleungan dina djoekoet moen teu kitoe njoš taneuh.

Dina rek dimandian? Wah tampolana indoeng teh koedoe gegerewekan heula atawa balap loempat ngoedag-ngoedag boedak di boeroean; geus beunang, kakara boedak teh sasat didiingdjing ka kamar mandi atawa ka soemoer.

Di hidji tēmpat. nēpi ka sok aja boedak dipangngawihkeun sabot mandi, kieu kawihna: (1).

(1) Arek sada lagoe „Ojong-ojong bangkong”.

Koekoek, Koekoek di mana meuting ?  
 Di dapoeran awi.  
 Naha hěnteu merang ?  
 Moen merang mah mandi.  
 Naha hěnteu tiris ?  
 Tiris mah simboetan.  
 Naha teu hareudang ?  
 Hareudang hihidan.  
 Naha teu lalandjoeng ?  
 Landjoeng mah bandjoeran.  
 Koe naon dibandjoerna ?  
 Dibandjoerna koe tjisoemoer.  
 Ari sioek, sioek siwoer !  
 Sasiwoer kadoea ngoetjoer.

Tina lěbah „*Dibandjoerna koe tjisoemoer*” boedak teh tjoer dimandian. Dina diroeroean sok aja noe djedjerewetan. Koe kolot baheula sok dibengbatkeun, magar oepama daki teu diroeroean ĕngkena sok djadi leunjaj. (Lěbah ngabengbatkeunana memang aloes ngan dina „ngabobodona” magar djadi leunjaj koerang hade. Aloesna ditěrangkeun bae sabalakana, ngarah běrěsih, ngarah geulis atawa ngarah kasep, kitoeh).

Tandana jen hawa-něgrak asoep kana alam boedak, beunang ditjirikeun dina rěsěpna di loear djeung dina gěring oepama kapaksa koedoe dikěrěm, pohara atoheunana oepama meunang nendjo langit saeutik bae oge tina djandela, oepamana. Kaboengahanana baris amarwata soeta oepama hidji boedak anoe tadina sababaraha poě kapaksa ngagoler di těmpat tidoer, heug dina geus tjageur kaidinan ka loear, meunang njeuseup hawa-něgrak, meunang ngobahkeun ang-gahota sadaekna.

Eta kabeh djadi tjiri, jen baroedak pohara pěrloena atawa boetoheunana koe hawa-něgrak, koe sinar panonpoě djeung koe hegarna alam; boh kana koelit, boh kana amběkan (bajah) boh kana napsoe dahar, hawa-něgrak djeung sinar soerja katoet hegarna alam teh pohara pěrloena pikeun oeng-

gal djalma, komo pikeun baroedak anoe madjoe kana ngagédéan mah, dalah oerang oge, kolot, tampolana lamoan hang ngeunah dahar teh sok masisian mileuweungan, mékél daharcun noe hénteu leuwih ngareunah batan noe sok didahar sapopoé.



Gambar II

Di tanah kasoenan baroedak sakola handap dialadjar ngigél di tempat négrak.

Koe katérangan noe sakitoe basadjanna tina bab oelin dina hawa-négrak, djol bae dina hate oerang aja pananja : „Sina koemaha baroedak teh oelinna?”

Népi ka mangsana disakolakeun mah, biasana baroedak teh sok barogaeun kaelinan sorangan atawa sok bisaeun oelin di boerocan sakarép-karép. Djadi noe ajeuna rek dipadjoé teh ngan anoe patali djeung baroedak noe geus sarakola bae. Tina bab ieu geus rea pisan noe médar, djadi

noe ajeuna rek ditjaritakeun teh ngan saoletak-saeutik bae, minangka mindoan.

Sabot keur dialadjar di djero kelas, baroedak teh dimistikeun darioek loenggoeh atawa digarawe djongdjong teu meunang mojeg. Poegoeh ari aja waktos berenti tea mah, tapi teu kaitoeng tjoekoe pikeun ngobahkeun badan sakoe-maha mistina. Patali djeung eta, teu matak heran oepama ngagedeana baroedak sabot sakola teh teu morontod. Hal ieu geus pirang-pirang anoe ngaboektikeun. Hadena bae di oerang mah di sakola-sakola handap diadjarkeun bab obah-badan, doemeh kagalih saena koe noe ti pajoen.

Bareto mah baroedak oerang teh ari ti peuting sok aroelin oepama tjaang boelan, oepamana bae maen galah, bebegalan, aloengbojong, ambil-ambilan dj. s. t. Handjakal eta kabiasaan noe pohara hadena teh ajeuna mah geus teu kaprah dilampahkeun koe baroedak, babakoena di dajuehdajueh, padahal lain saeutik hal eta teh mangpaatna. Minangka gagantina, ajeuna mah sok aja „noe aroelin” dina radio.

Kaolinan baroedak oerang, rereana sok bangsa oelin-kawih teu pati rea oelin-badag. Dina oerang ngadjar oelin ka baroedak teh, geus tangtos bae koedoe ti noe pangbararina nepi ka noe pangbadagna, noe biasa sok didjalankeun di tempat lalaga. Oepama oelin saroepea kitoe hade atoeranana atawa noengtoenna, pikeun baroedak oge ngan hade noe aja. Kaolinan deungeun oge, oepamana kasti, dina boektina katjida hadena pikeun baroedak oerang.

Bab ngadjar oelin tea, hidji bab anoe leuwih deukeut kana alamna baroedak, koe sabab eta, oepama sameudjuehnana toer samistina mah pohara hadena.

Sakoemaha noe ditjaritakeun tadi, noe ti pajoen oge nganggap sae kana bab oelin baroedak teh; kitoe deui ahli pangaweroeh, malah Java Instituut parantos ngaloeerkeun bekoena kenging ngempélkeun tocan Overbeck; kitoe deui Departement van Onderwijs en Eeredienst parantos ngajakeun pirang-pirang pagoeron kanggo Volksonderwijzers noe baris ngadjarkeun kaolinan baroedak.

Di Djawa-Wetan toean Goepërmoer van der Plas doegi ka kérésa prak koe andjeun iloebioeng kana kaolinan baroedak.

Patali djeung ngadjarkeun oelin ka baroedak di sakola-sakola tea, geus tangtoe bae oerang koedoe ngingëtkeun kana lëga atawa singgëtna pakarangan sakola. Ajeuna mah sakola-sakola Priboemi teh rea' anoe lëga pakaranganana.

Di Pasoendan, pangadjaran obah-badan teh di sawatara tèmpat mah make ngadjarkeun pëntja, oepamana bae di Bandoeng, Soekaboemi (Gambar I), Tjiandjoer, Tasikmalaja djeung rea-rea deui, malah di Tasikmalaja mah baroedak H. I. S. Pasoendan dialadjar mëntja koe goeroe anoe ngahadja ngadjar pëntja woengkoel.

Di tiloe tèmpat di tanah Karadjaan (Solo Djogdja) Volks-  
onderwijzers djeung moerid Cursus Volksonderwijzers teh dialadjar ngigël kalawan subsidie Nagara. Noe geus tamat diadjar ngigëlna, toeloej ngadjarkeun ngigël tea di sasakolana-sasakolana lëbah koedoena diadjar obah-badan. (Gambar II).

Bedjana bab diadjar ngigël teh rek didjalankeun di Klanten, Bojolali djeung Sragen. Di Djawa-Wetan, noe geus tangtoe bae di Bodjonëgoro djeung Toeban aja kaloearan pagoeron ngigël noe ngadjarkeun ngigël di sakola teh.


Dina ngadjar kaolinan baroedak, di Djawa-Wetan mah bari make didadasaran koe kaboedajan; boh kaolinan, boh kawih, di ditoe mah rea noe beunang dipake diadjar obah badan atawa disoeroepkeun kana pangadjaran obah-badan. (Gambar III).

Ka-behdieunakeun rea goeroe-goeroe noe ngarang boekoe bab kaolinan, malah rea noe goegoendoekan dialadjar ngawih, oepamana bae di Madioen. (Di Pasoendan oge kitoe, malah aja Ispektoerna noe poerah ngoeriling mariksa ka tèmpat-tèmpat noe ngadjarkeun ngawih tea).

Djadi tjindékna mah kaolinan baroedak atawa nitah oelin ka baroedak teh kaitoeng djalan noe katjida hadena pikeun atikan-badan, sarta baris djadi pangbantoe anoe katjida gëdena pikeun atikan saemoemna. Saratna, oerang koedoe daek tjape dibarëngan sabar.

Lamoen baroedak geus bisaun oelin mērdika, oerang kari ngadjarkeun sawatara kaoelinan badag.

Dina oelin badag tea, baroedak teh oelinna geus hēnteu njorangan, tapi digoendoek-goendoek sabatoerna-sabatoerna.



Gambar III

Di Madioen moerid-moerid teh diadjar obah badan dipirig koe gambang.

ngadoekeun pangabisana djeung goendoekan sedjen. Hartina: anoe aroelin teh ajeuna mah lain boedak njanghareupan boedak, tapi goendoekan njanghareupan goendoekan.

Koe ajana atoeran goendoekan-goendoekan kieu, baroedak teh saroea bae djeung dipelakan bibit kagoejoeban atawa diadjar sabiloeloengan djeung tanggoeng djawab, jen hade-gorengna pagoeron manehna teh baris mamawa ka babatoeranana noe lian. Maranehna diadjar mētakeun pa-

ngabisana djeung katjaképanana babarĕngan djeung baba-toeranana pikeun ngalaksanakeun salahsahidji maksoed. (Oepamana bae dina maen galah paheula-heula „asin”, dina maen bal paheula-heula „goel”, dina atjlog-bangkong paheula-heula „ngaliwat garis” djst.).



Gambar IV

Di Pameungpeuk noe djaoeh ka dajeuh oge baroedak teu boeroeng bisaean ngadĕgkeun kleup maen bal noe beres sagala-galana.

Sadjĕroming oelin tea manehna bakal pinanggih djeung kahesean, kakagok atawa panghalang sedjenna. Tah, dina lĕbah dieu baroedak teh dialadjar mĕtakeun akalna bari koedoe tangginas-rantjingas, oelah nĕpl ka ngadjadikeun elehna goendoekanana. Djaba ti diadjar kitoe baroedak teh diadjar pĕrtjaja kana dirina sarta diadjar nangenan kakoe-

atan katoet kapintëran „lawanna” bari diadjar titen kana kaajaan di sakoerilingeunana.

Tjindékna, manehna teh diadjar silih takër pangabisa djeung lawanna. Geus tangtoe bae sagala akal djeung pagaweun teh koedoe sabènrna, teu meunang litjik sarta dina roepa-roepa hal koedoe toendoek kana poetoesan përdana (scheidsrechter) djeung ngagoegoe ka loeloegoena — oepama dina maen bal mah *captain* — anoe ngapalaan manehna.

Sipat-sipat anoe ditataan di loehoer, noe biasa sok dilarapkeun dina kaodelinan, éngke mah lamoen baroedak geus gëde, geus sawawa, dipëtakeunana teh kana hiroep énjaan, koedoe mëtakeun akal tarekahna ngagoenakeun awas tingalna dina pinanggih djeung boeboeh ripoeh atawa lara palangan. Lëbah kaajaan kitoe koedoe mëtakeun kasabaran katawëkalan teh.

Kaodelinan baroedak tea oge koe oerang koedoe ka dinja dilojogkeunana lain ngan sëmët sina soerak doemeh oenggoel bae, tapi babakoena dipaladjar sipat-sipat kaprawiraan. Lain oelin sakama-kama sadaek-daek, tapi oelin reudjeung atoeran, oelin noe diséngkër koe roepa-roepa papagon kalawan aja noe noengtoenna, oepamana bae maen bal, malah sabisa-bisa diadjar ngoeroes kleupna (Gambar IV).

Mangga ajeuna mah sadajana, iboe-rama, para goeroe saréng para panoengtoen, oerang sami-sami ngagëngkeun doemeudeul kana pangadjaran oelin baroedak teh. Iboerama koe djalan ngawidian atanapi ngadjoeroeng para poetrana, para goeroe anoe ngadjarkeunana, para panoengtoen anoe ngadjalankeun di loeareun sakola. Noe ditoedjoel malar baroedak oerang éngkena djadi djalma sawawa toer prawira.

*Sadarjoen.*

---

*Moen digawe bari oelin matak moal aja anggeusna, tapi lamoen oelin bari digawe tangtoe aja mangpaatna.*



## RAGA DI MANA NJANGSANGNA

*Bangbara dina bangbaroeng,  
kapiting handapeun batoc,  
sangsara dipocoek bingoeng,  
keur miskin tambah pahatoc.*

Kawasna, moal aja doea kanalangsaaan djaba ti ditinggalkeun maot koe indoeng bapa. Lamoen geus kolot onaman, geus bisa makelatkeun diri pribadi, ngan sémét nalangsa djeung leungiteun, tapi lamoen leutik keneh, keur meudjehuna oeroeseun, ditinggalkeun koe indoeng bapa teh teu beda djeung meunang katjilakaan parna, lir parahoe di tengah laet potong welahna, angkleung-angkleungan djadi kaoelinan lambak, diboentang-banting koe aroes, teu poegoeh toe-djoenanana. Oepama teu geuwat aja noe ngadjait, tanwande kaléboeh, moesna ka dasar sagara, atawa bédjad béntjar kabeubeutkeun kana karang.

Tah boedak pahatoc oge kitoe.

Di Pasoendan, Alhamdoelillah, rasa asih ka wargi njaah ka baraja teh pohara kandélna, tara tega ka baraja katalangsara, hiroep njoesoep ringkang noempang, oepama ka doega keneh mah tangtoe dirawoe-dirawat, dibelaan ngadoeakeun hoeap atawa samping boetoet dibebekkeun, brisana ge: „Bage dahar bage henteu dapon rioeng moengpoeloeng.”


Dina lébah dinjana adat Soenda teh estoe poedjieun, toe-roetaneun.

Di pilémboeran atawa di dajeh-dajeh laleutik, adat djeung rasa kitoe teh babari djeung teu sakoemaha ngawaloeratkeunana, tapi di dajeh-dajeh galéde tjara oepamana Batawi, Bandoeng, Tjirebéh djeung Bogor, patali djeung tjara-tjarana hiroep, ngaláapkeun adat roemawat teh aja hesena, malah kawas teu salah-salah teuing oepama diséboetkeun, jen rasa noe sakitoe moeljana teh rada „loentoer”. Djaba ti kitoe, memang henteu arang baroedak pahatoc teh énjaan noenggoel pinangna, diséboetkeun tjoeikleuk leuweung tjoeikleuk lamping teh lain heureuj.



Sawatara bagian kajaan di djero „Roemah Platoe Moeslimin”.

**TETAP**  
NOMMER **SATOE**



**Soesoe-Manis** tjap **Nonna**

JANG PALING BAIK

Ka mana manehna koedoe ngadjoegdjoeg? Di saha nitp-keun diri njangsangkeun badan? Ka saha nja barangpenta? Moen hoedjan bati rantjoetjoet, moen panas poë bati dipén-trang; tjai sakétjlak sangoe saremeah, lamoen lain pamere batoer mah atoeah loepoet. Ana geus teu kawawa, bati ngaloemproek ngaloemboek, ngagoler di pipir batoer, raga teu aja pangadji.

Emh, Allah, anà milik geus népi ka kitoena! Ngalaman saharkat djeung roentah, bedana teh ngan doemeh njawaan. Nadjan dipake tjeurik balilihan, da lapar mah teu leungit koe bidjilan tjipanon. Tapi, koemaha atoeah? Doeh, adoeh!

Ana ras pikahareupeun, boeboehan djéléma, masing sangsara malarat oge, paribasa hiroep koe iboen, gède koe poë, rek djadi djalma koemaha manehna teh?

Ja Robi, mani njeriset kana hate eta pananja teh, asa tinglékétéj angén, asa peuraj rarasaan, lir ningal djalma tanpa dosa oenggah kana tinggar manoeah.

Ras oerang ingét kana toedjoean atikan, jen djalma teh kabeh oge koedoe tjageur bageur bènér pintèr; ras deui kana dawoehan Goesti, jen koedoe asih ka noe miskin roemawat ka noe waloerat, ngamistikeun noeloeng boedak pahatoe ngadjaring boedak jatim, djol bae pananja dina hate: Dikoemahakeun baroedak teh?

Lamoen diantép tangtoe baris djadi bangbaloeh hiroep koemboeh. Noe geus tangtoe bae moal kaarah mangpa'atna. Roegina pisan djadi djalma djahat, minangka méndingna sémét djadi toekang djadjaloek.

Hal saroeapa kitoe teh di kalangan oerang Eropa mah geus ti baheula dipalikiranana. Baroedak jatim djeung pahatoe anoe balangsak teh dirawatan, dihidjikeun di hidji imah, dikoempoelekeun ti mana-mana.

Di oerang, hal anoe saroeapa kitoe kakara dina moenggaran taoen tiloepoeloeh dihantjana, di Batawi mah koe djoeragan, Zahra Goenawan, dingaranan:

### Roemah Piatoe Moeslimin

Eta „Roemah Piatoe Moeslimin“ (soepaja ringkès, sa-téroesna rek ditoelis R.P.M. bae) sahna diadégkeun kalawan

disaksian koe Notaris dina tanggal 6 Augustus 1931, tapi ngamimitian bisa njewa gedong mah kakara dina tanggal 1 Maart 1932. Harita anoe dirawat teh ngan doeaan, ari ajeuna — waktue noelis ieu karangan — noe maratoeh di R.P.M. teh aja 103 boedak; ari bisana memang sok antara 100—150 boedak noe dirawat teh.

Hal eta beunang didjieun boekti tina doea roepa perkara.

Kahidji, nandakeun, jen R.P.M. teh nja beres atoranana, nja tjoekoeper tanagana, boh noe mangroepa harta boh harti.

Kadoea, nandakeun, jen geus rea djalma anoe pertjaja ka R.P.M. nepi ka henteu tjangtjaja masrahkeun boedak.

Di oerang mah apan oeroesan mertjajakeun baroedak ka „deungeun haseum” teh lain perkara babari, nepi ka aja babasan „dibelaan dikekelek, hiroep dikoekoet, paeh diroelang batan dipasrahkeun ka Si Itoe Si Eta mah.

Kitoe deui badan-badan opisil tjara oepamana Gemeente, poelisi, reclasseering, pangadilan djeung roemah sakit moal gana-gana mertjaja ka R.P.M. oepama teu kanjahoan beres-roesna, tjepet-benerna djeung tohaga-sajagana.

Oepama teu kitoe, Gemeente moal daekeun mere soepsidi, Pamarentah moal maparin sabagian tina lotre, poswesel moal meroel ti noe doemeudeul. djakat pitrah moal patoetempoek ti noe tjilik poetih tjlak herang.

Pangeroesna, babakoena djoeragan istri Zahra Goenawan, estoening istri noe teu oeninga di hese-tjape, istri anoe iasa djadi indoeng baroedak noe sakitoe reana, djadi goe-noeng panjaloeohan tjadas pamoentangan baroedak noe —



Djoer. Zahra Goenawan.

oepama teu dirawoe koe andjeunna — mehmehan djadi wadal djarian hiroep koemboeh.

Dirawatna teh lain ngan lahirna bae, teu woengkoel dahar-nginoemna, sare-pakena bae, tapi batinna, érohna oge dipoelasara, mangkaning apan noe dirawat di dinja teh henteu papak rata oemoerna, ti orok oemoer 43 poë népi ka boedak noe deukeut kana mangsa akil baleg. Koe oerang tangtoe katjipta piheseunana, pikaweureunana. Tapi, bérékah, kadjoeroeng koe maksoed soetji, dibaréngan koe manah moelja saréng pakarépan bédas, koe djoeragan Zahra Goenawan teu boeroeng dikeureujeuh. Ajeuna R.P.M. teh geus ngabogaan poliklinik pribadi diloeloegean koe hidji doktér kalawan karana Allah dibantoe koe sawatara djoeroerawat; geus boga sakola pribadi djeung boga tadjoeg pikeun ngadjalankeun agama.

Népi ka mangsa ieu geus aja 10 boedak noe disina hiroep matjakal.

Baroedak noe katimbang geus sawawa, henteu djoldjol disina matjakal tapi diongklangan heula dina tempo 6 boelan. Oepama gagal, meunang balik deui ka iboe Goenawan, sarta éngke dipadjoe deui, soesoenganan leuwih hade milikna.

Pikeun ngadjaga sangkan para poetra iboe Goenawan oelah teu tjeehan atawa boga rasa aja geusan balik dimana gagal „kahiroepanana” koe djoeragan Zahra Goenawan dikandaan kieu: „Anaking, kanjaah iboe ka hidép koe hidép oge meureun karasa. Sanadjan kitoe, hidép oelah kangeungeunahan, rasa maneh aja geusan balik, toeloej hiroep lalawora. Lamoen hidép dina djéro 6 boelan népi ka tiloe kali „gagal” lantaran kasalahan hidép pribadi, éntong balik deui ka iboe, sabab nandakeun, jen pangwarah iboe teu aja tapakna. Djoeng anaking geura neangan kahiroepan pribadi, da geus gède ajeuna mah. Beurang peuting koe iboe dido'akeun, sing salamét, sing gède daradjat.”

Koe kitoena, tangtoe bae baroedak teh sabisa-bisa sosison-sosison diadjar hiroep matjakal sarta sabisa-bisa narekahan maneh, sangkan djaradi djalma bageur toer béner.

### Péromahan anak piatoe „Roekoen Istéri”.

Ieu oge hidji wangoenan (instelling) noe djéro-djérona teu aja bedana ti R.P.M. Anoe ngaloeloeogoeanana djoeragan istri Soewarso.

Opat taoen katoekang mah, gédongna oge nja boetoet nja paroëk, ari ajeuna nja weuteuh nja tjaraang, estoening matak pangling. Eta djadi tanda kamadjoeanana, përbawa noe hade gawe, beres atoeran djeung toekoeli maksoed.

Légana pakarangan aja 2800 m<sup>2</sup>, ari noe diadégan gédong 1600 m<sup>2</sup>. Sasesana dihadja diablagkeun pikeun aroelin baroedak djeung baris diadégan tadjoeg.

Teu koedoe diséboetkeun deui sénang djeung ngeunahna baroedak jatim djeung pahatoe noe dirawat di dinja, tjarekna dihandjatkeun tina sagara kalaraan teh lain babasan, sasatna dirawoean tina oelëkan leuwi kaprihatinan, da lamoen seug teu geuwat dipangkoe koe djoeragan istri Soewarso mah, tjek sare'atna, tangtoe kalantar katalangsara, hina nista taja harga.

Gédong P. A. P. „Roekoen Istéri” teh boh loearna boh djérona, gekgekanana sarta pasang pëtana paparabotan djeung eusina matak soegëma matak reugreug. Pikeun baroedak noe hiroepna biasa sasap-soesoep, goelar-goler kahoedjanaan kapanasan mah beunang dipake babasan „sawargana”.

Bisa djadi aja noe olohok, ngarasa kaleuwihan teuing oepama baroedak noe biasana baraoe hapeuk toer réwag-




Djoer. Istri Soewarso



Adégan, pakarangan djeung sabagian di djéro P. A. P. „Roekoen Istèri”.





## MALAR DI BOEMI TJAANG MABRA,

kédah nganggo lampoe  
kompa minjak tanah ti  
Firma JOSEPH RUTE.  
Nganggonna gampang toer teu  
sésah moendah-mindahna,  
irit, sorotna tēbih; saim-  
bangan sarēng pangaosna.

*Kenging ngagaleuh  
sakapalaj:*

**NOE NANGGO KAP PAN-  
TJI SARĒNG NOE HĒTEU**



Mangga maroendoet katerangan sarēng prijscourant pertjoemah ka

**Firma JOSEPH RUTE**

**SOERABAJA — SEMARANG — BATAVIA-C. — MEDAN**

rëwig dingeunah-ngeunah kitoe teh. Boa pamikiran teh: „Ah, naha make koedoe dingeunah-ngeunah, dirandjangan-dikasoeeran sagala; boedak andar-andar ieu, geus bae sina ngagoledag dina saloe, pagogonjok di pondok rejd. da maranehanana biasa harees ngagoler dina taneuh. Papankeanana ge keur naon make dialoes-aloes, dibere rorombengan boeboetoetan ge moal teu atoheun, da di këmboerna ge tara-tara atjan dïbadjoe.”

Djalma noe pikiranana kitoe, djaba ti boehoen teh nandakeun rasa kamanoesaanana henteu gëmbiléng. hatena maulang make aja owél sagala, nganggapna ka sasama kawoela lianna teh leuwih hina batan dirina pribadi. Pikiran saroepe kitoe, lain toeroetaneun: noe matak beuki pohara bae pamoe djï oerang ka R.P.M. djeung ka P.A.P. „Roekoen Istëri” teh.

Padamëlan djoeragan istri Soewarso dina ngadëgkeun, ngoeroes sarëng ngamadjëngkeun P.A.P. „Roekoen Istëri” koe oerang kenging diwangwang, koemaha abotna, sësahna toer poesingna, oepami kirang-kirang mah matak nombro-nombro ënja, nanginq sagala roepi kasëсах, kaabotan sarëng kapoesing teh koe djoeragan istri Soewarso dítampina kalajan katawëkalan. dianggap rahmat sarëng kasënsangan. Tina margi eta, teu matak heran oepami padamëlanana pinanggih sarëng hasil nœe poedjieun.

Andieunna, palaina ngadëgkeun „imah pahatœ” mah ti taœn 1929 keneh. Pagoejoebanana, noe diwastaan „Roekoen Istëri” koe andieunna dipërdih ngadëgkeun, nja boektina dina tanggal 15 Juni 1931 bisa ngadëg, djadi nœpi ka tanggal 15 Juni 1941 teh oemoerna djëdjëg 10 taœn.

Baroedak noe dirawat, mimitina mah ngan tilœan, ari ajeuna, waktœ noelis ieu karangan. aja 88. Lamoen gëdongna geus anggeus bënër, ëngke mah baris tjoekoep dieuslan koe 100 boedak.

Noe dina waktœ ieu — noelis karangan — dirawat di dinja, baroedak teh ti oemoer 3 poë nœpi ka 15 taœn.

Noe geus disina matjakal aja 6, kabehanana awewe. Opatan ti antarana djadi djoeroerawat di roemah sakit, saœrang.

di doktër partikoelir, saerang deui djadi pangatik di salahsahidji oempi di Batawi.

Di antara baroedak noe disakolakeun, aja noe ka sakola Ambacht.

Tjatjandran djoeragan istri Soewarso, oengëlina : „*Lain koedoe loba tjarita tapi koedoe rosa digawe.*”

Eta tjatjandran koe andjeunna dilarapkeun kalajan têmén, doegi ka ebreh hasilna.

Moega-moega „Roemah Piatoe Moeslimin” djeung Përoe-  
mahan Anak Piatoe „Roekoen Istëri” sing pandjang-poen-  
djoeng, djadi tempat geusan njangsangna raga baroedak  
sangsara, sarta moega sing djadi tjonto ka sarerea.

Pangeran noe nangtajoengan!

*Anoe tēgoeh imanna, sangsara teh dibarēngan tawēkal,  
sangsarana oge moal langgēng, tapi djalma pasek mah lamoen  
sangsara teh sok aral malah radjeun djahat, atoh beuki lila  
beuki sangsara.*

---

#### LALAKON BOEDAK PAHATOE NOE LOETJOE :

Opat boedak pahatoe di leuweung .....	f 1.20
Tjarita boedak jatim .....	„ 0.60
Boedak timoe .....	„ 0.60
Soerat wasiat .....	„ 0.20
Wawatjan Pareumeun Obor (2 djilid) sadjilidna ...	„ 0.20
<b>BALE POESTAKA</b> .....	<b>BATAVIA-C.</b>

# PANGLEDJA!

## BABAD TALAGA

Anggitan

S. POERAMOELIA

Asmarandana.

Djaman baheula kawarti, aja sahidji nagara, Sangiang katelahna teh, \*) agama rajatna Boeda, teu atjan asoep Islam, ratoena Talagamangoeng, mashoer adil palamarta. . . .

Kawéntar ka mana-mëndi, kongas sakti mandragoena, sadaja taja noe nëndeng, estoening ratoe digdjaja, bisa mantjala poetra, mantjala poetri pon kitoe, hënteu aja koetjiwana.

Kagoengan poetra diasih, doea toer sami arendah, koe iboe rama diénod, paméget anoe tjikalna, djénengan Den Pangloerah, parantos didjoengdjoeng loenggoeh, djoeméneng Mantri Panglima.

Doepi djénengan noe istri, katelah Simbarkantjana, parantos gadoeh tjaroge, ka patih hidji nagara, saréng sépoe paanggang, nagrina Palembangoenoeng, noe deukeut desa Tjikidang.

Ajeuna mah Walangoedji, katelah koe noe njarébat; pernahna kalereun Kagok, eta patilasanana, kapoengkoer kapatihan, mantoena Talagamangoeng, Ratoe di nagri Sangiang.

Katjarios Raden Mantri, nja eta Raden Pangloerah, kagoengan goeroe waspaos, pandita kongas binékas, hidji mangsa miwédjang, miwoeroek koe sabda loehoeng, diwoewoehan koe wéwékas.

Saoerna ka Raden Mantri: „Raden ajeuna teh kédah, angkat tapa ngalalakon, ngadjadjal bagdja salira, tapan elmoe ama, témpatna di goenoeng Bitoeng, patilasan Ratoe Ponggang.”

\*) Memeh djadi talaga? Red.